# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

март **2** апрель

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ
цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ
КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2017

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, критик Къэрмокъуэ Хьэмид илъэс 80 ирокъу*


**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Шу закъуэ. *Эссе пэлъытэ*................................. 3
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Ди эпосымрэ ди тхыдэмрэ. Хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ. Пасэрей адыгэ сынхэр. Мелуаным щIигъуурт........................................... 30
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** *Хъыбархэр*.................................................. 53
**Мыхьмуд Теймур.** *Новеллэхэр*...................................................... 63


*ЩIэныгъэлI, критик Тхьэгъэзит Юрэ илъэс 70 ирокъу*


**ХьэIупщы МуIэед.** Зэманыр и пIэм иткъым. *Интервью*................. 89
**Гъут Iэдэм.** Дунейпсо пщалъэр и гъуазэу............................................ 97
Тхьэгъэзит Юрэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр..................................... 103
**Тхьэгъэзит Юрэ.** Романымрэ лъэпкъым и художественнэ дуней еплъыкIэмрэ......................................... 106


*ЩIэныгъэлI БищIо Борис илъэс 65-рэ ирокъу*


**ХьэIупщы МуIэед.** Бзэр къэзыгъэщIыр цIыхубэрщ. *Интервью*................................................................ 117
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ЛъагапIэщIэхэр и плъапIэу................................ 135
**БакIуу Хъанджэрий.** Анэдэлъхубзэр зи дуней...................................... 138
**Гъут Iэдэм.** Апхуэдэр зырызщ.................................................................. 140
**Тэтрокъуэ Астемыр.** Си ныбжьэгъу БищIо Борис.............................. 141
**Мыкъуэжь Анатолэ.** Ноби удищапхъэщ................................................ 142
**БищIо Борис.** Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ...................................... 146


## Усыгъэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** *Усэхэр*.................................................... 151


## Публицистикэ


**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Лъэпкъым и мэIуху нэхъыщхьэ........................... 162
**НэщIэпыджэ Замирэ.** IэнатIэ псоми щыжыджэрщ............................ 170

*ТхакIуэ, критик Къэрмокъуэ Хъэмид илъэс 80 ирокъу*





КХЪУЭIУФЭ Хьэчим

# ШУ ЗАКЪУЭ

*(Эссе пэлъытэ)*

*А шу закъуэм хуэдэу, лейр зымыгъэгъун бийуэ залымыгъэм псори пэуватэмэ, абы щыгъуэм зыгуэр хъунти!*

**КIэрашэ Тембот. «Шу закъуэ»**

*(Романыр къэбэрдеибзэкIэ зэзыдзэкIар* **Къэрмокъуэ Хьэмидщ)**

Щытхъу зыхэмызагъэ щымыIэу жаIэ. ПэжынкIи хъунщ. Ауэ Къэрмокъуэ Хьэмид фIыуэ зыцIыхум абы шэч къытримыхьэу къэнэнкъым. Юбилейр-тIэ, хъуэхъум и IутIыжщ, щытхъум и чэзущ. Ди бзэращи, хъуэхъуэным, цIыхум и гуапэ щIыным къыхуигъэщIам хуэдэщ. Хъуэхъу кIыхьхэм щIыгъуж кIэ зимыIэж ди шыгъу-пIастэ Iэнэм и хабзэхэр. Бахъэр къащхьэщихыу, ефэ-ешхэу зэхэс лIы гупым уакIэщIэдэIухьмэ, къыпфIэщIынщ хэт нэхъ жьакIуэми зэхагъэкIын нэхъыщхьэ дунейм зы Iуэху щамыIэу.

ЛIыгъэ зехьэнкIэ къакIэрыхуами, нартхэм я санэхуафэ хабзэхэр ягъэкIуэдыркъым. «Антиалкогольнэ» жаIэу мардэ ткIийхэр щагъэу-

вами къикIуэтахэкъым – къызыIунэжынур ящIэ хъунт. ЦIыхубэм ауэ сытми къигупсысакъым а къомыр. Гурэ гурэ нэхъ тыншу лъагъуэ зэхуагъуэтыным тещIыхьащ псори. ЦIыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу, лъэпкъхэр, къэралхэр нэхъ гъунэгъуу зэшэлIэным хуолажьэ псори. Бгырысхэм Iэнэм щыжаIэ хъуэхъухэм я щIагъыбзэр фIыуэ къызыгурыIуэу щыта усакIуэшхуэ Гамзатов Расул нэгъуэщI хэку къикIа и ныбжьэгъухэр абы хигъэгъуэзэн фIэфIт: «Кавказым бжьэ къыщIыщаIэтыр абы итыр ирафын щхьэкIэкъым, атIэ нэгъуэщI щытыкIэ уиту пхужымыIэфыр нэхъ тыншу жыпIэн щхьэкIэщ».

ТIэкIу дыкъэжанауэ дызэхэсмэ (дэри къытхуохуэ), сэ зэкъым, тIэукъым иужь сызэритар ди Iэнэм и хабзэхэри, адыгэ хъуэхъум и поэтикэри зэрыслъэкIкIэ къэзгъэсэбэпу, ди ныбжьэгъум сехъуэхъуну, абы гуапагъэу си гум хуилъыр къэсIуэтэну. Дэнэт! Дапщэрэ къезгъэжьами, си псалъэр и кIэм нызигъэгъэсакъым Хьэмид, щытхъу гуэр къызэрыхыхьэу, сIэпиудащ – ар нэхъыжьщ, уемыдаIуэу хъуркъым. Къызэмыхъурджауэуи къигъэнакъым: «Уадыгэкъэ уэ? Езыр щысу цIыхум ущытхъуну къызэремыкIур пщIэркъэ?»

Пэж дыдэу, Iужажэр, дэубзэр, кIэщIэлъадэ-кIэщIэжыжыр ялъагъу мыхъуу къэгъуэгурыкIуа ди тхьэмадэхэм ядэртэкъым ар – цIыхум и нэгу уиплъэурэ, абы щытхъупс къебгъэжэхыныр я хьэрэмт, «ЩытхъукIейри убыкIейри зэхуэдэщ», – жаIэрт. Щхьэщытхъумрэ щытхъу щIэкъумрэ фэ ираплъыртэкъым. Дадэжьхэм якIэщIэсу къэхъуам хуэдэщ Хьэмид. Хуэдэ щхьэкIэ, нэгъуэщIущ къызэрыхъуар. Дадэжьхэм дэнэ къэна, адэ къыщхьэщытакъым. Езыр сабийуэ, и адэри, и къуэш нэхъыжьри зауэм дэкIри, тIуми къагъэзэжакъым. Хэку зауэшхуэм зи щхьэр хэзылъхьахэм я «Фэеплъ тхылъым» зэкIэлъыкIуэу итщ зэадэзэкъуэр, тIури 1942 гъэм хэкIуэдауэ къегъэлъагъуэ. Хьэмид и къуэш Хъудин абы щыгъуэ илъэс 18 хъупатэкъым. И адэ Гъузер 1895 гъэм къалъхуат, ари илъэс 18 хъуауэ арат зауэм щыIухьам – Япэ дунейпсо зауэм. Кавказ шу дивизэр, «Дикая дивизия» зыфIащар, щызэхуашэсым абы хэхуэри, урысыдзэм хэту Галицием щызэуат. Апхуэдэ зауэ гъуэгу зэригъэунэхуар арагъэнт 115-нэ шу дивизэр, «нацдивизэр», къыщызэрагъэпэщым, и ныбжь тIэкIу хэкIуэтами, абы щIыхагъэхьар. Адрей ди шу хахуэхэм я кIуэдыкIар абыи натIэ хуэхъуат.

Къиухари Хьэмид хабзи, бзыпхъи, адыгагъи, адыгэбзи нэхъ къызыщIах къуажэ школкъым, Налшык къыщызэIуахауэ щыта интернат школырщ. А зэман гугъухэм мыбы щеджа адыгэ щIалэхэм, хъыджэбзхэм цIыху тэмэм мыхъуа, зи лъэпкъым хуэмыпэж къахэкIакъым. ЗэрыжаIэмкIэ, ар куэдкIэ и фIыщIэт а школым и унафэщIу щыта, абы адыгэбзэкIэ щезыгъэджа узэщIакIуэ хьэлэмэтыщэ Къамбий ХьэматI.

Лъэпкъ хабзэхэр къэзыгупсысар, абыхэм уазэрытетыну щIыкIэхэр зыубзыхуар ди дадэжьхэр ара щхьэкIэ, литературэм и хабзэхэр зыгъэувахэр нэгъуэщIхэщ. Адрей Iуэхухэми хуэдэу, мыбдежми захуагъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щхьэж хуэфащэ лъысыжыныр, зыми и фIыщIи мыгъэкIуэдыныр. Ар тэмэму екIуэкIтэмэ, щхьэж и джэронкIэм къишэчыр ищIэжтэмэ, куэд и уасэти! ФIыщIэр псом япэу зылъысыпхъэр дурэшым къыдэнэурэ, дэпсэлъейхэм, нэхъ кIий-гуохэм утыкур щаубыдыр мащIэкъым. Литературэми, абы пыщIа щIэныгъэхэми кIуэ пэтми нэхъыбэ щохъу зы тхылъ цIыкIу, е диссертацэ хуэдэ гуэр яупэпцIамэ,

е «цIыхум хабжэу» и цIэ зыщIыпIэ къыщраIуамэ, закъыфIэщIыжурэ, щIихьапэхэр, зэрымылъ пэ лъагэу зи щхьэ дэзыкъейхэр, зы суффикс гуэр зыщIыпIэ къыщыщIавыкIамэ («Эврика!»), ар я напщIэ телъу пщыхьэщхьэми гъуэлъыжхэр, пщэдджыжьми къэтэджхэр. Зы Америкэ гуэр къызэIуахауэ бэм зыхагъэIуэн хуейщи, абы и бэлыхьым еукIхэр. ЯлъэкIамэ, я суффиксыр бгъэхэIу ящIынти, орден хьисэпу я натIэм кIэраIулIэнт: мис, фэеплъ мы сэ схузэфIэкIам, фщIэ сэ сызищIысыр, фэ сытым фыщыщ... Саморекламэм илIыкIхэм самопиарри интернетри къахущIигъуащ гъащIэщIэм, телевиденэри, радиори, газетхэри, журналхэри абыхэм я деж щолъэуджыджэ. Iуэхум куущэу хэзымыщIыкI цIыхум (апхуэдэхэр нэхъыбэщ, сыти жыIэ) къыщыхъуу щIедзэ апхуэдизу псори зытепсэлъыхьым хуэдэ щымыIэу. Рекламэм и къарур искусствэми щыемынэщ.

Зылъэгъуа щыIэу къыщIэкIынкъым Къэрмокъуэ Хьэмид теухуа теленэтын гуэрым езыри къыхэтIысхьауэ, и щхьэ, е и лэжьыгъэ тепсэлъыхьу. Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, сыт ямыщIамэ, зэи яхущIыхьакъым телестудием. Езым трахыну къэкIуами, закъригъэгъуэтакъым. ФIэфIкъым, сытым къыхихми. Абы теухуауэ зэхуэс гуэр зэхэпшэну иужь уихьами, аращ – зыри къикIынукъым, юбилейхэм хуэбгъазэу зыгуэр газет, журналхэм щыжыпIэнырщ къэнэжыр. Илъэс 60 щрикъум ирезгъэхьэлIэри, «укъысIэрыхьакъэ иджы» жыхуэсIэу, Хьэмид теухуа тхыгъэ пIащэ къытрезгъэдзат «Кабардино-Балкарская правда» газетым, дауи, зытеухуам зыкъезмыгъащIэу згъэхьэзырауэ. И гъэпсыкIэкIэ статьяр пасэрей щытхъухэм, хъуэхъухэм я эстетикэм нэхъ хуэкIуэрт, иджы щIагъуэрэ къамыгъэсэбэпыж, урысхэм «похвала» жыхуаIэу щытам, е одэхэм, рапсодхэм я стилым нэхъ техьэрт. (Жанр и лъэныкъуэкIэ тхыгъэр нэхъ зэпхьэлIэ хъуну къысфIэщIым иужькIэ зэ къытезгъэзэжынущ). Хъуэхъу защIэкIэ зэфIэкIынт, юбилярым лэжьыгъэу зэфIихахэм, и гуащIэ нэхъ зрихьэлIа литературэ IэнатIэхэм, езым и цIыху щIыкIэм, и дуней тетыкIэм, емрэ фIымрэ къызэрыгурыIуэ, зэрызэхигъэкI щIыкIэхэми мащIэу я гугъу сымыщIу къэзгъэнатэкъым.

Мис а «езым» къыкIэлъыкIуэу къакIуэхэм, «лэжьыгъэу зэфIихахэм» нэмыщI, адрейхэращ гугъу узыдехьыр уи тхыгъэр редакцэм щыпхьам деж. Ар «пхыбгъэкIыну», нэхъ зэIухауэ жытIэнщи, къытребгъэдзэну тынш цIыкIукъым. Къытридзэну редакторым дзыхь щIимыщIыр зи къулыкъум тегужьеикIа, таучэлыншэ редактор куэдыIуэ диIэу къызэрекIуэкIам и закъуэкъым. Ди литературэм, публицистикэм, критикэм дуней псом куэд щIауэ къыщагъэсэбэп тхэкIэхэм ящыщ куэд иджыри къэс къабыл зэрамыщIам и зэрани хэлъщ абы. Нобэрей Урысейм и щIыналъэхэр къапщтэми, ди япэ ищар нэхъыбэщ. Пхуэмылъытэну зрачащ экзистенциализм, трансцендентализм философие лIэужьыгъуэхэм ятещIыхьа Iуэху еплъыкIэхэм, тхэкIэхэм. Ахэр я гъуазэу творческэ лэжьыгъэм хэтхэм къалэну зыхуагъэувыж гъащIэм нэхъыщхьэу щыIэр езы цIыхур, абы и дуней тетыкIэр, и гупсысэкIэр, духовнэ и лъэныкъуэкIэ ар зищIысыр, акъыл гъущэкIэ (рациональнэ бгъэдыхьэкIэ пцIанэкIэ) къыпхуэмыубыду абы хэлъыр къызэкIуэцIыхыныр, и щхьэ хуитыжу псэуну Тхьэм къигъэщIа цIыхум и хуитыныгъэм зыри – мылъку зыбгъэдэлъи, власть зыIэщIэлъи, диным и лIыкIуи – къытегуплIэ зэрымыхъунур къэгъэлъэгъуэныр. Дэ

иджыри шыуан цIыкIу хьэблэ академиехэм я бэракъым дыщIэтщ, ари апхуэдэ бэракъ зэрыдиIэм щхьэкIэ ди щхьэ дыщытхъужу.

Къэралпсо тхьэмыщкIагъэ гуэрхэри къэтщIэжыпхъэщ. Псори къыщежьэр гупсысэ хуитым гъуэгу ирамыту, цIыхум жиIэнур паубыду, тхакIуэм гъащIэм щилъагъухэр езым къызэрыщыхъум теухуауэ «псалъэ лей» къыжьэдэлъэтамэ, Iурагуэжу, абы щхьэкIэ ар хьэIупс ящIу, зэгуэр тIэкIу худачых хуэдэу ящIами, щIрагъэгъуэжу, псалъэмакъыр зытещIыхьа дыдэр къэбзыхьа-нэбзыхьа мыхъумэ, нэгъуэщI зыгуэр къыхэбгъэщыну, пыплъхьэну, е пыпхыну Iэмал къуамыту къызэрекIуэкIарщ. «Къалъхуащ – псэуащ – лэжьащ – лIэжащ» пхъэшыкъум укъикI хъунутэкъым. «Псэуам» и псэукIар уэ къызэрыпщыхъур, абы лэжьыгъэкIэ и къалэнхэм зытIэкIукIэ ущхьэдэIэбыхыу, и щхьэ Iуэху гуэр къыхэбгъэщыну иужь уихьамэ, япэ къэс редакторыр къыпщIэгуэуэнут: «Мыпхуэдэ лирикэ дэ дыхуейкъым, уэ а псор къызэрыпщыхъум хуэныкъуэ уи гугъэр хэт?!» Си щхьэкIэ мащIэрэ згъэунэхуакъым. Къыслърадзэжауэщытатхыгъэзыбжанэиджыри къэс зызохьэ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, абыкIэ нэхъ еру дыдэхэр адыгэбзэкIэ къыдэкI газетым и унафэщIхэрт. Апхуэдэу екIуэкIащ «перестройкэ» хъужым нэблэгъэху. Къэралым и политикэ, духовнэ гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ наIуэхэр хэзылъхьа, «хуабэпцI» («оттепель») зыфIащауэ щыта лъэхъэнэм и жьы пакIэми ди республикэм и культурэ гъащIэм къыдигъэзауэ пхужыIэнкъым.

Адыгэ газетым и тету щытахэр абыкIэ згъэзэхуэжыну аракъым, ауэ лъэпкъ интеллигенцэм щыщу апхуэдэ IуэхущIапIэхэм щылэжьахэм лейуэ къалъысар къыумыдзэу хъункъым. Репрессие гуащIэхэм яхьат совет зэманым щIэныгъэфI зыгъуэта тхакIуэ, журналист, къулыкъущIэ гупышхуэ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм къахэкIауэ. Адрей лъэпкъхэм ящыщхэри дагъакIуэми, мыбыхэм удын тIуащIэ къатехуэрт. «Ди лъэпкъ Iуэху, ди бзэ, ди хабзэ» – жиIэу къахэпIэнкIыкIам занщIэу и пщэр яубыдырт, «буржуазнэ националист» жаIэри къагупсысати, ар къыпкIэрацIэлъамэ, укъыщIэгугъэжын щыIэжтэкъым.

«ХуабэпцIым» иужькIэ къэралым нэгъуэщI псэукIэ игъуэтат. ИтIани – блэр зэуар аркъэнми щыщтэркъэ! – лъэпкъ культурэм къыщхьэщыжын хъуамэ, езы лъэпкъым къыхэкIа къулыкъущIэхэри «интернационалист къэмылэнджэж» хъужхэрт, адрей лъэпкъхэм къахэкIахэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я дежкIэ «лъэпкъ Iуэхур» къыдэзыгъэжейр националистти-националистт. ИпэжыпIэкIэ Iуэхур зыIутыр нэгъуэщIт. Интернационализм нэсым, марксизм-ленинизм щIэныгъэм ар зэригъэув щытам, и мэсхьэбырт зэрытыр зи лъэпкъ и къэкIуэнум тегузэвыхьхэри. Къулыкъум итхьэкъуахэми къагурыIуэрт ар. Ауэ сакъмэ нэхъ къащтэрт, укъэзымыгъэпцIэжынур зэрыарар фIыуэ ящIэрти. Зы лъэныкъуэкIэ, зыми паубыд хуэдэтэкъым «лъэпкъ патриотизмэр». НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – ар къыхыумыгъэщыщэм нэхъ къащтэрт.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм пыщIа политикэр ящыщщ компартымрэ совет властымрэ нэхъ ткIий дыдэу яIыгъахэм. Абыхэм къабгъэдэкIа уазхэм зы шэтвэркIэ ущхьэдэхыу зыми къыпхуигъэдэхэнутэкъым. ГъэщIэгъуэнращи, уазхэр къыздикI щыхьэрышхуэм нэхъ къыбгъэдэкIыху, лъэпкъ автономием нэхъ къыхуэблэгъэху, ахэр

нэхъ гуащIэ хъурт, мыбы къызэрысу нэхъри щIаIуэнтIэжырт. Интернационализмэмрэ патриотизмэмрэ щызэкIуалIэхэр, щызэхыхьэжхэр, щызэхэкIыжхэр (бжьыпэр зыIыгъ теорием тещIыхьауэ, уи лъэпкъ и Iуэхури абы зэрыхэувэр хэтыжу) тэмэму къыбгурыIуэу щытын хуейт, уи лъэпкъым ифI зыхэлъ гуэр блэжьын папщIэ. Апхуэдэ цIыхухэр исащ дэтхэнэ совет республикэми, нэхъ щIыналъэ мащIэ автономиехэми, а щIыпIэхэм я унафэщI нэхъыщхьэхэм я деж къыщегъэжьауэ. Апхуэдэу зэрыщытам и фIыщIэт щIыналъэхэм, ди республикэри яхэту, гъуэгухэр, лъэмыжхэр, сымаджэщхэр, еджапIэшхуэхэр, лъэпкъ театрхэр, библиотекэхэр цIыхухэм лэжьапIэ щагъуэт, IэщIагъэ хъарзынэхэр щызрагъэгъуэт фабрикэхэр, заводхэр, нэгъуэщI Iэджи къызэрыщыхутэр.

Лъэпкъ интеллигенцэр къапштэмэ, «интернационализм-патриотизмэм» и купщIэр тэмэму къэзыуткIэпщIыфхэм ящыщт Къэрмокъуэ Хьэмиди. Ар къыхэкIырт интернационализм лъэныкъуэкIи, патриотизм лъэныкъуэкIи абы гъэсэныгъэ тэмэм зэригъуэтам. Къэзылъхуа лъэпкъыр зыми пимыщI щхьэкIэ, абы дэплъагъункIэ Iэмал зимыIэщ нэгъуэщI лъэпкъхэр зыгъэикIэ, зыгъэпуд, дэтхэнэми хуэфащэ пщIэ хуимыщIу къэхъуркъым. Тхьэр кърихуэупсауэ къыдекIуэкI хьэл дахэхэм – захуагъэм, пэжыгъэм гур щIэхъуэпсу дунейм зэрытетым нэмыщI, абы хуощхьэпэ езым хэлъ културэ лъагэр, лъэпкъ куэдым я тхыдэр, литературэр кууэ зэриджар, я хабзэхэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр, абыхэм ящыщ куэдым езыхэм къахэкIам хуэдэу зэрепсэлъэфыр. Псоми я бзэр хузэгъэщIакъым, адыгэ-абхъазыбзэхэм я зэхэлъыкIэр иджами. Адрей бзэхэм я гугъу пщIымэ – хэт дэ, зауэ нэужьым шэджэладжэу къэна къуажэхэм къыдэкIа щIалэжь цIыкIухэм ящыщу, Европэм, хьэмэ КъуэкIыпIэм я бзэ зэзыгъэщIэфар?

Мис апхуэдэ гъэсэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр аращ Хьэмид щIыхузэфIэкIар «Ленин гъуэгу» газетым (иджырей «Адыгэ псалъэрщ») и лэжьакIуэ щыхъуам апхуэдизу лъэпкъ темэм зыпыIузыдзу щыта газетым адыгэ тхыдэм, културэм, бзэм пыщIа Iуэхухэм ятеухуа рубрикэщIэхэр къыщызэIуихын. Абдежщ хабзэ щыхъуар «Тхьэмахуэ» зыфIаща къыдэкIыгъуэр зыгъэпсэхугъуэ махуэ къэс ирихьэлIэу дунейм къытехьэныр. Ар зэтеувэн щхьэкIэ абы тегушхуэн (таучэл зыщIын), абы хуэфэщэн щIэныгъэ зиIэ цIыху ухуейт. Апхуэдэт Хьэмид. «Тхьэмахуэр» пIалъэр къахуэмыгъэсу псори зыпэплъэ къыдэкIыгъуэ хъуат. Хьэмид езым и куэдт а рубрикэм щIэту тридзэн, арщхьэкIэ абыкIэ зэфIимыгъэкIыу, зыгуэр гъэщIэгъуэну зытхыфу республикэм исыр къришэлIат «Тхьэмахуэм», ар лъэпкъ Iуэху, лъэпкъ къупщхьэ, лъабжьэ хъуат. Абы куэдкIэ зыдиужьащ езы газетым и бзэми, адыгэбзэ журналистикэр зэрыщыту къапштэми. Зыми я фIыщIэ гъэкIуэдын хуейкъым жытIатэкъэ? ДгъэкIуэдынкъым. «Ленин гъуэгур» парт, къэрал газетт. Абы и унафэщIхэр, абыхэм я щхьэж къытетхэр, «хъункъым-щIэнкъым» жаIэу къэуватэмэ, псори зэрыщытауэ къэнэжат.

Газетым и тетхэм, дауэ сабэ драмыпхъейми, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм зыдамыщIу зэрымыхъунур къагурыIуэжу къыщIэкIынт. «Тхьэмахуэ» къыдэкIыгъуэм щапхъэ хуэхъуар, дауи, «Известия» газетым и гуэдзэну къыдагъэкIыу щIадза «Неделя» газет зэпэплIимэрт. Абы «официальнэ» материалхэм нэмыщI, куэду къытехуэрт цIыху къызэрыгуэкIхэм ятеухуа, тхыдэм, културэм, спортым

ехьэлIа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, гушыIэхэр, ауанхэр, усэхэр, рассказ кIэщIхэр. И зэхэлъыкIэкIэ щапхъэу къищтар арами, дэ ди «Тхьэмахуэм» и къалэн нэхъыщхьэр абы щхьэпрыкIыжырт – лъэпкъыр, абы и щIэблэщIэр къигъэушын хуейт, адыгэм къаригъэщIэжын хуейт ар къызыхэкIа лъэпкъыр зищIысыр, абы и культурэм и къэухьыр здынэсыр, и тхыдэр къыщежьэр, и бзэм и IэфIагъымрэ и дахагъымрэ. Хьэмиди, абы къыдэлэжьахэми, иужькIэ напэкIуэцIыр зезыхьахэми я гуащIэ зэхэлъым и фIыщIэкIэ игъэзэщIащ а къалэныр «Тхьэмахуэм», абы къыдэкIуэуи адыгэбзэр макъыщIэкIэ къигъэбзэрэбзащ, адыгэ журналистикэм лъагапIэщIэхэр къыхузэIуихащ.

Къэрмокъуэм и гъусэу а зэманым редакцэм щылэжьа, нэхъ иужьыIуэкIи газетым и редактор нэхъыщхьэуи илъэс куэдкIэ щыта Мэзыхьэ Борис итхыжат: «Хьэмид къигупсыса «Тхьэмахуэ» напэкIуэцIым лIэщIыгъуэ плIанэм щIигъукIэ... газетым и щэбэт къыдэкIыгъуэр игъэдэхащ. Лэжьыгъэ ин зэфIигъэкIащ лъэпкъыр и тхыдэм нэ жанкIэ ириплъэжын папщIэ. А лъэхъэнэм тхыдэм и пэжыпIэм тепсэлъыхьыгъуафIэу щытакъым, нобэ хуэдэу. ИужькIэ а напэкIуэцIхэр нэгъуэщI журналистхэм, тхакIуэхэм ягъэхьэзырурэ къекIуэкIащ. Ауэ лъагъуэ хэзышам иукъуэдия унэтIыныгъэ нэхъыщхьэм зэрытетыным псори хущIэкъуащ». Хьэмид куэдрэ газетым щымылэжьами, абы и лъэныкъуэкIэ «лъэужь дахэ хишащ. Нэхъыщхьэращи, нэхъыжьми нэхъыщIэми абы и щапхъэр къащтащ». «Лъагъуэхэш» – аращ Борис фIищар абы и тхыгъэу мы псалъэхэр къызыхэтхам. Хуэфащэ дыдэу ди гугъэщ. Насыпышхуэщ журналистым, тхакIуэм дежкIэ, абы и творческэ жэрдэмым апхуэдэ фIыгъуэ кърикIуэмэ.



* * *

ТхакIуэр зэрылажьэ Iэмэпсымэр абы и бзэрщ. Псалъэрщ зэрыхидыкIыр сюжетхэм я тхыпхъэщIыпхъэхэр. Арами, и IэщIагъэ дыдэмкIэ мэкъуауэм нэхъ ещхьщ тхакIуэр. Абы дуней псор, цIыхум и IуэхущIафэхэр, и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщынахуэ щIыпIэ псори, и мэкъупIэщ, ар кърищIыкIын, игъэдэхэн хуейщ аргъынэхэм я сатыр зэпэбжхэмкIэ. Хьэмид хуэдэ мэкъуауэм и литературэ губгъуэр сыт щыгъуи екIуу зэлъыIухащ. Удз дахэ зэмыфэгъухэмкIэ зэщIопщIыпщIэ. И аргъынэхэри зэужьу игъэтIылъыкIащ, къытебгъэзэжу зэгъэзэхуэжын хуей яхэмыту. А псоми зы дамыгъэ ятелъщ, псори зэришалIэу, зыми химыгъэгъуащэу – мэкъуауэм и шэмэдж гъэбзэкIэм ятридзауэ. Аращ езы губгъуэри, зэбгъапщэ хъун щымыIэу, лъэщIэхуу тезылъащIэр. Мы мэкъуауэм и творческэ шэмэджым зы Iэмбатэ хъун удзи зыщIыпIэ щыщIигъэхуакъым, адыгэбзэм и хьэсэм, и мэкъупIэм нэмыщI. И лэжьыгъэр зэрыщыту тещIыхьащ адыгэбзэм и дунейм, абы и къэухьым. Абы и уэрэдырщ хуэмыухри, мыкIуэщIыж творческэ къару къыхэзылъхьэри. НэгъуэщIыбзэ уэрэд имыщIэу, хьэмэ къыхидзэн и жагъуэу аракъым – уэрэдыр Iэпэгъу зэрыхъу хабзэм сыт пхуещIэн: уи гум пIэпихырщ.

IуэрыIуатэм и Iуэхугъуэ гуэрхэм щытепсэлъыхьа статья цIыкIуитIи-щыи нэмыщI, Хьэмид урысыбзэкIэ къытригъэдзаIауэ къысхуэщIэжыркъым. Адрейхэм, дэри дахэту, а бзэмкIэ яуцIырхъхэм

хуэдэ гуэр хуэмыгъэкъарууну шэч щIыгъуейщ. Къэрмокъуэр бзитIымкIи щIэныгъэ гъуэзэджэ зыбгъэдэлъ интеллигент зэщIэгъэпсащ. БзитIри кууууэ иджащ. Арыншамэ, дауэ ехъулIэнт зэдзэкIын лэжьыгъэм – зэрыплъхьэ бзэм къыдэкIуэу, къызэрыпхри фIы дыдэу пщIэн хуейщ, Хьэмид абы и лъэныкъуэкIэ иIэ фIыщIэм хуэдэ гуэр къыпхуагъэфэщэн щхьэкIэ. Зыр хьэкъщ: иужь итамэ, и тхылъхэр урысыбзэкIи къыдигъэкIыфынт, абыкIэ зэфIэкIыу езым бгъэдэлъыжым и щIыIужкIэ, куэдым зэращIым хуэдэу, къулыкъуу иIыгъахэри къигъэсэбэпатэмэ. Езым, и лэжьыгъэм теухуауэ зыгуэр ятхынуми аращ, рекламэм и мэ зыщыуа псори и мыхьэмышхщ. Псори телестудием яхущIыхьэркъым – жыхуэтIам щыщщ. Езыр тэрмэшу диIэм (урысыбзэ – адыгэбзэ) я нэхъ IэкIуэлъакIуэу, а IэщIагъэм и щэхухэри зи нэхуапIэу щыщыткIэ, мыдрей тэрмэш лIэужьыгъуэми (адыгэбзэ – урысыбзэ) хэзэгъэныр гугъу хъунтэкъым. «Подстрочник» жыхуэтIэм хуэдэ иригъэщIрэ, адэкIэ зэдзэкIакIуэ бгъэдигъэтIысхьэжамэ, зэфIэкIат. Абы къришэлIэни къыхуэгъуэтынт тхылъ тедзапIэм и унафэщIым, апхуэдэ Iуэху зэрихуатэмэ. Итхауэ хъуар зэритха бзэмкIэ, зыми пимыщI и анэдэлъхубзэ къабзэмкIэ, дунейм къытенэмэ, нэхъ къищтэу арауэ пIэрэ? Узыгъэгупсысэнщ. Зи художественнэ тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыным зэи хущIэмыкъуа нэгъуэщI ди зы тхакIуэ жиIауэ хъыбару къокIуэкI: «Ахэр зэрадзэкIмэ, абыхэм сэ зэрыстха бзэмкIэ еджэжынуIакъым, сэ сыхуейщ адыгэбзэкIэ яджыну». Нобэ ди бзэм и Iуэху зыхуэкIуэм тепщIыхьмэ, ари узыгъэгупсысэнщ.

Хьэмид и тхэкIэр, стилыр, тыншу йозагъэ «адыгэбзэм и къэухь» жыхуэтIам, ди тхыбзэ культурэм и зы унэ къуапэщ. Абы и текстхэм лейуэ зыри хэткъым, псалъэуха зэмыпэща, зыгуэр щIэуэ къыбжезымыIэ, информацэ гуэр зыкIуэцIымылъ, гурыIуэгъуей, жыIэгъуэм къикIыр дыкъуакъуэ зыщI къахэгъуэтэгъуафIэкъым. Псалъэ зэрыбын къэс щхьэж и лъэуей тесыжщ, хьэулейуэ къахэбжьэхъуа ухуэзэркъым. Адыгэбзэм и дыщэ чысэм сакъыпэу иIэбэурэ, абы щахъумэ псалъэхэр зырызу и Iэпэм щIигъэжурэ, зыхуейр къыхищыпыкIым хуэдэщ.

Гукъанэ тIэкIуи щыхуэпщI щыIэщ мыбы и бзэм – языныкъуэхэм деж гъущэIуэ, джафэIуэ хъуууэ къыпфIощI. «Пафос», «эмоция» жыхуэтIэжхэм я хуэмэбжьымэ гуэри къыхимыгъэхьэну «къэрэгъул бжыхь» ирихуэкIами ярейщ. Къыпщыхьунт «Лъагъуныгъэ» зыфIища новеллэ дахэ цIыкIур лирикэм нэхъ пэгъунэгъуу щытын хуейуэ, арщхьэкIэ абыи зэрыхигъэхьэшхуэ щыIэкъым. Апхуэдэ «зэщIэкъуза» тхэкIэр авторым и хьэл-щэнхэм къыхэкIынкIи мэхъу: Къэрмокъуэр лIы ткIииIуэщ, япэ къетIыркъым зыдэзыгъэшхэм ящыщкъым, игу щыщIэ къиIуатэу зэхэпхынкъым, борэныр щызэрызехьэми зыкъуигъэщIэнкъым, сыт щыгъуи а зэрыIэдэбщ, къиплъ-къипкIыуи зыми илъэгъуакъым, кIуэ, шахмат джэгугъуэр фIахьэхумэ (апхуэдэу къыщыхъур мащIэщ), бзаджагъэ гуэр къыкIэщIащIыхьауэ шэч ищIу, къызэщIэплъамэ сщIэркъым армыхъумэ.

Къэрмокъуэм и тхэкIэр къыщежьэ дыдэр къэплъыхьуэнумэ, абы и лъапсэр наIуэщ – IуэрыIуатэм и поэтикэрщ, и стилистикэрщ. Адыгэ IуэрыIуатэм и синтаксисырщ псалъэуха ухуэкIэм и бзыпхъэр зытрихыр. IуэрыIуатэм-тIэ, и хамэщ псалъэуха зэпылъэфахэр, зэрызелъафэхэр. Мы «гъущэ-псыщэр» езыр тхыбзэ щыщымыIа зэманым и щIэинщ.

Езы терминым ущигъэуэнкъым – ар «IуэрыIуатэщ», ятхын щхьэкIэ мыхъуу, жьэкIэ яIуэтэным хузэхалъхьауэ, «жьэрыIуатэ» щыжаIи щыIэщ. ЗэкIэ зи гугъу тщIыр прозэу зэхэлъ IуэрыIуатэрщ, адыгэ фольклористикэм и щыIэкIэрщ. Прозэ IуэрыIуатэм лиризм, психологизм хуэдэхэм зыдригъэхьэхыщэркъым, персонажхэр гупсысэ кIыхьхэм, нэхъыбэм лейхэм, хидзэу бэлыхь хигъэткъым, ящIэн ямыщIэу, хэплъызэу, чэнджащэу щигъэскъым, ялэжьын хуейр занщIэу ярегъэлэжь. Геройхэр жьым тесу псым епыдж защIэщ, пыIэр къахьыну ягъэкIуамэ, щхьэри къыдагъэкIуэнущ.

Поэзие IуэрыIуатэм хэлъ дыгъэнэпс лирикэм ди нэ хуэдуфIыцIу къащымыхъуащэрэт мыбы къеджэм. Зыри щыдмыгъэун папщIэ дигу къэдгъэкIыжынщ лIыхъужьыгъэ эпосым и щапхъэ гъуэзэджэ «Нартхэм» щыщ гуэрхэр. «Ашэмэз и бжьамийр къызэригъуэтыжар» поэмэ телъыджащэм къишкIуркIукIыу щобзэрабзэ поэзиер. Нарт лIыхъужьхэр аскет дыдэхэщ, сыт ищIысми зыхуагъэныкъуэнурэ, загъэлIэнущ, лIыгъэ щIапIэ зэримыгъахуэу, дунейм IэфIрэ фIыгъуэу тетыр кърадзэркъым, лIыгъэ зэрахьэнырщ гъащIэм нэрыгъыу щаIэр, я псэр зэрагъэтыншын, я пкъыр зэрагъэфIэн къалъыхъуэркъым. Ауэ езы эпосыр зэхэзылъхьахэр фэ, дэ тхуэдэ цIыху цIыкIухэщ, «ничто человеческое мне не чуждо» жызыIам тепщIыхьмэ, – «марксистхэщ». «Эротикэ» жыхуаIэжми хуэхейкъым эпосыр. Сэтэней ищIар сытыт, Бэдынокъуэ къыдихьэхын щхьэкIэ? «И щхьэлъащIэ фIегъэху, И жьэгъухум Iуегъаплъэ, Абы щыхуемыплъэкIкIэ, КърегъэкIуэтэхри, Бгъафэм ныIуегъаплъэ. Ари щымыхъухэм, ЗитIэщIыни къыщIедзэ, И джанэкIэр фIегъэху, И щIыфэхум Iуегъаплъэ...»

«Нартхэр» 1957 гъэм Москва къыщыдагъэкIым художник Фейнберг Л. Е. мы теплъэгъуэм хуищIа сурэтыр хэплъхьэжмэ, гугъу хъунщ мы тхылъыр зыджхэм фIэщ ящыпщIыну адыгэхэм дахагъэрэ IэфIыгъэу Тхьэм къигъэщIар къагурымыIуэу зэхэтауэ. КъагурымыIуэу аратэкъым, нэмысым, укIытэ зэхэтыкIэм и хьэтыркIэ ябзыщIу арат. Иджы зэрыхъуам хуэдэу, лIыгъуэфызыгъуэм пыщIа псори, я напIэ мыхуадэу, утыку къэзыщIхэр щытлъагъу фильмхэм, тхылъхэм дэплъейуэ къэгъуэгурыкIуатэмэ, лъэпкъ хабзэми, езы лъэпкъми зыри къахэнэжынтэкъым. Абы къикIыркъым, нэмысыр, диныр, хабзэр ткIийуэ яIыгъми, адыгэхэм «ханжа», «пуритан», нэгъуэщI фэрыщI псэукIэхэм зыдрагъэхьэхыщэу щытауэ. «Реалисту» щытагъэнухэщ, дэтхэнэ лъэпкъ узыншэми хуэдэу.

ГъащIэр зэтезыIыгъэр цIыхухэр зэрылъху-зэрыпIу зэрыпсэур зэрыарар, псэ зыIуту хъуар зэхъу-зэбзу Ди щхьэщыгу итым къыщIигъэщIар къызыгурымыIуэ балигъ хъуахэм яхэт хъункъым. Нарт лIыхъужь нэхъыщхьэми, ар гъущI IэдэкIэ мывэм къыдаха щхьэкIэ, гъащIэм и хупсыр къыхэзыдзар лъагъуныгъэрщ: нартхэ я Iэхъуэ Сос псыхъуэм дэсти, псым и адрей Iуфэм къыIухьа цIыхубз дахащэр щилъагъум, къызэщIэнэри, и жылэр IэщIэкIащ...

Псалъэмакъыр тIэкIу лъэныкъуэкIэ тещIами, ди юбилярым, нарт хъыбархэр джыным, ахэр цIыхубэм яхыхьэным илъэс куэд щIауэ хуэлажьэм, ар лейуэ къыщымыхъуну, щIэджыкIакIуэхэми къагурыIуэну догугъэ.

Иджы псори щIэрыщIэу щыщIапщытыкIыж зэманщ. ЩIэныгъэм (наукэм) щIэуэ къыхилъхьэхэм, езы гъащIэм, псэукIэм зэхъуэкIыныгъэу къыщыхъуахэм, гупсысэкIэ лIэужьыгъуэщIэхэм, задэщIын хуей мэхъури. Зи гугъу тщIыну Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм ятещIыхьауэ ди эпосыр «къэзыгъэпсалъэ» щыIэми тщIэркъым – дрихьэлIакъым. ТIэкIу дыкIуэцIрыплъащ нобэ философием, литературоведением, культурологием, антропологием щагъэбатэхэми, къытфIощI гендер щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэм, аналитическэ психологием, психоанализым пыщIа теориехэм, гипотезэхэм, ахэр зи гукъэкI З. Фрейд, К. Юнг, Э. Фромм, нэгъуэщIхэми щIэуэ къагъэувхэм я пщалъэхэмкIэ «нартхэр» джын зэгуэрым щIадзэну. Хэт ищIэн, абы пыщIауэ нахуэ къэхъункIэ хъунт Къуэшыркъуей мэзым иджыри щIэсу жыхуаIэ амазонкэхэм я щэхухэр («Хэтхэ я унэ къанжэ тес?»), эпосым и географием хэлъ зэхэмыбзхэр, нэгъуэщI Iэджи, «Алыджхэ я унэ» артефактри яхэту. Сыту пIэрэ ар зищIысыр? Сэтэней зи гуащэ, «къан хъыджэбзхэр зи бащэ» цIыхубз лэгъунэр? Грекхэм (алыджхэм) я цIыхубз усакIуэшхуэ Сапфо и хъыджэбз пщыIэм апхуэдизу щхьэ ещхь? НокIуэ! Фыкъежьу! Сыводжэж!

Нартхэр цIыху щхьэхуитхэщ. Жылагъуэ зэхэтыкIэу яIэр аристократическэ, е военно-демократическэ республикэ ухуэкIэм нэхъ ещхьщ. Арами, адыгэ эпосым къэрал е пащтыхь власть ицIыхуркъым. Щхьэж и щхьэ хущытыжщ, цIыхум и псэм, и личностым зыри тегуплIэ хъуркъым. Пэжщ, езыхэм ягъэувыжа хабзэхэм зыдащIын хуей мэхъу. ЦIыхухэм зэхущытыкIэу ядэплъагъухэр пцIырэ пэжрэ иризэхэбгъэкIыну зыри щыIэкъым. Апхуэдэ зыгуэр хъунт Кант «трансцендент» жыхуиIэу щытар – IэщIагъэкIэ, псэуныгъэкIэ ягъэунэхуауэ щымытми, «уафэм къызэрехам хуэдэу» уи фIэщ пщIын хуейр. Уи фIэщ нэхъ пщIыр лъэпкъ психологиери, иджы «менталитет» жыхуаIэ псори лъэпкъ эпосым къыхэкI архетипхэм къазэрытепщIыкIырщ. Арагъэнщ нартхэм яхэлъа «псэ хуитыныгъэр» дэркIэ апхуэдизу щIэхъуэпсапIэр.

Ауэрэ зы зэман къихьэри «класс бэнэныгъэм» и хабзэхэр нартхэм я дежи къыщыгъуэтын, щумыгъуэтмэ, якIэщIэтхэн хуей хъуащ. КIэщIатхащ. Аращ совет зэманым ятхыжа, къыдагъэкIа хъыбарыжьхэм «пщы-уэркъыжьхэм» ебгъэпщэну «гъэпщылIакIуэхэр», абыхэм япэщIэт лэжьакIуэжьхэр, зауэлI къызэрыгуэкIхэр, тхьэпэлъытэу пщIэ хуащIын хуейуэ къэзыгъэув «тхьэ нэпцIхэр» къыхыхьэу щIыхуежьар. Совет атеизмэр, арыншэми, IуэрыIуатэм хуэдзэлашхэ зэпытт.

Пэж жыпIэмэ, классовэ зэхэгъэж IуэрыIуатэм хэлъхьэныр къэзыублар советхэркъым, езы пщы-уэркъхэрщ. Абыхэм хьэщIэщхэм щаIуатэ хъыбархэм, щагъэIу уэрэдхэм нэхъ лIыфIу хэтхэр езыхэм къахэкIахэрт, нэхъ икIэхэм лIыхъужьыр ящыщмэ, езым я цIэр пагъэувэрт. Псалъэм щхьэкIэ, Бэдынокъуэ пщы-Бэдынокъуэт, н. къ. Ар Къэрмокъуэм щыгъупщэркъым и сборникхэр щызэхилъхьэкIэ, хъыбарыжьхэр зи тегъэщIапIэ рассказхэр итхми, абы трещIыхь. Ар занщIэу къыщегъэлъагъуэ «Жыр пыIэ» сборникым: «Мы тхылъым щызэхуэхьэса хъыбархэр вариант зыбжанэу адыгэ хэку псоми щызокIуэ. Дэ мы новеллэхэр къызыхэтщIыкIар демократическэ макъамэхэр нэхъ къызэбэкI вариантхэрщ».

Новеллэхэм, зэ зэрыжытIам хуэдэу, лиризмэм и щабагъыр къащемэщIэкI къэхъуми, дэтхэнэ авторми и тхэкIэм нэхъыфI ды-

дэу хэлъынкIэ хъунухэм я нэщэнэ куэд яхыболъагъуэ. Псом нэхъапэр бзэращи – новеллэхэм я бзэр метафоричнэщ, афористичнэщ. Япэм комментарий хуейуэ къыщIэкIынукъым. ЕтIуанэм къидгъэкIыр афоризмэхэр сатыр къэс къыпощэщ жытIэу аракъым. Апхуэдэу уэшхыу къещэщэх афоризми зыри хуэныкъуэкъым. Дэ зи гугъу тщIыр Хьэмид и тхыгъэхэм я бзэр зэрыкупщIафIэрщ, художественнэ текстым тропхэр зэрыхэувэ хабзэхэм тету зэрыубыда жыIэгъуэ кIэщIхэрщ – гупсысэ жани япкърылъу, авторым жиIэну зыхуеяри антитезэ, гиберболэ, параллелизм IэмалхэмкIэ щIигъэщхъуэжу. «Бгырысхэм я хьэщIэ» рассказым и закъуэ уи нэм къыщыфIонэ образ шэрыуэхэм къадэкIуэу IущыгъэшхуэкIэ узэда псалъэ зэрыIыгъхэр: «Бгырысхэм пщIэ къыпхуащIамэ, укъэзымыгъэпцIэжынщ, уэ къыумыгъэпцIэж закъуэ»; «Зигу зэхуэкъабзэхэм я бзэр зыщ – гукIэ зэрощIэ»; «ЛIыгъэщ захуагъэм укъыщхьэщыжыныр»; «УкъикIуэту утекIуэмэ, нэхъыфIщ»; «Лъэпкъ псори зэхуэдэщ, я хуитыныгъэри зэхуэдэщ».

Рассказ кIэщIым куэд къыхэпх хъунущ тхыдэм и щэхухэр къыбгурыIуэным ухуигъэушу. Иджыри зэ дыхэIэбэнти: «Пащтыхьхэм дунейр сыт щыгъуи къомэщIэкI...» Бгырысхэм я хьэщIэр урыс тхакIуэшхуэ Л. Н. Толстойщ, псалъэмакъыр къызытехъеикIыр Наполеонщ. Ауэ Iуэхур щекIуэкIыр Кавказ зауэм и гуащIэгъуэ зэманщ. «Пащтыхьхэм» жаIэу, куэд бжыгъэм иту, псалъэр къыщIахьри аращ, дунейм и Iыхьэ ханэм нэс (абы щыгъуэ) зыIэщIэзыубыда урыс пащтыхьми ар фIэмащIэщи, бгырысхэм я щIы тIэкIури ятрех, игъащIэм мыбы ис лъэпкъхэр зэтреукIэ, я хэкум ирехy... КъыхэттхыкIа жыIэгъуэхэм я мыхьэнэр абыхэм гупсысэщIэ къыхалъхьэрэ къыхамылъхьэрэ елъытакъым, мыхэр анекдоткъым, «щIэрыпсщ» жыпIэу цIыхухэр ирибгъэдыхьэшхыну. Нэху защIэу зэщIэпсэ сатырхэм къыхолыдыкI рассказым и идее нэхъыщхьэр: щхьэхуитыныгъэмрэ нэмысымрэ нэхъ лъапIэ Толстой и бысымхэм дунейм зыри щаIэкъым. ТхакIуэр хуэIэкIуэлъакIуэщ рассказхэм я композицэр Iэзэу гъэпсынми. Мыбыи гу лъытапхъэт: новеллэхэм ящыщ куэдым неореализмэм и плъыфэ гуэрхэр къащIолъадэ, цIыхубэ гъащIэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу, гъэщIэрэщIэныгъэ, тэрэфарагъэ хэмылъу къэгъэлъэгъуэным и телъхьэхэм зыдащI; авангардизм (неоавангардизм) хъужым – тхыгъэм и фIагъыр зэралъытэ пщалъэр, абы эстетикэ и лъэныкъуэкIэ иIэну мыхьэнэр мыхъуу, цIыхум и псэукIэр нэхъ зэIузэпэщ щIын и лъэныкъуэкIэ сэбэпынагъыу къихьынум тещIыхьын хуейуэ къэзыгъэувым – пэджэж макъамэхэр къащIоувэ.

* * *

Пастернак Борис творчествэ лэжьыгъэмрэ абы къыпхуихь щIыхьымрэ уазэрыхущытын хуейм теухуа усэ гъэщIэгъуэн итхыгъат «Быть знаменитым некрасиво» жиIэу къыщIидзэу. Пэж дыдэу, цIыху щыIэщ цIэрыIуагъэм ирипэгэным и пIэкIэ, абы ириукIытэ, абы и кIэрыдзэныр къызэхьэлъэкI, ар емыкIуу къызыщыхъу. ЦIэрыIуагъэм нэхъуеиншэ уищIыным и антитезэр фIы дыдэу къигъэлъэгъуат усакIуэшхуэм: «Цель творчества – самоотдача, //А не шумиха, неуспех, // Позорно, ничего не знача, //Быть притчей на устах у всех...»

Псори «суффикс-ордензехьэхэм» хуэдэ защIэмэ, дыкъэсыжати. Ди интеллигенцэм, Тхьэм и шыкуркIэ, и мащIэкъым къаритауэ яIэ талантым зэблимышхэр, цIыху щыпкъэхэр, Iэдэбхэр, зэпIэзэрытхэр.

Тхэн Iуэхум пыщIахэри аращ: хъарзынэу диIэххэщ литературэм гурэ-псэкIэ етахэр, яхузэфIэкI къамыгъанэу абы хуэлажьэхэр, езыхэми я зэфIэкI здынэсыр къагурыIуэжу, ауэ абы щхьэкIэ зызэхамышу, замыгъэпIийуэ, я Iуэху Iыхьэр езыхьэкIхэр, творческэ лэжьыгъэ шэщIамрэ зыкъыфIэщIыжыныгъэмрэ зэлъэпагъ зэхуэхъумэ, абы фIы къызэрыдэмыкIуэнур нэсу къызыгурыIуэхэр. Апхуэдэм и щапхъэ къыхахын хъумэ, Къэрмокъуэм япэ еджэн хуейуэ къыщIэкIынт.

Ахэр псори хъарзынэщ. Рекламэр уи мыхьэмышхмэ, ари лIыфI нэщэнэщ. Абы щыгъуи, Къэрмокъуэ Хьэмид хуэдэу, куэд щIауэ адыгэ культурэм лъэ быдэкIэ хэт тхакIуэм, критикым, журналистым, зэдзэкIакIуэм, еджагъэшхуэ-къэхутакIуэм хуэфащэ пщIэ хуащIу, ар псоми къацIыхуу щытын хуейт. Хьэмид и пщIэр щылъагэщ абы и лэжьыгъэм щыгъуазэхэм я деж. И творческэ лэжьыгъэхэрщ зи гугъу сщIыр. Мис абыхэм щыгъуазэхэр куэдкIэ нэхъыбэн хуейт, зэрыщытым нэхърэ. Мыпхуэдэ Iуэхухэм я зэхэлъыкIэу ди республикэм щыувамкIэ, уи тхылъхэр урысыбзэкIэ къыдэкIмэ, а бзэмкIи «пиар» уиIэмэ, аращ укъызэрацIыхунур. «ЗыбгъэщIалэфIу» уи унэ уисыжкIэ, уи щхьэ теплъхьэу (саморекламэр) уэ езым уи Iуэху зумыхуэжкIэ, е зезыхуэн уимыIэмэ, зыми «игу укъэмыкIыжынкIэ» хъунущ, псори дызыхуэлэжьэж къэралри хэту. АтIэ (мыр зытхми ар фIыуэ ещIэ – игъэунэхуащи) зэрыхъуараци, Къэрмокъуэр илъэс 60 щрикъум ирихьэлIат «жылэм къелыжа» жыхуэпIэнум нызэрыхьэса «кандидат наук», е «заслуженный работник» хуэдэ гуэри имыIэу.

Пэж жыпIэмэ, апхуэдэ защIэу къекIуэкIырт абы и гъащIэр, къылъысын хуейм щыщ Iыхьэ гуэри къылъымысыжу. И ныбжьэгъухэм дощIэж псэупIэ унэ щхьэкIэ ишэчар. Сабий цIыкIуитIыр щIымахуэм щыкIэкуакуэу илъэс куэдкIэ унагъуэр щIэсат пхъэрэ фIамыщIкIэ ягъэплъ, псыи, нэгъуэщIи зыдэмыкIуэ унэ лъахъшэ Iэзэвлъэзэвым. Я нэхъ мащIэ илъэс зыбгъупщIкIэ екIуэкIагъэнщ «Хьэмид нобэ-пщэдей фэтэр кърат, мо унэр, модрейр яухмэ» жаIэурэ. Унэхэр яухырт, фэтэрхэр ягуэшырт, мыбы зыри къылъысыртэкъым. ЛэжьапIэ щхьэкIэ гугъу зэрехьар-щэ? Ар пэжщ, Хьэмид газетым, иужькIэ журналым зэрыщылэжьам и сэбэп куэд екIащ лъэпкъ культурэм. Нэхъыбэж хуищIэфынут абы культурэми, наукэми, еджэныгъэ щIэныгъэми, зызыхуигъэхьэзыра IэщIагъэм ирилэжьатэмэ. ЕгъэджакIуэ лэжьыгъэм фIы дыдэу хэзэгъа, аспирантурэр къэзыуха, диссертацэ зыгъэхьэзыра, абы и темэр куу дыдэу зыджа, сыт и лъэныкъуэкIи Iуэхум хуэщIа IэщIагъэлI щIалэм и щIэныгъэ абрагъуэр цIыхухэми, къэралми я сэбэп хэлъу, езыри абы иригушхуэжу, къигъэсэбэпыну Iэмал иратакъым. Сыт ищIэнт, газетым кIуэн хуей хъуат. Унагъуэ къыпщыгугъмэ, къызыхэпхын уимыIэмэ – Iэмалыншэт.

НэгъуэщIу псори къекIуэкIынкIи хъунт, езы Хьэмид и хьэлыр, и цIыху щIыкIэр мыхъуатэмэ. УлъаIуэ-уIункIэу къэбжыхьу, зыгуэр зылъэкIым уебзэрабзэу уемысамэ, Iуэхушхуэщ, зи гупкIэ уисым и уэрэдыр пхузэмыгъащIэмэ, нэхъ Iеижщ. Профессор, академик хъун щхьэкIэ

зыхуеину псори къелыжу Тхьэм къритат Къэрмокъуэм (акъыл жанри хэтыжу). «Кандидати», «доктори» имыIэу къыщIэнари а и хьэлым хуахь фIыуэ зыцIыхухэм. Иджы зэрыщытыр сщIэркъым, ауэ а зэманым диссертацэ хъужыр «пхыбгъэкIын»» папщIэ а Iуэхум и тетхэм нэмэз яхуэпщIу я пащхьэм уисын хуейт. Хьэмид дежкIэ ар къемызэгът. «Степень», сытхэр зэримыIэм щхьэкIэ абы куэд фIэкIуэдауэ пхужыIэнкъым. Куэд зыфIэкIуэдар щIэныгъэр арагъэнущ. Профессорхэм яхэмыхуа щхьэкIэ, абы и Iуэху дэкIын къэнакъым, и щIэныгъэхутэ лэжьыгъэри зэпыуакъым.

Псори щыгъуазэщ – жамыIэрей щхьэкIэ: тхыдэм, культурэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм куэд яхэтщ я тхыкIэкIэ гум къимыщтэу, псэм емыхуэбылIэу. ЦIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну, дихьэхыу яджыну къахэкIыр закъуэтIакъуэщ. «Академическэ» фолиант пIащэхэркъым зи гугъу тщIыр. Егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Iуэхур нобэ зыIутыр къэплъытэмэ, «научно-популярнэ» щIыкIэм тету зэхалъхьа тхылъ зэщIэкъуа цIыкIухэм нэхъ дыхуэныкъуэщ. Диссертацэ папщIэу ятха, е диссертацэу щытауэ тIэкIу зэсэбэуэжахэм нэмыщI, уIэбэмэ, къэпщтэн бгъуэтыркъым. Тхьэм и шыкурщи, диссертацэ щхьэкIэ мыхъуу, цIыхухэм щхьэкIэ ятха гуэрхэри щыIэщ – Опрышкэ Олег, КIурашын БетIал, Вэрокъуэ Владимир, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Бейтыгъуэн Сэфарбий, Котляровхэ зэщхьэгъусэхэм, БжэныкIэ Мухьэб сымэ (нэгъуэщI зытIущи я цIэ къыпхуиIуэнщ), я тхылъхэр. Ахэращ цIыхухэр нобэ нэхъ зэджэри.



ФIы къыдэкIуэркъым гъуэтыгъуэ ихуа дэтхэнэми диссертацэ итхыну «къызэрыхэхъыжьэм». Зыри яхуещIэркъым – эпидемиещ. Ар и зы щхьэусыгъуэщ ди цIыхухэм ящыщ куэдыщэ тхыдэмкIэ, литературэмкIэ, нэгъуэщI гуманитар щIэныгъэхэмкIэ гунэфу къызэрынэм. ЩIэблэри «диссертацэбзэ» литературэм хуэнэхъуеиншэу пхужыIэнкъым. Абы къикIыркъым диссертацэ дыхуэмейуэ. Дыхуейщ. Ауэ диссертацэр щIэныгъэ (наукэ) лэжьыгъэщ, псом япэу зыхуэгъэзари ар зи IэщIагъэхэрщ. Аращ зэрыщытын хуейри. Хэплъэгъуэр абыхэм нэмыщI, литературэр, тхыдэр зэраджын, ди хэкум и блэкIар, ди лъэпкъхэм я культурэр щIалэгъуалэм фIыуэ езыгъэлъагъун, академикхэм я бзэмкIэ мыхъуу, псоми тыншу къагурыIуэ, псори дэзыхьэх бзэкIэ тха тхылъхэр зэрыдимащIэрщ.

АдыгэбзэкIэ дунейм къытехьэхэр къапщтэмэ, мыбыкIэ псом япэу «ди унэр къэзыбгъэжыр» Къэрмокъуэм и IэдакъэщIэкIхэу щIэныгъэ (наукэ) лэжьыгъэхэр я лъабжьэу, абыхэм яхэлъ пэжыгъэр и тегъэщIапIэу, езым и еплъыкIэри хэлъыжу, ауэ купщIафIэу, щIэджыкIыгъуафIэу, гурыIуэгъуафIэу, хэт и дежкIи гъэщIэгъуэну тхахэрщ. УгушыIэуи, уи фIэщуи жыпIэ хъунущ: сыту фIыт Хьэмиди диссертацэ эпидемием зэримыхьар! Тобэ ирехъу, абы щыгъуи и щIыб хуигъэзэнтэкъым махуэ къэс цIыхухэри литературэри зыхуэныкъуэхэм, новеллэ дахэхэр, критикэ статьяхэр тхыныр, сабийхэм, еджакIуэхэм ядэлэжьэныр щимыгъэтыжынкIи хъунт. Ауэ хэт ищIэн? Зэрыхъуаращи, абы литературовед, культуролог, IуэрыIуатэм, тхыдэм пыщIа щIэныгъэхэм я популяризатор гъуэзэджэ къищIыкIащ, сабийхэми балигъхэми я бзэм щхьэхуэ-щхьэхуэу тещIыхьауэ. ЖыпIэ хъунущ абыкIэ зэфIигъэкIамкIэ Къэрмокъуэм «просветитель» цIэ лъагэ дыдэри къилэжьу. «Нарт» эпо-

сым теухуауэ сыт хуэдэбзэкIи ятхауэ щыIэр къэтщтэнщи, «Нартхэр. Пасэрей лIыхъужьхэм я хъыбар. ЩIалэгъуалэм папщIэ» тхылъыр зэбгъэпщэн бгъуэтынкъым. ЗыкIи утемыукIытыхьу бгъэдэбгъэувэ хъунущ ар пасэм и хъыбарыжьхэу иджырей тхылъеджэхэм папщIэ ятхыжауэ нэхъыфI дыдэу дунейм щалъытэхэм, къапщтэмэ: «Легенды и мифы древней Греции» – Кун Н. А. итхыжам, Роджер Грин и тхылъ «Приключения короля Артура и рыцарей круглого стола» жыхуиIэм. Абы щыгъуи, Хьэмид и тхылъым и зэхэлъыкIэр нэхъ гъэщIэгъуэнщ, хъыбар къэс комментариехэр щIыгъущ, вариант зэтемыхуэхэр адыгэ хэкухэм зэрыщызекIуэм ухегъэгъуазэ, псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм я щапхъэхэр къехь, езы хъыбархэм я гъэпсыкIэм уигу къегъэкIыж Аргентинэм щыщ тхакIуэшхуэ Луис Борхес и новеллэхэр, притчэхэр. Дыдэпсэлъейуэ къащремыхъу: мис мыпхуэдэ тхылъхэрщ адыгэбзэр зэрахъумэр, абы и гъащIэми къыпызыщэнур апхуэдэхэрщ.

А щIыкIэм тету зэхалъхьащ Хьэмид игъэхьэзырауэ пэщIэдзэ курыт школхэм щаджын папщIэ КъБР-м щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и министерствэм къищта «Адыгэ IуэрыIуатэр» тхылъри.

Абыхэм фIэкIа и Iэпэ къыпымыкIами, Хьэмид хуэфащэт фIыщIэрэ щытхъуу мы Iуэхум щызекIуэм я нэхъ лъагэхэр, къэрал хабзэкIэ зэрагъэпажэ дамыгъэхэр. Апхуэдэу къылъымысахэр гъэзэкIуэжа хъуну гугъэ щыIэжкъым. Илъэс 60 щрикъу гъэм Хьэмид къыфIащыжат къызэрилэжьрэ Iэджэ щIар – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм културэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Езым теухуауэ а зэманым ирихьэлIэу щыIэр адыгэбзэкIэ къытрадза статья закъуэт. Сэ урысыбзэкIэ стхар ар зытеухуар нэхъыбэм нэхъ убгъуауэ къегъэцIыхуным тещIыхьат. ФIэсщари абы хуэзгъэфащэ дыдэт – «Рыцарь в жизни и в литературе». («Кабардино-Балкарская правда», 19.03.1997).

Жанр и лъэныкъуэкIэ (дэ абы зэ тедгъэзэжыну жытIат) ди юбилей статьяр «эссе»-кIэ зэджэм нэхъ пэгъунэгъут. Мыри ди литературэм иджыри къэс дахэ-дахэу къимыщта тхыгъэ лIэужьыгъуэщ. Эссем нэху кIапэ щIэщыгъуэ щIэзыгъапсэри, и къарур зышэщIри езы ар зытхыр, авторыр, зытетхыхьым, Iуэхугъуэ гуэрым е цIыху щхьэхуэм, зэрыхущытыр къызэриIуатэ щIыкIэрщ, ар къызыхэщ и гупсысэхэрщ, и Iуэху еплъыкIэхэрщ. Мис абы къайгъэ къокI редактор дзыхьмыщIхэм я деж уи тхыгъэр зэрынэсу. Ар ящыщ зыщ Европэм илъэс 400-500 хъуауэ зыщызыуж мы жанрым ди деж гъуэгу зэрыщимыгъуэтам и щхьэусыгъуэхэм. Литературэр пхъэшыкъум ираубыдауэ щаIыгъ къэралтэкъэ Урысейр – пащтыхьхэм я татуугъуэми, большевик генсекхэм я тетыгъуэми? Гупсысэ хуитыр зи дамэ очерк лIэужьыгъуэр мыбы лъэтэгъуэ щихуэнт? Урыс тхакIуэхэми яхэтащ эссе-р зыгъэбзэрабзэ – жыжьэ нагъэсатэкъым ахэри. Совет лъэхъэнэми щыIащ абы тегушхуэ зырыз. Къыжьэдакъуащ. Хрущев и зэманырщ эссеистикэр совет литературэм нэхъ гъунэгъу къыщыхуэхъуар. Ди щIыналъэми къэсат абы и псыпэр, псыкIэр уэрыщэу къримыжами. Шэч зыхуащIын гуэр я нэ къыфIэнамэ, дэ ди идеологие хьэсэпэхъумэхэм нэхъ гуащIэжу зыкъагъэлъэгъуэн хуейти, ди бжыхь цIырхъхэр нэхъ быдэу къыщIэкIырт Кремлым и блынхэм нэхърэ.

Сэ си ныбжь тхакIуэхэм, журналистхэм я «лъэтеувэр» «хуабэ нэпцIым» и гъэмахуэ шылэм хуэзат. Москва къикI газетхэм, журналхэм къатехуэхэм задэсщIурэ, сэри сигу къыпылъадэрт «гупсысэ хуитхэр» згъэлъэтэну. А «узыфэм» и хущхъуэр редакторхэм фIыуэ ящIэрт, стхахэр, хабзэ зэрыхъуати, къыслъырадзэжырт. Сигу ихужкъым «Ленин гъуэгум» и замредакторым «мы антипартийнэхэр теддзэнукъым!» – жиIэу къызжьэхэлъэу, си статьяр къызжьэхидзэжауэ зэрыщытар. «Анти» лъэпкъи хэлътэкъым а статьям, адрей схутрамыдзахэм зэрыхэмылъам хуэдэу. Антисоветчикти, диссидентти жыхуэпIэхэр дэнэ щыIэми тщIэтэкъым абы щыгъуэ. Партым е властым пэщIэувэн гуэри стхытэкъым. «Парт линиеми» зэи сытекIакъым, иджыри, ар сыбзыщIыркъым, а линием захуагъэу, пэжыгъэу, цIыхум я сэбэпу хэлъам срителъхьэщ, слъэкIамэ, «линием» щыщ зыкъоми зэзгъэзэхуэжынт – слъэкIыркъым. ФIыуэ хэлъар нобэрей гъащIэми хэслъхьэнт – слъэмыкIыхэр аращ. А замредакторым хуэдэхэм си тхыгъэхэм «анти» щIыхалъагъуэр ахэр адрейхэм, псори зэсэжахэм, емыщхьу зэрытха къудейрт. Критикэ гуэрхэр къахэхуэрт, парт унафэхэр гъэзэщIэныр республикэм тэмэм дыдэу зэрыщемыкIуэкIым и щапхъэхэр къахьырт. Дэри, ди щIалэгъуэти, тIэкIу едгъэлей хъунт, иджы «ди менталитет» щIыжаIэм зыдэдмыщIыщэу. Псори тщIэну дыхуейт, къэралым и щIыпIэ псоми хабзэуи, политикэуи, идеологиеуи щыIэр зыуэ ди фIэщ ящIати, Москва щыжыпIэ хъур Налшык щыжыпIэ щIэмыхъур зэхэдгъэкIыну иужь дихьэт. Къэдлэжьыр а къэдлэжьырт: «Мыпхуэдэ лирикэ...» «Уэ уи еплъыкIэм хуэныкъуэр хэт?» Апхуэдэу къыппэувым уи эссе, хьэмэ абы ещхь гуэр пхутридзэнт?



«Эссе стхащ» – жысIэу апхуэдэ си щхьэ теслъхьакъым зэи. Iуэхушхуэу, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъу къысщыхъурт. Жанрыр езыр хэплъыхьа гуэрщ. Уриджэгу хъунукъым. Абы и хабзэхэр редакторхэм фIэгъэнапIэ ямыщIын щхьэкIэ си тхыгъэ щхьэхуэхэм «къэзыхъумэ» рубрикэ къахуэзгупсысат: «Эссе пэлъытэ» – эссеи хуэдэу, итIани абы нэмысыпауэ авторым къыщыхъужу къикIыу. Газет редакцэхэм жьы трагъэпсакъым рубрикэм – занщIэу траудащ, эссе хуэмэбжьымэу тхыгъэхэм халъагъуэри дагъакIуэу. Ар тету япэу къыдэкIар ЩоджэнцIыкIу Алий теухуа тхыгъэшхуэт: «ГъащIэм и зауэлI» («Iуащхьэмахуэ», 1976, №3).

Мы сызыбгъэдэс тхыгъэми тезгъэуващ а жанр дамыгъэр, сыгугъэу: нэгъуэщI щхьэкIэ мыхъуми, эссе хабзэхэм я хьэтыркIэ къытхуагъэгъунщ «авторым и щхьэм къыбгъэдэкIыр» куэдыIуэ зэрыхъуар. «Авторым къыбгъэдэкIым» хэзыгъахъуэхэм ящыщщ зытепсэлъыхь юбилярым щхьэкIэ фIы куэдыIуэ игу зэрилъыр. Литературэм щхьэкIи. Мис абы и хьэтыркIэ пфIэмыфI гуэрхэми утепсэлъыхьын хуей мэхъу.

Эссе жанрым и псыпэр ди хадэм къызэрилъэда щIыкIэр тхыдэм хэуvауэ жыпIэ хъунущ, дыгушыIэ хуэдэурэ «Америкэ къызэIухыным» дызэрытепсэлъыхьам и сценарием тету. КъызэрыщIэкIымкIэ, «Эссе жанрыр адыгэ литературэм къызэрыхихьам щхьэкIэ» литературэ саугъэт ятауэ щытащ илъэс зытхух ипэкIэ. «Сыт-тIэ, жыпIэнт, хэт зэран хуэхъурэ?» Зэран къыпхуэхъупэми, зыхуэбгъэшэч хъунщ. Зэран зыхуэхъур лъэпкъ литературэм и тхыдэр арамэ-щэ? Пэжыр зэхьэкIа зэрыхъум и закъуэкъым. Жанр щхьэхуэхэр литературэ щIалэм кътыы-

щищта зэманыр къебгъэкIуэтэхыху, лъэпкъ литературэр балигъыпIэ щиува лъэхъэнэм и данагъэхэр нэхъ зэхэмыбз мэхъу, дуней псом къыщацIыхуа литературэр лъэрымыхь гуэру къафIегъэщI а псом щымыгъуазэхэм.

И зэхэлъыкIэкIэ эссер лирическэ очеркщ. Апхуэдэ очерк лIэужьыгъуэр адыгэ тхакIуэхэм къагъэсэбэпу щIадзат пасэ дыдэу. «Эссе» жаIэу фIамыщами (а зэманхэм ар хабзэу щыIакъым), апхуэдэ очерк-хэр ятхат Теунэ Хьэчим, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, КIэрашэ Тембот, Нало Ахьмэдхъан, МэшбащIэ Исхьэкъ, нэгъуэщIхэми. ГъэщIэгъуэнщ урысыбзэкIэ тхэуэ щыта япэ адыгэ тхакIуэхэм я творчествэми мы щIэплъыпIэмкIэ уриплъэну. Нэгъэсауэ эссе дыдэщ адыгэ литературэм и щIэдзапIэу ялъытэ «Долина Ажитугай» очеркыр, Къаз-Джэрий итхар, 1836 гъэм Пушкиным и журналым тридзауэ щытар. Апхуэдэщ КIашэ Адэлджэрий и «На холме» очеркри, 1861 гъэм «Русский вестник» журналым къытехуар.

Саугъэт зратхэми Тхьэм хьэлэл яхуищI, нэхъыбэжми иратащэрэт, псом япэу тхакIуэ щIалэхэм – гъэгушхуэн мурадкIэ. Ар хъарзынэуи дощIри, мыпхуэдэхэм деж сэтей къохъу Iуэху мыщхьэпэ гуэрхэри. Литературэм и нобэм унафэ тращIыхьыну зи пщэ дэхуахэм яхэтщ абы и дыгъуасэм щыгъуазэ зыхуэпщIу гугъу зыщIебгъэхьын лъэпкъ щымыIэу къэзылъытэхэр. КъызэрыщIэкIымкIи, умыщIэххэми хъунущ адыгэ литературэм и тхыдэр. Литературэ щIэныгъэр абы зэрыхуэкIуар къызыфIэIуэху гуэри плъагъуркъым. Дэнэ IуэхущIапIэ ущIыхьами щIалэ нэкIу тхъуэплъхэмрэ зи щхьэц бацэр сырыхуу ирезыгъэIа хъыджэбзыжь цIыкIухэмрэ щызэхэсщ я пэр компьютерым иIуауэ, тхыдэр езыхэм я деж къыщежьэу я фIэщ зэрыхъужам къызэгуичу, уабгъэдэтIысхьэрэ занщIэу жэуап щIахь лэжьыгъэм утепсэлъыхьыну щIэбдзамэ, «сыт мыбы зи гугъу ищIыр?» жыхуаIэу, я нэр къихуу къоплъхэу.

* * *

«Рыцарь в жизни и в литературе» статьяр зэрыхэIэба щымыIэу къытрадзат газетым. ПерестройкэмтIэкIу къигъэлэла идеологие винтыр иджыри щIакъузэжа щIыкIэтэкъым. Демократие доухуэ жызыIэхэри утым зэримыкIт. Абы щыгъуи си гугъат статьяр адыгэбзэкIи къытрезгъэдзэну, фIэсщынури си хьэзырт – «Шу закъуэ». Зыгуэр щхьэкIэ зэблэури къэнэжат. Хьэмид илъэс 70 щрикъурщ «Адыгэ псалъэм» фIыуэ гъэкIэщIауэ къыщытехуар, ари сэ сыщымыIэу ягъэхьэзырати, «Шу закъуэм» къизгъэкIымрэ Хьэмид апхуэдэм щIезгъэщхьымрэ сэ сызэрыхуейм хуэдэу къыхэщатэкъым.

«Шу закъуэм» и образыр ящыщщ адыгэ псэукIэмрэ IуэрыIуатэмрэ нэхъ уардэ дыдэу къагъэщIахэм. ЗекIуэ ежьэхэм я пашэу хахыр псом нэхърэ нэхъ лIыгъэ зыхэлъ, нэхъ Iущ, зэуэнми нэхъ хуэIэзэрт, абы «Шу закъуэ гъуазэкIэ» еджэрт. Псом нэхърэ нэхъ Iулыдж зыхуащIыр, псом япэу уэрэд зыхуаусыр «Шуущхьэ закъуэрт». Ар зи закъуэу зекIуэ ежьэ, Iуэху гуэркIэ гъуэгуанэ техьэ шурт. «ЩIалэр шуущхьэ закъуэти, и закъуэу мэзхэр щIищыкIт» – жеIэ уэрэдым, шынэ зымыщIэм и лIыгъэр здынэсыр абыкIэ игъэлъагъуэу. Нартхэм я деж дыIэбэмэ, япэ дигу къэкIыжыр, дауи, Бэдынокъуэщ. Мыр «Дзэгъэшынэ шу закъуэкIэ»

зэджэм и щапхъэщ. Апхуэдэхэр, IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, я закъуэ биидзэм поуври зы пакIэ Iуах. «ХэкулI» зыхужыпIэнухэрщ эпосым «шу закъуэ» эпитетымкIэ игъэлъапIэр.

Литературэми хьэкъ къытенэркъым а образыр гъэбжьыфIэнымкIэ. Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу ар нэхъ къызэхъулIэр КIэрашэ Темботт. ТхакIуэшхуэм и гур кIэрыпщIэпат шу закъуэхэмрэ абыхэм я хъыбархэмрэ, и романхэм ящыщ зым фIэщыгъэцIэ хуищIари абы къыхэкIат. Роман щыхъукIэ, апхуэдэ шум и зэхэзекIуэхэм щэху, авантюрэ гуэрхэри хэмыпщIэу хъуркъым. ГъэщIэгъуэнщ КIэрашэм и шум Майн Рид и «Всадник без головы» романым, къэунэху-кIуэдыжурэ, къыхыхьэ шу закъуэр уигу къызэригъэкIыр.

Адыгэ шу закъуэм и теплъэр (портретыр) Тембот егугъупэу зэригъэщIэращIэм и щапхъэ къыщIэтхьыр ар Хьэмид Iэзэ дыдэу къэбэрдеибзэм зэрырилъхьари фэдгъэлъагъун папщIэщ.

«Ерстэм... IуащхьэмкIэ плъэмэ, Шу закъуэр Iуащхьэ щыгу дыдэм итт. И шыщхьэ къыхуэгъэзауэ, мывэ сын гъэжам хуэдэу, мыхъейуэ, щытт... И гъэпсыкIэкIи и фащи зэраIуатэ дыдэм хуэдэщ. И зекIуэкIи аращ: къыздикIаи, къызэрыуваи имыщIэу, Iуащхьэ щыгум напIэзыпIэм къытехутащ.

И фащэрщ гъэщIэгъуэн дыдэр... Цеищхъуэм и гупэкIи и кIэмкIи дыщэ уагъэхэр къедэкIащ. И хьэзырыбгъи и цей IэщхьитIри апхуэдэщ – уагъэ тхыпхъэ защIэщ. И къамэ-бгырыпхри и хьэзыр Iупэри аращ – дыщэ маскIэр къапоткIу. И нахътэм телъ дыжьыным дыгъэ бзийр щоджэгу. И мест вакъэр плъыжьыбзэщ. Мэз адакъэм хуэдэу, къуэлэнпщIэлэнщ, езыр, зи щыпэшэс щIалэщ жыпIэну, шым къецIыкIуэкIыу, трапха щIыкIэу, тегъэпщIауэ тесщ... Еплъыху, нэхъри егъэщIагъуэ шур... Мыпхуэдэ щIыпIэ зэгъуэкIыу цIыху нэгъуаджэхэм я кIуапIэм, щысакъыным и пIэкIэ, Iуащхьэ щыгум иуващи, итщ. Зэми хъунт, тIэуми хъунт. Iуащхьэр нэрыгъыу иубыдащи, наIуэ зэрыхъунми щышынэркъым...»

Иужьрей псалъэхэрщ зыхэлъыр шу закъуэхэм я щэхур. Шу закъуэр цIыху зи жагъуэ, гуп хэмыхьэ гуэру аракъым. И закъуэу къикIухьыну, гъуэгу жыжьэ зэпичыну мышынэ лIыхъу жиIэу аращ абы къзрагъэкIыр. ЗыщIыпIи зыщимыущэхуу, щIыпIэ зэгъуэкIи, цIыху нэгъуаджэхэм я кIуапIи къапимыкIухьу, и занщIэ и гъуэгуу здежьамкIэ кIуэцIрыкIыу – апхуэдэущ зэрыплъагъур. Зи закъуэу гъуэгуанэшхуэ техьэ зекIуэлIыр къызыкъуэгушхукIыр, абы игурэ и щхьэрэ щIызэтелъыр и шым и зэфIэкIымрэ езым бгъэдэлъ лIыгъэр зыхуэдизымрэ ещIэжри аращ.

Къэрмокъуэ Хьэмид шы дэнэ къэна, лъакъуэрыгъажэ тесу зэи слъэгъуакъым, машинэ рули игъащIэм иубыдауэ зэхэсхакъым. Техникэм дауэ хущытми, и теплъэкIи, и дуней тетыкIэкIи абы уигу къигъэкIыжыр мис а адыгэ шу закъуэрщ. Езырщи – уанэгум къимыкI уэркъ щауэм хуэдэу зэщIэгъэпсащ – лIы екIущ, бгы псыгъуэщ, дэнэ кIуэми, ауэ сытми зэфIэсми, и щхьэр лъагэу Iэтащ, «и тэмакъым къамэ иригъэжэхащ» щIыжаIэм ярейуэ, «сыкъ» жоуэ зэфIэтщ. И тхыгъэхэм лейуэ зыри къызэрыхэмыхуэм хуэдэу, хэбдзыну зыри хэлъкъым и Iэпкълъэпкъи, и нэпкъ-пэпкъи – Iэзэ дыдэу ящIа дизайнщ. Адыгэ пщащэхэм я нэхъ дахэхэм уэрэд зыхуаусым хуэдэт и зэманыгъуэм.

Иджыри къызэфIэщIакъым, лейуэ лы е къупщхьэ къыкIэрыщыркъым. И акъылри а зэрыжанщ, и гурыхуагъэри аращ, и къалэмри игъэтIылъакъым. Илъэс 80 ныбжь уи щIыб дэлъыну псынщIэ цIыкIукъым. Дэ, «зауэшхуэм и бынхэм», тшэчамрэ дызыхущыщIамрэ къэплъытэмэ, илъэс къэс тIум пэбжын хуейт. ИтIани – дыкъикIуэтыркъым. Сэ схуэдэу, илъэс зытIущкIэ нэхъыщIэхэр, дыкъэдзыхэ хъужыкъуэмэ, дызыщыукIытэн диIэщ – ди шу закъуэ гъуазэр дяпэ итщ...

«Нартхэ ди Бэдынокъуэ! Нартхэ ди лIы икъугъэ...» Куэдрэ сигу къэкIырт: сыту пIэрэт «лIы икъугъэм» нартхэм кърагъэкIыр? Иджы адыгэбзэм и псалъалъэ пIащэхэр диIэщи, хъарзынэкъэ! Абыхэм иратха псори шэч къызытумыхьэжын защIэкъым. «Икъугъэр» урысыбзэкIэ тэрмэш зэращIар занщIэу си фIэщ хъуащ: «Настоящий мужчина». Иджы жанру щыIэ псори щызэхатхъуэж, щызэхаушыпсэ зэманкъэ! Литературэм, псом хуэмыдэу, кинематографием хэз хъуащ «фэнтази» («ненаучная фантастика») зыфIаща тхылъ, кино лIэужьыгъуэхэр. «Фантазиещ» жыхуиIэщ, ухуеймэ, щIы уи фIэщ, ухуэмеймэ, умыщI. ЦIыхухэр есэжащ нэгъуэщI планетэхэм къикIыу къытхуэкIуэ хьэщIэхэм, е дэ ди щIырытесхэр модэ Марс е абы и къуажэкIэм къыпыс жылэ гуэрым зарыхуеблагъэм теухуа фильмхэм. IэшрыI жанрщ, мифхэри, псысэхэри, таурыхъхэри, нобэ зекIуэ хъыбархэри, реальнэ дыдэ дунейри зэхэзэрыхьыжауэ, сюжет зэфIащIэу, Сосрыкъуэ Тхъуэжьейм тесу гъуэгум мытэмэму зэпрыкIыу ГИБДД-м яубыдауэ зэныкъуэкъуми, къыбгурымыIуэн зыри хэмылъу. Дауэ хъуну пIэрэт, жызоIэ, фильм, сытхэм мыхъуу, дунейхэр пэж дыдэу зэхъуэжатэмэ, псалъэм папщIэ, нартхэр ди деж къэкIуауэ, абы я деж Хьэмид къыщыхутауэ Алыджхэ я унэмкIэ зыблригъэхыу, Сэтэнеи и шордакъым къиуварэ... Тобэ ирехъу, и гъуэгу пхудидзыхынтэкъым, Бэдынокъуэ и зэчырым ежьуунт армыхъумэ: «СыешхакIуэ ефакIуэкъым, СылэгъунакIуэ щауэкъым...» Аращ «Шу закъуэ» образым и эстетикэр. Зэ иубыда шы тесыкIэм, къыхиха гъуэгум тетын хуейщ – сыт хуэдэ дунейми хэгъэшасэ.



«Рыцарь» щIыфIэсщари арат япэрей юбилей статьям. «Рыцарыр» нобэ этикэ нэщэнэу нэхъ къагъэсэбэп псалъэщ, лIыгъэ зэрыхэлъым и мызакъуэу, IуэхуфI и Iэужьу, гушхуэ кIуэцIылъу, захуагъэм и телъхьэу, пэжым пхутемышу, жиIам тебгъуэтэжу дунейм тет лIым и фэ ираплъ. ЦIыхубзым и нэмысым папщIэ къикIуэтыну и напэ зэрыхуимыгъэфэщэнур хэтыжу. Ар псоми ящIэ, нэхъ ямыщIэнкIэ хъунур образым и лъапсэр, езы псалъэ, иджы лъэпкъ псоми яхэлъыр, къызэрежьарщ. Псалъэр нэмыцэбзэм къыхокI «шу» (всадник) мыхьэнэ иIэу, зауэ, зекIуэ, сытхэм хэтыныр зи нэрыгъым, иужькIэ дворян псоми я псэукIэм тражыIыхь хъуащ. Зэрытлъагъущи, адыгэлI нэсым, е, иджы къаублэжауэ, «уэркъ щауэ» жыхуаIэм, и шыфэлIыфэрщ «рыцарми» и напщIэтелъыр. Псалъафэхэм я семантикэкIэ, псалъэхэм, псалъэуха пычыгъуэхэм я мыхьэнэр хэхауэ зэрадж хабзэхэмкIэ, къапщтэмэ, «рыцарми», дэ «шу закъуэ» жыхуэтIэми къарыкIыр зэтохуэ.

Урысейм щыщхэми, нэгъуэщI къэрал къикIа тхакIуэхэми, еджагъэшхуэхэми ятхыжауэ куэд дыдэ щыIэщ адыгэ шу зекIуэлIым и хахуагъэм, лIыгъэм, и гу къабзагъэм ятеухуауэ. Апхуэдэ шууэ абрэджу, партизану мэзым щIыхьэжхэр, къуршым ихьэжхэр куэд дыдэ хъуат

Кавказ зауэм и зэманым. Литературэм сыщрихьэлӀауэ къысхуэщӀэжыркъым – дыщыцӀыкӀум нэхъыжьхэм апхуэдэ шум щхьэкӀэ жаӀэу зэхэсхыу щытащ: «Хьэжрэт ищӀат». «Тхьэлъанэ (икърар) ищӀат» (илъ ищӀэжыну) жаӀэу кърагъэкӀыу арат. Дэтхэнэ лъыщӀэж шум щхьэкӀэ жаӀэртэкъым – пащтыхьыдзэм лъэпкъым, хэкум лейуэ кърахар имыгъэгъуну тхьэ иӀуауэ къэзыкӀухь шу хахуэхэр, хъыбарышхуэ зиӀэ, уэрэд зыхуаусахэр арат зыхужаӀэр. «Хьэжрэт зыщӀахэр» «Хьэжрэтым», Къэбэрдейр щызэтракъутэм Псыжь икӀыжа адыгэхэм, ящыщхэрт. ИкъукӀэ зэпкърыхауэ апхуэдэхэм топсэлъыхь Кавказ зауэм и тхыдэтх цӀэрыӀуэ, урыс армэм и генерал Потто Василий. Абы зэритхымкӀэ, «хьэжрэткӀэ» еджэрт «къэбэрдей щӀэпхъуэжахэм» («Беглые кабардинцы») ящыщу урысхэм зэпымыууэ къезауэ, «емыпсыхыж» адыгэ шухэм. Генералыр ящымытхъуу къанэркъым лӀыгъэрэ псэемыблэжыныгъэрэкӀэ дунейм зэбгъэпщэн темыт «хьэжрэтхэм». Ауэ, адрейуэ а лӀыхъужьхэм ятетхыхьа, ноби ятетхыхь урыс тхыдэтххэм, литераторхэм хуэдабзэу, Потто зытрикъузэр «хьэжрэтхэр» къанлыуэ, хъунщӀакӀуэу, щхьэфӀэх защӀэу, псоми яхуэмыух «набег» хъужыр я гъащӀэ ӀэщӀагъэу къэгъэлъэгъуэнырщ. Псори зэгурыӀуам хуэдэу, «хьэжрэтхэм» зэреджэр зыщ: «хищники». УбзыщӀын зыри хэлъкъым – апхуэдэхэри итащ а зэманым Кавказым. Ауэ лейм пэув, хейм къыщхьэщыж шу закъуэхэмрэ абыхэмрэ куэд я зэхуакут. Мохэр нэхъыбэм гуп зэрыгъэхъуурэ зекӀуэ ежьэхэу, хъунщӀэ ящӀыну, мылъку къаугъуеину зэдэшэс шу нэпсейхэрт, гъащӀэм и щызыгъэм къызэгуич уэркъ щӀалэгъуалэрт. А зекӀуэлӀ лӀэужьыгъуитӀыр зэхэгъэкӀын хуейуэ япэу зи тхыгъэ къыхэщахэр езы адыгэхэм къахэкӀа тхакӀуэ-патриотхэрт, Хъан-Джэрий, КӀашэ Адэлджэрий хуэдэхэрт.

ЩӀэджыкӀакӀуэхэм а зэщхьэщыкӀыныгъэр ягурыгъэӀуэным йолӀалӀэ Къэрмокъуэри. Зи хэкур зыхъумэж адыгэхэм я пашэхэрщ абыи лӀыхъужь нэсу къилъытэр. Шу закъуэ-рыцарым и щапхъэхэр куэд мэхъу, ауэ дэ зы закъуэ нэхъ дытепсэлъыхьынщ. «Адыгэ сопротивлением» и лӀыхъужь нэхъ наӀуэ дыдэхэм ящыщщ зи уэрэдыр яӀэпымыху Аджэрий и къуэ Кушыкупщ. Нэхъ гукъинэж дыдэ хъыбарыр Къэрэмырзэ Алий и къуажэу Лабэ Іуфэ Іусар 1825 гъэм Вельяминов генералым и унафэкӀэ зэрагъэсам пыщӀащ. Лажьэ зимыӀэ къуажэр зэтракъутащ, яхъунщӀащ, къуажэдэсхэр – лӀыжьи, фызыжьи, сабии, зэхэгъэж ямыщӀу, зэтраукӀащ, гъэру яубыдащ, зауэм хэкӀуэдащ езы Къэрэмырзэ Алийри. Нэхъ зэгуэпыгъуэ дыдэращи, дзэ гупым я унафэщӀу щытар къэбэрдеипщхэм къахэкӀа, урысыдзэм хэт Бекович-Черкасскэрт. Гъэр хъуахэм яхэтт Къэрэмырзэм и фызитӀри. КъардэнгъущӀ Зырамыку зэритхыжамкӀэ, фызитӀри щӀасэу зыкъомрэ иӀыгъащ Бекович-Черкасскэм, иужькӀэ зыр и адэм и унэм иригъэшэжащ, мыдрейр Джылахъстэнейм щыщ уэркъ Астемырым, и ныбжьэгъу хъунти, щӀасэ физу хуригъэшащ. Астемырым апхуэдэ пудыныгъэ илэжьу зэхэзыха Кушыкупщ Псыжь адрыщӀкӀэ, абы фӀэкӀа Іуэху имыӀэу, щэхуу къикӀщ, Астемырейм къакӀуэщ, Астемырыр къуажэбгъум дишщ, зэпэуври, шууэ, зэзауэщ, къиукӀри къыздикӀамкӀэ игъэзэжащ. Апхуэдэт шу закъуэ леймыгъэгъухэр.

Хьэмид дигу къегъэкӀыж, лей мыгъэгъухэм я щапхъэу ІуэрыӀуатэм ди пащхьэм къригъэувэхэр – Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт, Шэджэмокъуэ Хьэсанш, НапцӀэ и къуэ НапцӀэ, Борэжь, Азэпщ Гъудэ-

берд… «Ахэр щIэдзыхэнрэ къыщIикIуэтынрэ щыIэкъым, гъащIэм пыкIын хуей щыхъукIэ, мэскъалкIэ къызэфIэщIэркъым». «Зи цIэ къитIуа лIыхъужьхэр, – къыпещэ адэкIэ, – хэбгъэгъуащэ хъунукъым «лIакъуэлIэш «шу хъыжьэхэм»… ЦIыху гъащIэр абыхэм зыуи кърадзэртэкъым… Андемыркъан сымэ (Хьэтхым и къуэр, Борэжь, Есэнокъуэ зэшхэр, НапцIэ и къуэ НапцIэ, н.) нэгъуэщIщ: зекIуэлIхэщ, зауэшыхэщ, IэщакIуэхэщ, итIани хейм илъ ягъажэу плъагъункъым, ар дэнэ къэна, тепщэхэр бий ящIауэ, абыхэм еныкъуэкъуу долъагъу, лъахэм гузэвэгъуэ къыщылъысым деж (зэрыпхъуакIуэхэр къыщеджэдажьэкIэ) шу пашэ мэхъу, хуей хъумэ, хэкур бийм щахъумэурэ, гъащIэр ят».

Ауэ сытми къызэрыгуэкIхэкъым тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ зэрызэхущытым, щхьэ закъуэ лIыхъужьыр фIым зэрыщIэбэнымрэ цIыхубэ гурылъхэмрэ зэрызэхуэкIуэм, щызэщхьэщыкIи къызэрыхъум критикыр зыхуишэ гупсысэхэр. Андемыркъан, дигу къегъэкIыж абы, пэж дыдэу псэуа цIыхущ, ар цIыхубэм я гущIэм щагъафIэ образ щэджащэщ, тхыдэм щыцIэрыIуэ лIыхъужьщ. «Ауэ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ хабзэ зырыз ябгъэдэлъщ. IуэрыIуатэм тхыдэр егъэпсыж, егъэщIэращIэ… А хабзэхэм япкъ иткIэ, Андемыркъан ди пащхьэ къоувэ леймыгъэгъу лIыхъужьым, бэнакIуэ къызэфIэмыщIэжым, джатэм ириджэгу шууей хахуэм и щапхъэу. IуэрыIуатэм гу лъетэ ар зэрыщхьэ закъуэми – сыт хуэдиз лIыгъэ къуэлъми, Андемыркъан гуузу мэкIуэд: «Щхьэ закъуэ бэнакIуэм и натIэр аращ» – жыхуиIэщ IуэрыIуатэм».

Шу закъуэхэм я лIыгъэм, я уардагъым иригуфIэу, иригушхуэу, и къалэмыр игъэтIылъыжыркъым критикым. Куэдыр зытемыIэбэми нос – «щхьэ закъуэ» бэнакIуэхэм я трагедиеми и щIэм дрегъаплъэ. Шэч хэлъкъым – нэгъуэщI гъуэгу, нэгъуэщI ухыгъэ къаритатэмэ, лъэпкъми, лъахэми нэхъыбэ хуащIэфынут абыхэм. Ар къилъытэ щхьэкIэ, IуэрыIуатэм и судыр щабэкъым. Абы и накъырэмкIэ цIыхубэм иреIуэкI шу закъуэ хъыжьэхэм: «Уи щхьэм лIыгъэ хуэпщIэжыныркъым нэхъапэр». «Ар «шу закъуэ хъыжьэхэм» я къуаншагъэкъым – я насыпыншагъэщ, – занщIэу иреупщIэ фольклористым, – зэманыращ ахэр щхьэ закъуэ зыщIар. Зэман тэмэм халъхуатэмэ, абыхэм зэфIагъэкIыфыну щытар лъытэгъуейщ». Хэкум папщIэ зи псэ зыт лIыхъужьырщ адыгэ IуэрыIуатэм емышу игъафIэр. «Апхуэдэ цIыхум и щIыхьыр лъагэ дыдэщ. IуэрыIуатэм дежкIэ нэхъыщхьэр а щIыхьырщ – ар абы ехъумэ, нэхъри егъэбатэ, егъэщIэращIэ… ЛIыхъужьым и псэущхьэ дэнэ къэна, и лIэныгъэри а щIыхьымкIэ псыхьауэ» щытын хуейщи.

IуэрыIуатэм и дерсхэр мыкIуэщIщ, зэплъытын щымыIэм хуэдизщ. ЦIыхубэ психологиер, лIыгъэмрэ лIэныгъэмрэ я философиер нэхъ кууэ къыбгурыIуэн папщIэ щхьэпэ хъун защIэщ критикым абы къыхих гупсысэхэри.

* * *

«ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым», – жиIатэкъэ пасэрейм? Хьэмид шу закъуэ гъуазэм, емыпсыхыж шум щIедгъэщхьэр ар иджы шы дгъэшэсыжыну, шыгъэ-лIыгъэкIэ дгъэунэхужыну аракъым. Шуупэр, зэрытщIэжщи, гъуэгукIэ гурыгъуазэщ, адрейхэр здынэмысам, ямы-

гъэунэхуам гупыр ешэф. Ар къэхутакIуэщ, Колумбщ, щIэ гуэр къэзыгъуэтщ, гъуэгущIэ, хэкущIэ, е нэгъуэщI гуэр къызэIузыхщ, лъыхъуэным зи гур хуэпабгъэ, зылъыхъуэр къимыгъуэтауэ, здежьам нэмысауэ, зи шыр къыжьэдэзымыкъуэ зекIуэлIщ. Апхуэдэ гъуэгуанэ зэпызычым, шупэхутэкIэ зэджэм, ебгъапщэ хъунущ тхыдэми, литературэми, IуэрыIуатэми я лъапсэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щезыгъэкIуэкIа ди ныбжьэгъур. Езым япэкIэ ди щIэныгъэлIхэм ягухэр щымыулъэпхъэща щIыпIэ жыжьэхэм и шылъэр нихусри, зекIуэлI-литературоведыр щылъыхъуащ икIи къигъуэтауэ жыпIэ хъунущ ди тхыдэм, культурэм я къуэпсхэр къыщежьэри, ахэм зыщаукъуэдия щIыналъэхэри. Грекхэмрэ адыгэхэмрэ я мифхэр зэрызэпыщIар куэд щIауэ жаIэрт еджагъэшхуэхэм. Хьэмид абыхэм щIэрыщIэу ириплъэжри, къэхутэныгъэщIэхэр хилъхьэфащ. Нэхъ гъэщIэгъуэныр адэжкIэ Iэбэу, нартхэм я къежьапIэр, нарт лIыхъужьхэм я цIэхэр къызытекIар ижьрей Египетым къыщылъыхъуэн хуейуэ къызэрыхилъхьарщ. Эпосыр джыным къаруушхуэ езыхьэлIа адыгэ нартовед акъсакъалыр, ауаныщI тIэкIуи хэлъу, къыхуэхъущIат: «Сосрыкъуэ и шы лъакъуапIэ Нил псыхъуэм къыщигъуэтыну хэтщ Къэрмокъуэр!». Иджы абы тепсэлъыхьхэр я фIэщу Хьэмид жиIам ирогъуазэ – гушыIи, ауани хамылъхьэжу.



Дэри дызэрыцIыкIурэ Сосрыкъуэ кIэс дыхуащIауэ дыхэтщ нарт хъыбархэми (Си гуапэ дыдэщ я цIэхэр зэрызэтехуэр – гуимыхуж схуэхъуа а хъыбархэм сыхэзышари Хьэмидт – КхъуэIуфэ Хьэмид, си адэшхуэр), дызэджаIами абы хыхьэжауэ, мыбы ехьэлIа гуэрхэм куэд щIауэ догупсыс, Сосрыкъуэ и шы лъакъуапIэр пэж дыдэу Нил псыхъуэм къыщылъыхъуэн хуейр къабыл тщыхъуащи. Абы и щыхьэт гуэрхэри гукъэкIыу къыщытхуэкIуэ щыIэщ. А псор иджыпсту мыбдеж къыхэтIункъым, ящыщ гуэрхэр зы зэман ттхыжауэ щытащи. «Сыту пIэрэт мыри зезыхуэр?» жызыIэн щыIэмэ, иреплъ: «Х. Кауфов. «Вечные странники», Н. 2002, с. 290 – 296. А тхылъым ар къыщIыхыхьар адыгэхэмрэ пасэрей Египетымрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэм дытепсэлъыхьын хуей хъуати арат. ЗэпыщIэныгъэхэр мынаIуэ дыдэу къызэрынэр зыкъомкIэ и зэранщ гиксосхэм (Азие лъэныкъуэмкIэ къикIыу, Египетыр зыубыдауэ щыта лъэпкъхэм) ятеухуа щIэныгъэ нартоведением зэрыхэмытым.

Сосрыкъуэ и шы хэгъэпщыпIэхэм я закъуэ сытми Хьэмид адыгэ щIэныгъэм и щIыналъэщIэу дигъэцIыхуар? Газетым, журналым щыщылэжьа илъэсхэмкIэ дгъэзэнщи, Къэрмокъуэрщ зи фIыщIэр Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхъазым яхудиIэ литературэ, культурэ зэпыщIэныгъэхэр зы мардэ изэгъауэ, къэщIэрэщIэжауэ зэрыщытар, ди лъэпкъхэм я зэхуэдэ тхыдэр, бзэр, IуэрыIуатэр зэгъусэу джын зэрыхуейм пыщIа къалэнхэр белджылыуэ зэрыувар. ЖытIам къидгъэкIыр зэпыщIэныгъэхэр зэи зэпымыу системэу зэрызэтеуварщ. «Мыпхуэдэу щытамэ, сыту фIыт» – жаIэу абыхэм тепсэлъыхь нэхъапэми щыIащ, ауэ ар ипэжыпIэкIэ гъащIэм щекIуэкI Iуэхуу зэтегъэпсэныр, ди къуэшхэм я тхыгъэхэр ди деж, дыдейхэр – абыхэм я деж щытрадзэу хабзэу гъэувыныр зи жэрдэмыр Хьэмидт. Адыгей, абхъаз литературэм ди тхылъеджэхэр щыгъуазэ щIын и лъэныкъуэкIэ абы зэфIигъэкIар зы тхакIуэ союз и лъэкIыныгъэ ебгъапщэ хъунщ.

ДауикI, Хьэмид зэхиубла Iуэхушхуэхэм ящыщу япэ дыдэ игъэщын хуейр хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я деж кIуэ гъуэгур, ахэр адэжь хэкум къэзышэж лъагъуэр зэрыхиширщ. Хьэмидщ япэ дыдэу абыхэмрэ дэрэ дызэхуэтхэ-къытхуэтхэжыр къезыгъэжьар. Сэри абы сезышэлIауэ щытар аращ – куэдым зэрахуэтхэр, къызэрыхуэтхэжхэр зэхэсхати, и унэ сыкIуэри, адрес зыбжанэ къеIысхат. Сэ абы щыгъуэ университетым и ещанэ курсым сыщIэст, Хьэмид ди кафедрэ дыдэм аспиранту щыIэт. ПисьмокIэ абы щыгъуэ ныбжьэгъу къысхуэхъуахэм ящыщ куэдым иджыри къэс сапыщIахэщ. Ахэр икъукIэ къысщхьэпэжат 1977-1980 гъэхэм «Хэку» обществэм сыщылэжьам, абы и пэ илъэс зыбгъупщIкIэ къихуэу Сирием, Ливаным, Иорданием, Тыркум япэу сыщыкIуам къыщыщIэдзауэ. Хьэмидщ Сирием щыщ ди хэкуэгъу щIалэ япэ дыдэу республикэм къезыгъэблэгъауэ щытари. Нобэ апхуэдэхэм псори есэжащи, къызыфIэIуэхужыр мащIэщ. А зэманым хамэ къэрал ис гуэрым ухуэтхэн-къыпхуэтхэжын, абы къипшу хьэщIэ къебгъэблэгъэным пыщIауэ щытар лъытэгъуейщ. Нэхъ хьэлъэ дыдэр иджы десэжауэ «спецслужба» жыхуэтIэхэм я нэIэ къыптемыту зы лъэбакъуэ пчы, зы письмо птхы е къыпхуатхыж зэрымыхъурт. Убэлэрыгъыу, е адыгагъэм зыдебгъэхьэхыу, пхэнжу убэкъуамэ, псалъэ лей къыбжьэдэлъэтамэ, бэлыхь ухэхуэныр бетэмалт.

Хьэмиду къыщIэкIынущ Кавказ зауэм, ИстамбылакIуэм пыщIауэ XIX лIэщIыгъуэм, XX и пэщIэдзэхэм Урысейм къыщыдэкI журналхэм, газетхэм къытехуэу щыта тхыгъэхэр зэгъэуIуныр, щIэныгъэ хабзэхэм тету джыныр япэу Iуэху зыщIари. Ари тынш цIыкIутэкъым а зэманым. Япэрауэ, абыхэм зыдебгъэхьэхыныр «интернационализмэм» утезыш шейтIан лъагъуэу ялъытэрти, а «спецслужба» дыдэхэр къыпкIэлъыплъу щIадзэрт. ЕтIуанэрауэ, зи гугъу тщIы тхыгъэхэр зытет газет-журналхэр зыщыбгъуэтынур Москва, Ленинград, Тбилиси хуэдэ къалэшхуэхэм я библиотекэхэрт, абыхэм укIуэн, е библиотекэхэм зэхуаIэ зэгурыIуэныгъэхэмкIэ (МБА) къебгъэхьын хуейт. Тхыгъэхэм яхэтт «фонд зэхуэщIахэм» щахъумэу фIырыфIкIэ узрамыгъэкIуалIэхэри. 

Япэ адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу а библиотекэхэм щахъумэхэр япэу щIэзыпщытыкIахэми ящыщщ Хьэмид. Абыхэм ар апхуэдизкIэ дахьэхати, лэжьыгъэшхуи ятриухуэнкIэ хъунт. АрщхьэкIэ къылъагъэсыжакъым. Къэунэхуу щIидзат литературэм и Iыхьэ-Iыхьэ гуэрхэм, адэ щIэин хадэжьым хуэдэу, «тур» тращIэрэ, куутI хуащIрэ, «Мыр дыдейщ, зыри фыкъимыхьэ, фыкъемыIусэ!» жаIэу къэувхэр. Ахэр литературэм иригузэващэу аратэкъым. Я нэхъыбапIэм адыгэбзэкIэ тхэкIи еджэкIи ящIэртэкъым, диссертацэ узым ихьырти арат. Мис ар ящыщщ апхуэдэ щIыкIэкIэ (иджы «рейдерский захват» жыхуаIэм хуэдэу) къаубыда литературэ хадэхэм къыщаугъуея диссертацэхэм уигу щIакIэрымыпщIэм, ахэр фIы дыдэу ятхауэ щытми. Хъарзынэщ, тхы, Алыхьым щхьэкIэ, ауэ иджы «къызэIупхыр» уи япэкIэ нэгъуэщIхэм къызэIуахауэ (кавычкэхэм дэмыту) зэрыщытар зыщIыпIэ деж къыхэгъэщ.

Абдеж щиухыркъым мыбыхэм гъэщIэгъуэну хэлъу къекIуэкIар. «Хадэхэр» къэзыубыдхэм къащхьэщыжын тыншу къыщагъуэтырт IуэхущIапIэ лъагэхэм, зэблагъэ-зэIыхьлы сытхэмкIэ я закъуэтэкъым къулыкъущIэшхуэхэр мыбыхэм къащIыдэщIыр. Ахэр кIэзызырт урысыбзэм нэмыплъ гуэр ирату фэ къраплъынкIэ. Япэ тхакIуэхэр-тIэ, а

бзэм и дунейм, Урысей къэралыгъуэм къыхэтэджыкIа защIэт. Иджыри унафэщIхэм куэд яхэткъым а нэмыплъ узыр къемыфыкIыу – минрэ дунейм зихъуэжами.

Тхыдэм щынахуэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу, япэ адыгэ тхакIуэхэр зэрытхэр урысыбзэрт. Ахэр гугъэт я анэдэлъхубзэмкIэ тхыбзэ, тхылъ, журнал, газет, нэхъыщхьэжращи, – абыкIэ еджэ щыщымыIэкIэ, я урысыбзэ тхыгъэхэр къызыхэкIа лъэпкъхэм зыгуэркIэ къахуэщхьэпэну. КуэдIейкIэ къахуэщхьэпауи пхужыIэнкъым, урысыбзэкIэ абыхэм еджэн адыгэу а зэманым щыIар зэрымащIэ дыдэр къэплъытэмэ. Къащхьэпэн щыщIидзар дэ ди зэманырщ. Ар зи фIыщIэри япэу ахэр псоми ящыгъупщэжа журналхэм, газетхэм кърахыжу, архивхэм къыхахыжу щIэзыдзахэрщ. А тхакIуэхэм я тхыгъэхэм «тур» трищIэу и щхьэ Iуэху зэрыдигъэкIын IэмалкIэ къыхуэгъэсэбэпынут Хьэмиди. Ауэ абыхэм пщIэуэ яхуищIыр къызеригъэлъэгъуар нэгъуэщIущ. Ди литературэм и зэхэублакIуэхэм къащIэнауэ къагъуэтыжар, къанэ щIагъуэ щымыIэу, адыгэбзэ къабзэкIэ зэридзэкIыжащ, а щIыкIэм тетуи ахэр зы зэман зэ зыхуатхауэ щыта лъэпкъым и пащхьэ ирилъхьэжащ а лъэпкъым и бзэмкIэ. ФIэщ щIыгъуейщ апхуэдэ насып я тхыгъэхэм къайхъулIэжыну гугъэ ящIыхауэ ди япэ тхакIуэхэм. Хьэдрыхэ хабзэ гуэр щыIэр пэжмэ, я псэр гуфIауэ къыщIэкIынщ.

Хьэмид зи жэрдэмщIакIуэу мыбдеж къыщыдгъэлъэгъуахэми, ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэми зыри яхэткъым абы и цIэр зытет дамыгъэ гуэркIэ къыхагъэщу, псоми ящIэн, зыми шэч къытрамыхьэн хуэдэу къыхагъэбелджылыкIыу. Щыгъуазэхэм (иджы апхуэдэу къэнахэри зырызщ), пэжырыщIэкъухэм мис мы дэ иджыри дызэлIалIэм хуэдэ гуэр ятхыжмэ, сщIэркъым, армыхъумэ, нэгъуэщI гугъапIэ щыIэжкъым. Псори «Америкэ къызэIухыным» илIыкIхэм зыкIэщIаупщIащ. Сыт пщIэн, Америкэр къызэIузыхари Христофор Колумб щхьэкIэ, зи цIэ фIащар нэгъуэщIщ. Колумб, тенджызым и зекIуэлI гъуазэм, зэрихьа лIыгъэм, хиша лъагъуэм и фIыщIэкIэ Европэм къэсат дунейм цIыхуу тетым я Iэнэм ноби темыкI ерыскъыхэр, хадэхэкIхэр, тутын, шыбжий сытхэр хэтыжу – кIэртIофыр, томатыр, нартыхур, гуэгушылыр, нэгъуэщI Iэджи. А лъагъуэмкIэ Испанием и королым кхъухьхэм къыхуашэрт яхуэмыIэт дыщэмрэ дыжьынымрэ, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэр. Адмиралым и жагъуэгъухэм королым бзэгу хуахьати, Колумби, и къуитIри Iэпхлъэпхыу трюм кIыфIым ирадзэри, Испанием къашэжат. Королым гущIэгъулыуэ фэ зытригъэуэжу, ахэр кърыгъэутIыпщыжа щхьэкIэ, тенджыз гъуазэм зыкъиужьыжакъым. ТхьэусыхакIуэ королым деж кIуэнути, абы хуэфэщэн щыгъын къудей хузэмыгъэпэщурэ, факъырэ дыдэ хъуауэ, къытехуэри лIащ.

Апхуэдэщ цIыхухэр, сыт пщIэн? Дунейр къызэриухуэрэ, мылъкум и закъуэкъым, щIыхьри яхузэрыгъэгуэшыркъым. Колумб и ныкъуэкъуэгъухэм ящыщ Америго Веспучи жыхуаIэр тенджыз гъуазэхэми экспедицэхэм я пашэхэми ящыщакъым. Колумб къызэIуиха щIыналъэщIэм гуп гуэрым хэту зэрыщитIысыкIыу, абы занщIэу къыгурыIуащ дунеищIэ зэрытехьар, Колумб игу къэмыкIа фейдэ Iэджэ абы къыпыпх зэрыхъунур. Авантюрист IуэхущIафэхэр къызэребэкIым нэмыщI, Америго Веспучи хуэхейтэкъым тхэн Iуэхум. И нэгу щIэкIхэм имылъэгъуа Iэджэ щIигъужурэ, пэж дыдэу телъыджэ щIыналъэм теухуауэ итххэр Европэм къыщыдэкI газетхэм кърригъэ-

хьу щӀидзащ: мыр жэнэт жыхуаӀэращ, телъыджэу щыӀэр пхуэмылъытэнщ – пхъэщхьэмыщхьэхэр, жыг абрагъуэхэр... мэзхэм щӀэрэ гъунэрэ яӀэкъым, хьэкӀэкхъуэкӀэу щӀэмыс щыӀэкъым, псы ежэххэм дыщэ кӀанэхэр кърахьэх, цӀыхуу щыпсэухэр дахэхэщ, ауэ бзаджэхэщ, цӀыхул яшх, уи фыз-си фыз яӀэкъым, щхьэж зэгуакӀуэщ... Апхуэдэ «репортажхэр» къызытехуэ газетхэр зэӀэпах-зэӀэпалъхьэу щӀаджыкӀырт. Ахэр бзэ куэдкӀэ зэрадзэкӀауэ, тхылъ щхьэхуэхэуи къыдэкӀахэт. Мыгувэу Европэм щынэхъ цӀэрыӀуэ дыдэ цӀыху хъуащ Веспучи.

Зы зэман дэкӀри, континентыщӀэм и картэ щызэхалъхьэм, абы фӀащынум зэныкъуэкъушхуэ къикӀакъым: «Америго» жаӀэри тратхащ...

* * *

Уэрэдыжьхэр фӀыуэ зымылъагъу къытхэту къыщӀэкӀынкъым. Сэ сыкъапщтэмэ, сфӀэфӀщ седэӀуэн, тӀэкӀуи сыщежьу къэхъуу, дыдейхэм нэмыщӀ, нэгъуэщӀ лъэпкъхэми зэхалъхьахэм, къапщтэмэ, урыс уэрэдыжьхэм, романсхэм, псом хуэмыдэу, тхыдэм къыхэщыж лӀыхъужьхэм ятеухуахэм. ЗэикӀ къэзгъанэркъым «Фызщ и Iуэхур» – жаӀэу и ныбжьэгъухэм къызэрырахъуэнам нэхъ хэмылъу, къэжэрыпщым ипхъу дахэр псым хэзыдза Стенькэ Разин и хъыбарым траухуа уэрэдыр зыщӀыпӀэ къыщыӀумэ, и кӀэм нэс семыдаӀуэу. ДауикӀ, къуаншагъэт, цӀыхугъэншагъэт атаманым ищӀар, ауэ ныбжьэгъугъэм и хьэтыркӀэ къащохъури, цӀыхубэм Разиныр ягъэкъуаншэркъым. Мис абы къытехъеикӀри, зэгуэрым къезгъэжьат «Уэрэдыжь макъамэхэр» жиӀэу усэ гуп стхыну. Абы щыщ уситӀ 2000 гъэм къытехуат «Адыгэ псалъэ» газетым: «Стенькэ Разин», «Хьэтх Мыхьэмэт». ТӀуми («посвящение» жыхуаӀэм хуэдэу) авторым и ныбжьэгъухэм я инициалхэр тетт. ЕтӀуанэм тет хьэрфхэм – «Къ. Хь.»-м – «Къэрмокъуэ Хьэмид» жиӀэу къеджэн хуейт. Хэт дауэ къеджами сщӀэркъым. Хьэтх Мыхьэмэт и хъыбарымрэ и уэрэдымрэ Хьэмид нэхъ игъэлъапӀэхэм, новеллэ зытриххыхьахэм ящыщщ. Мыхьэнэншэм къытехъеикӀа псалъэм и зэранкӀэ шу цӀэрыӀуэм бэлыхь зытрилъхьэжауэ жеӀэ хъыбарым. ЗэхэзекӀуэ зи хабзэ Мыхьэмэтыр къэкӀуэжу и шыпхъу цӀыкӀум илъэгъуати, ар къыхуэмыщӀыхуу, и нысэм еупщӀащ: «Мо шу екӀур хэту уиӀамэ нэхъ къэпщтэнт?» Нысэм и щхьэгъусэр къицӀыхужати, «ЛӀыуэ сиӀамэ», – жиӀащ, зыми къыхимыхыу. Пщыпхъум ар и анэм Iуридзэжащ. Нысэр хамэ шум лӀыкӀэ ехъуэпсауэ гуащэм идэнт? И къуэр къызэрыдыхьэжу: «Ди нысэм сигу ебгъащ», – жреӀэ.

Абы фӀэкӀа хуейтэкъым апхуэдэ Iуэхуми, Мыхьэмэт и лэгъунэм щӀэмыхьэжу, унафэ ищӀащ щхьэгъусэр и дыщым яшэжыну. Къэхъуам щхьэжэ хидза лӀыр зекӀуэм къыхэмыкӀ шу закъуэу ежьэжащ. Хъыбархэм языныкъуэхэм, пэжыр къыщыщӀэщым, Мыхьэмэт и фызыр къишэжауэ жаӀэ, иныкъуэм ар ядэркъым. Къэрмокъуэм и новеллэр тӀум язми щымыщу еух, фызыр къишэжыну Хьэтхым и щыкъум игъакӀуэм и пщэ ирелъхьэ: «СынэкӀуэжынущ», – жиӀэмэ, къэшэж, «Хьэуэ», – жиӀэмэ, хыумыгъэзыхь».

Дэ ди псалъэмакъым къиубыдымкӀэ, пэжыр зыхэлъыр искусствэращи, уэрэдым къызэрыхэщымкӀэ, Хьэтх Мыхьэмэт зэ жиӀам епцӀыжыну игу илъкъым: унэмкӀэ еплъэкӀыркъым – и «анэжьыр щхьэлъащӀэ уэсми», и «щуӀэгъэр бгъафэ чэсейми». Усэр зытхами фӀэфӀт лӀыхъужьыр и щхьэгъусэм екӀужрэ и унэ етӀысылӀэжатэмэ, ауэ мэ-

гузавэ: итIанэ дауэ хъуну шу закъуэм и хабзэ ткIийр, хэт щIэблэм яIэжынур адыгэлI пагэм и щапхъэу?

**ХЬЭТХ Мыхьэмэт**

*Къ. Хь.*

И гущхьэ къуэпсыр зэмылъауэ
Хэт гъыбзэм псэр хуищIын Iэдэж?
Табу щхьэщэщкIэ зыр мэлъаIуэ:
«КхъыIэ, Сорренто къэгъэзэж!»

«Зэ закъуэ сэ укъызэплъыжтэм...»
Бэщ гъыбзэр – ищIкъым зым емыкIу.
«Зы махуэ уэ укъызитыжтэм...»
Къэрешыр мыдкIэ Зырамыку.

А псоми хэлъщ зы хьэлэмэт:
Зигу ем хуэхейхэр зэхуозэж.
Хьэтх гъуазэм и къуэу Мыхьэмэт,
Уи унэ уэри екIуэлIэж!



Зэгуэр жиIам зекIуэлI ещэжрэ?
ЛIыгъэм нэмыщIкIэ хуей ар щIыхь?
Адыгэ гъыбзэм зэрищIэжрэ
Уэ уемыпсыхыу, къыбокIухь.

НысащIэр бампIэм егъэжэщIыр,
Лэгъунэ нэщIым нэху къыщокI.
Жеипэ закъуэу бжьыхьэ жэщыр
Уэ бдигъэкIуэну и нэр къокI.

Ауэ уэ щхьэнтэр пщIым нэхъ благъэ,
ЩIагъэIужынур уэрэд хэт?
И къэрэгъулу лIы пагагъэм
Хэку нэзым Iутыжынур хэт?

Апхуэдэу шэч къэпхьыжыныр, дауи, «Унагъуэ кодекс» законым езэгъыркъым. Ауэ Хьэтх Мыхьэмэтыр литературэ образщ, ари фольклор поэзием къыхэтэджыкIауэ. ГупсысапIэр нэгъуэщIщ – уэрэд зыхуиусын лIыхъужь имыIэмэ, лъэпкъыр лъэпкъ хъужынукъым. Зыусыни уиIэн хуейщ. «Къэрэгъулхэр» зэкIэ диIэщи – куэд и уасэщ. Шу закъуэхэр иджыри Iутхэщ «хэку нэзым», адыгэхэм я щIыхьыр къыздэна лIэщIыгъуэхэм «шу кIашэу» къызэранэкIам хуэдэу. Пщэдей-щэ? Си щхьэкIэ аращ псом хуэмыдэу сыщIэгузавэр. Нобэ зи илъэс 80-р дгъэлъапIэ ди шу закъуэ гъуазэр фIыкIэ куэдрэ ди япэ Тхьэм иригъэт! Дэри и ужьыр тIыгъыу дыкIуэмэ, зыщIыпIэ дынэ-

сынщ. ДыкъызэплъэкIмэщ Iуэхур – иужь итхэр апхуэдэу куэд дыхъужыркъым. Дэ ди яужьыжращи, шу гуэрэн къыткIэлъеIэу пхужыIэнкъым. Мис аращ гуныкъуэгъуэ къозытыр. ДиIэр, къытхуэнэжар, дывгъэхъумэ, маржэ, зыр зым дыхуэвгъэсакъ!

---

*Къэрмокъуэ Хъэмид Гъузер и къуэр Бахъсэн районым щыщ Зеикъуэ къуажэм 1937 гъэм мартым и 14-м къыщалъхуащ. 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, иужькIэ абы и аспирантурэр къиухащ. Зеикъуэ къуажэ школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. ИлъэситI хуэдизкIэ «Ленин гъуэгу» газетым щылэжьащ, 1967 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм кIуащ, япэщIыкIэ отделым и унафэщIу, 1972-м щыщIэдзауэ журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. 1977 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и директору ягъэув, а IэнатIэм пэрытащ и пенсэ кIуэгъуэ къэсыху, абы иужькIи илъэс зыбжанэкIэ щыIэжащ тхылъ тедзапIэм, редактор къалэн игъэзащIэу. Редактор лэжьыгъэм щыпищащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Иджы унэрыс хъужами, мыувыIэу литературэм хуолажьэ.*

*Къэрмокъуэ Хъэмид и тхылъхэу жанр зэмылIэужьыгъуэкIэ тхахэр, Iуэху зэмыщхьэм теухуахэр пасэу дунейм къытехьэу щIадзащ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм папщIэ итхыжа таурыхъхэр, адыгэ хъыбарыжьхэм къытещIыкIа художественнэ тхыгъэхэр, литературовед лэжьыгъэхэр, литературэ-критикэ статьяхэр щызэхуэхьэсахэр, школхэм зэрыщеджэну тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. ЩIыхухэм фIыуэ ялъэгъуащ, щIэупщIэ ин зыгъуэтахэщ Хъэмид и тхылъхэу «Бажэ пшынэ» (1966), «Жыр пыIэ» (1970), «Дэрэжэгъуэ» (1972), «ТхакIуэмрэ зэманымрэ» (1976) «Адыгэ хъыбарыжьхэр» (1989), «Нартхэр» (1996), «Тхыгъэхэр» (1997), «Адыгэ IуэрыIуатэ» (1994), «Тхыгъэ щхьэхуэхэр» (2014), нэгъуэщIхэри.*

*ТхакIуэр зыхуэIэижь дыдэхэм ящыщщ зэдзэкIын Iуэхур. Къэрмокъуэм хузэфIокI мыпхуэдэм деж нэхъыщхьэ дыдэр – зэрадзэкI тхыгъэр ар зралъхьэ бзэм и стилым, и хабзэ псоми игъэзэгъэныр. Къапщтэмэ, А. П. Чеховым и рассказ «Шы унэцIэр» Хъэмид зэридзэкIащ ар адыгэбзэкIэ ятха фIэкIа умыщIэну. Къэрмокъуэм тэрмэш ищIауэ адыгэбзэкIэ дунейм къытехьар куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм яхэтщ Толстой, Тургенев, Шолохов, Горький, Короленкэ, адыгэ тхакIуэхэу XIX лIэщIыгъуэм псэуахэм, абы нэмыщI КIэрашэ Тембот, Шинкубэ Бэгърат, Лохвицкий Михаил, Къандур Мухъэдин, адыгэ хэхэсхэм къахэкIа тхакIуэхэм, нэгъуэщI куэдми я тхыгъэхэр.*

*Хъэмидрэ и щхъэгъусэ Розэрэ унагъуэ насыпыфIэ дыдэ зэдэхъуащ. Зыпхъурэ зы къуэрэ зэдапIащ. Я пхъурылъху-къуэрылъхухэр – щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ – балигъыпIэ иувахэщ, хэт йоджэ, хэти мэлажьэ.*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **тхакIуэхэу Джэрыджэ Арсен, Елгъэр Кашиф, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, КIыщокъуэ Алим, Къэрмокъуэ Хьэмид, Бицу Анатолэ, Мэзыхьэ Борис сымэ.** 1982



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **тхакIуэхэу Гъубжокъуэ Лиуан, Елгъэр Кашиф, Шэвлокъуэ Пётр, Шортэн Аскэрбий, Мысачэ Пётр, Къэрмокъуэ Хьэмид, Мокаев Магомет.** 1968



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **усакIуэ Къэжэр Пётр, тхакIуэ цIэрыIуэ Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий), Къэрмокъуэ Хьэмид (щысхэр); литературэдж Пщыгъуэтыж Алий, тхакIуэхэу КхъуэIуфэ Хьэчим, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Бицу Анатолэ, сурэтыщI Пащты Герман.** 1981





**ТхакIуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэху.** 1969

# ДИ ЭПОСЫМРЭ ДИ ТХЫДЭМРЭ

Адыгэхэм, абхъазхэм, осетинхэм, нэгъуэщІ кавказ лъэпкъ зыбжанэми ижь-ижьыж лъандэрэ къадогъуэгурыкІуэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ. ЩІэныгъэм къызэрихутамкІэ, нарт эпосыр дунейпсо културэм и фІыпІэм хохьэ; ар щыхьэт тохъуэ кавказ лъэпкъхэм я нэгу тхыдэшхуэ зэрыщІэкІам, абыхэм я ныбжьыр цивилизацэм и япэ лъэбакъуэхэм къызэрыдэбжэм.

Апхуэдэ мыхьэнэ иІэ пэтрэ, нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ зэхуэхьэсыным, джыным хуэфащэ гулъытэ щІэх игъуэтакъым. Абыхэм я гугъу щащІкІэ, псом япэ утыку къралъхьэ хабзэр зыт: хэт нарт эпосыр зи ІэдакъэщІэкІыр, дэтхэнэ лъэпкъыра ар зи акъылым къилэжьар? Апхуэдэ упщІэхэм жэуап иратын мурад зыщІхэм гу лъатэртэкъым щыуагъэшхуэ зэраІэщІэкІым: зэдауэурэ, нэхъыщхьэм ебакъуэрт, жэуап зратыпхъэ упщІэхэм я пІэкІэ мыхьэнэ зимыІэ Іуэхугъуэ цІыкІуфэкІухэр ягъэбатэрт. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт нарт эпосым и лъэпкъ вариантхэр зэхуэдэу утыку ихьа зэрымыхъуар, щІэныгъэр зы вариантым нэхърэ адрейм нэхъ зэрыщыгъуазэр, абы къыхэкІкІи апхуэдэ вариантым нэхъ гулъытэ зэригъуэтыр. Нэхъ щІэх утыку иралъхьа вариантыр, псалъэм папщІэ, осетин нарт эпосыр, нэхъ пасэу къежьауэ, ар зей лъэпкъым нарт эпос псор къигъэщІауэ бгъэІуныр, дауи, гугъуехь зыпымылъ лэжьыгъэт. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и зэранкІэ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ (адрей – балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, шэшэнхэм, ингушхэм я гугъу умыщІыххэми) я нарт вариантхэр хэІущІыІу щыхъуар нэхъ кІасэущ.

Иужь зэманым дунейм къытехьащ нэгъуэщІ кавказ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкІуэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ. Ахэр щызокІуэ шэшэнхэм, ингушхэм, дагъыстан лъэпкъхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм я дежи, уеблэмэ куржыхэм я дежи нэсащ. Ар щыхьэт зэрытехъуэщи, нарт эпосыр кавказ лъэпкъ зыбжанэм зэдайщ, дэтхэнэ лъэпкъым дежи теплъэ щхьэхуэрэ лъабжьэ куурэ щиІэщ. АбыкІэ зэакъылэгъущ нарт эпосыр зыдж щІэныгъэлІхэм я нэхъыбапІэр.

Нарт пшыналъэхэр, хъыбархэр художественнэ къаруушхуэкІэ узэдащ. КІуэ пэтми заукъэбзурэ, ахэр къэгъуэгурыкІуащ «дунейр щымыджэмыпцІэ лъандэрэ».

ЩІэныгъэм шэч къытрихьэркъым адыгэ нарт пшыналъэхэмрэ хъыбархэмрэ нарт эпосым и вариант нэхъ ин дыдэхэм зэращыщым. Адыгэхэм я деж къыщызэтенащ нарт эпосым и нэхъ пасэрей дыдэ макъамэхэр; адыгэ вариантым ущрохьэлІэ адрей лъэпкъхэм яфІэкІуэдыжа пшыналъэ, хъыбар гъэщІэгъуэнхэм. Абы и закъуэкъым: адыгэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ ди деж къэсащ я купщІэм зэрызахъуэжа щІагъуэ щымыІэу, а купщІэр зэрыгъэпса художественнэ Іэмэпсымэхэми ныбжьышхуэ зэраІэр нэрылъагъущ. Ар пхужыІэнукъым нарт эпосым и адрей лъэпкъ вариантхэм щхьэкІэ. Абыхэм яхэтщ таурыхъ, псысэ, шыпсэ жанрым хуэкІуэжа, зи нэщэнэхэр зыфІэкІуэда хъыбархэр, пшыналъэхэр, къызэрыпцІыхужри зы закъуэщ – нартыцІэ зэрызэрахьэрщ.

Мыхьэнэшхуэ иӀэщ нарт эпосыр щызэфӀэува лъэхъэнэр белджылы щӀыным. ЩӀэныгъэлӀхэм зэралъытэмкӀэ, ар ди эрэм и пэ къихуэ илъэс миным тохуэ. Эпосым и купщӀэр щызэфӀэувар, археологиер щыхьэт зэрытехъуэщи, Мейкъуапэ, Колхидэ, Кобан культурэхэр зи ӀэдакъэщӀэкӀ пасэрей лъэпкъыжьхэм я лъахэрщ, е, нэхъ белджылыуэ жыпӀэмэ, адыгэхэм, абхъазхэм, осетинхэм я щӀыналъэрщ. Иужьым абы хуэм-хуэмурэ зиубгъуащ, нэгъуэщӀ лъэпкъ зыбжанэм ялъ къыщӀэлъэдащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, дэтхэнэ лъэпкъми езым и гупсысэкӀэ иӀэжщ, ижь-ижьыж лъандэрэ езым къыдэгъуэгурыкӀуэ художественнэ ӀэмэпсымэхэмкӀэ и гурыщӀэр еӀуатэ. Ар щынэрылъагъущ адыгэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ – сытыбзэкӀэ зэбдзэкӀми, ахэр зыхэгъуэщэн щыӀэкъым, апхуэдизкӀэ я щхьэ хущытыжщ, лъэпкъ нэпкъыжьэ ятелъщи. Нэхъ белджылыуэ жыпӀэмэ, адыгэ нарт эпосым жыжьэ дыдэ къыщежьэу езым и лъэпкъ фащэ бгъэдэлъыжщ, абы ар ӀупщӀ дыдэу къахегъэщхьэхукӀ адрей лъэпкъ вариантхэм. Псалъэм папщӀэ, адыгэ нарт эпосым и ухуэкӀэр зэи хэгъуэщэнукъым осетинхэм е абхъазхэм я деж щызекӀуэ вариантхэм. Ардыдэр хужыпӀэ хъунущ ди эпосым и образ системэми. Адыгэ эпосым лъыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр Сосрыкъуэщ; абы осетин вариантым къыщылъысыр етӀуанэ увыпӀэщ. Абы и лъэныкъуэкӀэ гъэщӀэгъуэнщ Сэтэней гуащэ и образым нарт эпосым и лъэпкъ вариант зэмылӀэужьыгъуэхэм щигъуэт увыпӀэм укӀэлъыплъыныр. Абхъаз вариантым къызэрыхэщымкӀэ, Сэтэней гуащэ нартхэм я анэщ, абы пащӀ щыӀэкъым, уеблэмэ нарт нэхъ лӀыхъуэжь дыдэри абы и псалъэм ебэкъуэфынукъым. Адыгэ эпосым апхуэдэ къару щиӀэкъым Сэтэней гуащэ. Пэжщ, ди дежи абы пщӀэшхуэ щиӀэщ, ауэ, Сосрыкъуэ и жыӀауэ, «упщӀэж ирахьэлӀэкъым», нарт хасэм ираджэркъым, «щхъухьпсыхьзехьакӀуэкӀэ» йощ.

Сэтэней гуащэ адыгэ эпосми щытепщэу щытагъэнущ, иужьым утыкум икӀуэтын хуей хъуами. Аращ Сэтэней ди эпосым цикл щхьэхуэ щӀыщимыӀэр – абы и хъыбар кӀапэлъапэхэр адэ-мыдэкӀэ хэпхъащ, нарт лӀыхъуэжь нэхъыщхьэхэм я циклхэм ущрохьэлӀэ, ауэ езым «ӀэнатӀэ» щхьэхуэ иӀэкъым.

Нарт хъыбар, пшыналъэ къэс, зэрыхабзэщи, сюжет гуэрым тещӀыхьащ, дэтхэнэ сюжетми хъыбарым, пшыналъэм кӀэрэ пэрэ щиӀэщ. Зы лӀыхъуэжьым апхуэдэ хъыбар е пшыналъэ зыбжанэ къыдогъуэгурыкӀуэ. Ахэр зыр зым зэрыпыщӀэшхуа щыӀэкъым, дэтхэнэри щхьэхуэ пэлъытэщ, щазакъуэми хэщӀыныгъэшхуэ ягъуэтыркъым. Апхуэдэ хабзэм и лъэужь къыщызэтенащ нарт эпосым и адрей лъэпкъ вариантхэми, ауэ адыгэ эпосым хуэдэу а хабзэр зыщӀыпӀи ткӀийуэ щызекӀуэркъым (псалъэм папщӀэ, абхъаз нарт эпосыр нарт шууищэм зэрахьэ лӀыгъэм и хъыбарым къотӀасэ, ар зы хъыбар хуэдэщ, зы едзыгъуэ пэлъытэщ, сюжет зэтемыхуэ Ӏэджэу зэхэухуэнами).

Адыгэ эпосым зэрыщыхабзэщи, нартыр дунейм къыщытехьам щыщӀэдзауэ ди пащхьэ ит зэпытщ: щыгъуазэ дохъу абы и сабиигъуэм, и япэ лӀыгъэм, и кӀуэдыжыкӀэм. А псор ди нэгу щыщӀокӀ лӀыхъуэжьым къыдэгъуэгурыкӀуэ пшыналъэхэм, хъыбархэм. Гу лъытэн хуейщ ахэр вариант Ӏэджэу зэтепщӀыкӀауэ ди деж къызэрысам. Дэтхэнэ вариантми мыхьэнэ гуэр зиӀэ макъамэ щӀэлъщ, а

макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэпэплъыта нэужьщ лIыхъужьым и зыужьыкIэм хэлъ хьэлэмэтагъхэр IупщI щыхъунур. Вариант-хэр зэбгъапщэурэ укIэлъыплъыфынущ нарт эпосым и купщIэм; лIэщIыгъуэхэм къащхьэдэхыурэ къызэпича гъуэгуанэм эпосым щыфIэкIуэдамрэ къыщеуэлIамрэ бгъэбелджылыфынущ.

Нартыр сыт щыгъуи хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, леймыгъэгъущ, псэемыблэжщ. Арыншамэ, ар цIыхубэм я гущIэм щагъэфIэнтэ-къым. «Чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу» Бэдынокъуэ нарт хэкум и хъумакIуэщ; «лIы фIыцIэ гъущIынэм» – Сосрыкъуэ нартхэ мафIэ къахуехь; «гуузищэу зэкIуэцIылъ» Батэрэз Гъуд къалэ екъутэ; Ашэ-мэз щIалэм тIуащIэр зи быдапIэ Лъэбыцэжьей хегъащIэри и адэм илъ ещIэж... Апхуэдэ гуэркIэ мыцIэрыIуэ яхэткъым нартхэм. Лъа-хэмрэ захуагъэмрэ папщIэ бэнэныгъэм хошасэ нарт лIыхъужьхэр, я нэхъыбэри абы хокIуадэ. Аращ абыхэм зэрахьа лIыгъэм и хъы-барыр нобэм къыщIэсар, ар къыдэгъуэгурыкIуащ лъахэмрэ захуа-гъэмрэ папщIэ псэр ятын хуей хъумэ, абы еблэ зи мыхабзэ адыгэ-хэм.

Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ гъэнщIащ эпосыр зи IэдакъэщIэкI лъэпкъым и тхыдэм и пэжыпIэкIэ. Абы къикIыр-къым дэтхэнэ хъыбарми е пшыналъэми тхыдэм къыщыхъуа Iуэху белджылы гуэрым и лъэужь щыхъумауэ. Эпосым и лъабжьэр нэгъуэщIщ – лъэпкъым и гъащIэм, и псэукIэм, и хьэл-щэнхэм, и хабзэхэм, и гупсысэхэм я пэжыпIэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, адыгэ нарт эпосым лъабжьэ быдэ иIэщ, ар таурыхъым е уэрэдым хуэдэу зы лъэпкъым къыбгъэдэкIыу нэгъуэщIым хуекIуэкIынукъым, хъы-бар, пшыналъэ щхьэхуэхэм я къуэпсхэм заубгъункIэ хъуми.

Дигу къэдгъэкIыжынщ нарт эпосым и лъабжьэм и IуэхукIэ язы-ныкъуэ щIэныгъэлIхэм жаIэу щытар. Къэбгъэлъагъуэмэ, профес-сор Миллер илъытэу щытащ нарт пшыналъэ, хъыбар куэд нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщежьауэ, ищхъэрэкIэ хуэм-хуэмурэ къыдэкIуейуэ кавказ лъэпкъхэм я деж къэсауэ. Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэм-рэ скифхэм, сэрматхэм, уеблэмэ монголхэм къытхуахьауэ жызыIи щыIащ. Ар зэрымытэмэмым иджы зыми шэч къытрихьэжыркъым.

Дапщэщ нарт лIыхъужьхэм я образ щэджащэхэр дунейм къы-щытехьар? ЦIыхубэм я акъылым дапщэщ а лIыхъужь щэджащэхэр къыщилэжьар? Нарт пшыналъэхэм ящыщ зым мыпхуэдэ жэуап ирет а упщIэхэм:

*Дунеижьыр щымыджэмыпцIэм,*
*ЩIылъэ щхъуантIэр щызэпцIагъащIэм –*
*А зэманым сыгущэхэлът.*
*Дунеижьыр хъыкIэ щаухуэм,*
*ЩIылъэ щхъуантIэр мэлкIэ щаубэм –*
*А зэманым сышкIахъуэ щIалэт.*
*Афэбгыжьыр къандзэгу щыхуэдэм,*
*Афэбг мэзыр щымыч-мыбжэгъум –*
*А зэманым сылIыныкъуэтхъут,*
*ЩхъэкIуиемэ сэ сигъэтхъуащ...*

Апхуэдэ ныбжь иIэщ нарт эпосым. «Дунеижьыр щымы-джэмыпцIэм» цIыху цIыкIум и акъылым къигъэщIа пшыналъэ те-

лъыджэхэр зэи тIорысэ хъунукъым; ахэр ди деж къэсащ лIэщIыгъуэ Iэджэм я гупсысэкIэ гъэнщIауэ, аращ ди эпосыр ди лъэпкъым и тхыдэ пэлъытэ щIэхъуар – ди лъэпкъым зэрызищIэж лъандэрэ къыдогъуэгурыкIуэ ар. Нарт эпосым дежщ адыгэхэм я художественнэ акъылыр япэ дыдэ щыхъуэпскIар.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, нарт эпосым и купщIэр, щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм зэратхымкIэ, щызэфIэувар илъэс минищ и пэкIэщ. АбыкIэ акъылэгъу ухъуми, гу лъытэн хуейщ нарт хъыбар, пшыналъэ щхьэхуэхэм я къуэпсхэм нэхъ жыжьэ зэрызадзым. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ, Сэтэней, Нэсрэн сымэ, нэгъуэщIхэми я хъыбархэр; арыншамэ, нарт эпосым къыщызэтенэнутэкъым илъэс мин зыщыплI, уеблэмэ нэхъыбэ зи ныбжь пасэрей мифологическэ къуэпсхэр – апхуэдэ къуэпсхэм унашэс адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ лъыкIэ, бзэкIэ къагухьэ хьэтхэм я гъунэгъуа пасэрей лъэпкъыжьхэм (псалъэм папщIэ, шумерхэм, египтянхэм) я мифологием. Пасэрей къуэкIыпIэ мифологиемрэ нарт эпосым и къуэпсхэмрэ щIызэблагъэр, дауи, щхьэусыгъуэншэкъым: тхыдэр щыхьэт тохъуэ Месопотамием (ТIуащIэм) дэса лъэпкъхэмрэ пасэрей адыгэхэмрэ благъэ дыдэ зэхуэхъуауэ, я культурэхэр зэпыщIауэ зэрыщытам; ардыдэр жыпIэ хъунущ пасэрей египтянхэмрэ пасэрей адыгэ лъэпкъхэмрэ ехьэлIауи – абы и тегъэщIапIэ нэрылъагъущ Мейкъуапэ Iуащхьэ цIэрыIуэм археологхэм къыщIаха пасэрей хьэпшыпхэр (дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм къыхэщIыкIауэ).

Нарт пшыналъэ, хъыбар щхьэхуэхэм я къуэпсхэм жыжьэ задзми, нарт эпосыр щызэфIэувар Кавказ щIыналъэрщ – абы шэч хэлъкъым. ЩIэныгъэм зэригъэбелджылащи, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIар кавказ лъэпкъхэрщ. Мейкъуапэ культурэм и гугъу пщIымэ, иджы зыми шэч къытрихьэжыркъым ар пасэрей адыгэ лъэпкъхэм зэраIэужьым, а культурэм илъэс минищ и пэкIэ зэфIэувэн зэрыщIидзам. Апхуэдэ ныбжь яIэщ Колхидэ, Кобан культурэхэми; Колхидэ культурэр щызэфIэуващ абхъазхэм я щIыналъэм, Кобан культурэкIэ зэджэр – Центральнэ Кавказ Курытым иса пасэрей лъэпкъхэм я деж.

Зи цIэ къитIуа пасэрей культурэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа лъэпкъхэм зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтауэ «гъущI лIэщIыгъуэкIэ» зэджэм хыхьауэ зэрыщытам щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Ар дыдэращ нарт эпосри щыхьэт зытехъуэр: абы и Iэпкълъэпкъым жэпхъын щыщIидзам Гомер и пшыналъэ цIэрыIуэхэр – «Илиада»-мрэ «Одиссея»-мрэ дунейм къытехьатэкъым...

Эпос къэзыгъэщIыр, зэрыхабзэщи, тхыдэ къулей зиIэ, гъуэгуанэшхуэ къызэпызыча, зэрыжаIэу, дуней зылъэгъуа пасэрей лъэпкъыжьхэрщ. Апхуэдэхэм ящыщщ адыгэхэри. Адыгэ эпосыр зыджхэм куэд щIауэ гу лъатащ абы и ныбжьыр зэрымыгъэбелджылыгъуафIэм – дапщэщ, сыт хуэдэ лIэщIыгъуэра ар дунейм къыщытехьар? ЗэрыжытIащи, щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм зэралъытэмкIэ, нарт эпосым и купщIэм илъэс минищ нэхърэ нэхъ мащIэ и мыныбжьми, и къуэпсхэм жыжьэ дыдэ задз – и лъащIэм унэплъысыркъым. И ныбжь елъытакIэ нарт эпосыр ебгъапщэ мэхъу шумерхэм я эпосым – абы илъэс минитхум нэблагъэ ныбжь иIэщ. Нарт эпосымрэ шумерхэм я эпосымрэ благъэ зэхуэзыщIыр я ныбжьым и закъуэкъым: щIэныгъэлIхэм гу лъатащ абыхэм я пкъыгъуэ куэди зэрызэтехуэм,



3 Заказ №126

я къуэпсхэр зэлъэIэсауэ зэрыщытам. Ар и лъэужьу къыщIэкIынщ шумерхэмрэ адыгэхэм лъыкIэ къагухьэ хьэтхэмрэ зэрызэгъунэгъуам, тIуми я бжьыгъуэр зы лъэхъэнэм зэрыхиубыдэр. Нарт эпосым лъэпкъым и тхыдэм щыбелджылы къэхъукъащIэ гуэрхэр хэплъагъуэркъым, зэгуэр псэуа, зи цIэрэ зи щхьэрэ тхыдэм къыхэна цIыху белджылы гуэрым и хъыбаркъым, и пшыналъэкъым ар. Эпос щыIэщ и ныбжьри пхуэгъэбелджылыуэ, тхыдэ белджылы гуэри лъабжьэ хуэхъуауэ. Урыс эпосыр, былинэхэр, псалъэм папщIэ, дунейм къыщытехьар щIэныгъэм игъэбелджылащ – ар 11 – 16-нэ лIэщIыгъуэхэм зэфIэуващ; ермэлы эпосыр («Давид Сасунский») щызэфIэувар 7 – 10-нэ лIэщIыгъуэхэрщ, лъабжьэ хуэхъуари ермэлыхэмрэ хьэрып хъалифхэмрэ зэращIылIа зауэхэрщ; нэмыцэ эпосыр («Нибелунгхэм я пшыналъэр») дунейм къызэрытехьэрэ зэрыхъуар илъэс щиблщ; къыргъызхэм я эпосыр («Манас») абы нэхърэ зэрынэхъыжьыр илъэс щищщ. Нарт эпосыр зи цIэ къитIуа лъэпкъ эпосхэм къащхьэщокI ныбжькIи, лъабжьэ хуэхъуа купщIэкIи. Абы и лъэныкъуэкIэ нарт эпосыр зэбгъапщэ хъунур, шумер, алыдж эпосхэм нэмыщI, куржыхэм («Амирани»), карелхэм («Калевалэ») я эпосхэрщ – миф къуэпсхэрщ абыхэми лъабжьэ яхуэхъуар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ныбжь белджылы зимыIэ хъыбархэрщ. Сыт ар щыхьэт зытехъуэр? Псом япэрауэ, нарт эпосыр пасэрей кавказ лъэпкъхэм зэраIэдакъэщIэкIырщ, ар илъэс минитIрэ щиблрэ хуэдэ и пэкIэ Кавказ щIыналъэм къихьа скифхэм, щэрмэтхэм къуэкIыпIэмкIэ къыздрахахауэ жызыIэ щIэныгъэлIхэр зэрымызахуэрщ (апхуэдэ псалъэмакъыр ноби зэпыуакъым, тегъэщIапIэ ящIри нарт эпосым ираныцIэ, монголыцIэ зыбжанэ узэрыщрихьэлIэрщ; пэжу нарт эпосым хэбгъуэтэнущ скифхэм, иужьыIуэкIэ щэрмэтхэм къуэкIыпIэмкIэ къыздраха макъамэ гуэрхэми, ауэ абы и купщIэмрэ и лъабжьэмрэ нэгъуэщI щIыпIэ къикIынкIэ Iэмал зимыIащ – эпосхэм апхуэдэ хабзэ щызекIуэркъым).

Зэрынэрылъагъуэщи, нарт эпосым и купщIэр щыжэпхъым мыхьэнэ ин дыдэ яIащ миф макъамэхэм. Нарт эпосым и ныбжьымрэ и хьэлэмэтагъхэмрэ бгъэбелджылын щхьэкIи, апхуэдэ макъамэхэм, я мыхьэнэр инщ.

Миф лъабжьэ яIэщ нарт эпосым щыцIэрыIуэ лIыхъужь куэдым – псом япэрауэ, Сосрыкъуэ, Сэтэней, Нэсрэн, нэгъуэщIхэми. ЩIэныгъэм шэч къызытримыхьэжщ мифологиер пасэрей цIыхум и япэ художественнэ псалъэу, и философиеу, и тхыдэу, и дину зэрыщытар, эпосыр абы блэкIынкIи щхьэдэхынкIэ Iэмал зэримыIар. «Грек мифологиер мыхъуатэмэ, грек гъуазджэр щыIэнтэкъым», – итхыгъащ К. Маркс. АбыкIэ акъылэгъущ пасэрей мифхэр зыдж щIэныгъэлIхэр.

Уафэр гъуагъуэу, щыблэр уэуэ щызэхихкIэ, мазэр иубыду, зэм къешхыу, зэм къесу щилъагъукIэ, пасэрей цIыхум а псор тхьэхэм я Iэмыру, къэхъукъащIэ къэс тхьэ яIэу къилъытэрт. Уафэгъуагъуэм и тхьэу адыгэхэм къагъэщIащ Щыблатхьэр, къэкIыгъэр зи Iэмырыр Тхьэгъэлэджт, гъукIэхэм я тхьэр Лъэпщт, хым, псым – Хыгуащэрэ Псыхъуэгуащэрэ, зекIуэлIхэм – ЗекIуэтхьэ. Абыхэм нэмыщI пасэрей адыгэхэм яIэт Созрэщ, Ахын, Мэзытхьэ, Амыщ нэгъуэщI тхьэхэри.

ГуащIэкIэ псэун щыщIидзэм, зэрылэжьэн Iэмэпсыми къигупсысащ пасэрей цIыхум, и акъылми лэжьэн щIидзащ. Абдежыращ мифыр дунейм къыщытехьар. Щыблэ зэуа жыгым мафIэ щIэнауэ щилъагъум, пасэрейм шэч къытрихьакъым а мафIэр тхьэхэм я пащхьэ къызэрикIам. Абы щыгъуэщ тхьэм мафIэ къафIэзыдыгъуам (мафIэхьым) и мифыр щызэфIэувар.

Тхьэм мафIэ къыфIэзыдыгъуа Прометей и образыр дунейпсо IуэрыIуатэм и макъамэ нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ. А образымкIэщ цIыху цIыкIум и гупсысэр зэрыIэубыдыпIэншэр наIуэ япэ дыдэ щыхъуар.

Адыгэ IуэрыIуатэми щыгъунэжщ мафIэхьым и хъыбархэр. Грек мифологием зэрыхэтымкIэ, мафIэ къызэридыгъуам щхьэкIэ Прометей тхьэхэм бгым ираIулIащ (Эсхил зэритхамкIэ, Прометей зраIулIар Кавказ къуршхэрщ. Ар тегъэщIапIэ ящIри, щIэныгъэлI зыбжанэм ялъытэ Прометей и мифыр къызыщежьар Кавказырауэ, ар грекхэм ди щIыналъэм ирахауэ). Ди эпосми ущрохьэлIэ а макъамэм: мафIэ къедыгъу Сосрыкъуи; Тхьэхэм мафIэ къафIэзыдыгъуахэм ящыщщ ХьэмрийкIэ зэджэри. Шэч хэлъкъым Хьэмрий и псысэми ныбжьышхуэ зэриIэм – ар къыщожьэ грекхэм я Прометей и лъэхъэнэм. ГъэщIэгъуэнщ езы мафIэхьым (Хьэмрий) и цIэр: ар ебгъапщэ мэхъу куржыхэм я мафIэхь Амирани и цIэм. Академик Н. Марр зэритхамкIэ, Амирани и цIэр «амра» абхъаз псалъэм къытокI. АбхъазыбзэкIэ абы къикIыр «дыгъэщ»; пасэрей цIыхум дыгъэри мафIэри и зэхуэдэу зэрыщытам тхыдэр щыхьэт тохъуэ.

Прометей (нэгъуэщIу жыпIэмэ, тхьэм пэува цIыхум) и псысэр зыбжанэу зэтепщIыкIауэ къэсащ ди деж. Абыхэм ящыщщ бгъуэнщIагъым щIэубыдам и псысэхэри – адыгэ IуэрыIуатэм куэдрэ ущрохьэлIэ мафIэхьыр бгъуэнщIагъым щыщIэубыдаи. Апхуэдэм абхъазхэр зэреджэр АбрэскIилщ: ар тхьэхэм бгъуэнщIагъым щIаубыдэри мывэ абрагъуэ Iуагъэлъэдэжащ. Адыгэхэр мывэшхуэм зэреджэр – «абрэмывэр» АбрэскIил и цIэм ебгъапщэ мэхъу. Зи гугъу тщIы псысэм дигу къегъэкIыж Одиссей иныжь нэ закъуэм (циклопым) бгъуэнщIагъым щIиубыдауэ зэрыщытар – апхуэдэ хъыбар итхыжащ Гомер.

Грек IуэрыIуатэмрэ нарт эпосымрэ благъэ зэхуащI нэгъуэщI макъамэхэми. ЩIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, апхуэдэ макъамэхэр (зэщхьхэр) лъэпкъ эпосхэм зэрымыщIэныгъэкIэ щызэтехуэнкIэ хъунукъым (апхуэдэу къэхъу хабзэми). Пасэрей грек IуэрыIуатэмрэ нарт эпосымрэ я къуэпсхэр зэхэлъэдэнкIэ хъунутэкъым, ахэр зи IэдакъэщIэкI лъэпкъхэр зэрыщIэу, зэхыхьэу, культурэкIэ зэхъуажэу щымытамэ. Пасэрей грекхэмрэ кавказ лъэпкъхэмрэ яку апхуэдэ зэпыщIэныгъэ, благъагъэ зэрыдэлъам щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Ар дыдэрщ зи гугъу тщIы макъамэ зэщхьхэри щыхьэт зытехъуэр. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ пасэрей грекхэм Троя къалэр зэраубыдамрэ нартхэм Гъуд къалэ зэракъутамрэ я хъыбархэр.

Гомер «Одиссея» пшыналъэм щитхыжащ Троя къалэр грекхэм зэраубыдам и хъыбарыр. Троя дэса пащтыхьым и къуэм, Спартэ кIуауэ, грек пащтыхьым и фыз дахэкIейр, ЕленэкIэ зэджэр, идыгъуащ. Пащтыхь гуащэр къихьыжын мурад ещIри, Одиссей

гъуэгу тоувэ, дзэ зыщIегъури. Гъуэгу щытеувэм, тхьэгурымагъуэм и чэнджэщкIэ, Одиссей Ахиллеси зыщIегъу: «Ар зыщIумыгъумэ, къалэм удыхьэфынукъым», – къыжриIащ тхьэгурымагъуэм (Ахиллес и Iэпкълъэпкъыр псыхьати, Iэщэ езэгъыртэкъым, Iэщэ зэзэгъынур и лъэдакъэрт, щапсыхьым лъэдакъэкIэ яIыгъати; абы ещхьщ Сосрыкъуи – ари псыхьащ, щапсыхьым IэдэкIэ яIыгъа и куэпкъыщхьэрщ и тIасхъапIэр; Ахиллеси Сосрыкъуи аращ зытекIуэдэжар).

Одиссей и дзэм Троя къалэр къаувыхь, ауэ мывэ сэрей лъагэкIэ къэщIыхьащи, зыри яхуещIэркъым. Куэдрэ ебгъэрыкIуащ грекхэр Троя – яубыдыфакъым. ИлъэсибгъукIэ зэпэщIэтащ дзитIыр – зэрытегъэкIуакъым, дзитIми щыщ куэд хэкIуэдащ, Ахиллеси къаукIащ, и тIасхъапIэр къащIэри. Иужьым грекхэр тхьэгурымагъуэхэм къагъэIущащ...

Махуэ гуэрым, дыкъыщоджэ Гомер и поэмэм, Одиссей и дзэр кхъухьым итIысхьэри хым техьэжащ. Троянхэр, къалэм къыдэкIри, хым техьэжа грекыдзэм кIэлъыплъащ. Хы Iуфэм Iухьауэ, троянхэр ирихьэлIащ пхъэбгъум къыхэщIыкIэ «шы» домбей. «Ар тхьэхэм я тыгъэщ», – жари, троянцхэм пхъэшыр къалэм далъэфащ – пхъэшыр инти, гъущI куэбжэр хахащ, мывэ блынхэри гуагъэуащ. «Тхьэм и тыгъэм» санэхуафэ иращIэкIащ, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури хутыкъуащ. Грекхэр зэщэр арат. Тхьэгурымагъуэхэм къызэрагъэIущати, грек зауэлI пщыкIутI, Одиссей я пашэу, пхъэшым и кIуэцIым итIысхьауэ ист. Троянхэр щыхутыкъуэм, грек зауэлI пщыкIутIыр пхъэшым и кIуэцIым къикIащ, къалэм хэлъ гъущI куэбжиблыр Iуахащ; хым техьэжа кхъухьхэм къагъэзэжакIэти, дзэр къалэм зэрыдэгуащ, троянхэр зэтраукIащ, къалэри зэтракъутащ, пащтыхь гуащэр къыдахыжщ, фIыгъуэу дэлъыр къызэщIакъуэри я хэку ягъэзэжащ...

Апхуэдэ IэмалкIэщ нартхэми Гъуд къалэ къызэращтэр. Нарт хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, Сэтэней Гъуд къалэ дэст. Ар къахьын мурад ящI нартхэм (грекхэри апхуэдэ мурадщ зылъежьар – пащтыхь гуащэ дахэкIейр къахьыжын щхьэкIэ). ЗэщIошасэри, нартхэр Гъуд къалэ йобгъэрыкIуэ, ауэ ар мывэ сэреиблкIэ къэщIыхьати, пэлъэщыркъым. Тхьэгурымагъуэм къажреIэ: «Жэмыхъуэжь гъусэ фымыщIмэ, къалэр къыфхуэщтэнукъым». Нартхэм Жэмыхъуэжь зыщIагъу, къалэм йокIуэ. Мыпырхъын щхьэкIэ, шыхэм я пэр щапхэ. Жэмыхъуэжь иригъэлеяуэ къыщIокIри, и шыр, жьы щимыгъуэтыжым, зэгуоуд. Шы узджынтар и плIэм ирелъхьэри, Жэмыхъуэжь, нартхэм я пэ иту, къалэм дохьэ. Нартхэм Гъуд къалэ зэтракъутэ, яхъунщIэ, Сэтэней гуащэ къыдахри къыдокIыж...

Зэрынэрылъагъущи, бзаджагъэ хуекIуэху, грекхэми нартхэми къалэр къахуэщтэркъым. ТIури бзаджагъэ зэрыхуекIуэр шыкIэщ. Пэжщ, грек эпосымрэ нарт эпосымрэ а «бзаджагъэр» щызэтехуащэркъым, ауэ тIуми къагъэсэбэпыр зыщ: Одиссей, Троя дыхьэн папщIэ, пхъэшым и кIуэцIым йотIысхьэ; Жэмыхъуэжь (нэгъуэщI хъыбархэм зэрыхэтымкIэ, Уэзырмэдж) шы узджынтар и плIэм ирелъхьэри къалэм дохьэ.

Нарт эпосым ущрохьэлIэ Гъуд къалэ къызэращтам теухуа нэгъуэщI хъыбархэми. Абыхэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, зыбжанэрэ йобгъэрыкIуэри, къащыхуэмыщтэм, нартхэм Батэрэз къа-

лэм топкIэ дадзэ. Къалэм дадза нэужь, Батэрэз гъущI куэбжиблыр къыIуех, итIанэщ нартхэр къалэм щыдэзэрыгуэр...

Нартхэм Гъуд къалэ къызэращтам теухуа нэгъуэщI зы хъыбари ущрохьэлIэ нарт эпосым. Зэгуэрым, жеIэ хъыбарым, Батэрэз санэхуафэм яхыхьащ. Хъуэхъубжьэр къыщратым, Батэрэз жиIащ: «Мы хъуэхъубжьэм есIуэтылIэр мыпэжмэ, мо кIадэм ит санэхур ирежэщI. Пэжмэ, къыщхьэщрехуи, нарт шу минипщI иретхьэлэ». Гъуд къалэ къызэращта щIыкIэрат зи гугъу ищIри, Батэрэз жиIащ: «ШыуанышщIэу зызгъэшщ, топ пащIэм зрезгъадзэри Гъуд къалэу къалиблу зэкIуэцIытыр къэсщтащ». Ар щыжиIэм, кIадэм ит санэхур жэщIащ. ИтIани жеIэ: «ШыуанышщIэу дауэ зысхуэгъэшын, топ пащIэми дауэ зрезгъэдзэн – гънымэм ситхьэлэнкъэ?.. Гъуд къалэу къалиблу зэкIуэцIытыр джатэпэкIэ кIуэцIрысхри ар и дыхьэкIэу къалэм сыдыхьащ...» Ар щыжиIэм, санэхур къыдэкIуейщ, къыщихури нартыжьхэр зэбгрилъэсыкIащ...

Лъэпкъ зыбжанэм зэдай хъуа нарт эпосым и купщIэмрэ и ныбжьымрэ бгъэбелджылын папщIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ нартыцIэхэр къызыхэкIар IупщI щIыным. Лъэпкъ щхьэхуэхэм я деж щызекIуэ нартыцIэхэм я нэхъыбэр зэтохуэ; лъэпкъ псоми я зэхуэдэщ езы эпосым и цIэри – «нарт». Щхьэ зэтехуа ахэр – апхуэдэ упщIэм жэуап щраткIэ, шэч къытрахьэркъым абыхэм зы хэкIыпIэ зэраIэм. Нарт пшыналъэхэр, хъыбархэр, макъамэхэр езыр-езыру зэтехуэнкIэ мэхъу, ауэ, В. Абаевым зэритхащи, нартыцIэхэр зэрымыщIэныгъэкIэ зэтехуэнкIэ Iэмал зимыIэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абыхэм зы хэкIыпIэ яIащ, лъэпкъ белджылы гуэрым и Iэдакъэ къыщIэкIащ, итIанэщ щызэбгрыкIар. Жыжьэ зэбгрыкIащ, псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ и цIэр – абы ущрохьэлIэ адыгэхэми, абхъазхэми, осетинхэми, балкъэрхэми, къэрэшейхэми я деж; осетинхэм я някъуэм деж ар «Сослан» щыхъуащ. В. Абаевым етх: «Сосрыкъуэрэ Сосланрэ я лъабжьэр зыщ, япэм адыгэ фащэ щыгъыу (-къуэ), етIуанэм – осетин фашэ (-ан); адыгэ «къуэри» осетин «анри» патронимическэ формантщ, ауэ щыхъукIэ, тIуми, Сосрыкъуи Сослани, къарыкIыр зыщ: Соср и къуэ (е и бын). Iуэхуракъэ. Соср цIэр къызыхэкIар арэзы утехъуэн хуэдэу иджыри къэс зыми къихутакъым». ЗэрытлъагъущIи, зи лъэужь зехуэн хуейр «соср» Iыхьэрщ – абы шэч къытрихьэркъым щIэныгъэм.

Сосрыкъуэ мывэм къыкIуэцIахауэ жызыIэ хъыбарыр тегъэщIапIэ ящIри, языныкъуэхэм «сос»-м «мывэ» мыхьэнэ кърах, языныкъуэхэми «Сос»-р нарт Iэхъуэм и цIэщ жаIэ. «Сос»-м «мывэ» мыхьэнэ къикIыу ди бзэм иджыри къэс зыми къыщыхуэгъуэтакъым, хэту щытагъэнщ е абыкIэ нарт Iэхъуэм еджэрт жыпIэми, гурыIуэгъуэкъым абы къытепщIыкIа цIэр «Сосыкъуэм» къыщызэтемыувыIэу, «р» макъыр къыщIызэдищтар. «Р»-р суффиксщ жыпIэнути, апхуэдэ суффиксым зэрипхынкIэ хъунур зи етIуанэ Iыхьэр глаголым и причастие формэу щыт псалъэ зэхэлъырщ, Сосрыкъуэ и эпитет «жэмыхъуэрылъхум» хуэдэу. Сосрыкъуэ и цIэм «къыхэбжьахъуэ» «р»-м уелъэпауэ зэрымыхъунур, уеблэмэ ар «вы бжьакъуэу» къыщIэкIынкIэ зэрыхъунур иужькIэ тлъагъунущ.

Сосрыкъуэ и цIэм къежьапIэ хуэхъуар ихутэн мурад имыIэххэу, Нэгумэ Шорэ хьэлэмэт гуэрым гу лъитэгъащ: адыгэхэр СозаркIэ

зэджэу щыта рим пащтыхь Цезаррэ Сосрыкъуэрэ къадекIуэкI хъыбарым трищIыхьри, Шорэ а тIум я цIэхэр зэригъэпщэгъащ, зыкIи зэмыкIуалIэми.

Сосрыкъуэ и цIэр къызыхэкIам ульыхъуэн папщIэ, япэ игъэщыпхъэщ абы и образым и зэфIэувэкIар. ЩIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэщи, гъуазджэм и къежьапIэхэм ящыщщ мифологиер; эпическэ лIыхъужьым ар хэкIыпIэ хуэхъуауэ ущрохьэлIэ эпос зыбжанэм. Язынықъуэ IэщIагъэлIхэм IупщI ящIащ Сосрыкъуи пасэрей мифологием къызэрыхэтэджыкIар. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Сосрыкъуэ и цIэм узыщрихьэлIэ «соср» Iыхьэр пасэрей адыгэ мифологием щыцIэрыIуэ Созрэщ тхьэм и цIэм зэрыхэтым. Шэч лъэпкъ хэлъкъым Сосрыкъуи Созрэщи я цIэхэм лъабжьэ хуэхъуар а Iыхьэр («соср») ару зэрыщытым.

Сосрыкъуэ и цIэр зыхутэхэм гулъытэ хуамыщIми, ублэкI хъунукъым Л. Люльерэ Г. Кокиевымрэ я псалъэм: тIуми зэрагъэпщащ Созрэщ и цIэмрэ пасэрей египтянхэм я тхьэ Осирис и цIэмрэ. Пэжщ, Люльеи Кокиевми, а тхьитIым я цIэхэр макъкIэ зэрызэщхьым гу лъата фIэкIа, тIури зы тхьэу зэрыщытыр къахутакъым: адыгэхэр СозрэщкIэ, пасэрей египтянхэр ОсирискIэ зэджэу щыта тхьэхэм я хэкIыпIэр зыщ, зы мифологием къигъэщIащ, абы щыхьэт тохъуэ а образхэм я купщIэр.

Пасэрей египтянхэм я дежкIэ Осирис щIыуэпс щIэращIэм и тхьэщ. Пасэрейхэм зэрагугъэмкIэ (къазэрыфIэщIымкIэ), щIыуэпсыр зэпымыууэ лIэуэ, къэхъужу щытт: щIымахуэм щхъуантIагъэр щыкIуэдкIэ, щIыуэпсыр лIауэ къафIэщIырт, гъатхэм, щхъуантIагъэр къыщыщIэувэжкIэ, къэхъужу къащыхъурт. ЩIыуэпсыр лIэн-къэхъужыныр тхьэм и Iэмыру ялъытэрт: тхьэр лIэмэ (щIымахуэм), щIыуэпсри лIэрт, тхьэр къэхъужмэ (гъатхэм), дунейми псэ къыхыхьэжырт. Пасэрей египтянхэм я дежкIэ апхуэдэтхьэт Осирис. Осирис къыщыхъужым ирихьэлIэу, мыпхуэдэ хабзэ ягъэзащIэрт: щIымахуэ псом щIым хэIубауэ хэлъа Джед пкъор, мэгъухэм (жрецхэм) кIапсэ иращIэрти, гъатхэм деж къызэфIагъэувэжырт. Джед пкъокIэ зэджэр Осирис и тхьэнапэт, пкъор гъатхэм ягъэувыжмэ, Осирис къэхъужауэ арат кърагъэкIыр.

Осирис и пкъом и благъэщ адыгэхэм Созрэщ тхьэр къыщыхъужым (е къыщигъэззэжым) деж ягъэуву щыта пхъэлъантхъуэр. Адыгэхэм Созрэщ и пхъэлъантхъуэр жыгейм, бжейм е хьэмкIутIейм къыхащIыкIырт, къудамибли къытранэрт. Египтологхэм къызэрахутамкIэ, Джед пкъор къызытращIыкIыжар жыгщ: пкъом зэпрыууэ кIэрыIулIа къурыкъухэм къагъэлъагъуэр жыг къудамэщ, езы пкъор жыг лъэдийщ. Созрэщ и пхъэлъантхъуэмрэ Осирис и пкъомрэ зэрызэщхьыркъабзэм, а тIум зы хэкIыпIэ яIэнкIэ хъуну зэрыщытым гу лъитащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Ю. Францевым.

Пасэрей египтянхэм Джед пкъор щагъэув (Осирис къыщыхъуж) махуэм гъэмахуэмрэ щIымахуэмрэ зэрызэзауэр, гъэмахуэр зэрытекIуэр кърырагъэлъагъуэу джэгушхуэ ящIу щытащ. Адыгэхэми Созрэщ и пхъэлъантхъуэр щагъэуву щытар гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм и пщыхьэщхьэрт, гъэрэ щIырэ зэхэкIауэ щабжыр пхъэлъантхъуэр ягъэуву Созрэщ къэхъужа (е къигъэззэжа) нэужьт. Зэрыхабзэти, Созрэщ и пхъэлъантхъуэр илъэс хъурейм и кIуэцIкIэ гуэщым щахъумэрт. Гъэрэ щIырэ щызэхэкIыну махуэм и пщы-

хьэщхьэм жылэр зэхуэсырти, къуажэм нэхъыжь дыдэу дэсыр (е тхьэпщыр) я пашэу, пхъэлъантхъуэр зыщIэлъ гуэщым кIуэрт, уэздыгъэ нэхухэр яIыгъыу, гупым зы нысащIэ къахэкIырт, гуэщыбжэм Iухьэрти: «Уа, Созрэщ, бжэр Iухи, дыщIэгъэхьэ!» – жиIэрт. Бжэр Созрэщ «къыIуихырт»; гуэщым щIыхьэрти, нысащIэм пхъэлъантхъуэм и къудамиблым тегъэпщIа шэху уэздыгъэхэр пигъанэрт, итIанэ, нурыр къыщхьэщихыу, пхъэлъантхъуэр гуэщым къыщIихырт. Созрэщ и уэрэдыр къыхадзэрти, нурыр къызыщхьэщых пхъэлъантхъуэр зыIыгъ нысащIэр япэ иту, унэм ихьэжырт, пхъэлъантхъуэр щIахьэрти, жыхафэгум трагъэувэрт, езыхэр къетIысэкIыжырти, тхьэ елъэIурт: «Уа, Созрэщ, гъэфI къыдэт, ди гъавэр гъэбагъуэ, мафIэм дыщыхъумэ!». А пщыхьэщхьэм езы Созрэщ дыдэр къахуеблэгъэну пэплъэрт, уеблэмэ ар къызэрыкIуэну шым щхьэкIэ шэщым Iус щIалъхьэрт. ЕтIуанэ махуэр, египтянхэми хуэдэу, я махуэшхуэт.

Гу лъытапхъэщ Созрэщ и пхъэлъантхъуэр зыщIэлъ гуэщым япэ щIыхьэу щытар зэрыцIыхубзым, цIыхубз къудей мыхъууи, зэрынысащIэм. Египет мифхэм зэрыжаIэмкIэ, Осирис и пкъор ягъэувын и пэ а пкъор Осирис и щхьэгъусэ Исидэ тхьэгуащэм къилъыхъуэжу щытащ. Зыкъомрэ лъыхъуа нэужь, Исидэ пкъор пащтыхь сэрейм къыщигъуэтыжырт. Мифым Осирис и пкъор къыщызыгъуэтыжыр тхьэгуащэрамэ, гъащIэм а тхьэгуащэм и къалэныр щызыгъэзащIэр цIыху цIыкIуу зэрыщытам шэч хэлъкъым, адыгэхэм я деж зэрыщытлъагъуэщи.

АркъудейкъымОсирисрэ Созрэщрэ зэрызэкIуалIэр; куэдкIэ зэтохуэ абыхэм къадэгъуэгурыкIуэ мифхэри. Осирис и кIуэдыжыкIэм теухуа хъыбарыр мыпхуэдэу яIуатэ: Осирисрэ и къуэш Сетрэ, зэгурымыIуэж щыхъум, зэзауэри, Сет текIуащ, Осирис цIыкIуцIыкIуу иупщIатэри губгъуэм иридзэжащ; хьэдрыхэтхьэ Анубис Осирис и Iэпкълъэпкъ икъухьар къызэщIищыпэжри хъыданжэрумэу зэкIуэцIишыхьыжащ; Исидэ тхьэгуащэ къашыргъэ зищIри Осирис и хьэдэм тетIысхьащ, иужькIэ абы къуэ хуилъхуащ ГоркIэ еджэу. Балигъ хъури, Гор и адэм илъ ищIэжащ: Сет иукIри Осирис къигъэхъужащ. Къэхъужа щхьэкIэ, Осирис дунейм къытехьэжын идакъым.

Апхуэдэ псысэ къыдокIуэкI Сосрыкъуи. Псысэм зэрыжиIэмкIэ, Сосрыкъуэ шу гуэрым кIэрыхъыжьащ, щыкIэрымыкIым, шур къызэуэкIри Сосрыкъуэ къиукIащ, зэхиупщIатэри губгъуэм иридзэжащ. Сосрыкъуэ зэраукIар къыщищIэм, Сэтэней ежьэри губгъуэм икъухьа хьэдэ къупщхьэр зэщIищыпэжащ, зэригъэзэхуэжри уэсэпскIэ итхьэщIащ, итIанэ епщэурэ къигъэхъужащ.

Апхуэдэ псысэхэр зэрымыщIагъэкIэ къэхъункIэ мэхъу, ауэ зэблагъэ образитIым къащыдекIуэкIкIэ, зэбгъэпщэнкIэ Iэмал хубогъуэт.

Осирис и мифхэм нэмыщI, пасэрей египтянхэм къызэранэкIащ Созрэщ и хъыбархэр уигу къэзыгъэкIыж нэгъуэщI мифхэри. ХаторТефнут тхьэгуащэм щхьэкIэ жаIэрт, щIымахуэр къыщихьэкIэ, ар къумым ихьэж хуэдэу, гъатхэм деж къигъэзэжу. Адыгэхэми Созрэщ щхьэкIэ жаIэу щытащ щIымахуэм деж ар хым техьэрэ ежьэжу, гъатхэм къигъэзэжу. Абы къыщигъэзэжынум ирихьэлIэу санэхуафэ ящIырт, Созрэщ хьэщIэщыбжэр хузэIуахырт, хуэпщафIэрт...

Зэрынэрылъагъущи, Осирисрэ Созрэщрэ куэдкIэ зэбгъэдохьэ, уеблэмэ зы хэкIыпIэ зэраIэм щыхьэт техъуэр мащIэкъым.

Осирис и цIэр езы египтянхэм къызэрапсэлъу щытар «Уэзыр»-ущ, (-ис-р грек суффиксщ). Осирис (нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, Уэзыр) нэгъуэщI къэпсэлъыкIи иIащ – Си-Осирис (С-Уэзыр); Созрэщ и цIэр къызыщежьар арагъэнкIэ мэхъу.

Созрэщрэ Сосрыкъуэрэ я цIэм и лъабжьэ «соср» Iыхьэр къызыхэкIа Осирис (Уэзыр) цIэм пыщIащ нэгъуэщI нартитIи я цIэ – Уэзырмэджрэ Уэзырмэсрэ. Уэзырмэдж и цIэм хэт «мэдж» Iыхьэр къуэкIыпIэ псалъэжь «маг»-м къызэрыщежьэр нэрылъагъущ. Абы нэгъуэщI къэпсэлъыкIэ иIэ хъуауэ адыгэбзэм ноби ущрохьэлIэ – «мэгъу»; ар дыдэращ мажусий диным адыгэхэр зэреджэ «мажусий» псалъэри къызытекIар.

Уэзырмэс и цIэм дызыщрихьэлIэ «мэс» Iыхьэр Ашэмэз и цIэм хэт «мэз»-р зэрыарам шэч хэлъкъым. «Мэз» («мэс») псалъэр адыгэбзэм и Iыхьлы убыхыбзэм хъума щыхъуащ: убыхыбзэкIэ абы «бын», «къуэ» мыхьэнэ къокI. Апхуэдэу щыщыткIэ, Ашэмэз, и цIэр «Ашэ и бын» («и къуэ»), Уэзырмэс и цIэр «Уэзыр и бын» («и къуэ») жиIэущ къызэрыбгурыIуэн хуейр («ашэ» псалъэр жыгыцIэщ, убыхыбзэкIэ «кедр» къикIыу).

Нарт эпосым щыцIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ Сэтэней, Нэсрэн, Бэдынокъуэ, Хъымыщ и къуэ Батэрэз, Къанж и къуэ Щэуей, Албэч и къуэ Тотрэш сымэ я цIэхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэми, нэгъуэщI нартыцIэ Iэджэми хэкIыпIэ яхуэхъуар гъэбелджылыгъуафIэкъым, щIэныгъэлIхэр Iэджэрэ иризэдэуащ абы, иризэдэуами, зыгуэрым траубыдэфакъым. Дауи, языныкъуэхэм зэралъытэу, а псор адыгэбзэм и лъапсэм щызэфIэувауэ плъытэныр тэмэмкъым, абы нэхъри ухигъэзэрыхьын фIэкIа, Iуэхум и пэжыпIэм уришэлIэнукъым. Пэжщ, Лъэпщ, Къанж, Щэуей, Лъэбыцэжьей сымэ я цIэхэр адыгэбзэм зэрыщызэфIэувам шэч хэлъкъым – ар нэрылъагъущ, IупщIщ, дауи иращIэкIыркъым. Дауэ зращIэкIыр Сэтэней, Нэсрэн, Бэдын (Бэдынокъуэ), Хъымыщ, Батэрэз, Тотрэш сымэ я цIэхэрщ. Зыбжанэм шэч къытрахьэркъым Хъымыщ, Батэрэз, Тотрэш, Бэдын сымэ я цIэхэр нэгъуэщI щIыпIэ къызэрикIам (нэгъуэщIыбзэхэм къызэрыхэкIам). Нэхъ зэхэмыбзыр Сэтэней, Нэсрэн сымэ я цIэхэрщ, абыхэм хэкIыпIэ яхуэхъуауэ ялъытэмкIэ арэзы хъугъуейщ, гъэщIэгъуэн гуэрхэм гу лъызыта щыIэми.

Сэтэней и цIэр къызыхэкIар езым и образырауэ жызыIэхэм акъылэгъу ядэхъупхъэу къыщIэкIынущ. Дигу къэдгъэкIыжынщ абы и образым и купщIэр. Нартхэ я Iэхъуэр Псыжь Iуфэ Iухьауэ, Сэтэней адрыщIкIэ къотIысри жьыщIыгъэр псым хеудынущIэ. Iэхъуэр Сэтэней дехьэх: псым хыхьэ щхьэкIэ, зэпрыкIыфыркъым. А макъамэ дыдэм Бэдынокъуэ и пшыналъэми дыщрохьэлIэ: нартхэ я санэхуафэм кIуэ Бэдынокъуэ къыпоув Сэтэней, зэрыдихьэхыным щIокъу... Академик Н. Марр гу лъитэгъащ а макъамэм; абы къызэрихутамкIэ, Сэтэней и цIэр бзэ куэдым хэт «сэтэнэ» псалъэм къытекIауэ хуэбгъэфащэ мэхъу – а пасэрей псалъэм «дэзыхьэх», «дэзышэх», «зытхьэкъу» мыхьэнэ къокI. Дауи щрети, академик Марр нэхъ благъэу а цIэм и хэкIыпIэм иджыри къэс зыри бгъэдыхьакъым. Гу лъытэн хуейщ пасэрей египет мифологием «Сетне» цIэм узэрыщрихьэлIэми.

Пасэрей бзэжьхэм (псалъэм папщІэ, шумерыбзэм, аккадыбзэм) къыщежьагъэнущ Нэсрэн и цІэр – пасэрей къуэкІыпІэ лъэпкъыжьхэм я деж ущрохьэлІэ «Нашр», «Нашур» лІыцІэхэм.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ нарт эпосым хэт щІыпІэцІэхэм (Барс губгъуэ, Хьэрэмэ Іуащхьэ, Кхъаблэбанэ, н.), лъэпкъыцІэхэм (чынт, испы), къинэмыщІ пасэрей псалъэхэм (жаншэрхъ) хэкІыпІэ яхуэхъуар къэхутэнми. ЩІэныгъэлІхэр куэдрэ иризэдэуащ абыи, псалъэм папщІэ, «испы», «чынт» лъэпкъыцІэхэр, «жаншэрхъ» псалъэр убзыхуным, ауэ арэзы узытехъуэ хъун жэуап гуэр иджыри къэс иратыфакъым. Зи цІэ къитІуа псом я хэкІыпІэм и гугъу тхуэмыщІми, гу лъыттэнщ абыхэм ящыщ зыбжанэм, псалъэм папщІэ, «жаншэрхъым», «Хьэрэмэ Іуащхьэм» я мыхьэнэр щагъэбелджылыкІэ тегъэщІапІэ пщІы хъун гуэрхэм.

Жаншэрхъыр нартхэм лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэу яІащ: Хьэрэмэ Іуащхьэ кърагъэжэхыурэ ириджэгурт; Сосрыкъуэ аращ зэраукІар: и куэпкъыщхьэ цІынэмкІэ щрагъауэм, пихащ. Шэрхъ жан – аращ псом япэ дигу къэкІыр, ауэ ар тэмэмкъым, псалъэм и хэкІыпІэри аракъым...

Пасэрей франкхэм мыпхуэдэ хабзэ яІащ: шэрхъым хьэуазэ кІэрапхэрт, мафІэ щІадзэжырти, Іуащхьэм кърагъэжэхырт, гъэр гъэфІ хъун щхьэкІэ. Шэрхъыр Іуащхьэм къыщрагъэжэхыр Иуан и махуэрат. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Иуан и махуэм (июным и 22-м) Іуащхьэм кърагъэжэх шэрхъым Иуан шэрхъкІэт зэреджэр. Осетинхэр Балсаг и шэрхъым (дэ жаншэрхъкІэ дызэджэм) «Ойнан шэрхъкІэ» («Иуан шэрхъкІэ») щеджэ щыІэщ. Адыгэхэм я бзэм «жан» щыхъужари а пасэрей къуэкІыпІэ псалъэрщ – «Иуан» («Иоан»). Иоан и цІэр адыгэбзэм лІэужьыгъуитІу (къэпсэлъыкІитІ иІэу) къыхыхьащ – Иуан, Жан. Жаншэрхъыр къызытекІыжари абы и цІэрщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, жаншэрхъыр къызэрыбгурыІуэнур Иуан (Жан) и шэрхъ жиІэущ.

Жаншэрхъыр нартхэм къызрагъэжэх Хьэрэмэ Іуащхьэ и цІэр къызытекІам и гугъу щыпщІкІэ, гъэщІэгъуэнщ пасэрей египтянхэм къызэранэкІа пирамидэ цІэрыІуэхэм «хьэрэм»-кІэ зэреджэм гу лъыптэныр. Дауи, Хьэрэмэ Іуащхьэ и цІэм апхуэдэ хэкІыпІэ иІэу зэкІэ жыІэгъуейщ, итІани гу лъумытэу ублэкІ хъунукъым.

ГъэщІэгъуэнщ езы эпосым и цІэ – «нарт» псалъэм и хэкІыпІэри.

А псалъэм ущрохьэлІэ нарт пшыналъэрэ хъыбаррэ зиІэ лъэпкъ псоми я бзэм. Дэтхэнэ бзэми абы щиІэ мыхьэнэр зыщ – абыкІэ йоджэ пасэрей лІыхъужьхэм, а лІыхъужьхэм я эпосым.

«Нарт» псалъэм и хэкІыпІэм лъыхъуэным япэ дыдэ и ужь ихьар Нэгумэ Шорэщ. «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» зэрыщитхымкІэ, Шорэ ар псалъэ лъабжьитІу зэхыхьауэ ебж – нэрэ анту. Нэгумэм адыгэхэр анткІэ зэджэу щыта пасэрей лъэпкъыжьым къытепщІыкІауэ кьелъытэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, етх Шорэ, «нарт» псалъэм «антхэм я нэ» («глаз антов») мыхьэнэ къокІ. «Адыгэ» псалъэр Шорэ «ант» лъэпкъыцІэм къытрещІыкІ, «хэ» суффиксыр пегъэувэри. А тІумкІи акъылэгъу хъуркъым нобэрей щІэныгъэр, Нэгумэ Шорэ абдежым щыуагъэ зэрыІэщІэкІар бэянщ (антхэр зэрыславян лъэпкъыр белджылы ящІакІэщ).

Адыгэ ІуэрыІуатэм фІыуэ щыгъуазэу щыта Л. Лопатинскэм «нарт» псалъэм сонэбзэм узыщрихьэлІэ «мар» («цІыху») псалъэмрэ

иранybзэм щыщ «мард» («цIыху», «цIыхухъу») псалъэмрэирегъапщэ. А мыхьэнэ дыдэр «нарт» псалъэм кърех «Осетин этюдхэр» тхылъ цIэрыIуэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Вс. Миллери. Абы зэритхымкIэ, а псалъэр иранybзэм (скифыбзэм, щэрмэтыбзэм) къыщежьащ. Ар дыдэмкIэ акъылэгъу мэхъу Х. Бартоломеи. Бартоломе «нарт» псалъэм «цIыху хахуэ», «зауэлI», «лIы лъэрызехьэ» мыхьэнэхэр делъагъу.

Зэрытлъагъущи, «нарт» псалъэм и хэкIыпIэм лъыхъуахэм я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэркъым, абы и мыхьэнэмрэ и къежьапIэмрэ IупщI хъуауи пхужыIэнукъым. Нэхъ захуэу къыщIэкIынкIэ мэхъу «нарт» псалъэр санскритым (пасэрей индыбзэм) къыхэкIауэ зылъытэхэр. Санскритым ущрохьэлIэ «нара» псалъэм, абы «зауэлI», «лIыхъужь» мыхьэнэ щиIэщ пасэрей индыбзэм («т» пкъыгъуэм къикIри ар «нара» псалъэм щIыпыуvари зэкIэ IупщIкъым, куэд бжыгъэ къимыгъэлъагъуэмэ). Пасэрей индыбзэмрэ кавказыбзэхэмрэ зэлъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мащIэкъым, ахэр зэпащIэфынкIэ хъуну щыташ хьэтхэм, хуритхэм (кавказ лъэпкъхэм я Iыхьлыхэм) я бзэхэм.

Илъэси 150-м щIигъуащ адыгэ нарт эпосыр хэIущIыIу зэрыхъурэ. Абы и цIэ япэ дыдэ изыIуар Хъан-Джэрийрэ Нэгумэ Шорэрэщ. 1842 гъэм дунейм къытехьащ Хъан-Джэрий и зы тхыгъэ – «Адыгэхэм я диныр, хьэл-щэнхэр, хабзэхэр, я псэукIэр». А тхыгъэмкIэ Хъан-Джэрий щыхьэт техъуащ адыгэхэм нарткIэ зэджэ пасэрей лIыхъужьхэм я хъыбархэр къазэрыдэгъуэгурыкIуэм, абыхэм ящыщ зыбжанэм – Сосрыкъуэ, Тотрэш, Уэзырмэдж, Уэзырмэс, Батэрэз сымэ я цIэ ириIуащ. Хъан-Джэрий гу лъитащ пасэрей лIыхъужьхэм – нартхэм – я лъэужь куэд адыгэ лъахэм къызэрыщызэтенам. Хъан-Джэрий, езыр щыхьэт зэрытехъуэжымкIэ, адыгэ хъыбарыжь, пшыналъэ, уэрэдыжь куэд зэхуихьэсауэ щытащ; шэч хэлъкъым Хъан-Джэрий адыгэ IуэрыIуатэр щызэхуихьэсым нарт эпосым гулъытэ хуимыщIынкIэ Iэмал зэримыIам. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хъан-Джэрий и Iэрытхыр ди деж къэсакъым.

Хъан-Джэрий и тхыгъэр традза нэужь, илъэситху дэкIри, 1847 гъэм, дунейм къытехьащ Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр». Ад. Берже зэритхамкIэ, Шорэ ар зэхэлъхьэн иухакIэт 1843 гъэм. Езы Нэгумэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «Тхыдэм» лъабжьэ хуэхъуа пасэрей хъыбарыжьхэр зэхуэхьэсын пасэ дыдэу щIидзащ абы. Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» къызэрыщигъэлъэгъуащи, адыгэхэм я гъунэжщ нарткIэ зэджэ пасэрей лIыхъужьхэм я хъыбархэр, я цIэ кърэIуэ Сосрыкъуэ, Ашэмэз, Уэзырмэдж, Батэрэз, Нэсрэн ЖьакIэ, нэгъуэщIхэми. Адыгэхэм нарт хъыбархэр къазэрыдэгъуэгурыкIуэм щыхьэт техъуа фIэкIа, Нэгумэ Шори къызэринэкIакъым нарт хъыбари нарт пшыналъи, «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» Сосрыкъуэ и пшыналъэм щыщ зы едзыгъуэ узэрыщрихьэлIэм и гугъу умыщIмэ.

Адыгэ нарт эпосым щыщ пшыналъэ дунейм япэ дыдэ тхыгъэу къыщытехьар 1864 гъэрщ. А гъэм Тифлис къыщыдэкIащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъ цIыкIу – «Сосрыкъуэ и пшыналъэм и едзыгъуитIрэ таурыхъитIрэ». ХьэтIохъущокъуэм и тхылъым итщ (езым итхыжауэ) Сосрыкъуэ и пшыналъитI – Сосрыкъуэрэ Иныжьымрэ (Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьар), Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ (Сосрыкъуэ Албэч и къуэ Тотрэш

зэриукIар) я пшыналъэхэр. ХьэтIохъущокъуэ Къазий итхыжауэ нэхъ иужьыIуэкIэ дунейм къытехьащ Ашэмэз и пшыналъэри Бэдынокъуэ и пшыналъэри.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий итхыжа пшыналъэхэр нарт эпосым и фIыпIэм щыщщ, абыхэм ущрохьэлIэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа дэтхэнэ тхылъми – «Нарт хъыбархэр» (1945 гъ.), «Нартхэр» (1951 гъ.), «Нартхэр. Адыгэ лIыхъужь эпос» (1974 гъ.), «Нартхэр. Адыгэ эпос» (томиблым щызэхуэхьэсауэ, 1968–1971 гъэхэм), нэгъуэщIхэми.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и ужькIэ адыгэ нарт эпосым хуэфащэ гулъытэ игъуэтыжакъым – ди лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ плIанэр блэкIыху (пшыналъэ кIапэлъапэ, хъыбар закъуэтIакъуэ, нэхъыбэр урысыбзэкIэ, хэIущIыIу хъуа фIэкIа). Нарт хъыбархэр, пшыналъэхэр зэхуэхьэсыным, тедзэным гулъытэ щигъуэтар ди лъэхъэнэрщ. Абы ехьэлIа нэхъ лэжьыгъэ ин дыдэу и цIэ къипIуэ хъунущ, ХьэдэгъэлI Аскэр игъэхьэзырауэ Мейкъуапэ къыщыдэкIа тхылъиблыр – абы щызэхуэхьэсащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий деж къыщыщIэдзауэ ди зэманым къэсыху нарт хъыбаррэ пшыналъэу къэхута хъуа псори.

Нобэрей щIэблэр зэрыгушхуэ хъун художественнэ хъугъуэфIыгъуэ мылъытэ къызэранэкIащ дяпэ итахэм – нарт эпос щэджащэр. Ар зи акъылым къилэжьа лъэпкъхэм я ныбжьыр къыдобжэ дунейпсо цивилизацэм и япэ лъэбакъуэхэм. Илъэс мин зыбжанэм къыщхьэдэха нарт эпосыр щыхьэт тохъуэ ди лъэпкъхэм культурэ лъагэ дыдэ зэрабгъэдэлъам, абыхэм зи ублапIэм унэмыплъыс тхыдэ гъуэгуанэ къызэрызэпачам. 

# ХЬЭТХЭМРЭ АДЫГЭХЭМРЭ

Хама къалэм и бэзэрыр мывэ сэрейкIэ къэщIыхьащ. Абы зы мывэ пхъэбгъу хэлъащ. Мывэ пхъэбгъум и щIыфэм тхыпхъэщIыпхъэ хьэлэмэтхэр телъти, арагъэнт ар хьэрыпхэм тхьэм и пащхьэм къикIауэ къыщIалъытэр. Зыми ищIэртэкъым ар къыздикIари тхыпхъэщIыпхъэ тезыдзари; хами трагъаплъэртэкъым, езы хьэрыпхэм фIэкIа.

Европэм къикIа зыплъыхьакIуэ гуэрым, Иоганн Людвиг БуркхардкIэ зэджэм, XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Сирием кIуауэ, гу лъитащ мывэ пхъэбгъум. Буркхард, дауи, и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым Хама бэзэрым зыщрихьэлIа мывэ пхъэбгъур пасэрей къэралыгъуэм зэрикъутахуэр. Буркхард и ужькIэ илъэс Iэджэ дэкIауэщ Хама мывэ пхъэбгъур щIэнығъэлIхэм щапэщIэхуар. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм икухэм деж мывэ пхъэбгъум и гипс копие Британ музейм къыщIэхутащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ «дунейм къытехьэжащ» Хетт къэралыгъуэр.

Хетт къэралыгъуэр дунейм зэрытетар зэращыгъупщэжрэ илъэсищэ Iэджэ блэкIат. Зыми игу къэкIыххэртэкъым апхуэдэ къэралыгъуэ щыIауэ. Ауэ ар пасэрей КъуэкIыпIэм щынэхъ лъэщ дыдэ къэралхэм ящыщ зыуэ щытащ зэгуэр.

Хетт къэралыр илъэс миниплI ипэкIэ зэфIэуващ, щызэфIэувар Азэжьейм (иджырей Тыркум) и гупсэрщ, илъэс щитху нэблагъэкIэ

псэуащ. Къэралыгъуэм и къалащхьэр, ХьэтушашкIэ зэджэу щытар, иджырей тырку къуажэ Богъазкъуей деж щысащ (Анкъэрэ и къуэкIыпIэмкIэ, километр щитI хуэдизкIэ пэжыжьэу). Хеттхэм я къэралым жыжьэ зиубгъуурт, къэблэмкIэ Сирием нэсырт, ищхъэрэкIэ тенджыз ФIыцIэм еуалIэрт. Хетт пащтыхьхэм я гъунэгъу къэралхэм иращIылIэу щыта зауэхэр щыхьэт тохъуэ абыхэм къаруушхуэ зэрабгъэдэлъам. Ди эрэм и пэкIэ 1600 гъэм хетт пащтыхь МуршылI Езанэм Вавилоныр иубыдыгъащ. Пасэрей Египетым и фирхьэун нэхъ лъэщ дыдэ Рамзес ЕтIуанэр, хеттхэм зауэ къарищIылIэри къапэмылъэщауэ, икIуэтыжыгъащ. Рамзес хеттхэм закъриищытыжакъым абы и ужькIэ.

Апхуэдэ къару ябгъэдэлъащ хеттхэм, абыхэм я хэкур хым къызэпрыкIа лъэпкъ хъыжьэ гуэрым иубыдыху. Хым къызэпрыкIа лъэпкъым иубыда нэужь, Хетт къэралым кIэ игъуэтащ, иужькIи зыкъиIэтыжакъым.

Хэт хъуну хеттхэр, дэнэ ахэр къыздикIар, я кIуэдыжыпIэ хъуари сыт?

ЩIэныгъэлIхэр Iэджэрэ елIэлIащ хеттхэр Азэжьейм къыщыхъуарэ нэгъуэщI щIыпIэ къикIарэ къахуэмыщIэу. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри хеттхэм я бзэм зыри зэрыщымыгъуазэрт.

ЕтIуанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм чех щIэныгъэлI Б. Грознэм, икIэм-икIэжым къихутащ куэд щIауэ дунейм темытыж хеттыбзэр. КъызэрыщIэкIамкIэ, а бзэр индоевропей бзэхэм ящыщт. Хеттыбзэр иужькIэ зыджа щIэныгъэлIхэри акъылэгъу дэхъуащ Грознэм. Иджы зыми шэч къытрихьэжыркъым хеттыбзэр индоевропей бзэхэм зэраблагъэм. Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ: хеттыбзэр индоевропей бзэхэм щаблагъэкIэ, абы ирипсалъэу щытахэр, Хетт къэралыгъуэр зыухуахэр, Азэжьейм къыщыхъуакъым, атIэ нэгъуэщI щIыпIэ къикIащ.

Ар пэжщ. Хеттхэр нэгъуэщI щIыпIэ къикIри (къыздикIар зыми ищIэркъым), Азэжьейм къэралыгъуэ щаухуащ. Абы шэч къытрихьэркъым иджырей щIэныгъэм.

НэгъуэщI щIыпIэ къикIа хеттхэр Азэжьейм къыщихьам щыгъуэ абы зыри имысауэ пIэрэ, хьэмэ хеттхэр абы кIуэн и пэ ар нэгъуэщI лъэпкъ гуэрым и псэупIэу щыта?

Нэмыцэ щIэныгъэлI Г. Винклер 1906 гъэм Богъазкъуей къуажэм и Iэгъуэблагъэр, хеттхэм я къалащхьэр здиса щIыпIэр, къитIэщIыжащ. А къуажэм деж къыщагъуэтащ хетт пащтыхьхэм я тхылъхэр, пасэрей бзэжь зыбжанэкIэ тхауэ. Абыхэм зы бзэ гуэр къахэкIащ, иужьым къызэрахутамкIэ, хеттхэм я пэ Азэжьейм (Азие цIыкIум) иса лъэпкъ ирипсалъэу щытауэ. ЩIэныгъэлIхэр а бзэм йоджэ протохеттыбзэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, хеттхэм я пэ псэуа лъэпкъым и бзэкIэ. Хеттхэм я пэ Азэжьейм исар хьэткIэ зэджэ лъэпкъыргт. Хьэтхэм я бзэм щIэныгъэлIхэр нобэ протохеттыбзэкIи хьэтыбзэкIи йоджэ.

Хьэтыбзэм ирипсалъэ лъэпкъыр Азэжьейм исащ абы хеттхэр кIуэн ипэкIэ. КъызэралъытэмкIэ, хьэтхэм я лъэпкъыцIэр нэгъуэщI щIыпIэ къикIыу Хетт къэралыгъуэр зыухуахэм зыфIащыжауэ щы-

тащ. Хьэтхэм я бзэр къэхута хъуакъым иджыри къэс. Ауэ шэч хэлъкъым: ар индоевропей бзэхэми семитыбзэхэми хыхьэркъым.

Сыт хьэтыбзэм и щэхур иджыри къэс къащIыхуэмыщIэр? Ар нэхъыбэу къызыхэкIыр хьэтыбзэкIэ тхауэ къэнар зэрымащIэрщ, а мащIэри пычахуэщ (хетт тхыгъэхэм хэзэрыхьауэ). А бзэм ирипсалъэу щыта хьэтхэм я лъэужьыр кIуэдащ абыхэм я хэкум хеттхэр, индоевропей лъэпкъхэр къизэрыхьа нэужь. Хеттхэр езыхэр зэрызэджэжу щытар неситщ.

ЩIэныгъэлIхэм къахутащ хьэтхэм яжь хеттхэм (неситхэм) зэращIихуар. Абы щыхьэт тохъуэ мы зы щапхъэри: хеттхэм (неситхэм) културэ, дин псалъэхэу къагъэсэбэпу щыта псори хьэтхэм я бзэм къыхахащ. Аркъудейкъым. Хеттхэм (неситхэм) цIэуэ зыфIащу щытар хьэтыцIэщ.

КIэщIу жыпIэмэ, хьэтыбзэм и щэхур къэпхутэн папщIэ, Iэмал гъуэзэджэхэр щыIэщ. Иджыри зэ гу лъывыдогъатэ: хетткIэ зэджэр нэгъуэщI щIыпIэ къикIа (Азэжьейм изэрыгуа) индоевропей лъэпкъщ, ахэр езыхэр зэрызэджэжу щытар неситщ; хьэтхэр абыхэм я пэкIэ зи гугъу тщIы хэкум иса лъэпкъщ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, хьэтыбзэр индоевропей бзэхэми семитыбзэхэми екIуалIэркъым. Хьэтыбзэр зыджахэм къахутащ абы дежкIэ эргативнэ псалъэуха ухуэкIэр зэрыхабзэр, хьэт глагол псалъэхэр зэрыпрефиксыбэр, а префиксхэм сыт щыгъуи увыпIэ белджылы псалъэм зэрыщаIэр. Абы къыхэкIкIэ щIэныгъэлIхэм хуагъэфэщащ а хабзэхэр щызекIуэ кавказыбзэхэм хьэтыбзэр я благъэу щытынкIэ зэрыхъунур. Пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэм я бзэхэр зыдж щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэр акъылэгъущ абыкIэ. А бзэхэр нэхъ куу дыдэу зыджахэм ящыщ зым, болгар щIэныгъэлI В. Георгиевым, шэч лъэпкъ къытримыхьэжу, хьэтыбзэр хебжэ кавказыбзэхэм. (*Еплъ* ж. «Вопросы языкознания», 1954, №4, 71-нэ нап.) Абы зэритхымкIэ, хьэтыбзэмрэ кавказыбзэхэмрэ зэмыблагъэу жыпIэн папщIэ, щхьэусыгъуэ бгъуэтынукъым. Ар дэнэ къэна, щхьэусыгъуэ псори щыхьэт тохъуэ а бзэхэр зэрызэIыхьлым, зы лъабжьэ зэраIэм, абыхэм зылъ зэращIэтым.

Мыбдежым гу лъытэн хуейщ: хьэтыбзэр джыным пылъа щIэныгъэлIхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, акъылэгъу мэхъу кавказыбзэхэм щыщу хьэтыбзэм нэхъ благъэ дыдэу бгъэдыхьэр адыгэбзэр ару зэрыщытымкIэ.

Академик Арн. Чикобавэ етх: «Ямылейуэ зыри хэлъкъым пасэрей Азэжьейм щыIа хьэтыбзэмрэ иджырей адыгэбзэмрэ зэблагъэу къыщIэкIыным». (*Еплъ*: Ученые записки Адыгейского научно-исследовательского института языка, литературы и истории. Мейкъуапэ, 1963, т. 2, 24-нэ нап.)

В. Георгиевым 1954 гъэм итхащ: «Хьэтыбзэр, шэч лъэпкъ хэмылъу, кавказыбзэхэм я Iыхьлыщ. Хьэтыбзэм и хабзэ нэхъыщхьэм – префиксацэм – узыщрихьэлIэр а бзэхэрщ. Хьэтыбзэм узыщрихьэлIэ уашхаб (тхьэ) псалъэр адыгэбзэм хэт уащхъуэ псалъэр ару зэрыщытыр нэрылъагъущ». (*Еплъ*: ж. «Вопросы языкознания», 1954, №4, 70-нэ нап.)

Профессор Г. А. Меликишвили, хьэтыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэрызэблагъэм щыхьэт техъуэу, етх: «ГъэщIэгъуэнкъэ мыр: хьэтыбзэмрэ иджырей адыгэбзэмрэ куэдкIэ зокIуалIэ, псалъэм папщIэ, «тхьэ» мыхьэнэ къызэрыкI псалъэр хьэтыбзэми адыгэбзэми я зэхуэдэщ (хьэтыбзэкIэ – уашхаб, адыгэбзэкIэ – уащхъуэ). (*Еплъ*: Г. А. Меликишвили, Наири-Урарту. Древневосточные материалы по истории народов Закавказья. Тб., 1954, 71–72-нэ нап.)

«О структурном сходстве хаттского языка с языками северо-западного Кавказа» статьям профессор И. М. Дунаевскэм щитхащ: «Структурэ и лъэныкъуэкIэ хьэтыбзэмрэ абхъаз-адыгэбзэмрэ зэбгъэпщэныр и чэзууэ икIи захуагъэу къэлъытэн хуейщ». (*Еплъ*: Исследования по истории культуры народов Востока. Сборник в честь академика И. А. Орбели. М.-Л., 1960, 75-нэ нап.)

Абы къыщымынэу, Дунаевскэм адэкIи къыпещэ: «ЗыхуэIуа щыIэкъым, хьэт тхыбзэхэм абхъаз-адыгэбзэхэр зыджхэм гулъытэ нэхъ хуащIмэ, а бзитIыр я структурэ и мызакъуэу, материальнэкIи зэблагъэу къыщIэкIыныр». (Ар дыдэм, 77-нэ нап.)

А. Кондратовымрэ В. Шеворошкинымрэ мыпхуэдэу ятхащ: «Иужьрей илъэсхэм щIэныгъэлIхэм трагъэчыныхь КъухьэпIэ Кавказым ис лъэпкъхэм (адыгэхэм, абхъазхэм, абазэхэм) я бзэхэмрэ хьэтыбзэмрэ зэблагъэу зэрыщытым. ЩIэныгъэлI зыбжанэм ялъытэ пасэрей адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я лъэпкъэгъу Азэжьейм исауэ». (*Еплъ*: ж. «Знание – сила», 1964, №3, 24-нэ нап.)



Хьэтыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэнкIэ хъуну зэрыщытым гу зэрылъатэрэ зыбжанэ щIащ. Япэ дыдэ абы гу лъызытар нэмыцэ щIэныгъэлI Эмиль Форрерщ. Ар къэхутэным елIэлIащ Ю. Мессароши (абы 1934 гъэм убыхыбзэм теухуа тхылъышхуэ къыдигъэкIащ; убыхыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэ дыдэщ, убыххэр Тыркум Iэпхъуэри адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ).

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, хьэтхэм я лъэужьыр тхыдэм хокIуэдэж, абыхэм я хэкур индоевропей лъэпкъхэм – хеттхэм (неситхэм) – яубыда нэужь. Дэнэ кIуэнкIэ хъуну щыта ахэр, я хэкур хеттхэм яубыда нэужь?

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, хьэтхэм ящыщ куэд я хэкур зыубыда хеттхэм яхэшыпсыхьыжащ. Ауэ ар псоми къащыщIакъым.

Индоевропей зэрыпхъуакIуэхэм хьэтхэм я хэкур яубыда нэужь, Азэжьейм и ищхъэрэ щIыналъэхэм, тенджыз ФIыцIэм и благъэу, лъэпкъ лъэщ гуэрым, кашкэкIэ зэджэу щытам, и цIэ къыщыIуащ. Кашкэхэр Хетт (несит) къэралыгъуэм хыхьэу щытакъым; ахэр Галис (иджы Къызыл-Ирмакъ) псым и тенджыз хэхуэжыпIэм тесащ, тенджыз Iуфэр яIыгъыу.

Кашкэхэм Азэжьейм и тхыдэм увыпIэшхуэ щаубыд; хетт пащтыхьхэм абыхэм зауэ иращIылIэрейуэ щытащ, ахэр я лъэгу щIагъэувэн щхьэкIэ, ауэ ар хеттхэм зэикI къехъулIакъым. КъехъулIэн дэнэ къэна, езы кашкэхэр Хетт къэралыгъуэм дежкIэ сытым щыгъуи шынагъуэу щытащ. Ахэр хеттхэм ятеуэрт, я къалащхьэ Хьэтушаш щаубыди къэхъуу. Абыи къыщынэркъым: кашкэхэрауэ ялъытэ Хетт къэралыгъуэр зэтезыкъутэжар.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, кашкэхэр хеттхэм (не-ситхэм) хэкум къэрахуа хьэтхэращ.

«Кашкэхэмрэ Азэжьейр зыIыгъа хьэтхэмрэ лъыкIэ зэблагъэщ», – етх Г. Г. Гиоргадзе. (*Еплъ*: Г. Г. Гиоргадзе. Из истории племён, проживавших к северу и северо-востоку от Хеттского государства (кашки). Автореферат. 1956, 3-нэ нап.)

Нэхъ белджылыуэ ар дыдэр жеIэ профессор Г. А. Меликишвили: «ЩIыпIэцIэхэр щыхьэт тохъуэ кашкэхэр хьэтыбзэкIэ псалъэу зэрыщытам».

Абы къикIыр зыщ: хьэтхэмрэ кашкэхэмрэ щызэблагъэкIэ, дауи, кашкэхэр адыгэхэм я благъэщ. Абы шэч къытрахьэркъым щIэныгъэлIхэм. Профессор Меликишвили етх: «Кашкэхэм я лъэпкъыцIэмрэ адыгэхэм я лъэпкъыцIэмрэ куэд щIауэ зэрагъапщэ: пасэрей грузинхэр адыгэхэм кашагкIэ еджэу щытащ, пасэрей урысхэр – касог-кIэ; хьэрып тхакIуэхэм, псалъэм папщIэ, Масуди, адыгэхэм щхьэкIэ кашак жаIэу щытащ. (*Еплъ:* ж. «Вестник древней истории», 1962, №1, 64-нэ нап.)

Абы щIыгъужын хуейщ: адыгэхэм, псалъэм папщIэ, къэбэрдей-хэм, лъэпкъ зыбжанэ (осетинхэр, сонэхэр) иджыри къэс а пасэрей цIэмкIэ (кашкэ) къоджэ.

Дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ: курыт лIэщIыгъуэхэм грекхэм-рэ римлянхэмрэ адыгэ лъэпкъ гуэрым апшилкIэ къеджэу щытащ. Г. А. Меликишвили а псалъэр ирегъапщэ пасэрей ассирий, хетт документхэм узыщрихьэлIэ абешлэ цIэм; а цIэр «кашкэм» и синонимщ е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «кашкэми» «абешлэми» къарыкIыр зыщ – а тIури адыгэхэм я благъэ пасэрей хьэт лъэпкъыжьым и цIэщ. Ар тегъэщIапIэ ищIурэ, профессор Меликишвили мыпхуэ-дэу итхащ: «Ар щыхьэт тохъуэ кашкэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм зэраблагъэм икIи, шэч хэмылъу, кашкэхэм Кавказ Ищ-хъэрэ хэкIыпIэ яIэу къыщIэкIынущ. Кашкэхэр хьэтхэм я благъэу зэрабжым къикIыр а кашкэхэр кавказ лъэпкъхэм зэраблагъэрщ. А благъагъэр аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ а лъэпкъхэр (зи гугъу ищIыр адыгэхэмрэ абхъазхэмрэщ.– Къ. Хь.) Азэжьейм пасэ дыдэу иса хьэтхэм я благъэу зэрыщытым». (*Еплъ*: Г. А. Меликишвили. Наири-Урарту, 77-нэ нап.)

Азэжьейм (Азие цIыкIум) адыгэхэм я благъэ лъэпкъ зэрисам щыхьэт тохъуэ абы узыщрихьэлIэ щIыпIэцIэхэри. Г. А. Меликишвили зэритхымкIэ, а щIыпIэцIэхэм «хьэкъыу уи фIэщ ящI абыхэм адыгэхэм благъагъэ къахузиIэ лъэпкъ зэрисар». Азэжьейм ита пасэрей къалэжь гуэрым АрипсэкIэ йоджэ; Меликишвили зэритхымкIэ, а къалэм и цIэр адыгэ псалъэ «псым» къытекIащ (къалэр псы Iуфэм Iусащ).

АдыгэцIэ куэд къинащ КъухьэпIэ Грузиеми. И. Джавахишвили, С. Джанашиа, Г. Рогавэ сымэ, нэгъуэщIхэми зэратхымкIэ, ар щыхьэт тохъуэ КъухьэпIэ Грузием адыгэ лъэпкъ зэрисам. А щIыпIэр – КъухьэпIэ Грузиер – профессор Меликишвили къелъытэ адыгэхэр зэрысу щыта щIыналъэхэр – Азэжьеймрэ Ищхъэрэ Кавказымрэ – зэзыпхыу щытауэ. (*Еплъ*: ж. «Вестник древней истории», 1962, №1, 36-нэ нап.).

1960 гъэм Мейкъуапэ и Iэшэлъашэм мывэ пхъэбгъу гуэр къыщагъуэтыгъащ. Абыи, Хама бэзэр мывэ пхъэбгъум ещхьу, тхыпхъэщIыпхъэхэр хэщIыхьащ. А тхыпхъэщIыпхъэхэр джыным и ужь итащ Г. Ф. Турчаниновыр. Мейкъуапэ мывэм тет хьэрфхэр библскэ псевдоиероглифическэ тхыбзэкIэ зэджэм зэрыщыщыр нэрылъагъущ, ауэ гурыIуэгъуэтэкъым а хьэрфхэм сыт хуэдэбзэм щыщ псалъэ къаIуатэми. Зыбжанэрэ елIэлIа нэужь, Турчаниновым къихутащ Мейкъуапэ мывэ пхъэбгъум и ныбжьыр ди эрэм и пэкIэ 13 – 12-нэ лIэщIыгъуэхэм зэрынэсыр икIи абы тетхар зэрыабхъаз псалъэр (абхъазыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэблагъэ дыдэщ, тIури зэгуэрым зы бзэм къытепщIыкIащ).

Ди къэралым иджыри къэс къыщагъуэтакъым Мейкъуапэ мывэ пхъэбгъум тет тхыгъэм ныбжькIэ пэхъун тхыгъэ. Ауэ аракъым нэхъ гъэщIэгъуэныр. Нэхъ гъэщIэгъуэныр... ар хетт хьэрфкIэ зэрытхарщ. ГурыIуэгъуэу ди гугъэщ ар щыхьэт зытехъуэр.

1963 гъэм Шэшэн-Ингуш тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ профессор Ю. Д. Дешериевым и лэжьыгъэшхуэ гуэр. Лэжьыгъэм и цIэ къудейми куэд къыбжеIэ: «Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов».

Нахыбзэхэм (шэшэныбзэмрэ ингушыбзэмрэ) я тхыдэр щIиплъыкIа нэужь, профессор Дешериевым и фIэщ хъуащ, япэрауэ, Кавказ бгырысыбзэхэр (дагъыстаныбзэхэр, шэшэн-ингушыбзэхэр, абхъаз-адыгэбзэхэр) зэрызэблагъэр, етIуанэрауэ, а бзэхэм ирипсалъэхэр пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэм зэрагухьэр, ещанэрауэ, кавказ бгырыс лъэпкъхэмрэ пасэрей Азэжьейм иса лъэпкъхэмрэ зэхуаIэ благъагъэр нэхъ хэкъузауэ джын хуейуэ и чэзу зэрыхъуар, абы IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ щIэныгъэлI куэдым я къару ехьэлIэн зэрыхуейр.



Зэрытлъагъущи, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр джыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Академик Арн. Чикобавэ зэритхымкIэ, «а Iуэхугъуэр щIэныгъэлI куэдым къаIэт, къэрал куэдым щадж. Ар щыхьэт тохъуэ мы Iуэхугъуэр зи чэзууэ зэрыщытым».

Кавказ бгырыс лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, адыгэхэм, я пасэрей тхыдэм дызыщымыгъуазэ куэд хэлъщ, абы и гугъу щащIкIэ грек, рим тхакIуэхэм къызэранэкIа псалъэ пычахуэхэм фIэкIыр мащIэщ. Грек сатуущIэхэр тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм къесылIэн и пэ сыт я нэгу щIэкIа ди лъэпкъымрэ ди бзэмрэ – ар къазэрыфIэIуэху щыIэкъым. НэгъуэщIхэм къафIэмыIуэхуми, дэ къытфIэIуэхужын хуейт, ауэ абы хуэхьэзыр щIэныгъэлI нобэми диIэкъым.

# ПАСЭРЕЙ АДЫГЭ СЫНХЭР

Пасэрей адыгэхэм я тхыдэм нобэ нэхъыбэу дызэрыщыгъуазэр грек тхакIуэхэм, гъуэгурыкIуэхэм, къулыкъущIэхэм, сатуущIэхэм къызэранэкIа тхыгъэ кIапэлъапэхэмкIэщ; мыхьэнэшхуэ яIэщ щIы щIагъым къыщагъуэтыж хьэпшыпхэми. А псом къызэраIуэтэжымкIэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым – синдкIэ зэджэу щытам – къэралыгъуэ яухуэгъащ. Синдикэ – арат

а пасэрей адыгэ къэралыгъуэм зэреджэр. Абы езым и щхьэ унафэ ищIыжу щытащ илъэс 200-м нэблагъэкIэ (ди эрэм и пэкIэ V – IV лIэщIыгъуэхэм); иужьым хуэм-хуэмурэ Боспор къэралыгъуэжьым хэшыпсыхьыжыгъащ.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, синдхэм зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтауэ, культурэшхуэ ябгъэдэлъу щытащ. (Грецием гъавэу къыщэхум и нэхъыбэр адыгэ щIыналъэм иришырт); синд кхъухьхэр тенджыз зыбжанэм щызекIуэрт, синдхэм я къэрал лIыкIуэхэм гъуэгуанэ кIыхь зэпачыфырт, я псалъэ жыжьэ щыпхагъэкIт...

Апхуэдэ къару зыбгъэдэлъа къэралым – Синдикэм – культурэ хьэлэмэт иIэу зэрыщытам шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ пасэрей Синдикэм и щIыналъэм къыщагъуэтыж скульптурэ сурэтхэр.

Абыхэм ящыщ зы пасэрей Фанагорием (ТэманыкIэ теса къалэжьым) и Iэшэлъашэм 1961 гъэм къыщагъуэтыгъащ. ЗанщIэу гу лъыботэ ар зыбжанэ щIауэ цIэрыIуэ боспор скульптурэхэм къазэрыщхьэщыкIым. Зи гугъу тщIы скульптурэр къэзыгъуэта трактористым зэрыжиIэмкIэ, ар Iуащхьэ лъахъшэ гуэрым ибгъукIэ щIы щIагъым щIэлъащ. Скульптурэм удынышхуэ игъуэтат, и щхьэр пыудат (ар щхьэхуэу щылът), и плIэ лъэныкъуэр гуэхуат, и нэкIури машIэу тетхъунщIыкIат.

Сыт хуэдиз удын имыгъуэтами, скульптурэм и теплъэ нэхъыщхьэр фIэкIуэдакъым, и шыфэлIыфэкIэ нэгъуэщIым хэгъуащэркъым. Сыныр, шэч хэмылъу, Iуащхьэм тетащ: къызэрахутамкIэ, ар зытета Iуащхьэм и ныбжьыр синдхэм я зэманым тохуэ.

Скульптурэм метррэ сантиметр 15-рэ и лъагагъэщ, и Iувагъыр сантиметр 18-щ. Зи фэеплъыр цIыхухъущ (абы и IэпкълъэпкъыP уолъагъу, и шхужьым нэс), къэптал Iэщхьэ кIыхь щыгъщ, и плIэм плащ идзащ, пыIэ лъагэ щхьэрыгъщ, пыIэм щхьэц лъагуэр къыщIощ, тхьэкIумэмрэ натIэмрэ щIиуфэу. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, сыныр зи фэеплъыр цIыху хэкIуэтащ: жьакIэ машIэ тетщ, и пащIэкIитIыр жьакIэм хохьэж; нэкIу хъурейщ, и жьэпкъыр къыхощ, нэщIащэ куум нэ хъуреитIыр къоплъ; плIэ задэщ, и бгъэр къикIыркъым, пщэ кIэщIщ. И шхужь сэмэгум шабзэ тыболъагъуэ. Сыныр зыщIар нэхъ зэгугъуар нэкIурщ – нэ жанкIэ къыпIуоплъэ, къопсэлъэным хуэдэу: шэч хэмылъу, ар щхьэ закъуэ сурэтщ, цIыху цIэрыIуэ гуэрым трашIыкIауэ. Скульптурэм и теплъэ псор – и нэкIур, пыIэр, къэпталыр, шабзэр – щыхьэт тохъуэ ар зи сурэтыр зэрымыгрекым, атIэ зэрысиндым. Абы шэч къытрахьэркъым зи гугъу тщIы сыным тетхыхьахэм, псалъэм папщIэ, Н. И. Сокольскэм (еплъ абы и «Синд скульптурэхэм я IуэхукIэ» тхыгъэм (зэрытыр «ЩIэныгъэ» тхылъ тедзапIэм 1966 гъэм къыщыдэкIа «Античнэ дунейм и культурэ» сборникырщ).

Дызытепсэлъыхьа сыныр здита щIыпIэм (иджырей Сенная поселкэм пэмыжыжьэу) нэхъапэхэми къыщагъуэтыгъащ сыт и лъэныкъуэкIи мобы и благъэ нэгъуэщI зы скульптури. Ари зауэлIым зэрисурэтыр бэянщ: и плIэм плащ идзащ, плащ щIагъым афэ джанэ щIэлъщ; Iэ сэмэгум шабзэшэрэ шабзалъэрэ IэщIэлъщ, ижьырабгъу шхужьым джатэ тыболъагъуэ. СынитIри зэщхьщ, зи



4 Заказ №126

фэеплъыр зэрыпасэрей адыгэм шэч хэлъкъым – абы и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, сынхэм тет Iэщэ-фащэ сурэтхэр.

1959 гъэми а щIыпIэ дыдэм (пасэрей Фанагорием и Iэшэлъашэм) къыщагъуэтыгъащ мывэ сэхум къыхэщIыкIа скульптурэ. Гу зэрылъытэгъуафIэщи, ари модрей тIур зи IэдакъэщIэкI лъэпкъым и Iэужьщ. Зи гугъу тщIы сынищым тетхыхьахэм шэч къытрахьэркъым, япэрауэ, ахэр зи сурэтыр зэрысиндым, етIуанэрауэ, а скульптурэхэр мывэм къыхэзыIущIыкIар ТэманыкIэ теса синд художникыу зэрыщытым.

Пасэрей адыгэ къэралым – Синдикэм – и щIыналъэм къыщагъуэта скульптурэхэр, зэрыхуагъэфащэмкIэ, кхъащхьэдэсэу щытащ: цIыху цIэрыIуэхэм я кхъащхьэм щызэтратхъуэ Iуащхьэхэм я щыгум тетащ; я щIыфэм къытена тхыгъэ кIапэхэми къыбжаIэ ахэр кхъащхьэдэсэ пэлъытэу зэрыщытар. Сынхэр, къанэ щымыIэу, къызыхэщIыкIар щIыпIэм къыщыщIах мывэщ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, апхуэдэ скульптурэхэр синдхэм япэщIыкIэ грек мастерхэм пщIэкIэ ирагъэщIу щытащ; иужьым езы синдхэм художник Iэзэхэр къахэкIыу щIедзэ, хуэм-хуэмури бжыпэр яубыд, езыхэм я лъэпкъ псэукIэмрэ гупсысэкIэмрэ зи лъабжьэ гъуазджэ къызэрагъэпэщ. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ а гъуазджэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтауэ зэрыщытам. Шэч хэлъкъым абы пасэрей грек гъуазджэм ижь къызэрыщIихуам; апхуэдабзэу, шэчыншэщ я пщIэр лъагэ зэрыхъуа лъэпкъ гъуазджэ езы синдхэм я акъылым къызэрилэжьыфари. Абы и щыхьэт наIуэщ зи гугъу тщIа пасэрей адыгэ скульптурэхэр.



# МЕЛУАНЫМ ЩIИГЪУРТ

Ди тхыдэм и Iуэхугъуэ нэхъ зэIумыбзхэм ящыщщ адыгэхэм я бжыгъэр XVIII–XIX лIэщIыгъуэхэм зэрыхъуу щытар. Ар куэду зэщхьэщыкIауэ къагъэлъагъуэ абы тетхыхьахэм.

Кавказ зауэм щIидза нэужь, адыгэхэм (къэбэрдейхэм, беслъэнейхэм, шапсыгъхэм, абэзэхэхэм, натхъуэджхэм, бжьэдыгъухэм, кIэмыргуейхэм, жанейхэм, н.) я бжыгъэр зэрыхъум гулъытэ лей хуащIу щIадзащ. А Iуэхур япэ зыублахэм ящыщщ урыс щIэныгъэлIхэр, тIасхъэщIэххэр, дипломатхэр. Абыхэм я нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, а зэманым адыгэхэм я бжыгъэр мин 300-м къыщыщIэдзауэ мин 500-м нэсу арт. Апхуэдэ бжыгъэ къагъэлъагъуэ (XVIII лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм тещIыхьауэ) урыс генерал Бларамберг (мин 500), барон Сталь (мин 307-рэ), урыс тIасхъэщIэх Торнау (мин 495-рэ). Адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI Хъан-Джэрий къызэрилъытэмкIэ, адыгэхэр 1836 гъэм мин 265-рэт зэрыхъур. Берже Адольф 1858 гъэм къигъэлъэгъуар мин 290-рэщ. Совет зэманым а Iуэхум тетхыхьа осетин щIэныгъэлI Гарданов Константин зэрилъытэмкIэ, XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я бжыгъэр мин 500-м щIигъуу щытакъым.

Адыгэхэм я хабзэхэмрэ я псэукIэмрэ кууэ щыгъуазэ зыхуэзыщIахэм ящыщщ поляк революционер цIэрыIуэ Лапинский Теофил (1826–1886). 1857 гъэм Шэрджэсым къакIуэри, ар

илъэсищкIэ яхэтащ адыгэхэм (шапсыгъхэм, натхъуэджхэм, абэзэхэхэм, н.). ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Лапинскэр щIэмыупщIэнкIэ Iэмал иIакъым адыгэхэм я бжыгъэм. 1863 гъэм Гамбург къыщыдигъэкIа тхылъым («Кавказ бгырысхэмрэ я хуитыныгъэм папщIэ абыхэм урысхэм драгъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ») зэрыщитхымкIэ, кIахэ адыгэхэм (къэбэрдейхэмрэ беслъэнейхэмрэ хэмыту) я бжыгъэр Лапинскэм мин 900-м щIигъуу къелъытэ. АбыкIэ тегъэщIапIэхэри и мащIакъым. «Зауэм хэт шэрджэс лъэпкъхэм я бжыгъэр гъэбелджылауэ зыми ищIэркъым, – етх абы. – Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ахэр мин 900-м щIегъу. Урыс тхылъ гуэрым сыщрихьэлIащ нэгъуэщI бжыгъэ – мин 290-рэ. Урыс тхылъхэм кърахыжауэ, европей автор куэдми къагъэлъагъуэ апхуэдэ бжыгъэ... Шэрджэсхэм къезауэ урысыдзэр мин 200-м щIегъу, я хыдзэлIхэр хэмыту. Иджырей IэщэкIэ зэщIэузэдауэ сэлэт мин 200 шэрджэсхэм къариутIыпщынтэкъым урыс пащтыхьым, абыхэм я хэкум цIыху мин 290-рэ фIэкIа имысатэмэ».

Лапинскэр, зэрыжытIащи, Шэрджэсым къыщыкIуар 1857 гъэрщ – Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэщ. Абы и пэкIэ, 1829 гъэм, адыгэхэм я деж тIасхъэщIэх къэкIуауэ щытащ урысыдзэм и генштабым и лэжьакIуэ Новицкий Г. В. Абы а гъэм къызэрилъытамкIэ, адыгэхэр (кIахэ адыгэхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Псыжь адрыщI ис адыгэхэр) мин 263-рэ хъууэ арат. КъыкIэлъыкIуэ гъэми къытригъэзащ Новицкэм тIасхъэщIэх Iуэхум, а гъэм абы дэIэпыкъуащ шапсыгъ лIакъуэлIэш Абат Беслъэнейрэ Убыхрэ. Хъан-Джэрий зэритхыгъамкIэ, Абат Беслъэней щIэныгъэшхуэ зиIа цIыхущ. Абат зэшитIым къыжраIамрэ езым илъэгъуамрэ ятрищIыхьри, Новицкэм а гъэм шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр) мелуанрэ мин 82-рэ хъууэ илъытауэ щытащ (унагъуэ 54110-рэ). Новицкэм зэритхамкIэ, адыгэ унагъуэм цIыху 20 нэхърэ нэхъ мащIэ исакъым (абы щыхьэт тохъуэ а Iуэхум иужькIэ тетхыхьа щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэри). АрщхьэкIэ мы бжыгъэм шэч къытрахьэ мы Iуэхур ди зэманым зыджа щIэныгъэлIхэм. Абыхэм ящыщ куэдым зэратхымкIэ, XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэ унагъуэхэм исар, ику иту къапщтэмэ, цIыхуи 8-м фIэкIыркъым, Iуэхум нэхъ хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэм цIыху тIощIи, нэхъыби къагъэлъагъуэми. Иужьрейхэм тегъэщIапIэ ящI а зэманым адыгэ унагъуэм щIэблэ зыбжанэ зэрисар, я тхьэмадэр псэухукIи унагъуэхэр зы пщIантIэ дэсу зэрыщытар, цIыху дапщэ хъуми. Адыгэхэр унагъуэкIэ зэджэр тхьэмадэ зыщхьэщыт пщIантIэрт. Новицкэм кIахэ адыгэхэр пщIантIэ (унагъуэкъым!) мин 54-рэ мэхъу щыжиIэкIэ, ар, дауи, щыуэртэкъым, щыуауэ иужькIэ ягъэкъуэншами. Новицкэм зи гугъу ищI пщIантIэ (езым зэритхымкIэ, «двор») къэс цIыху 20 зэрыдэсарщ абы кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щIыжиIэр.

Къэбэрдей адыгэхэм я бжыгъэм и IуэхукIэ ар дыдэр жыпIэ хъунущ: куэдым яфIэфIакъым ахэр зэгуэр (псалъэм папщIэ, XVI – XVIII лIэщIыгъуэхэм) куэд хъууэ щытауэ ятхыни жаIэни. Псалъэм папщIэ, Берже 1858 гъэм зэритхамкIэ, къэбэрдейхэр мин 36-м зэрыщIигъу щыIакъым. Абы акъылэгъу дэхъу щIэныгъэлI щыIащ совет лъэхъэнэми. Абы и тегъэщIапIэри, и щхьэусыгъуэ-

ри гурыIуэгъуэкъым. Зы щапхъэ закъуэ къэтхынщ. Урысыдзэм и генштабым и офицер Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ (еплъ абы и «Историческое, топографическое, статистическое, этнографическое и военное описание Кавказа» тхылъым) къэбэрдейхэр унагъуэ мин 45-рэ хъууэ – ар 1804 гъэм. Къэбэрдейр лъыгъажэ зауэмрэ емынэ уз бзаджэмрэ лъэрыщIыкI ящIа нэужь, Бларамберг зэритхымкIэ, абы къинэжар цIыху мин 30 хуэдизщ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIи, XVIII лIэщIыгъуэм Къэбэрдейм иса цIыху бжыгъэм щыщу XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу зауэмрэ емынэ узымрэ къелар Iыхьэ пщIанэрщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, XVIII лIэщIыгъуэм къэбэрдейхэм я бжыгъэр мин 500 нэхърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытакъым.

1793 гъэм Къэбэрдейм къэкIуауэ щыта академик Паллас Пётр Симон зэритхамкIэ, зауэ къащIэхъуэмэ, къэбэрдейхэм шу мин 20 ягъэшэсыфу щытащ. Къэбэрдейм и тхыдэм щыгъуазэм фIыуэ ещIэ шууэ зауэм Iухьэм я нэхъыбапIэр уэркъхэм къахэкIауэ зэрыщытар. Абы тепщIыхьмэ, къэбэрдейхэр мелуан ныкъуэ нэхърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытатэмэ, уэркъ шу мин тIощI ягъэшэсыфынкIэ Iэмал иIакъым. Уэркъ шу къэс, зэрыхабзэти, зауэлI зытхух щIагъурт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, адыгэхэм зауэм Iуашэфырт, шуми лъэсми, цIыху минищэ.

Адыгэ унагъуэм цIыху 20-м нэхърэ мынэхъ мащIэ исауэ елъытэ профессор Дзэмыхь Къасболэти. Абы зэритхымкIэ, адыгэ унагъуэм XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм цIыху 20-м къыщыщIэдзауэ цIыхуи 100-м нэс ису щытащ, абы и щхьэусыгъуэр зы пщIантIэм унагъуэ зыбжанэ зэрыдэсарщ. Абы ипкъ иткIэ, Къасболэт къелъытэ Къэбэрдейм XVIII лIэщIыгъуэм икухэм деж цIыху мин 450-м нэс исауэ. Апхуэдэу абы къыхегъэщ, къэбэрдей адыгэхэм зы жэщмахуэм и кIуэцIкIэ шу мин 30 зэхуашэсыфу зэрыщытар. Ар Къэбэрдейм и закъуэ!

ЩIэныгъэлI куэд щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, кIахэ адыгэхэм (иджы адыгейкIэ дызэджэ хъуахэм) я бжыгъэр зы мелуанми къыщызэтенэу щытакъым. Псалъэм папщIэ, Дьячков-Тарасов Николай 1853 гъэм итхащ: «Фельдмаршал Паскевич и унафэкIэ зэхуахьэса хъыбархэм ятепщIыхьмэ, бгырысхэм (адыгэхэм) я бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нос, абыхэм зауэм Iуашэфынущ зауэлI мин 250-рэ». Псыжь къэзакъхэм я тхыдэр зыджа Щербинэ Ф. А. уеблэмэ фIэмащIэщ Новицкэм къигъэлъагъуэ бжыгъэр – 1082200-р. Абы нэхърэ нэхъыбащ шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр), итхыгъащ Щербинэ.

Адыгэхэр зы мелуаным куэдкIэ щIигъуу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Кавказ зауэм и ужькIэ хэкур зыбгынауэ щыта цIыху бжыгъэри. Абхъаз щIэныгъэлI цIэрыIуэ Дзидзарие Георгий зэрилъытэмкIэ, Тыркум Iэпхъуауэ щытащ бгырыс мин 900-м нэс (Кавказ зауэм и ужькIэ хэкум къинэжар цIыху мини 100-м щIигъужыртэкъым).

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

*Хъыбархэр* КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид

# ЛIЫМ И ПЩIЫХЬЭПIЭ

Жейм жэщибл-махуиблкIэ хэтауэ, зылI къэтэджыжащ. Жэщ къэс пщIыхьэпIэ и нэгу щIэкIырти, егупсысса щхьэкIэ, зыхуихьынур къыхуэщIакъым. КъыщыхуэмыщIэм, тхьэгурымагъуэм деж кIуащ:

– ПщIыхьэпIэм жэщибл-махуиблкIэ сыхэкIакъым, къикIыр къызжеIэ, – жери.

– Сыт узэпщIыхьар? – къеупщIащ тхьэгурымагъуэр.

– Япэ жэщым сызэпщIыхьаращ: мэзым зы бланэ къыхахури ди куэбжэм кърахулIащ, бланэр щаукIым, тхьэрыкъуитI къэлъэтащ, ди пщIантIэ къыдэтIысхьэри зафыщIыжащ, пщIантIэм зы вындыжь дэсти, и жьэ зэщIихакъым. Бланэр щаукIам деж щIым зы жыгыщIэ къыхэжауэ слъэгъуащ, – жиIащ лIым.

– Бланэр уэращ, – къыжриIащ тхьэгурымагъуэм. – ЗекIуэ уежьауэ уи бийр уи ужь къихьэнурэ уаукIынущ. ТхьэрыкъуитIыр уи шыпхъуитIыращ: я дыщым къэкIуэжынурэ уагъеижынущ. Вындыжьыр уи анэращ: уи анэм и нэпс къыщIэкIауэ яригъэлъагъунукъым хьэдагъэ къыдыхьэм. Уи щхьэгъусэр уэндэгъущи, щIалэ къыпхуалъхунурэ уилъ ищIэжынущ – щIым къыхэжа жыгыщIэр аращ.

– Ари хъунщ, – жиIащ лIым. – ЕтIуанэ жэщым слъэгъуаращ: мэл хъушэм сыхэплъэри, зытI фIэкIа яхэслъэгъуакъым. Ар зищIысыр сыт?

– Ар дэ ди пщысэкъым, – къыжриIащ тхьэгурымагъуэм. – Ар ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: жылэм я унафэр зы лIым и IэмыщIэ щихуэн зэман къэхъунущ.

– Ари хъунщ. Ещанэ жэщым слъэгъуаращ: щIопщыкъу къэсхынщ жысIэри мэзым сыкIуащ, «мыр хъунщ щIопщыкъу» жысIэри зы къудамэкIэ сыIэбати, нэгъуэщI зы къудамэ цIыкIуи зыкъиушиящ: «Сэ сыпыупщI», – жери. Ар сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди пщысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: я адэхэр унэм кърανэурэ я къуэхэр хасэм хыхьэ хъунущ.

– ЕплIанэ жэщым сызэпщIыхьаращ: шы псэф хъупIэм сыщрихьэлIати, езым сыкъищIакъым, и ныбэм илъым и щыщ макъ зэхэсхащ.

– Ари дэ ди пщысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: я шыпхъу нэхъыжьыр къыданэурэ я шыпхъу нэхъыщIэхэм дэкIуэу къаублэнущ.

– Етхуанэ жэщым лъахъстэн вакъэмрэ выфэ вакъэмрэ жыгым зэрыдэмыгъэкIуейуэ сепщIыхьащ. Сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди пщысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: бжьыгъуэр зэпаубыдынурэ цIыхур зэрышх-зэрылI хъунущ.

– Еханэ жэщым си нэгу щIэкIащ: мэшым и хъугъуэти, мэшых сыщыкIуэм мэшыр къуалэбзум яхъуауэ срихьэлIащ – ху напIэм ху исыжакъым. Сытым хуэпхьрэ?

– Ари дэ ди пщысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: щIым и IэфIыр щIэкIынущ.

– Ебланэ жэщым сызэпщIыхьаращ: зекIуэ сежьауэ гъуэгум сыщепсыхри си щIакIуэр субгъуати, сышэсыжынщ щыжысIэм, си щIакIуэм хъумпIэцIэдж къежауэ слъэгъуащ. Ар сытым хуэпхь хъун?

– Ари дэ ди пщысэкъым, ари ди ужь къихъуэнум я пщысэщ: ди ужь къихъуэнум хъумпIэцIэдж хуэдизщ я инагъынур.

# ДЖЭГУАКIУЭХЭР

Джэгуаклуищ псэурт, зэныбжьэгъуу. ДжэгуакIуищым ящыщ зым дзажэ пшэр зэриIэр ибзыщIырти, абы ебзэджэкIын мурад ящIащ модрей тIум:

– ФIэдгъэшх дзажэр! – жари.

– Дауэ фIэтшха зэрыхъунур?

– И унэ дихьэнщи, тхуигъэжьэнкъэ! – Я ныбжьэгъум деж ихьащ джэгуакIуитIыр.

Бысымыр унэм истэкъым. Бысым гуащэм иригъэблэгъащ.

– Езыр дэмысми, сэ фызгъэхьэщIэнкъэ! – къащыгуфIыкIащ бысым гуащэр, Iэнэ къахуигъэуващ, ауэ дзажэр яхуигъэжьакъым. Дзажэ гъэгъуар бгыкъум зэрыфIэлъыр ялъэгъуащ джэгуакIуитIым, абы хуеплъэкIыурэ пэрысащ Iэнэм.

Я ныбжьэгъур къыщыгувэм, я хьэщIэн зэфIэкIати, джэгуакIуитIыр тэджыжащ.

– Фи ерыскъыр убагъуэ! – жари пщIантIэм дэкIыжащ.

Пшапэ зэхэуауэ, къыдыхьэжащ лIыр.

– Нобэ лъандэм дэнэ ущыкIуэдар? Уи ныбжьэгъуитIыр ди хьэщIащ, – къыжриIащ фызым.

– Дзажэр ялъэгъуа? – щIэупщIащ лIыр.

– СщIэркъым ялъэгъуами.

– Тхьэ соIуэ, ялъэгъуагъэнкIэ! Ныжэбэ къыкIэлъыкIуэнущ дзажэм. Бгыкъум къыфIэхи, уи пIэщхьагъым щIэдз.

Бысымым ар щыжиIэм, модрей тIур, къагъэзэжауэ, щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэст, къакIэщIэдэIухьу.

Гъуэлъыжыгъуэ щыхъум, фызым дзажэр бгыкъум къыфIихащ, и пIэщхьагъым щIидзри гъуэлъыжащ. «ХьэщIэ къыдыхьэмэ», – жери лIыр хьэщIэщымкIэ кIуащ.

«Фызыр жейм хилъэфа хъунщ», – жери щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэса джэгуакIуитIым я зыр унэм щIыхьащ:

– Къащтэ мыдэ дзажэр, дзыхь тесщIэркъым, ебгъэхьынущ, – жиIащ унэм щIыхьам, я ныбжьэгъум и макъ зищIри. Дзажэр къыщIихри къыщIэкIыжащ, фызым гу къылъитагъэххэкъым. Заул дэкIауэ, лIыр и унэ ихьэжащ.

– Дзажэр щхьэ щIэпхыжа? – къеупщIащ фызыр.

– Хэт щIэзыхыжар?

– Иджыпсту уэстати.

– Дзажэр ебгъэхьащ, фыз! – жиIащ лIым, унэм щIэжри и ныбжьэгъуитIым якIэлъежэжьащ. Модрей тIур зэкIэлъхьэужьт. Яужь итым блэжри, лIыр дзажэр зыIыгъым щIыхьащ.

– Уеша хъунщ, къащтэ дзажэр! – жиIащ лIым, и макъыр ихъуэжри. Дзажэр къыIихыжри кIэбгъу зищIыжащ. Модрей тIур къуажэкIэм нэсри къэувыIащ.

– Дэнэ щыIэ дзажэр? – йоупщI я ужь итар.

– Иджыпсту уэстакъэ дзажэр? – къыжреIэ япэ итам.

– Дзажэр зейм ебгъэхьыжащ!

Къыпажыхьри, зыр пщIантIэм дэлъэдащ, Iэлъэщ зытрипхъуэри бжьэщхьэIум къытеуващ. Дзажэр зей лIыри къэсыжащ.

– Мэ, фыз, апхуэдэущ дзажэ къызэрахьыжыр! – жери дзажэр бжьэщхьэIум тетым хуидзащ, куэбжэр игъэбыдэжыху, модрейр пщIантIэм къыдэкIуэсыкIыжри – макIуэ-мэлъей! – дзажэр ирахьэжьэжащ.

Дзажэр зей лIыр унэм ихьэжащ, куэбжэр игъэбыдэжри.

– Яхьын я гугъати дзажэр! КъаIэщIэсхыжакъэ!

– Дэнэ щыIэ-тIэ? – къоупщI фызыр.

– Сыт щхьэкIэ, иджыпсту уэстати!

– Къызэптакъым, – жиIащ фызым.

– Дзажэр едгъэхьащ жыпIэркъэ атIэ!

ЯкIэлъежэжьащ, аргуэрыжьти. Дзажэр ягъэжьауэ, джэгуакIуитIыр кхъэм дэст. ЗызэщIициIалэри, якIэлъежэжьар пабжьэм къыхэплъащ.

– Дунэхъуащ: хьэдэджадэ къежьащ! – жари джэгуакIуитIыр щтэри щIэпхъуэжащ. Дзажэр зейм къыхуэнэжащ.

# ХЬЭЩIЭМЫГЪАШХЭ

ХьэщIэмыгъашхэ фIащауэ, зы щIалэжь щыIэт. И унэ хьэщIэ къихьэрэ дэтIысамэ, зэ-тIэу фIэкI хэмыIэбауэ шхэн щигъэтыжырт, щхьэусыгъуэ гуэр къигъуэтырти. Бысымыр щымышхэкIэ хьэщIэр шхэнт – ари тэджыжырт. 

– Сэ сыхурикъунщ абы, – жери ХьэщIэмыгъашхэ зылI къыхуепсыхащ.

ХьэщIэр ирагъэблагъэри, Iэнэ къыхуащтащ. Зэ-тIэу хэIэбэри, ХьэщIэмыгъашхэ тIысыжащ:

– Сышха къудейуэ укъыдыхьащ, си ныбэ изщ, – жери.

– Сэ гъуэгу сытетащи, сомэжалIэ, – хьэщIэм езым и Iыхьэри бысымым и Iыхьэри ишхащ. – Фи ерыскъыр убагъуэ, сывгъэтхъащ.

ХьэщIэр тэджыжащ. Ар иригъэжьэжри, ХьэщIэмыгъашхэ унэм щIэлъэдэжащ:

– КъытхурикъуакIэ, тхьэ соIуэ! Хьэзыр гуэр уиIэмэ, къащтэ мыдэ – сомэжалIэ! – жери.

– Хьэзыр щыIэкъым. Мэжаджэ пхуэзгъэжьэнщ, – жиIэри жьэгу яжьэ пщтырым мэжаджэ пэрихъумащ фызым.

Ирагъэжьэжа щхьэкIэ къигъэзэжауэ, хьэщIэр къакIэщIэдэIухьырт, щхьэгъубжэ лъабжьэм къыщIэтIысхьауэ. Фызым мэжаджэр жьэгум пэрихъума къудейуэ, хьэщIэр бжэщхьэIум къытехутэжащ:

– Зыгуэр сигу къэкIыжати, вжесIэну арат. Зэшищ дохъури, дызэхэкIынщ жытIэри, ди мылъкур щы итщIыкIат зымахуэ. Лъыдгъэсам еплъщ-къеплъри, ди шынэхъыщIэр арэзы хъуакъым. «Фэ нэхъыбэ зылъывгъэсащ!» – жери псори зэхитхъуэжащ. Мыдэ фыкъаплъэт.

ХьэщIэр жьэгум дэуващ, баш иIыгъти, мэжаджэр зыпэрыхъума яжьэр зэхитхъуэжащ.

– Аращ къыдищIар. Нобэми ныжэбэми тхуэгуэшыркъым ди

мылъкур. Дгуэшын щӀэддзакъэ, мы яжьэм хуэдэу зэхетхъуэж ди шынэхъыщӀэм.

Ар жери щӀэкӀыжащ хьэщӀэр.

– Мэжаджэм дыпигъэкӀащ, нэгъуэщӀ сыт диӀэ? Шхын щхьэкӀэ солӀэ, – щӀэлъэдэжащ ХьэщӀэмыгъашхэ.

– Хадэм зы къэб къинэжащи, къэхь, пхуэзгъэвэнщ, – жиӀащ фызым.

КъакӀэщӀэдэӀухьырти, ари зэхихащ хьэщӀэм. Япэ зригъэщри, хадэм ихьащ, къэб къуэпсыр иубыдри пабжьэм къыхэтӀысхьауэ ХьэщӀэмыгъашхэ къыпоплъэ. ХьэщӀэмыгъашхэ къэсащ, къыщыбгъэдыхьэм пабжьэм хэс хьэщӀэр къуэпсым екъури къэбыр игъэӀэпхъуащ. ХьэщӀэмыгъашхэ зригъэзыхыху, хьэщӀэр къуэпсым екъуурэ къэбыр пабжьэм хэкӀуэтащ – кӀэлъыӀэбэ щхьэкӀэ, лъэӀэсакъым, пабжьэм хыхьэн ирикуакъым.

– Къэбыр псафэ кӀуащ, – жери ХьэщӀэмыгъашхэ унэм ихьэжащ. Сытми, а махуэм къыӀухуа щыӀэкъым. ЕтӀуанэ махуэм щригъажьэри, и хьэлыр зыхинащ.

# ДЫЩЭ ДЖЭДЫКӀЭ

Зы лӀыжьрэ зы фызыжь цӀыкӀурэ псэурт. Зы джэд закъуэ яӀэти, яукӀыжын щыхъум, джэдыр кӀэцӀри, дыщэ джэдыкӀэ къикӀэцӀащ.



– Джэдыр думыгъэукӀыж, – жаӀащ лӀыжь цӀыкӀумрэ фызыжь цӀыкӀумрэ. – Пщэдеи кӀэцӀмэ, дыщэ джэдыкӀэ къытхуикӀэцӀынщ.

ЕтӀуанэ махуэм джэдыр ягъуэтыжакъым – дэкӀри бзэхащ.

– Джэдыр къэзмыгъуэтыжауэ сыкъекӀуэлӀэжынкъым, – жери лӀыжь цӀыкӀур ежьащ. КӀуэм-лъэм, кӀуэм-лъэурэ, ныуэжь гуэр деж екӀуэлӀащ.

– Дыщэ джэдыкӀэ къикӀэцӀу зы джэд закъуэ диӀэти, пщӀантӀэм къыдэкӀри кӀуэдащи, абы срилъыхъуакӀуэщ, хэпщӀыкӀӀамэ, къызжеӀэ, – жиӀащ лӀыжь цӀыкӀум.

– Джэдыр слъэгъуакъым, – жиӀащ ныуэжьым, – джэдыр щыпфӀэкӀуэдакӀэ, зыш уэстынщи, ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкӀэрыщэщынущ.

– Сыбгъэунащ! – Шыр Ӏэдэжу къришажьэри лӀыжь цӀыкӀур къежьэжащ. КъыщыкӀуэжым къуажэ гуэр дыхьащ, зыгуэрым и куэбжэпэ цӀыху Ӏув щызэхэтти, ябгъэдыхьэри яжриӀащ:

– Мы шыр ауэ сытми шыкъым. Ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкӀэрощэщ.

Куэбжэпэм щызэхэтхэм ауан къащӀащ лӀыжь цӀыкӀур, «уэхьэхьэхь!» жари къыщыдыхьэшхащ. «Уэхьэхьэхь!» жаӀэу щыщыщым, лӀыжь цӀыкӀум и шым шхыныр къыкӀэрыщэщу щӀидзэри, пщӀантӀэм дэз хъуащ, жылэр къызэхуэжэсри етӀысылӀащ.

– Дыбгъэунащ! – жари хьэщӀэщым щӀашащ, ягъэхьэщӀэху, ныуэжьым кърита шыр Ӏуашри, нэгъуэщӀ зыш къыхуагъэуващ. Ар Ӏэдэж ищӀри къежьэжащ лӀыжь цӀыкӀур.

– Джэдым дыпыкӀащ, – жриӀащ фызыжь цӀыкӀум, унэм ихьэжри, – ныуэжь гуэр срихьэлӀати, мы шыр къызитащ, ущыщмэ, узыхуей шхыныгъуэр къыкӀэрыщэщынущ.

Фызыжь цӀыкӀур гуфӀэри щыщащ, арщхьэкӀэ шым зыри къыкӀэрыщэщакъым.

– СыкъэбгъэпцIащ, – жери лIыжь цIыкIум шыр ныуэм хуишэжащ.

– УкъэзгъэпцIакъым, – къыжриIащ ныуэжьым. – Зы бжэн уэстынщ иджыри. «МаI!» жыпIэмэ, дыщэ къыжьэдэлъэлъынущ бжэным.

Бжэным и бжьэм кIапсэ ирищIэри, къежьэжащ лIыжь цIыкIур, шыр щыфIадыгъуа къуажэм къэсри дыхьащ.

– «МаI!» жыфIэмэ, си бжэным дыщэ къыжьэдэлъэлъынущ, – яжриIащ, жылэр къыщызэхуэжэсым.

– Мы лIыжь цIыкIум жиIэр пэжщ, – жари хьэщIэщым щIашащ, ягъэхьэщIэ защIри, и бжэныр фIадыгъуащ, къыщрагъэжьэжым нэгъуэщI зы бжэн къратащ. Кърата кърилъэфри, лIыжь цIыкIур и унэ ихьэжащ.

– Фызыжь, арджэн гъэтIылъи, «ма-а-аI!» жыIэ, мы бжэным дыщэ къыжьэдэлъэлъынущ, – жиIащ лIыжь цIыкIум.

Фызыжь цIыкIум «маI» жиIа щхьэкIэ, бжэным дыщэ къыжьэдэлъэлъакъым.

– Мы ныуэм щхьэ сыкъигъапцIэрэ! – лIыжь цIыкIум бжэныр хуишэжащ.

– УкъэзгъэпцIакъым, – къыжриIащ ныуэм. – Ауэ щыхъуакIэ, мы башыр узот, зыгуэрым уеуэн хъумэ, «дом-дом!» жыIи, уэ бгъэувыIэжыху увыIэнукъым.

Башыр къиштэри къежьэжащ лIыжь цIыкIур. Шымрэ бжэнымрэ щыфIадыгъуа къуажэм къэсри дыхьащ, жылэр къызэхуэжэсати, яжриIащ:

– «Дом-дом!» жывмыIэ. «Дом-дом!» жыфIэмэ, мы башым фи щхьэр кърикъутэхынущ.

Ар я фIэщ хъуакъым жылэм. Ауан къащIщ, къыщыдыхьэшхри:

– «Дом-дом!» – жаIащ.

«Дом-дом!» щыжаIэм, башыр лъейри, жылэр зэтриукIэу щIидзащ. Башыр щымыувыIэжыххэм, жылэр къелъэIуащ:

– Уишри уи бжэнри уэттыжынщ, мы башыр гъэувыIэж, – жари.

Шыри бжэнри кърат ыжащ, лIыжь цIыкIур и унэ ихьэжри тхъэжу псэу хъуащ.

# ЩIАЛЭ БЗАДЖИТI

«ДылIыщIэнщ», – жари щIалэ бзаджитI ежьащ, зыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ уэркъыжь ирихьэлIащ.

– Сэ фызгъэлIыщIэнщ, – къажриIащ уэркъыжьым. – Зы илъэскIэ фысхуэлIыщIэмэ, дыщэ фэстынщ.

ЩIалэ бзаджитIыр гуфIащ.

– Зы гуужь сиIэщи, гуужьыр зым игъэхъунщ, зым бэкхъыр къитхъунщ, – къариухылIащ уэркъыжьым. – Фыарэзы?

– Дыарэзыщ, – жари щIалэ бзаджитIыр уэркъыжьым и пщIантIэм къыдэнащ. Зым гуур дихуащ, адрейр бэкхъым щIэуващ.

Гуур дэзыхуар махуэ псом етIысэхыгъуэ ихуакъым: гуур цIывурэ и кIэм къикI хъуакъым. Iэджэ щIауэ къамытхъуа бэкхъым къыщIэна щIалэри етIысэхакъым пшапэр зэхэуэху, Iэрэ жьэрэ зэхуихьакъым.

Гуур къыдихуэжри, щIалэр зэхэукIауэ пщыхьэщхьэм къыдыхьэжащ.

– Дауэрэ уехъулIа? – еупщIащ абы бэкхъым щIэтар.

– Мэз лъапэм схури, гуур и пIэм икIакъым, сэ жыг жьауэм сыщIэсащ. АфIэкIа хэмылъмэ, игъащIэкIэ згъэхъунщ гуур. Уэ-щэ?

– Зы сыхьэт нэхъ сыпэтакъым, – жиIащ адрейм. – Бэхъыр къэстхъури, нэгъуэщI сщIэн щызмыгъуэтым, шыгъуэгу хадэм силъащ.

– НтIэ, абы щыгъуэ, пщэдей уэ гуур дэху, сэ бэкхъыр къэстхъунщ.

– Содэ, нэхъ щIэщыгъуэщ...

АбыкIэ зэгурыIуэри, щIалэ бзаджитIым я IэнатIэ зэрахъуэжащ.

ЕтIуанэ махуэм гуур дэзыхуар и лъэ зэблихыжыф къудейуэ къыдыхьэжащ, бэкхъым къыщIэнами пщIэнтIэпсыр къожэх.

ЩIалэ бзаджитIыр зэбгъэдэтIысхьэжри зэчэнджэщащ.

– Илъэс тхуэхьынкъым, – жаIащ, – уэркъыжьым дегъэбзэджэкI: и дыщэр фIэдгъэхь.

– Дауэ зэрыфIэтхьынур?

– Дыщэр щIыунэм илъщ. ТIум я зыр щIыунэм дихьэнщ, дыщэр пхъуантэм къыдэткIутэнщи – макIуэ-мэлъей!

– Хэт щIыунэм ихьэнур?

– Пхъэидзэ тщIынщ, – жари пхъэидзэ ящIащ, зи пхъэ къикIар щIыунэм ихьащ, кIапсэ ирадзыхри. Зы пхъуанти здрихьэхащ.

– Дыщэр пхъуантэм къыдэкIутэ, – жиIащ адрейм. – Дыщэр къысIэрыбгъэхьэмэ, пхъуантэр нездзыхыжынщи, щIыунэм укъисхыжынщ.

ЩIыунэм ихьам дыщэр пхъуантэм къыдикIутащ, езыри къыдэтIысхьэжащ.

– Дыщэр них, пхъуантэр къедзыхыжи, сэри сынихыж щIыунэм, – къегуоуащ щIыунэм исыр. Модрейр, пхъуантэр щIыунэм кърихыжщ, и дамэм тригъэувэри, щIэпхъуэжащ, кIуэм-лъэурэ, мэзым хыхьауэ, ешати, пхъуантэр иригъэувэхащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри псафэ IукIащ. Ар псафэ къэтыху, пхъуантэм дэсыр къыдэкIыжащ, пхъуантэр и дамэм тригъэувэри кIэбгъу зищIыжащ. Псафэ кIуам къигъэзэжмэ – пхъуантэр бзэхащ: къыгурыIуащ и гъусэр къызэребзэджэкIар.

– Жыжьэ укIуэн! – жери щIалэм дыщэр зыхьым къыпижыхьащ, зы бжэгъу пиупщIри къыпэтIысащ.

Сыт ящIэжынт: пхъуантэр зэпаубыдри ежьэжащ, жэщ къатехъуауэ я жылэ дыхьэжащ.

– Дыщэр ныжэбэ тхуэгуэшынкъым, – жиIащ щIалэ бзаджитIым я зым. – Зы махуэ-махуитIкIэ дызэIугъэплъ, къыткIэлъыпхъэраIа хъунщ, къыткIэлъыпхъэрар ткIэрыхужмэ, дыщэр дгуэшынщ.

– Содэ ари, – арэзы хъуащ адрейр. – Дыщэр уи анэмэтщ.

КъакIэлъыпхъэрар якIэрыхужри, дыщэр ягуэшын хуейти, щIалэм къытригъэзащ, модрейр къыщыпемыжьэм, щIэупщIащ:

– Дэнэ кIуа си ныбжьэгъужьыр?

– Уи ныбжьэгъур щыIэжкъым, лIэри щIэтлъхьэжащ, – къыжраIащ.

– Ар дауэ ухъут, – яхуэгузэващ щIалэр. – И хьэдрыхэ нэху ухъу. Кхъэм сыдыхьэнщи, и кхъащхьэ зэзгъэлъагъунщ, – жери пщIантIэм дэкIыжащ, гуу макъ зищIри кхъэм дыхьащ. Уэркъыжьым и гуур къыкIэлъыса къыфIэщIащ модрейм, чы къуэрагъ къищтэри къыпэувващ, кхъэм зыдигъэпщкIуауэ дэсти.

– Дыщэр дгуэшрэ? – жиIащ гуу макъ зызыщIам.

– Дгуэшынщ: нэгъуэщI сыт къытхуэнэжрэ?

Зыр зым зэремыбзэджэкIыфынур къагурыIуэжри, щIалэ бзаджитIым пщым и дыщэр зэхуагуэшащ.

# ПСЭМ НЭХЪРЭ НЭХЪАПЭР

Зыпщ зекӀуэ ежьащ, шу гъусэ зыщӀигъури. ЗекӀуэ ежьэри кӀуэдащ – и хъыбар къэӀужакъым. Жылэр гузэвэнтэкъэ: лърагъэжьащ – дунейм яхутехакъым. Зыбжанэ дэкӀауэ, зы шу къахуепсыхащ, жыжьэ къикӀри.

– Фи пщыр ди гъэрщ, – къажриӀащ шум. – ЩхьэщэхужыпщӀэ къыдэвмытауэ фэттыжынукъым. Къыдэвтынур дыщэщ.

Ар къажриӀэри, шур яхэкӀыжащ. Пщыр ирагъэукӀынт: щхьэщэхужыпщӀэ зэхадзэри, зы гуп ирагъэжьащ. Гъуэгур кӀыхьти, жэщ къащытехъуэм, гупыр епсыхащ. Дыщэр зыӀыгъ щӀалэм шыр хигъэпщ зищӀри, дыщэр Ӏуащхьэ лъабжьэм щыщӀитӀащ.

Нэху щыри, гупыр ежьэжащ, шэджагъуэ хъуху гъуэгу тетауэ епсыхащ. Дыщэр зыгъэпщкӀуа щӀалэм уанэр щытрихым къэщта нэпцӀ зищӀащ:

– Дыщэр згъэкӀуэдащ: лъатэпсыр зэрыжри дыщэр скӀэрыхуащ. СывукӀми, схуэфащэщ.

Сыт ящӀэжынт гупым: щӀалэр букӀкӀэ дыщэр бгъуэтыжын? ТебгъазэкӀи дыщэр дэнэ къипхыжын: гъуэгум щыпкӀэрыхуамэ, упыкӀащ.

– ЛӀо тщӀэнур? – гузэвэгъуэ хэхуащ гупыр. – Пщыр къаӀэщӀэдмыхыжауэ дгъэзэж хъунукъым.

– Дгъэзэжынкъым,– жиӀащ дыщэр щӀэзытӀа щӀалэм. – Дыщэр щыдимыӀэжкӀэ, бзаджагъэ дахуекӀуэнщ...

ЗэрыгъэӀущри, гупыр ежьэжащ, я пщыр зыубыдам я деж нэсри хъыбар ирагъэщӀащ: «ЩхьэщэхужыпщӀэ къэтхьащ, фыкъакӀуи, дызэвгъэпсалъэ».

ЛӀитӀ къагъэкӀуащ, щхьэщэхужыпщӀэмкӀэ зэгурыӀуэн хуейти. ЛӀитӀыр яубыдащ гупым. А тӀур щыгувэм, нэгъуэщӀ лӀитӀи къыкӀэлъагъэкӀуащ: «Щхьэ загъэгувэрэ?» – жари. А тӀури яубыдащ гупым. Ӏуэхур зытетыр модрейхэм дэнэ щащӀэнт: аргуэру лӀитӀ къагъэкӀуащ – а тӀури яубыдащ. ИтӀанэ хъыбар ирагъэщӀащ: «Ди пщым лӀибл щӀыгъущ, фи лӀий ди ӀэмыщӀэ къихуащ. Пщымрэ пщым и шу гъусэхэмрэ къыдэвмытыжмэ, лӀийри дукӀынущ». Ӏэмал яӀэжтэкъым: пщыр къратыжри, гупыр къежьэжащ. Я гъусэ щӀалэм дыщэр щыщӀитӀа Ӏуащхьэм къэсыжауэ, гупыр епсыхащ. Дыщэр къыщӀитӀыкӀыжри, щӀалэм жиӀащ:

– Дыщэр згъэкӀуэдакъым. Дыщэр мы Ӏуащхьэм деж щыщӀэстӀат. Ди пщым и щхьэ къэтщэхужын къезгъэкӀуакъым – аращ дыщэр щӀыщӀэстӀар. «Абы дынэса дэ? – жысӀащ. – АфӀэкӀа лӀыгъэ тхэлъыжкъэ?» Ди пщым и щхьэ къэтщэхужауэ зэхэзыхым сыт къытхужаӀэнт? Дыщэр згъэкӀуэдауэ щыжысӀэм сывукӀынкӀэ хъуну зэрыщытари сщӀэрт сэ, сывукӀакӀи емыкӀу фиӀэтэкъым. Си псэ себлэнутэкъым: псэм нэхърэ нэлъ лъапӀэщ напэр – аращ сэ сызэплъар.

Дыщэр къыздахьыжри, гупыр я жылэ дыхьэжащ, я напэ мыулъияуэ.

# ЛӀЫЖЬ ЦӀЫКӀУМРЭ ПЩЫМРЭ

Зы жылэ лӀыжь цӀыкӀу дэсти, тхьэмыщкӀэ дыдэт, унэ нэщӀым щӀэс фӀэкӀа, бгъэдэлъ щыӀэтэкъым.

– Ӏэхъуэу тхуежьэ, – къыжраӀащ лӀыжь цӀыкӀум, – Ӏэхъуэу утхуежьэмэ, удгъэмэжэлӀэнкъым.

Iэхъуэу ежьэри, пщыхьэщхьэм къыщыдыхьэжкIэ зыгуэр кърат хъуащ лIыжь цIыкIум – шхын щыщIэжакъым. Шхын щымыщIэмэ, лIыжь цIыкIур нэхъыбэ хуейт? ЕкIуэкIыурэ, пщыхьэщхьэ гуэрым къыдыхьэжауэ, и Iэнэм махъсымэ кхъуэщын тету, зы мэжаджи телъу кърихьэлIэжащ лIыжь цIыкIур. Махъсымэ кхъуэщыныр мэжаджэм дрифащ. Iэнэм тригъэувэжа къудейуэ, кхъуэщыным махъсымэр из хъужащ, зы мэжаджи къытехутэжащ Iэнэм...

Пщэдджыжьым махъсымэр мэжаджэм дрифри, къуажэ Iэщыр дихуащ лIыжь цIыкIум, пщыхьэщхьэм къыдыхьэжмэ – кхъуэщыным махъсымэр изщ, зы мэжаджи телъщ Iэнэм. «Тхьэм и нэфI къысщыхуащ», – жери лIыжь цIыкIур гуфIащ. Iэхъуэныр щыпичащ абдеж: «Махъсымэрэ мэжаджэрэ сыщыщIэнукъым – сыт щхьэкIэ сыIэхъуэн?» – жери, Iэхъуэ башыр жылэм ялъридзэжащ.

– Ар хъункъым, – жаIащ жылэм, – гъэр нэсакъым, хэт дгъэIэхъуэнур?

– Хэти вгъэIэхъуэ. Сэ сшхын согъуэт, афIэкIа сыфхуэIэхъуэжынукъым, – жери махъсымэмрэ мэжаджэмрэ я гугъу къахуищIащ лIыжь цIыкIум. – Тхьэм и нэфI къысщыхуащ.

«Сыт тщIэнур?» – жари зэчэнджэщыжащ жылэр.

– ТщIэнуращ, – жаIащ, – пщым бзэгу хуэтхьынщ. Кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ пщым трихмэ, сыт ищIэжын, итIанэ тхуэIэхъуэнкъэ?

Пщым бзэгу хуахьащ.

– Ди Iэхъуэм тхьэр къыхуэупсащ, – жари кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ я гугъу хуащIащ пщым. – Уэ къыпщибзыщIауэ мэтхъэж ди Iэхъуэр.

Кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ къригъэхьащ пщым, махъсымэр мэжаджэм дрифащ, Iэнэм щытригъэувэжым, махъсымэр из хъужащ кхъуэщыным, Iэнэм зы мэжаджи къытехутэжащ.

– Тхьэм и нэфI къызэрыпщыхуар си нэгу щIэкIащ, – къыжриIащ пщым. – И хъер улъагъу. Сэри сыпхуэупсэнщ, – жери витIрэ зы жэмрэ къритащ лIыжь цIыкIум. Къритри къыиутIыпщыжащ. Кхъуэщынри къритыжащ.

ВитIыр щIищIэри, лIыжь цIыкIур мэкъушэ кIуащ. МэкъупIэм зы дыщэ джэдыкIэ къыщигъуэтащ.

ЛIыжь цIыкIум дыщэ джэдыкIэ къызэригъуэтар жылэм къащIащ, кIуэри пщым бзэгу хуахьащ:

– Ди Iэхъуэм дыщэ джэдыкIэ къигъуэтащ.

ЛIыжь цIыкIум еджэри, дыщэ джэдыкIэр иригъэхьащ пщым.

– Тхьэм и нэфI къыпщыхуащ, дыщэ джэдыкIэм и хъер улъагъу, – къыжриIащ пщым. – Сэри сыпхуэупсэнщ. – Къыхуэупсэри къыиутIыпщыжащ.

Абы и ужькIи жылэм яхуэIэхъуэн идакъым лIыжь цIыкIум. Щимыдэм, пщым бзэгу хуахьащ:

– ЛIыжь цIыкIур къобзэджэкIащ: шылэ джэд зэриIэр къыпщибзыщIащ – дыщэ джэдыкIэр къэзыкIэцIыр шылэ джэдыращ.

ЛIыжь цIыкIур кърригъэшэри, пщым жиIащ:

– Шылэ джэдыр къысхуэхьи, сыгъэлъагъу.

Шылэ джэд дэнэ кърихынт лIыжь цIыкIум: дыщэ джэдыкIэр мэкъупIэм къыщигъуэтат.

Ху Iэбжьыб и жыпым ирикIутэри, лIыжь цIыкIур мэкъупIэм ихьащ, хур ипхъри езыр мэкъум хэтIысхьащ.

ЛIыжь цIыкIур мэкъум здыхэсым, шылэ джэдыр къэлъэтащ, хур ищыпрэ пэт, епхъуэри шылэ джэдыр къиубыдащ. Шылэ джэдыр пщым хуихьащ.

– Тхьэр къыпхуэупсащ, – къыжриIащ пщым. – Шылэ джэдым и хъер улъагъу. Сэри сыпхуэупсэнущ: сыткIи къызэлъэIу.

– СызэрынолъэIунуращ, – жиIащ лIыжь цIыкIум. – Жылэм я жьэр егъэубыд: фыгъуэр зыхегъэн, бзэгу къыпхуэзыхь зумыгъэкIуалIэ. Я жьэр яубыдмэ, сахуэIэхъуэнщ.

Пщым фIэкIынт жылэр: бзэгу яхьыжакъым абы и ужькIэ. Бзэгу щамыхьыжым, лIыжь цIыкIур Iэхъуэу ежьэжащ.

# ЛIЫМ И КIУАПIЭ И КIУЭДЫЖЫПIЭЩ

ЗылI жьы хъури тIысыжащ. ТIысыжа щхьэкIэ, унэм изэшыхь хъуащ.

– Зэ сежьэжынщи, дунейм щыхъумрэ щыщIэмрэ зэзгъэлъагъунщ, – жери и шым уанэ трилъхьащ лIым, гъуси ищIакъым, шэсри зекIуэ ежьащ.

ЩифIыгъуэм зекIуэ ежьамэ, ТэнкIэ игъазэ и хабзэти, ТэнкIэ иунэтIащ лIым.

Тэни нэсщ, къызэринэкIри Тэн адрыщI ихьауэ, бжьыхьэ къытехъуащ.

ЛIым и гум зекIуэнкIэ зимыгъэнщIауэ, бжьыхьэр икIри щIымахуэр къыкIэлъысащ, шыцуэс къесын щIидзэри губгъуэ нэщIым ириубыдащ. Шыцуэс къесмэ, узэрысым уимыкI жыхуаIэрати, губгъуэм къыщинэм, пщыIэ хисэри гъатхэм пэплъэн мурад ищIащ лIым. 

ЩIымахуэр кIыхь хъури, лIым и гъуэмылэр къыIэщIэухащ, и гъуэмылэр къыщыIэщIэухэм, и шыр иукIыжащ, уэсыр къесурэ пщыIэм щIиубыдащ, жьыр фийуэ къыщхьэщыуващ, дунейкъутэжщи, пщыIэм къыщIэкIи къыщIэплъи хъуркъым.

Гъатхэр къыхуэгъэсакъым лIым: Тэн адрыщI щIыIэм щриукIыхьащ.

«ЛIым и кIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ» жаIащ, Тэн губгъуэ икIуэда лIым и хъыбар щызэхахым.

# НАРТХЭ Я ЛIЭУЖЬ

Нартхэ я хъыбар щызэхихым, зылI ежьащ:

– Мыпхуэдизрэ зи хъыбар зэхэтхым сахыхьэнщи, зэзгъэлъагъунщ, – жери.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, лIыр физитI ирихьэлIащ.

– Мы шу цIыкIур дэнэ къикIа? – ягъэщIэгъуащ физитIым, зыр Iэбэри лIы цIыкIур уанэгум кърихащ, адрейм лIы цIыкIум и шыр иубыдри, лIы цIыкIури шыри я унэ къахьащ.

– Фриджэгу, – жари пщIантIэм дэт щIалэ цIыкIухэм лIы цIыкIумрэ шымрэ иратащ.

ЩIалэ цIыкIухэр лIымрэ шымрэ зыбжанэрэ ириджэгуауэ, унэм зы лIыжь набгъэ исти, щIалэ цIыкIухэм я дыхьэшх макъыр зэхихащ.

– Сыт ар? – жери щIэупщIащ лIыжьыр.

– Гъуэгум зы шу цӀыкӀу щрихьэлӀати, уи ныситӀым къахьащ, – жраӀащ тхьэмадэм. – ЩӀалэ цӀыкӀухэр ироджэгу.

– Ар хъурэ? – шхыдащ лӀыжьыр. – ХьэщӀэр джэгупӀэ ящӀ хабзэ? Хэт щыщми, хьэщӀэщ. Унэм къифшэ.

ЛӀы цӀыкӀур тхьэмадэм деж ирашащ.

– Сынабгъэщи, услъагъуркъым: уцӀыкӀур пэж?

– ФэркӀэ сыцӀыкӀущ, сыкъыздикӀакӀэ сыаслъэнщ.

– Мыр вгъэхьэщӀи, футӀыпщыж, – унафэ ищӀащ тхьэмадэм.

ЛӀы цӀыкӀур ягъэхьэщӀэри яутӀыпщыжащ. Я деж щынэсыжым, къеупщӀащ:

– Плъэгъуа нарт?

– Слъэгъуащ, – жиӀащ лӀым. – Нартым деплъытмэ, дэ бадзэ дыхуэдизщ.

– Сэри сыкӀуэнщи, зээгъэлъагъунщ, – жери нэгъуэщӀ зыи къэшэсащ.

Нартхэ я мэшыпкъэм къэсауэ, шур фызитӀ ирихьэлӀащ.

– Мыр зэрышу цӀыкӀу! – жари ягъэщӀэгъуащ фызитӀым.

Зыр Ӏэбащ, шур уанэгум кърихыну. Шур щӀопщкӀэ къыхуилъри, фызыр къыӀуигъэкӀуэтащ, къыщӀэгубжьэри фызитӀри мэшыпкъэм къыхихуащ.

ФызитӀыр щтауэ унэм ихьэжащ:

– Зы шу дрихьэлӀати, мафӀэр къыӀуролъэлъ, – жари. – И шыфэлӀыфэкӀэ нартщ жыпӀэнкъым, къыздикӀар тхьэм ищӀэнщ.

– Фыпежьи, къевгъэблагъэ, – жиӀащ тхьэмадэм.

Шум пежьэри, кърагъэблэгъащ.

– УкъыздикӀамкӀэ сыт ущилӀыгъэ? – еупщӀащ тхьэмадэр хьэщӀэм.

– СыкъыздикӀам сэ нэхъ гуащӀэмащӀэ искъым, – жиӀащ хьэщӀэм.

– Уэ нэхъ гуащӀэмащӀэ зыхэмытыр гъунэгъу къытхуэхъуамэ, лъыфӀыгъуэ дызэримыгъахуэурэ дызэрыухынущ, – жиӀащ нарт тхьэмадэм.

Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъури, нартым я ужь адыгэр къинащ. Адыгэр нартым я лӀэужьщ щӀыжаӀэр аращ.

## Адыгэ хэхэс литературэ

*Новеллэхэр* МЫХЬМУД Теймур

# ПСЭЖЬ



1894–1973

Тэвэдуд фцIыхурэ? ФымыцIыхумэ, фызыхэкIыжа щыIэкъым. «ТцIыхуащэрэт», – жыфIэмэ, фыз пшэрышхуэщ, махуэр зи кIыхьагъым тутын йофэри и пэшым щIэсщ, щхьэнтэ хъурей зыщIидзауэ. НэджэIуджэщ, макъейщ, фэрэкIнапэщ, уIуплъакъэ – уигу щымыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Макъейщ жысIакъэ? Езым жиIэр нэгъуэщIщ: нэхъ макъ гуакIуэ зиIэ къамылъхуауэщ езым къызэрыщыхъур. Уэрэд къыхидзакъэ – уемыдаIуи еплъ: шэуэ къытехуэнущ. «Сэр нэхъ макъыфIэ дэнэ къипхын!» – и напщIэ телъ зэпытщ ар, и макъыр зыфIэмыдахэ унэм иригъэсынукъым. ЩIым утрихужынщ, дагъуэ хуэпщIмэ.

Мылъкушхуэ къыхуэнащ Тэвэдуд и адэр лIа нэужь. И адэм къыхуигъэнам хигъэхъуащ – абыкIэ хыхьэхэкI иIэщ. Дыщэ ахъшэр къолъэлъэх иджы – бадзэ хуэдэ хуэбэгъуащ.

ЩIы иIэщи, бэджэнду ет – абыи мащIэ къыпэкIуэн! ЩIыр зритым я фэр трех – и уасэкIэ къыуитми зыгуэртэкъэ щIыр: уаситI къыщIимыхауэ, игу зэгъэнукъым.

Мылъку зэгъэзэхуэкIэ ещIэ Тэвэдуд. Дыщэ, дыжьын хьэкъущыкъухэр и сырэм дэзми, зэрышхэр дзэху фалъэрэ дзэху тепщэчрэщ. Ишхми щосхь, пхъэщхьэмыщхьэ щишхыр ар щыпудыбзэм дежщ, псы IэфI щефэри зэзэмызэщ, IэфIыкIэкIи иригъэлейркъым.

И лIыщIэхэмрэ и унэIутхэмрэ я нэхъыбэр ирихужьэжащ Тэвэдуд, пщIантIэм къыдинар зы лIыщIэщ – хадэр зэрихьэн, унэм кIэлъыплъын щхьэкIэ. ЛIыщIэр етIысэхыгъуэ иригъахуэркъым, итIани мазэм пиастрищэщ иритыр. Гухъыринэхэри шыхэри ищэжащ, шэщыр бэджэнду етри, абыи бэджэндыпщIэ къыщIех. ПщIантIэм къыдина лIыщIэр – Сидщ жыхуэсIэр – хадэм къикIыжамэ, бэдзауэ IэнатIэм Iуувэн хуейщ: Тэвэдуд къепщIэкI бадзэр треху. Ари къехьэлъэкIыркъым Сид: пщIантIэм димыхужмэ, сытри ишэчынущ. Ишэчынущ, зэзэмызэ щхьэукъуэми. Сид ар къыщыщIмэ, Тэвэдуд зелIэж. ЗрелIэж – теужынкъэ зэ: улахуэ къретри, ари тхьэм и фIыщIэщ. Уэрамым удиутIыпщхьэжмэ, сыкъэпщIэнщ – гъэпкIауэ къэнакъэ итIанэ Сид! Аращ сытри игу щIитригъахуэр.

УнэIут хъыдзэбзитIи къринащ унэм: зыр хуопщафIэ, зыр Iэпыдзлъэпыдзщ. УнэIут хъыджэбзитIыр шэджагъуашхэ щыздигъашхи къохъу Тэвэдуд, ауэ пщыхьэщхьэм

зыбгъэдигъэтIысхьэркъым. Езыми ишх щыIэкъым пщыхьэщхьэм: шху Iэгубжьэ ирефри мэгъуэлъыж. «Си шхалъэр къызозауэри, нэхъыбэ сшхы хъунукъым», – яжреIэ цIыхум. УнэIутхэм ящIэркъэ: Тэвэдуд пщыхьэщхьэшхэ щIэмышхэр нэпсейщи аращ, – нэгъуэщIым къыхихыркъым, и шхалъи къезауэркъым.

Тэвэдуд унэм щикIыр зэзэмызэщ – и хэгъэрейхэм я деж лъагъунлъагъу щыкIуэкIэщ. Мазэм зэ ежьэнци, тхьэмахуэкIэ къиджэдыхьынщ, зэ зым, зэ нэгъуэщIым деж щыхьэщIэурэ. ХьэщIапIэ ихьакъэ – и шхалъэр къызэрезауэр щогъупщэж: Iэнэм къытралъхьэр егъэкIуэщI – дзэкъэгъуэ къытринэнукъым. Iэнэм пхъэщхьэмыщхьэ къытралъхьэми, псы IэфI къытрагъэувэми, ари дегъакIуэ – гъаблэгу ищтащ жыпIэнщ, хьэщIапIэ ихьауэ Iэнэм пэрытIысхьамэ. Къэкъеижыху шхамэ, пшынэ едэIуэнущ, езыри дежьууэ, – ар и хьэл мыгъуэжьщ, зыхилъхьэ щыIэкъым.

– Сыт къыпхэхъуэрэ? – жаIэрэ къеупщIамэ, зегъэтхьэмыщкIафэ:

– Къысхэхъуэр сIэщIагъэкIыж. Къысхэхъуэ щыIэ! Къоижынур мащIэ! ГущIэгъу зиIэ щыIэжкъым. Псори лъапIэ хъуакъэ абы нэхъей! Алыхьырщ. Алыхьым нэмыщI, дызыщыгугъын диIэкъым.

Тэвэдуд благъэ жыжьэ гуэр иIэщ, АбдурэзакъкIэ еджэу. Тыкуэным Iэпыдзлъэпыдзу щIэтщи, мазэм фунтитI къудейщ щIалэ тхьэмыщкIэм къилэжьыр. Абдурэзакъ и фызыр уэндэгъушхуэт. Абыи еплъакъым тыкуэныр зейр: ягу къебгъауэ къыжраIэри, тыкуэным къыщIахужащ Абдурэзакъ. Сабийр дунейм къытехьэмэ жери, ахъшэ тIэкIу дидзыхауэ иIэти, тхьэмахуитI-щым IэщIэшхыхьыжащ – жыжьэ унихьэсынт! ЗиукIыжыным нэсат Абдурэзакъ, и физ уэндэгъур игу къемыуатэмэ. Сыт ищIэнт щIалэм: физ лъэщыджэр унэ нэщIым къыщIэбнэнт?

– Тэвэдуд деж сыкIуэнщи, щIыхуэ къеIысхынщ, – игу къэкIащ Абдурэзакъ. КIуэри, бжэм теуIуащ. И нэм щIэIуэтыхьурэ, бжэр лIыщIэм – Сид – къыIуихащ.

– Сытым укъытхуихьа? – къеупщIац лIыщIэр.

Абдурэзакъ, и нэпсым къызэпижыхьауэ, «къэзыхьар» жиIащ. Игу щIэгъури, Сид щIалэр унэм щIишащ, жыхафэгум тригъэтIысхьэри езыр унэIут хъыджэбзхэр зыщIэс пэшым и бжэм бгъэдыхьащ, зигъэпсчэуIури и Iэгур зэтригъэуащ. Заул дэкIауэ, унэIут хъыджэбзитIым я зым бжэр къыIуихащ.

– Гуащэм и благъэ къэкIуащ, – жиIащ Сид. – Абдурэзакъ.

Тэвэдуд, щхьэнтэм здытесым, щхьэукъуэрт асыхьэтым. Къагъэушын дзыхь ящIакъым. Къэбгъэуш хъурэ: пщIыхьэпIэ илъагъумэ-щэ!

Сыхьэт ныкъуэ дэкIащ. Сыхьэт дэкIащ. Абдурэзакъ хуэхыжакъым: Сид и лъыхъуакIуэ ежьащ, къэтэджри. ЛIыщIэр Тэвэдуд зыщIэс пэшым и бжэм Iуст, щхьэукъуауэ. Абыи еплъыжакъым Абдурэзакъ, хуэшэчыжакъым: бжэр Iуихри и благъэ физым деж щIыхьащ. ЩIыхьэри еджащ. Тэвэдуд къаскIэри къызэщыуащ.

ЩIалэр къыщицIыхужым, къыщыгуфIыкIауэ фэ зытригъэуащ Тэвэдуд, зыбгъэдишэщ, зыбгъэдигъэтIысхьэри, и IэгуитIыр зэтригъэуащ: «Къэхьэуэ!» жыхуиIэт. Абдурэзакъ идакъым: «СопIащIэ», – жери. Къыщиудын къудейщ, бэлыхь зэрыхэхуар жриIащ, щIыхуэ щхьэкIэ елъэIуащ.

– Згъэгувэнкъым, лэжьэн зэрыщIэздзэж нэхъ пIалъэ къыхэзгъэкIынкъым.

Къэумэзэхри, Тэвэдуд гупсысэм хэхуащ. Гупсысэр щхьэщыужа нэужь, Тэвэдуд къыпыгуфIыкIащ. Абдурэзакъ и гур къихьэжащ, Тэвэдуд къыщыпыгуфIыкIым.

– Уи анэм пэсщI благъэ сиIакъым, си шыпхъу дыдэми пэсщIынутэкъым. Уэ пхуэзмыщIэн щыIэ сэ! ИтIани сыкъыболъагъу: сызэтехуащ, къысхуэнэжа щыIэкъым... ЦIыхур бзаджэ хъуащ, узэплъэкIмэ, уи щхьэр фIашхыкIынущ... Къызэмыфыгъуэ дунейм тет? Фыгъуэнэдымрэ къызэижымрэ сашхащ... ИтIани, уи гузэвэгъуэ къыщызэпхьэлIакIэ, узгъэщIэхъун!

Уэншэку щIагъым бохъшэжь къыщIихри заулрэ дэпщIэпщIыхьащ Тэвэдуд. Иужьым ахъшэ жыгъей къыIэрыхьащ, хъурыщитху хъууэ. Ахъшэ жыгъейр щIалэм къыIэщIилъхьащ. И Iэгум кърalъхьа ахъшэ жыгъейм щыIуплъэм, Абдурэзакъ и фэр зэкIуэкIащ. Уепыджамэ, лъы ткIуэпс къыщIэкIынтэкъым щIалэм! IэлфIыцIэ къэхъуащ Абдурэзакъ.

– Хъурыщитху! Зы щай фIыцIэжь! Аракъэ и кIэри и пэри! Сабий дызэрыпэплъэр бжесIащ – ара уигу пыкIар? Банкым фунт мин плIыщI хэплъхьащ, зы фунт уигу пыкIакъым сабийм щхьэкIэ! Уи хъурыщитхум я хъер улъагъу! – жери щIалэм ахъшэр хыфIихуащ. ХыфIихуэщ, къыщылъэтри пэшым къыщIэжыжащ, и кIэр пач жыпIэну.

Абдурэзакъ бжэр къызэрыридзылIэж нэхъ пIалъэ къыхигъэкIакъым Тэвэдуд: нэгъуджэр зыIуигъэсри унэ лъэгум итIысхьащ. ХьэлъакъуиплI зищIауэ, унэ лъэгур къепщыхь, ахъшэ жыгъейм мэлъыхъуэ. ЩIэх игъуэтыжакъым ахъшэ жыгъейр – сыхьэт ныкъуэ дэкIа нэужьщ, пщIэнтIэпсыр къекIуарэ бауэбапщэу. Ахъшэ жыгъейр бохъшэм дигъэзэгъэжри, Тэвэдуд жыхафэгум хьэмбыIуу тетIысхьащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри и нэр щIригъэлъэфащ:

– МащIэр фIыщIэ зымыщIым хуэпщIэр псыхэкIуадэщ...

## ЗЕКIУЭЛI

Ал-Азхарыр зыдэт хьэблэм щопсэу Мухьэмэд Наджибэч Абдэлахь. И анэри къыбгъэдэсщ, унэIут зыбжани иIэщ. ЖыпIэнуракъэ, хуэщIауэ мэпсэу: фунтищэ хуэдиз къыхохъуэ мазэм – щIэтхьэусыхэн щыIэкъым. Илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъами, и пащIэ-жьакIэм тхъугъэ хидза къудейщ. И щыгъынкIи дэбгъуэн щыIэкъым – цIыхум яхогъуащэ.



5 Заказ №126

ПэщӀэдзэ еджапӀэ къиухащ Мухьэмэд, къызэриухам щыхьэт техъуэ тхылъыр игъэкӀуэдащ армыхъу. ИужькӀи тӀэкӀу хэджыхьыжащ, зыхунэсыща щымыӀэми. Езыми ещӀэ и щӀэныгъэр къызэремэщӀэкӀыр – и ныбжьыр илъэс плӀыщӀым щынэсам къыгурыӀуэжащ ар. «Уеджэнумэ, кӀасэкъым», – жери тхылъыр къищтэжащ. Уригъэджэфынукъэ Мабрукъ ал-Хъизамий: тӀысыжами, щӀэныгъэлӀщ, профессорщ. ПщӀэ ептмэ, къогугъунущ. Шэрихьэтымрэ тарикъэтымрэ нэхъ кууиэ хэгъуазэмэ, и жагъуэтэкъым Мухьэмэд – ар иджын мурад ищӀри, профессор лӀыжьыр пщӀэкӀэ къищтащ.

Егугъуа щхьэкӀэ, Мухьэмэд и щхьэм ихьар мащӀэщ: щӀэныгъэ куэдыщэ зэрымыхьэ щхьэ хъунт тхьэр къызэрыхуэупсар. Зэрегугъур ялъагъурти, Мухьэмэд къэзыцӀыхухэм «щӀэныгъэлӀ» къыфӀащащ – ари игу ирихьащ. Ал-Азхарми кӀуэрей хъуащ: щӀэныгъэлӀым и фэ къытеуэнкъэ, нэгъуэщӀ мыхъуми!

Пасэрей зекӀуэлӀхэм я хъыбарт Мухьэмэд дэзыхьэхыпар: апхуэдэ хъыбар зэрыт тхылъ ирихьэлӀамэ, блэкӀыртэкъым. Пасэрей зекӀуэлӀхэм я хъыбар зэрыт тхылъ куэди зэхуихьэсауэ и унэ илът. Махуэ къэс, шэджагъуэ нэужьым, тхылъ зыщащэ тыкуэным кӀуэрт. Тыкуэныр зейр университетым къыщӀэкӀыжа гуэрт – зэремыджэфым щхьэкӀэ.

А тыкуэным щигъакӀуэ зэманыр гъащӀэм хибжэртэкъым Мухьэмэд – и гур апхуэдизкӀэ кӀэрыпщӀати. Тыкуэным тхылъ Ӏэджи щащэрт – зыр тедзауэ, зыр Ӏэрытхыу. Сабэм щӀигъэнэжауэ дапхъэм телът тхылъхэр, зэхэзэрыхьыжауэ.

Мухьэмэд, тыкуэным щыщӀыхьэкӀэ, и щхьэр игъэкӀырт, и дамэр хишырт, сабэри къыфӀэӀуэхужыртэкъым. Тыкуэныр зейр, Сэлам, къыпежьэрти, щӀишэрт, къеубзэу, къытелъэщӀыхьу.

– Къеблагъэ, зиусхьэн! Къеблагъэ!

– Уи Ӏуэху сытым тет, Сэлам? – Мухьэмэди щыгуфӀыкӀырт тыкуэнтетым, етӀысэхыурэ.

Тыкуэнтетым и дзэлыфэр етӀ:

– Тхьэм и шыкурщ! Тхьэм и шыкурщ! – Мухьэмэд жьантӀэм дешэри алэрыбгъу укъуеям трегъэтӀысхьэ, щхьэнтэ щӀедзри.

Алэрыбгъум зытригъэзэгъа нэужь, и лъакъуэр зыщӀеупщӀэри, Мухьэмэд къыдоплъей:

– Къэхьэуэ Ӏэгубжьэрэ псы щӀыӀэрэ къысхуегъэхь, Сэлам.

Тыкуэнтетыр абы есэжащ: илъэситху хъуащи – щыхуабэвэхи щыуэлбани – абы текӀыркъым Мухьэмэд. Къэхьэуэмрэ псымрэ къыхуахь. Мухьэмэд гу лъитэххэркъым къэхьэуэм фошыгъу хэдзами хэмыдзами, псым мыл хэлъми хэмылъми.

ИтӀанэ, зегъэпсчэуӀури, тхылъым щӀоупщӀэ – аращ Мухьэмэд и псалъэ етӀуанэр.

Тыкуэнтетым тхылъищ къытрех дапхъэм: «Жэщ минрэ зырэ», «Ибн Батутэ и зекӀуэр», «Хиндустаным и хъугъуэфӀыгъуэхэр». НэгъуэщӀ еджакъым Мухьэмэд. Къэхьэуэм е псым здыхэфым,

и вакъэр зылъехри, тхылъым еджэн щIедзэ. Здеджэм, и щхьэр егъэкIэрахъуэ:

– Телъыджэщ. Си гум къишхыдыкIа хуэдэщ! ИгъащIэм хэт еджа мыпхуэдэ тхылъ!

А тхылъищым фIэкIа дунейм тетрэ темытрэ ищIэркъым Мухьэмэд. Хьэуэ, ищIэ хъунщ, ауэ нэгъуэщI еджакъым. Еджэ пэтми, защигъэнщIыркъым щыми.

ТыкуэнымкIэ блэкIа сохъустэхэм тыкуэнтетым сэлам кърах, я Iэр къыхуащI. Сохъустэхэм сэлам зрахыр езырауэ къыфIощIри, Мухьэмэд алэрыбгъум зыкъытреIэтыкI, сохъустэхэм ящогуфIыкI.

Тыкуэным зэзэмызэ къыщIохьэ Бистависи – абыи зегъэщIэныгъэлI, тхылъым пищI щымыIэу жеIэ. И къулыкъури сыт жыIэт – тхылъ третхыкI! Ара хъунщ и нитIыр щIэплъыжьыр. Илъэс плIыщIрэ тхурэ фIэкI мыхъуарэ пэт, Бистависи Iэпэлъапэсысщ. ТIыгур гуэрщ, зэхэуфIеяуэ фIэкI плъагъунукъым – уи гур бгъэдыхьэркъым. Щыщ имыщIэ пэтрэ, псэлъэгъу къыпхуэхъуамэ, зыхимыщIыкI щымыIэу зыкъыпщигъэхъунущ. ПщIэ къратмэ, тхылъ гъуэтыгъуейхэр третхыкI Бистависи, Мухьэмэди зэрэ-тIэурэ хутритхыкIащ. ЗекIуэлI хъыбар жыпIэмэ, апхуэдэ тхылъ щхьэкIэ ахъшэм еблэнукъым Мухьэмэд. Модрейми ар ещIэри, аращ щIеубзэри, и Iуфэлъафэр къыщIижыхьри.

Тыкуэным къыщIыхьэнщи, Мухьэмэд бгъэдэтIысхьэнщ, зи щхьэфэ имыIэби къигъанэркъым – дунейм щыхъыбарми, цIыхур нэмысыншэ зэрыхъуами, бэзэрым щызекIуэ уаси: уи къэвэбжэр зэIупхамэ, узытепсэлъыхьын бгъуэтынкъэ!

Зэгуэрым тыкуэным къыщIыхьэри, зэрихабзэти, Мухьэмэд зыбгъуригъэхуащ Бистависи, сурэтрэ тхыпхъэщIыпхъэкIэ гъэщIэрэщIа тхылъ гуэр ирихьэлIауэ жриIащ.

– Хъурыщэ щитху и уасэщ, – жиIащ Бистависи.

Мухьэмэд и нэр къригъэжащ:

– Хъурыщэ щитхуи! Ар ахъшэшхуэщ.

И Iэщхьэ фIеймкIэ пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIащ Бистависи.

– Тхылъыр зейращ уасэ хуэзыщIар. КIэригъэхумэ, сеплъынщ. КIэригъэхун си гугъэщ.

– Къысхуэхьи, сегъэплъ тхылъым.

– Пщэдей нэхъ пIалъэ къыхэзгъэкIынкъым.

Синдбад и хъыбар зэрыт тхылъым щэ никъуэрэ еджагъэнт Мухьэмэд, иджыпстуи и куэщI илъыр а тхылъырат – еджэ пэтми, гу щихуэркъым.

– Хъыбар телъыджэщ! Телъыджащэщ! – зэчыр жиIэ хуэдэ, псалъэр зэпеш Мухьэмэд.

Бистависи къыдожьу:

– Телъыджащэщ! Хъыбар телъыджэщ!

Бистависи хуеплъэкIри, Мухьэмэд хэщэтыкIащ:

– Дуней илъэгъуакъэ Синдбад! Бетэмал, апхуэдэ гуэр слъэгъуащэрэт сэри! Сыт и уасэт хым утету къэпкIухьыныр! Iэджэ плъа-

гъунут, Іэджэ! ХытІыгу мащІи урихьэлІэнт, джей мащІи плъагъунт!

– ЗекІуэ уежьэн уи мурад, зиусхьэн?

– Си мурадщ, Бистависи, сызэрысабий лъандэрэ си нэ къыхуокІ. Си анэращ къыщІэзгъанэр: жьы дыдэ хъуащ, и закъуэ унэм къыщІэзнэфыркъым.

– Армыхъумэ, зекІуэ уежьэнут, зэрыжыпІэмкІэ?

– Сежьэнут. Хым сытехьэнурэ, пасэрей хьэрып зекІуэлІхэр здынэсам си лъэр нэзмыхусауэ къэзгъэзэнутэкъым. Хиндустанми Иранми сынэсынт – телъыджэр щыгъунэжкъэ Хиндустанми Иранми!

– Мурад дахэ пщІащ, тхьэм къыуигъэхъулІэ. Уи цІэр тхыдэм и бжаблэм иратхэнтэкъэ итІанэ!

– Сыт си Іэмал: си анэр жьы хъуащи, сежьэфыркъым.

Мухьэмэд, хэщэтыкІри, Синдбад и хъыбарым етІысылІэжащ...

Аращ махуэ къэси. Махуэм мазэр къыкІэлъокІуэ, мазэм илъэс къытохъуэ, Мухьэмэд ибгынэркъым Сэлам и тыкуэныр, зы махуи дигъэкІыркъым тыкуэным щІэмыхьауэ.

И ныбжьыр илъэс пщІейм щхьэдэхауэ, Мухьэмэд и анэр дунейм ехыжащ. Мухьэмэд и анэр зэрылІам и хъыбар традзащ газетхэм. ДыуэщІ къэмыкІуа къэнэжакъым: еджагъэшхуи, тхакІуи, сатуущІи, сохъустэи, гъунэгъу-жэрэгъуи. Мухьэмэд зыбжанэрэ щыгъуэн хуейтэкъэ: Сэлам и тыкуэным кІуэн пичащ, иджы ущрихьэлІэнур е и пщІантІэрт, е кхъэрат.



Мазитху хуэдэкІэ щыгъуэри, Сэлам и тыкуэным кІуащ Мухьэмэд, и пэ дэгъэзеяуэ.

– Сыт ухуэдэ, Сэлам? Сыт уи хъыбар?

Къэхьэуэрэ псы щІыІэрэ къригъэхьри, Мухьэмэд алэрыбгъу укъуеям тетІысхьащ. Зыми пимыщІ тхылъищыр и пащхьэ къиху-тащ напІэзыпІэм – еджэ пэтми, гу щихуэркъым жысІакъэ...

Бистависи къэсащ. Зэрахабзэти, я къэвэбжэр зэІуахащ. Псчэр къыхэхъыжьэри, Мухьэмэд дакъикъэ зыхыблкІэ уэршэрым хэкІын хуей хъуащ. Псчэр щхьэщыкІа нэужь, Мухьэмэд и бгъэр кърипгъэкІащ, и щхьэр ирисэри жиІащ:

– Фи жагъуэ фымыщІ, щІэх дызэрымылъагъужмэ: зекІуэ сежьэн мурад сщІащ.

Сэлдмрэ Бистависирэ зэплъыжащ:

– ЗекІуэ сожьэ жоІэ, зиусхьэн?

Сыт ар щІэбгъэщІэгъуэнур? Мухьэмэд ежьэфынукъэ зекІуэ!

– Иранми Хиндустанми сыкІуэнущ, хым сытехьэнурэ. ХытІыгухэми зыщысплъыхьынущ.

– Уи фІэщ хьэмэ укъыддэгушыІэрэ, зиусхьэн? – жиІащ Бистависи, и нэ плъыжьитІым щІэІуэтыхьри.

Мухьэмэд зигъэгусауэ фэ зытригъэуащ. И гуфІакІэм тхылъымпІэ къыдихри Сэламрэ Бистависирэ къахуигъэпІиящ:

– ГушыІэ илъ абы: мыр гъуэгу тхылъкъэ?

Заул дигъэкІри къыщІигъужащ, нэхъ теужауэ:

– Пщэдей профессор Мабрукъ ал-Хъизамий сэлам есхыжынурэ, пщэдеймыщкIэ Суэц сынэсынущ.

Мухьэмэд зэрежьэр игу къеуауэ фэ зытригъауэри, Сэлам къыхиIуащ:

– Суэц куэдрэ зыщыпIэжьэн уи гугъэ?

– Хьэуэ, зы тхьэмахуэ нэхъыбэ зыщысIэжьэнукъым. Суэц дэс еджагъэшхуэ гуэрым – шейхъ Чамилщ жыхуэсIэр – тхылъ хьэлэмэт зэриIэр къэсщIащ. Пасэрей зекIуэлIхэм къызэранэкIа тхылъщ, Иранымрэ Хиндустанымрэ кIуэ гъуэгум и хъыбар итщ тхылъым, хытIыгухэм я хъыбар ущрохьэлIэ, зэрыжаIэмкIэ. Шейхъ Чамил селъэIун си мурадщ: си хьэтыр къилъагъурэ сригъаджэмэ, тхылъыр къысщхьэпэжынут.

Бистависи и нэм щIэIуэтыххьащ, псчэуIуащ, хэщэтыкIыжри Мухьэмэд зыхуригъэзэкIащ:

– ЩIэх узэрыдмылъагъужынур дигу къоуэ, зиусхьэн. Уежьэми, гъуэгу махуэ! Куэдрэ укъэтыну?

Мухьэмэд и бгъэр нэхъри кърихъэкIащ:

– Мазэ пщыкIуийкIэ сытетынущ гъуэгу!

ЕтIуанэ махуэм Мабрукъ ал-Хъизамий деж кIуащ: «Профессорым сэлам есхыжынщ», – жери. Профессорым псалъэ гуапэ къыжриIащ, чэнджэщ кърритащ, къыдэуэршэращ.

– Гъуэгу махуэ! – жери кърихъэжьэжащ. – Тхьэм узыншэу укъихьыж!

МахуитI дэкIауэ, Бистависи тыкуэным щIыхьащ. И жьэр иущIащ, Мухьэмэд тыкуэным щыщIилъагъуэм! Алэрыбгъу укъуеям тесщ, тхылъищри и пащхьэ илъщ, зэ къэхьэуэм хоф, зэ псы щIыIэм хоф.

– Суэц унэса си гугъащ, зиусхьэн! – жиIащ Бистависи, бжэщхьэIум здытетым.

– Iуэху къыслъыкъуэкIри, тхьэмахуитIкIэ зысIэжьэн хуей хъуащ. ТхьэмахуитI дэкIмэ, «Азие» кхъухьым ситIысхьэнущ.

Абы и ужькIэ махуипщI дэкIауэ газетхэм мыпхуэдэ хъыбар традзащ:

«Гъуэгу махуэ, зекIуэлI хахуэ!

Къэралым йокI – гъуэгу жыжьэ тохьэ – щIэныгъэлI цIэрыIуэ, зекIуэлI хахуэ, дунейм и пIалъэ зыщIэ, Абдэлахь лъэпкъым я тхьэмадэ Мухьэмэд Наджибэч. Хиндустанми Иранми кIуэнущ Мухьэмэд Наджибэч, хытIыгухэри къиихутэнущ, Iэджэ зригъэлъагъун и мурадщ. И мурадыр къехъулIэмэ, зи мыгуапэ искъым ди къэралым. Узыншэу тхьэм къытхуихьыж, и гур здэплъэм и лъэр нэсауэ. Щапхъэ тефх а зекIуэлI хахуэм: зи гур щIэчэ имыIэу пабгъэ цIыху гумызагъэщ Мухьэмэд Наджибэч!»

Хиндустаным кIуэ «Азие» кхъухьыр Суэц деж IукIащ 1920 гъэм майм и 14-м.

Мазищ дэкIащ... Сэлам и тыкуэным кIуауэ, тхылъищым бгъэдэсщ Мухьэмэд Наджибэч – узэсэ сэгъейщ: еджэ пэтми, гу щихуэркъым.

– Тхылъ телъыджэщ! Телъыджащэщ!

Бистависи къыбгъурысщи, къыдожьу:

– Ауэ сытми! Ауэ сытми! Телъыджащэщ!

Мухьэмэд и щхьэр къиIэтри хэщэтыкIащ:

– Хиндустанымрэ Иранымрэ сыкIуатэми! МащIэ слъагъунт, сыкIуамэ! Си нэгуи зиужьынут, Iэджи къэсщIэнут...

– Гъуэгум зыхуэбгъэхьэзырати – щхьэ ущIегъуэжа, зиусхьэн? – къыдэплъеящ Бистависи, и нэм щIэIуэтыхьри.

Мухьэмэд щэтащ:

– Ди анэр унэ нэщIым къыщIэзнэн си гум имыдэурэ екIуэкIащ зыкъомрэ: жьы дыдэ хъуат... Иджы...

Мухьэмэд, и псалъэр зэпыури, хэплъащ. Заулрэ щыма нэужь, и щхьэр игъэсысри тхьэмыщкIафэ зытригъэуащ.

– Иджы Iуэхум сыщIигъэнащ. Бэджэндыпщ Iэр къыпхухэхынукъым, къыкIэлъумыкIухьмэ... Уи жьэр якIэрыбгъэкIмэ, лIыщIэмрэ унэIутымрэ я гур лэжьыгъэм хыхьэнукъым, зыщIрагъэхынущ. Уи щIыб яхуэбгъэзакъэ, жьауапIэм зыщIадзэнущ...

Зыкъомрэ хэплъа нэужь, къыщIигъужащ:

– ИтIани сигу ихурккъым: гува-щIэхами, Хиндустанми Иранми нэсхусынщ си лъэр! ХытIыгуми сытехьэнщи, Iэджэ къэсхутэнщ: фIыгъуэ Iэджэм ущрихьэлIэу жаIэ хытIыгухэм... Гъуэгуанэ сытемыхьауэ, сшхыр си дзажэ дыхьэнукъым. Си лъэр есхужьэнщ зэ мыхъуми зэ! Фи нэ фIыкIэ илъагъу!



## ХЬЭХЭБАСЭ

Ал-Хьэдж Шэлэбий къэхьэуэ ефапIэм къыщIэкIыжри зиукъуэдиящ. Хущхьэщ, щатэри, Умм ал-Хайр игу къэкIыжащ.

– Сылъыгъуэзэнти, – жери и хэгъэрей цIыхубзым лъыгъуэзэн мурад ищIащ Шэлэбий. Зылъыгъуэзэнур, Умм ал-Хайр, нэгъуэщI хьэблэ дэсти, гъуэгу зэпичын хуейт. Гъуэгури къехьэлъэкIакъым Шэлэбий: игу къыщыкIыжакIэ кIуэнщи, щIэупщIэнщ, дэуэршэрынщ. Хэт ищIэрэ, къыхуэупсэнкIи мэхъу Умм ал-Хайр: хыхьэхэкI зиIэ цIыхубзщ, укъигъэщIэхъунукъым...

ЛIы пшэр лъагэщ Шэлэбий, нэщхъыдзэщи, уэрамым къыщрихьэлIэм зыпыIуадз: узыIуригъэлъэдэным хуэдэщ, къыпIуплъамэ. Зыр къыщошынэ – зыпыIуедз; зыр Шэлэбий къыщыIущIэкIэ къыпогуфIыкI. Псоми ящIэ: Шэлэбий лъэхъуэщым къызэрикIыжрэ куэд щIакъым, е къыпэкIухьын хуейщ, е еубзэн хуейщ. ХьэкIэкхъуэкIэ ихъухьауэ къикIыжащ лъэхъуэщым, дыгъужьыр гъущI хъарым къикIа фIэкIа пщIэнкъым, плъэгъуамэ: узыIуригъэлъэдэн хьэзырщ. КъыуипэсынкIэ хъунур дэнэ щыпщIэн – аращ зыр къыщIеубзэр, зым зыщIыпыIуидзыр.

Умм ал-Хайр деж еблэгъэн мурад ищIамэ, унэм икIынукъым, и щыгъыным я нэхъыфIыр зыщимытIэгъауэ: хьэщIэ къихьэмэ, хьэщIэм щыгъыракъэ япэ зэплъыр! Къеплъын и мащIэкъым Умм

ал-Хайр – ари хэплъыхьауэ. Дахэ защIэщ – уи нэ къыфIэнэр къыхэх...

Умм ал-Хайр и унэм нэсри, бжэм теуIуащ Шэлэбий, зигъэпсчэуIуащ.

Бжэр къызэIужри, бжэщхьэIум илъэс пщыкIущ зи ныбжьын хъыджэбз цIыкIу къытеуващ. Хъыджэбз цIыкIум зыкъригъэцIыхури, Шэлэбий щIэупщIащ:

– Уи анэр щIэс?

– ЩIэсщ, зиусхьэн. Къеблагъэ.

Хъыджэбз цIыкIум бжэр Iуихащ, хьэщIэр унэм щIишащ.

Шэлэбий башыр плIанэпэм дигъэуващ, шэнтжьейм итIысхьэри и пащIэкIэ пиIуэнтIыкIащ.

Дакъикъэ нэхъ дэкIакъым: лъэ макъ къэIури, пэшым цIыхубз бжьыфIэшхуэ къыщIыхьащ, унэ лъэгур пхъэ вакъэкIэ игъэпсалъэу. БжьыфIэ жыпIэми, Умм ал-Хайр и ныбжьыр зэрыхэкIуэтар хущIэхъумэнт: сыти щыхуэ, нэкIу зэлъар къэбгъэщIытэжын?

Сэлам ирихри, хьэщIэм бгъэдэтIысхьащ Умм ал-Хайр.

– Дэнэ ущыкIуэда, Шэлэбий? ДызыщIэбгъэбэгащ. Сэ схуэдэ ар зращIэр? Сигу нобгъащ.

– Зы махуи дэзгъэкIакъым уи хъыбар сыщIэмыупщIэу, – жиIащ Шэлэбий. – Уи Iуэху ефIакIуэ зэпытщи, си гуапэщ. Тхьэм нэхъри уригъэфIакIуэ.

– Тхьэразэ къыпхухъу. СыбгъэгуфIащ, нобэ си унэ укъихьэри. Сыт уи хъыбар? Уи Iуэху сытым тет?

– Тхьэр къызэрыпхуэупсэнщ. СыщIэтхьэусыхэн щыIэкъым. Си IутIыжщ, кIэщIу бжесIэнщи.

ТIури заулрэ щыма нэужь, Умм ал-Хайр, игу къэкIыжа хуэдэ, жиIащ:

– Хъыджэбз хьэщIэ сиIэщ.

Ар жери, Шэлэбий нащхьэ хуищIащ. Модрейми къыгурыIуащ нащхьэм къикIыр. КъыпыгуфIыкI зищIри, Шэлэбий щIэупщIащ:

– Къасшэ хъун яхэт?

Умм ал-Хайри къыпыгуфIыкIащ:

– Уигу ирихьын яхэт къысфIощI.

– Дахэ?

– Набдзэ къурашэщ!

– Сыт и ныбжь?

– Илъэс пщыкIубл.

– Сыбгъэлъагъун?

– «Сыгъэлъагъу» жыпIэмэ, сыт хэлъ?

– Упсэуащэрэт уэ, ди шыпхъушхуэ! Уэр мыхъуамэ, си унагъуэбжэр хуэсщIыжатэкъэ – уэращ дыкъыдэзыхыжыр.

– Гъаблэгу пщтащ уэ, Шэлэбий. Зэ зыбгъэнщI хъунукъэ? – гушыIащ Умм ал-Хайр. – ФызитI уиIэщ – Джалилэрэ Закиярэ. Ирикъункъэ ар?

– Джалилэ Фахърибэч естауэ и сабийр епI. Закия лъхуэтэкъыми, изгъэкIыжащ. Си щхьэ закъуэ-си лъакъуитIщ иджыпсту.

Умм ал-Хайр и псалъэр зэблихъуащ, Шэлэбий фIэгуэныхь хъури.

– Хъыджэбз хьэщIэм уеплъынут-тIэ?

– Сеплъынт, езым идэмэ. Сыкъытреч!

– Бжэкъуагъым къуэуви, щыщIэкIкIэ хукъуэплъ.

– Хъунщ, ари содэ.

Ар зэраухылIэри, хъыджэбз «хьэщIэм» и уасэмкIэ зэгурыIуащ...

Шэлэбий Фарх къиишащ. Илъэс дэкIри, Фарх лъхуащ – хъыджэбз цIыкIу къащIэхъуащ. Хъыджэбз цIыкIур дунейм къытехьэри зыбжанэ дэкIа нэужь, Шэлэбий пэщэ гуэрым гурыIуащ: «Си фызым быдзышэ иIэщ, уи сабий быдзафэр пхуезгъэпIынщ». ПщIэкIэщ, дауи, зэрыригъэпIынур: пэщэр къулеижь гуэрщ, уасэм еблэнукъым. Фарх зихъунщIа щхьэкIэ, Шэлэбий идакъым: пэщэм и ахъшэм ущысхьрэ!

– Ди сабийр-щэ? – гъынэнащ Фарх.

– Ди сабийри шхын щхьэкIэ лIэнкъым: мазэм зэ укъэкIуэжрэ быдз ебгъафэмэ, ар хурикъунущ... Шэ къэсщэхуурэ згъэшхэнщ.

Шэлэбий и фызыр пэщэм деж Iууващ. Мазэ дэкIри и сабийм лъагъунлъагъу къыкIэлъыкIуэжащ. Хъыджэбз цIыкIур жэщIауэ кърихьэлIэжащ Фарх – и гур хэщIынтэкъэ! И сабийр и бгъэм щIилъхьэри, Фарх пыхьащ, гъащ, бжащ. И лIыр къыщIэкIиящ, сабийр къыIэщIичри унэм ирихужащ:

– УздагъэкIуам щыIэ! Пэщэм и сабийр быдзышэ щумыгъащIэ! Уи пэр щIым щысхуэнщ, щыбгъащIэмэ! Ахъшэ хъушэм дыхэбгъэкIыжынущ.

Мазэ дэкIри, лъагъунлъагъу къэкIуэжащ Фарх. Сабийр нэхъри жэщIат, хэлъыж щыIэтэкъым. Фарх и гур узынтэкъэ: сабийр зриубыдылIауэ магъ. Шэлэбий и фызым текIиящ:

– ЗумылIэж: сабийр бгъэщтэнущ! – жери. – Хьэдагъэ укъэкIуэжауэ ара?! Пэщэм деж гъэзэж! Ахъшэ хъушэм дыхэбгъэкIыжынущ бжесIакъэ!

Сабийр къыIэщIичри, и фызыр щIихужащ Шэлэбий.

– Уи лъэдийр зэпызудынщ, къытебгъазэмэ!

МахуитI-щы нэхъ хуэхьакъым Фарх: и сабийм къыкIэлъысыжащ. Сабийр Iей дыдэ хъуат. ГъащIэ иIэж хъунтэкъым хъыджэбз цIыкIум: къупщхьэм хуэкIуащ, и нэри къызэтрихыжыфыркъым.

Шэлэбий бжэщхьэIум къытеуващ.

– Си сабийр букIащ! Алыхьым укъиукI! – ебгащ Фарх и лIым – зыхуэшыIэжакъым.

– Уи закъуэ уи сабий ар? – къыщIэгубжьащ и лIыр. – Абы щхьэкIэ умыгузавэ: къыщыщIын щыIэкъым.

– Сыт къыщыщIыжын: и псэм йоджэ!

– Уи псэр Iэ щIыIэкIэ хэсхынщ: щхьэ укъэджэдэжа? – жери Шэлэбий сабийр Фарх къыIэщIичащ, еIэдэкъауэри фызыр унэм щIигъэжащ, пщIантIэм дихури куэбжэр игъэбыдэжащ. Хъыджэбз цIыкIур къэщтауэ магъ – ари къыфIэIуэхуакъым Шэлэбий. И

напIащхьэр къытебэгэху гъыри, Фарх и щхьэр ирихьэжьащ: жэщ хъуат, IулIыхьами, куэбжэр Iуахынутэкъым.

ЕтIуанэ махуэм сабийм къыкIэлъыкIуэжащ Фарх. Шэлэбий дэстэкъым. Унэр къызэхижыхьа щхьэкIэ, Фарх сабийр игъуэтыжакъым – бзэхащ. Я гъунэгъум ежэкIащ – сыт къыжраIэнт гъунэгъум? БжэщхьэIум гъыуэ тетIысхьэжащ, и лIыр къыщыдыхьэжынум пэплъэу. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Шэлэбий къыдыхьэжащ. Зыкъуоми кIэрыIуащ, зэрегъэфауэ.

Фарх и лIым бгъэдэлъэдащ:

– Сабийр дэнэ щыIэ?

Шэлэбий и нэщхъыр зэхиукIэри фызым жьэхэлъащ:

– Емынэм укъихужа? Къытумыгъазэ бжесIатэкъэ?

Фарх и псэр къызэфIэзэрыхьащ:

– Сабийр дэнэ пхьа?

Шэлэбий и ныбжьэгъухэм захуригъэзэкIащ:

– Сыт мыр зыхуейр? И щIыфэр шхэркъэ мыбы?

Модрей къомыр зэрыгъэдыхьэшхащ. Фарх и лIым бгъэдэлъэдащ:

– Си сабийр къызэтыж! Си хъыджэбз цIыкIур!

Шэлэбий и фызыр щхьэцыкIэкIэ иубыдри хыфIихуащ:

– Уи сабийр къозытам пIихыжащ! УиIэжкъым уи сабийр – упыкIащ! Уэращ иджы зи чэзур! ДэкI мы пщIантIэм, усIэщIэмыукIэ щIыкIэ!

Iэжьэгъу хъун къахэкIакъым...

Тхьэмахуэ дэкIащ.

Шэлэбий гъуэлъыпIэм зриукъуэдияц: «Шэджагъуэ жей сщIынщ!» – жери. Фадэ Iэнэм пэрысурэ жэщыр игъэкIуати, и гур къекIуэрт, и къэжьын къакIуэрт. Жейм химылъафэ щIыкIэ, бжэм зыгуэр къызэрытеуIуар зэхихащ.

– Хэт ар?

– Сэращ...

– Уэ ухэт?

– Фархщ.

Шэлэбий, пэцыр иричу, къыщылъэтащ:

– Укъэзыхужар сыт? Дапщэрэ бжесIэн хуей: пэщэм и унэм укъимыкI, и сабийр быдз егъафэ!

Фарх и щхьэр ирихьэхащ, зыри къыпидзыжакъым.

Шэлэбий хъийм икIащ.

– Емынэм укъихужа жызоIэ?!

Фарх армыгъуейуэ къыдришеящ:

– СыкъыIуагъэкIыжащ.

– Сыт щхьэкIэ? ЛIо зэхэпщIыхьар?

– Быдзышэ сиIэжкъым.

– Си псэм ищIат ар! Хьэдагъэ кIуэн: уогъри удэтщ! Дапщэрэ бжесIа: «УвыIэ, быдзышэр пфIэкIуэдынущ», – жысIэурэ?

– Сэракъым ар зи лажьэр...

– НтIэ си адэшхуэра? Ахъшэ хъушэм дыхэбгъэкIыжащ! Уигу пэщыху гъы иджы, насыпыншэ! Си пащхьэ нэхум икI: ди Iуэху зэхэлъыжккъым – узогъэкIыж!

Фызыр унэм щIихури, и напIэр къытебэгауэ, Шэлэбий къэхьэуэ ефапIэм джэдащ. И напIэр къытебэгами, зыкърех, зызэщихуэпыкIащ, и пащIэр мэтIей, дыхумэр къыкIэрецыцыкI.

Нард джэгункIэ зигъэнщIри, къэтэджыжащ Шэлэбий. Къыдефахэм ящыщ зы къоупщI:

– Дэнэ уежьа?

КъеупщIам нащхьэ хуищIащ Шэлэбий:

– Сыздежьар пщIэркъэ: Умм ал-Хайр деж сокIуэ.

– ХьэгъуэлIыгъуэ дыбгъэлъагъунущ, зэрыжыпIэмкIэ?

– Тхьэм жиIэмэ...

Шэлэбий къэхьэуэ ефапIэм къыщIэкIыжащ, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIрэ и башыр и Iэблэм фIэдзауэ.

## СЭЛАМ-ПЭЩЭ И ХЬЭДАГЪЭ

Къаир къыщыдэкI газетхэм зымахуэ мыпхуэдэ хъыбар традзащ:



«Дунейм ехыжащ Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, жэнэтыр унапIэ зыхуэхъун фызыжь телъыджэ – къулыкъушхуэ зыIэщIэлъа, пщIэшхуэ дыдэ зиIэ Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур. ТхьэмыщкIэм и псэр щыхэкIар Къаир пэмыжыжьэ Джарджэ къуажэм дэт сэрейрщ. Дигу щIыхьащ зиусхьэн Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур дунейм зэрехыжар. ЗдэкIуам Алыхьым щигъэтынш, гуэныхь иIэмэ, и гуэныхьыр Тхьэм къыхуигъэгъу, и хьэдрыхэ нэху ухъу. Зиусхьэн Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур пщэдей щIалъхьэнущ. ДыуэщIыним кърихьэлIэнущ цIыху цIэрыIуэ куэд. Пэщэм дыхуощыгъуэ, и гуауэр ди гуауэщ, ар щызыгъэгъупщэн нэщхъеягъуэ Тхьэм иримыгъэлъагъу Сэлам-пэщэ, и адэ шыпхъум къимыгъэщIар Тхьэм къригъэгъащIэ».

– Iэмин! – жиIащ Чэмал-бэч, газетыр стIолым трилъхьэжри.

– Сыт къэхъуар? – ягъэщIэгъуащ Чэмал-бэч и ныбжьэгъухэм: къэхьэуэ ефапIэм щызэрихьэлIауэ щызэхэст.

– Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур щыIэжккъым.

СтIолым бгъэдэсхэр зэплъыжащ.

– ЩыIауи сщIэххэркъым, – жиIащ ящыщ зым. – И цIэ щызэхэдмыхакIэ, къызэралъху нэхъ пIалъэ иIагъэнкъым: къалъхури сабий цIынэу лIэжащ жыпIэркъэ.

– Сэ зэхэсхащ, – жиIащ Чэмал-бэч. – Сэлам-пэщэ адэ шыпхъу зэриIэр щIибзыщIаращ сымыщIэр.

– ИбзыщIащ жоIэ?

– Дунейм къытригъэхьакъым.

– Сыт щхьэкIэ? Сыт дунейм къыщIытримыгъэхьар? – ягъэщIэгъуащ гупым.

– КъыщIытримыгъэхьар гурыIуэгъуэкъэ: фызыжьыр къыдалъагъуну хуеякъым пэщэр. ТхьэмыщкIэти, къыдамылъагъумэ, нэхъ къищтащ. Дунейм ехыжыху, зыбгъэдигъэхьакъым: я къуажэм, Джарджэ, къыдинэри, унэ кхъахэм щригъэхьащ и гъащIэр.

– Сэрейкъым щылIар, зэрыжыпIэмкIэ?

Чэмал-бэч дыхьэшхащ:

– Дэнэ къикIа сэрей! Унэ кхъахэщ фызыжьыр щыпсэуар. Зигу къыщIэгъум зыгуэр къыхуишиймэ, аращ зэрыпсэуар. Илъэс зыхыблым щIигъуащи, хъурыщэ пщIей фIэкIа игу пыкIакъым Сэлам-пэщэ: аращ хуищIэфар. Адэ шыпхъу зэриIэр зэзэмызэщ игу къыщыкIыжар. Фызыжь благъэ зэриIэр ибзыщIырт, цIыхум закъригъащIэртэкъым. ИмыбзыщIамэ, фызыжьым дэIэпыкъун хуей хъунут – сыти жыIи, и адэ шыпхъужьщ. Теплъэ хъуртэкъым фызыжьым, и цIэ жаIэу идэртэкъым.

– ЦIыхугъэншэщ... Сытыт теплъэ щIэмыхъур?

– Сэлам-пэщэ къызыхэкIар фщIэрэ? – и псалъэм пищащ Чэмал-бэч. – Зы махъшэ бэгу фIэкIа иIакъым и адэм. Махъшэ бэгум куэд къыпхуищIэнт? Сабийуэ лIыщIэн щIидзащ Сэлам: бжэн игъэхъуащ, уэрам ипхъэнкIащ, шырыкъу илъэщIащ. И адэр щылIэм, и адэ къуэшым зришэлIэжри иригъэджэн и гугъащ. Хуеджакъым: хэзагъэртэкъыми, илъэситI нэхъ емыджауэ, школым къыщIадзыжащ. Уэрамым къыдинакъым итIани: лэжьыгъэ IэнатIэ къыхуигъуэтащ. Щхьэхуещэ гуэрт, щIыхьэпIэ- щIэкIыпIэр ищIэрти, Сэлам щIэх дыдэ дэкIуэтеящ, цым и кIуапIэр пасэу къищIэри, хьэрэм ишх-къишхыжурэ, мылъку иугъуеящ. Мылъку иIэ щыхъум, адэ къуэши, адэ шыпхъуи зэриIэр щыгъупщэжащ: сыткIэ яхуэныкъуэжрэт! Жьыр къыщепщэр ищIэркъым иджы, факъырэ Iусым къыхуэна фызыжьыр сыткIэ игу къэкIыжын!

– КъигъэкIыжаи иджы?

– КъигъэкIыжащ, фызыжьыр дунейм ехыжати. И адэ къуэшыр зэрылIэрэ куэд щIащ. Фызыжьым и закъуэт къыхуэнэжар.

– Сыт игу къыщIэкIыжар? Фызыжьыр зэрылIар ибзыщIами, зыри къедэуэнутэкъым, къаумысынутэкъым.

– Абы щхьэкIэ гузавэркъым Сэлам-пэщэ. Игу къыщIэкIыжар фщIэркъэ? Езым и цIэ ирыригъэIуэн щхьэкIэщ! Мылъку хуэныкъуэкъым Сэлам-пэщэ, и цIэр лейуэ ираIуэмэ, аращ зыхуейр. Газетым итхыр флъагъуркъэ: фызыжьыр щыщIалъхьэкIэ къулыкъущIэ цIэрыIуэ куэд кърихьэлIэнущ! Фызыжьыр псэуху, нэкIэ еплъакъым, хъурыщэ пщIейщ игу пыкIар. Иджы лIащи, зытрифыщIэжынущ, хьэдэIусым еблэнукъым, дауэдапщэр хьэгъуэлIыгъуэ хуэдэ дихынущ. ЩIыдихынур сыт? Езым и цIэ жаIэнущи, аращ: «Сэлам-пэщэ мыпхуэдиз-мопхуэдиз тригъэкIуэдащ и адэ шыпхъум, зытрифыщIэжащ, Сэлам-пэщэ нэхъ хьэлэлрэ гущIэгъу нэхъ зыхэлърэ дэскъым Къаир, Сэлам-пэщэ хуэдэ благъэм узэрыщIилъхьэжын, зи насып!» Ар зыхужригъэIэн щхьэкIэщ фызыжьыр щIыщIилъхьэнур, игу къеуауэ аракъым. КъулыкъущIэ цIэрыIуэхэр дыуэщI къэкIуэнурэ,

Сэлам-пэщэ къыхуэгузэвэнущ, и Iэр къаубыдынущ – ар сыт и уасэ!.. Сэри сыкIуэнут дыуэщI...

– НтIэ, сыт къыщIэбгъанэр?

– Пщэдей сожьэ, Iуэху къысщIэлъщ.

СтIолым пэрысхэм ящыщ зым, Рифат-бэч, чэнджэщ кърихьэлIащ:

– ТелеграммэкIэ хуэщыгъуэ.

– Тэмэм! Телеграммэ езгъэхьынщ. Сигу къызэрымыкIа!

Рифат-бэч къыщIигъужащ, гумащIэ къэхъуауэ:

– Сэ схущIыхьэнущ пщэдей: сыкIуэнщи, дыуэщIым сахэплъэнщ. Слъэгъуар бжесIэжынкъэ иужькIэ.

Къэхьэуэ ефапIэм щIэт щIалэ Iэпыдзлъэпыдзыр кърихьэлIащ Чэмал-бэч:

– ТхылъымпIэ напэ, шакъэ, къалэм къысхуэхь.

Къыхуахьащ. Къалэмыр зыкъомрэ игъэджэрэзри игъэтIылъыжащ:

– Сыт хуэстхынур мы хьэхэбасэм? Си щхьэм зыри къихьэркъым.

– УемылIалIэ, – жиIащ Рифат-бэч. – Зы псалъэ нэхъыбэ ухуейкъым: «Тхьэм пщимыгъэгъупщэ».

– Ар мащIэщ, Рифат-бэч. Нэпсеифэ къызиплъынущ. Хъурыщэ тIощIрэ пщIырэ и уасэ телеграммэ хуезгъэхьынт, схузэхэлъхьамэ.

– Зэхэлъхьэ-тIэ, ахъшэм ущымысхьмэ.

– Схузэхэлъхьэрэ! Уэ унэхъ жьакIуэщ, уи бзэр нэхъ шэрыуэщ: зыгуэр схуэуцIырхъ.

Рифат-бэч и гуапэ хъуащ и ныбжьэгъур къызэрыщытхъуар. Заулрэ гупсысэри, жиIащ:

– Усэу пхузэхэслъхьэнщ.

– Усэр зэхищIыкIынукъым а щхьэкуцIыншэм, апхуэдэщхьэ фIэткъым.

– Хъунщ, тхы.

Рифат-бэч усэкIэ къыщIидзащ.

– Усэр зэхищIыкIынукъым бжесIакъэ! – къыдэплъеящ Чэмалбэч.

– Сатыр закъуэщ! Игу нэхъ щIыхьэн щхьэкIэ... Тхы, усэ ущыхуэмейкIэ: «Уи псэм нэхърэ нэхъыфIу плъагъу уи адэ шыпхъур дунейм зэрехыжар зэхэсхащ. И ахърэтыр нэху ухъу, жэнэтыр унапIэ Тхьэм хуищI, Тхьэм пщимыгъэгъупщэ, Тхьэм куэдрэ укIэлъигъэпсэу. Сигу хэщIащ, си щIэлъэныкъуэр гуэхуауэ къысщыхъуащ. Сыпхуощыгъуэ, уи гуауэр си гуауэ хуэдэщ. ЛIыгъэ зыхэгъэлъ, умыдзыхэ. Чэмал-бэч». Хъункъэ ар?

– Хъуным къыщынэрэ! Хъунщи, тIыгъуэжынщ.

– Хъурыщэ щэ ныкъуэ нэхърэ нэхъ пудынукъым.

– Ягъэ кIынкъым.

– Мы телеграммэр зыхуебгъэхьыр игъащIэм тлъэгъуакъым, – жиIащ Рифат-бэч. – Сыт и шыфэлIыфэ? Сыт и дуней тетыкIэ? ДыбгъэцIыхуркъэ.

Чэмал-бэч къалэмыр игъэтIылъыжри тутын щIигъэнащ.

– А цIапIэр пцIыхунуи ухуейкъым. ЗэрывмыцIыхур нэхъыфIщ. Нэхъ хьэбыршыбыр къигъэщIакъым. ЛIы ныбэфщ, и пщэдыкъыр къыдэкIыкIыжауэ. НэджэIуджэщ, и нэкIур фэрэкIым зэхишхыхьауэ. Нэпсейщи, хъурыщэм цIэ треукIэ. Фейдэ къыхухэкIынумэ, зэблэн щыIэкъым. И адэ шыпхъури аращ щIыщIилъхьэжыр: фейдэ хэкIыпIэ хуэхъун и гугъэщ. И адэ къуэшым и фIыгъэщ зэрыдэкIуеяр. БзитIщхьитIт, щхьэхуещэти, къулыкъущIэхэм закIэрицIэлъурэ, захигъэпшэхъуащ, яфIыдэкIуеящ. Иужьым зэрыщхьэхуещэр къаумысри къызыхахужащ. Къулыкъур IэщIэкIами, мылъку къыхуэнащ. Къаир зы къулей дэсмэ, етIуанэщ иджы.

* * *

ДыуэщIым къулыкъущIэ цIэрыIуэ куэд кърихьэлIащ. Сэлам-пэщэ къыбгъэдыхьэурэ, и Iэр къаубыд, къыхуогузавэ, езым и нэпсыр щIелъэщIыкIри кхъаблэм бгъэдэтщ. Фызыжьым и хьэдэр къуажэм кърыригъэшыжащ, къалэращ щыщIилъхьэнур: Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъум и хьэдэр къуажэм щыщIэплъхьэ хъурэ! ДыуэщI къэкIуахэм фIыщIэ яхуищIурэ, Сэлам-пэщэ и щхьэр зыфIеудыж: «Ди адэ шыпхъум хуэдэ щыIакъым, цIыху дыщэт, си псэм хэлъамэ, хэсхынутэкъым. ЛIэри дыхэкIыжащ...»

– И ахърэтыр нэху ухъу!

– Тхьэразэ къыпхухъу!..

– Жэнэтыр унапIэ хухъу!

– Тхьэразэ къыпхухъу...

– Тхьэм укIэлъигъэпсэу!

– Тхьэразэ къыпхухъу...

– ХуэпщIар Тхьэм къыпхуищIэж!

– Тхьэм жиIэ!

ПщIантIэм ерыскъыуэ щызэблахым щIэ щIэткъым.

ПщIантIэми дахри, хьэдэIусыр факъырэмрэ тхьэмыщкIэмрэ хуагуэш...

Кхъаблэр яIэтри пщIантIэм дахащ. Сэлам-пэщэ кхъаблэм щIэуващи, и нэпсыр къыщIолъэлъ...

* * *

Къэкъеижыху хьэдэIусыр яшхри, цIыхур зэбгрыкIыжащ, дыуэ ящIыжри. Сэлам-пэщэ пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIащ, хущхьэщщатэри шэнтжьейм зригъэзэгъащ.

– Уэху-ху-ху! Сешауэ солIэ!

– УемышыпIэр иIэ, зиусхьэн! Дыгъуасэ лъандэм утеIысэхакъым. ЗыбукIыжащ! Зыбгъэпсэхужынкъэ: пщIэкIащ... Сыт пщIэн: уи адэ шыпхъужьщ щIэплъхьэжар... Жьыми щIэми яхуэIуэтэщIыркъым нобэ ерыскъыуэ къэпIэтар. Жэнэт шхын Тхьэм хуищI. Уэри абы нэхъыбэ Тхьэм пхимыгъэщIкIэ! ТIукIэ, щыкIэ, пщIыкIэ, тIощIрэ пщIыкIэ гъэбэгъуауэ Тхьэм къыуитыж!

И къатибыр* къыщхьэщытщ Сэлам-пэщэ, жьыхур егъэкIэрахъуэри.

– Тхьэразэ къыпхухъу, Абдел Набий. Дыгъуасэ жэщи ныжэбэ кIуами си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым, зы дакъикъэ сетIысэхакъым...

– ТхьэмыщкIэ...

– Уи нэкIэ плъэгъуащ сызэремытIысэхар. ЕтIысэхыпIэ сихуа: дыхьэмрэ дэкIымрэ зэпыуакъым.

– Зэпыуакъым, зиусхьэн!

– Си нэр ятезгъэкIакъым Iэнэ зезыхьам! УнэIутымрэ лIыщIэмрэ дзыхь яхуэпщI хъурэ!

– Хъункъым, зиусхьэн! Уэр нэхъ гулъытэ зыхэлъ срихьэлIакъым.

Къатибыр хущхьащ, хущхьэри и псалъэр нигъэсащ:

– Нобэ сшха хьэдэIусым нэхъ IэфI сIухуауэ сщIэжыркъым! Дунейм ехыжам и псэм лъыгъэс, Ялыхь! Си Iуэхущ уи адэ шыпхъужьыр арэзы къыпхуэмыхъуамэ!



Сэлам-пэщэи хущхьащ, тIэкIу щхьэукъуэри, и щхьэр къиIэтыжащ.

– Си адэ шыпхъужьыр арэзы къысхуэхъуами, уэ сыпхуэарэзыкъым!

Къатибым и жьэр Iурыхуащ.

– Сыт укъыщIысхуэмыарэзыр, зиусхьэн?

– Хьэдагъэр къыпфIэIуэхуакъым!

– Дауэ къысфIэмыIуэхунрэт! КъызжепIэр сыт хьэдэгъуэдахэ, зиусхьэн? Нэхъ хьэдагъэ екIу срихьэлIауэ сщIэжыркъым!

– Тхьэр уогъэпцI!

– ЗгъэпцIыркъым, зиусхьэн! Хъыбар зэзмыгъэщIа къыдэзнакъым къалэм. ЦIыхур зэрыIувар плъэгъуакъэ? Уэрамым дэхуэртэкъым, кхъэм дыщыкIуэм. Трамваи маршыни къытезгъэхьакъым уэрамым, кхъэм дынэсыху. Зы шыгуи зы выгуи блэзгъэкIакъым. Дэрбыщ мащIи кърихьэлIа! Зэчырыр зэпыуакъым, я жьафэр къехакъым дэрбыщхэм! Си нэкIэ слъэгъуащ, жьэкIэ плъэуэ, уэрамыщхьэм тета къомыр! «Хэт щIэфлъхьэр?» – жаIэрэ къызэупщIмэ: «ФIыгъуэр зыхуищIэн, зи гъащIэр кIыхь хъун, зи пщIэмрэ зи фIыщIэмрэ уафэм щIэуэ зиусхьэн Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъуращ!» – яжесIэурэ, уэрамыщхьэм къытеува жьэрыплъэ къомым сакъыпхущытхъуащ! Факъырэ къомыр тхьэ зэрыпхуелъэIуар зэхэпхакъэ: лыи, щIакхъуи, пхъэщхьэмыщхьи, псы IэфIи, IэфIыкIи себлакъым – я хъуржыным из сщIащ...

* Къатиб — секретарь.

Ар, дауи, и гуапэ хъуащ Сэлам-пэщэ, итӀани, и нэщхъ зэхиукӀэри, къатибым щӀэгубжьащ:

– Полицэр-щэ, полицэр! Хьэдэр ягъея полицэм? Хы фӀэкӀа яхэслъэгъуакъым дыуэщӀым: тӀур шууэ, плӀыр лъэсу. АфӀэкӀа схуэфащэтэкъэ сэ?

– НэхъыбэкӀэ хуит сащӀакъым, зиусхьэн.

– Хуит сащӀакъым жоӀэ! Чэрим-пэщэ и анэжьыр щыдахым тӀощӀрэ пщӀырэ къагъэкӀуаи: пщӀыр шууэ, тӀощӀыр лъэсу!

– Чэрим-пэщэ, зиусхьэн...

Сэлам-пэщэ къатибым Ӏурыуащ:

– УгукъэкӀыншэщ, аращ бжесӀэнур! Си напэр тепхащ! Си адэ шыпхъум и хьэдагъэм полицихщ кърихьэлӀар! Сэ сыкъэзымыщӀыхурэ пщӀэ къысхуэзымыщӀрэ искъым къэралым! Иджы сыт къысхужаӀэнур? ЕмыкӀукъэ? Уэращ зи лажьэр! КъыпфӀэӀуэхуакъым! ШуuитӀрэ лъэсиплӀрэ фӀэкӀа щхьэ къримыхьэлӀарэ?

– ЗгъэзэкӀуэжынщ, зиусхьэн...

– Пщэдей нэхъ пӀалъэ къыхыумыгъэкӀ!

– КъысхуэпщӀ си унафэщ.

– Газетхэм традзэн хуейщ хьэдагъэм и хъыбар, дыуэщӀ къэкӀуа цӀыху цӀэрыӀуэхэмрэ къулыкъущӀэхэмрэ я цӀэ-унэцӀэр, хьэдагъэм хэта полицэм я бжыгъэр.

– Хьэдагъэм полицэ дапщэ хэтауэ ухуей, зиусхьэн?

– Шууэ тӀощӀрэ пщӀырэ, лъэсуи плӀыщӀ – нэхъ мащӀэкӀэ сыарэзыкъым!

– Узахуэщ, зиусхьэн. Апхуэдиз кърихьэлӀащ...

– Хьэдагъэ екӀу къалэм зэрезгъэлъэгъуар егъэтх газетхэм, я жьэм щрыремысхь, уэри ахъшэм уемыблэ. Ерыскъыуэ къэсӀэтами трыретхыхь, си адэ шыпхъур цӀыхум ягу къызэреуари зыщремыгъэгъупщэ, си Ӏэр якъузурэ къызэрысхуэщыгъуари, фӀыгъуэр къызэуалӀэмэ, гъащӀэ кӀыхь сыхъумэ, жылэм зэрагуапэри къыхрегъэбелджылыкӀ!

– КъыхагъэбелджылыкӀынщ, зиусхьэн.

Пэщэр аргуэру хущхьащ, пщӀэнтӀэпсыр ирилъэщӀэкӀыурэ, къатибым еплъащ:

– Пшынауэм сакъылэт епта?

– Джэгу пщӀын мурад уиӀэ, зиусхьэн?

– Сыт щӀэзмыщӀынур? Зыр лӀа щхьэкӀэ зым зилӀэжрэ? Тхьэмахуэм зэ джэгу сщӀыуэ сызэрихабзэр пщыгъупщэжа? Си хабзэ скъутэнукъым, пащтыхьыр лӀами! ДауэдапщэрдэкӀыху, уи къалэныр пщӀэжыркъэ?

– СощӀэж, зиусхьэн.

– Сищхьэуз уощӀэж уэ! Пщыхьэщхьэ къэс жьэрымэ вгъэу. Махуэ плӀыщӀ ирикъуху. ЦӀыхур къыскӀэлъыплъынущ... КъыбгурыӀуа?

– КъызгурыӀуащ, зиусхьэн, – жери къатибыр хущхьащ...

* * *

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм къатибыр пщIантIэм къыдыхьэжащ, и Iупэр зэтемыхьэжу. Газет IэщIэзщ. Газетхэм зэпеуэу традзащ Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур екIуу зэрыщIилъхьар, хьэдагъэм кърихьэлIа цIыху цIэрыIуэхэм я цIэ-унэцIэхэр, Сэлам-пэщэ цIыху куэд зэрыхуэгузэвар. «ПщIэшхуэ иIэти, аращ фIыгъуэр зыхуищIэн Сэлам-пэщэ цIыху куэд щIыхуэщыгъуар. И пщIэр нэхъри лъагэ ухъу, и гъащIэм Тхьэм къыпищэ!» – я псалъэ еблэжакъым газетхэр. «Сэлам-пэщэ пщIэ къызытринакъым: щихъ щIалъхьэ хуэдэ щIилъхьащ и адэ шыпхъур» – ари игу ирихьащ Сэлам-пэщэ, къатибыр щэнейрэ къригъэджащ а псалъэм.

«Мухьэмэд Сэлам-пэщэ къэзымыцIыху искъым ди къэралым: цIыху угъурлыщ, гуапэщ, гущIэгъу зиIэ лIыщ, и фIыщIэмрэ и щIыхьымрэ Нил псыхъуэ дэхуэжыркъым!» – аращ Сэлам-пэщэ игу ирихьыпар. Упсэу ар зигу къэкIа газетыр – и нэIэ тригъэтынщ дяпэкIэ...

– Полицэм я гугъу ящIыркъэ?

– Дауэ зэрамыщIыр, зиусхьэн! КъедаIуэт: «Кхъаблэм и ужь итащ полицэ хыщIрэ пщIырэ: тIощIрэ пщIыр шууэ, плIыщIыр лъэсу»!

– СыкъагъэщIэхъуакъым! Нэхъыбэ жысIами, сыкъагъэщIэхъунутэкъым газетхэм. Тхьэразэ къахухъу! Яшхыр я хьэлэлщ...

– Ахъшэм и къарур инщ, зиусхьэн... Уэ пщIэуэ къыпхуащIым хуэдиз зыхуащI дэскъым Къаир! Къэралымрэ цIыхумрэ уатолажьэ игъащIэм, уи цIэр ящыгъупщэжынукъым...

– Чэрим-пэщэ и анэжьыр щыдахым полицэ тIощIрэ пщIырэщ хьыкумэтым къигъэкIуар, къызэрызгубзыгъыжымкIэ...

– Нэхъ мащIэж си гугъэщ, зиусхьэн.

Газетхэм ятхырт: «И адэ шыпхъур зэрылIар зыхищIащ Сэлам-пэщэ, игу щIыхьащ. Абы гу лъатащ хьэдагъэм кърихьэлIа псоми...»

– Ар пэжщ, зиусхьэн! Сэри гу лъыстащ зэрызыхэпщIам. Тхьэм псынщIэ пщищI, – жиIащ къатибым.

– Сыт пщIэн: уахъты зимыIэ щыIэкъым, – жери и напщIэр къригъэлIыхащ Сэлам-пэщэ, газетхэм арэзы къащIауэ.

* * *

Джарджэ къуажэ къикIауэ, лIыжь тхьэмыщкIэ гуэр хэтащ дауэдапщэм. ЛIыжьым и хъуржыным хьэдэIусым щыщ из хуащIри, пщIантIэм даутIыпщыкIыжащ. Къатибыр куэбжэм нэс кIэлъыкIуэтащ Джарджэ къуажэ къикIа лIыжьым.

– Уа, Абдел Набий! – жиIащ лIыжьым, куэбжэм дэкIыжри. – Е делэ сыхъуащ, е пщIыхьэпIэщ мы дызыхэтыр. Сэлам-пэщэ и адэ шыпхъур нышэдибэ бэзэрым щыслъэгъуащ: бжьын жылэ ищэу сримыхьэлIамэ, хьэфиз сыхъу! Бжьын жылэм къыщIихыращ фызыжь тхьэмыщкIэр зэрыпсэур...

– Уи жьэр убыд, лIыжь насыпыншэ! УхущIегъуэжынщ. Уи тIуалэм ухуитыжкъэ?

ХьэдэIусыр ихьри, лIыжь насыпыншэр Джарджэ кIуэжащ.

## ИНДЖЫЛЫЗЫМ ЕДЖАКIУЭ СЫЩIЭМЫКIУАР

Редакцэм къызаухылIа хъыбарыр стхатэкъыми, гукъыдэж дэнэ къисхынт? Си щхьэр къыфIэхуауэ, барым сыщIыхьащ: «Къэхьэуэбжьэ сефэнщ», – жысIэри. Редакцэм сыщIыхьэжмэ, си пщэ къралъхьар згъэзэщIакъыми, редакторыр къыстекIиенущ. «Пщэдей пщIондэ зыгуэр суцIырхъынщ, – жысIащ, – нобэ закъезгъэлъагъункъым».

Си ныбжьэгъу гуэр, Атиф-бэч, плIанэпэм зэрыдэсым гу лъыстащ, барым сыщIыхьауэ. Зы лIи къыбгъэдэсщ. Езыми гу къыслъытэри, Iэ къысхуищIащ:

– КъакIуэ мыдэ! Зы бжьэ къыддефэ!

Сабгъэдыхьэри, я Iэр субыдащ.

– СопIащIэ, куэдрэ сыщыс хъунукъым, – жысIащ сэ, сетIысэхри.

Зы бжьэ кърингъэхьри, Атиф-бэч къыбгъэдэсыр сигъэцIыхуащ:

– Зиусхьэн Абдул Маулий-бэч. Асьют щыщщ.

И пщэр жыг лъэдакъэ хуэдэ, лIы зэIэщIэлъщ Абдул Маулий-бэч, и пащIэ фIыцIабзэр мэтIей, банэ нэхъей. Нэпкъпэпкъышхуэщ, и нэкIур жэгундэ плъыжь фIэкIа пщIэнукъым: е фадэр зи нэрыгъ, е дыгъэм зэхижьыхьауэ ара?

– Мыр си ныбжьэгъущ, журналист цIэрыIуэщ, – сэри сригъэцIыхуащ лIым, си цIэр жриIэри.

«Журналист» псалъэр щызэхихым, Абдул Маулий-бэч, мастэкIэ къыкIэщIэIэба нэхъей, къыдэлъей пэтащ. И нэр къыстриубыдэри къызжьэхэплъащ:

– Ар зи IэщIагъэ слъагъункIэ Iэмал зэримыIэр бжесIатэкъэ?

Атиф-бэч дыхьэшхащ:

– Абдурэхьмэн уищэнукъым. Щэху зыхъумэф журналистхэм ящыщщ. Уи дзыхь ебгъэз хъунущ. Пэжкъэ, Абдурэхьмэн?

Си жьэр зэщIэсхыным сыхунигъэсакъым Абдул Маулий-бэч:

– Псори зэщхьщ, зыр зым къыпачауэ. Дзыхь яхуэсщIыркъым.

Бжьэм дефа нэужь, си псалъэр къахэсIуащ:

– Уигу зэщагъэуа хуэдэщ... Куэдрэ узгъэбэмпIэнукъым: сопIащIэ.

КъызжьэхэплъыхьафIэкIа, Маулий-бэч зыри къыпидзыжакъым: «Шыд псори пэхущ!» – жиIа хъунщ игукIэ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, журналистхэм уатеплъэ хъуркъым? – жысIащ, Маулий-бэч къызэрызгъэкIын мурад сщIауэ.

– Сатеплъэ хъуркъым! Си нэм бжэгъуущ къызэрыщIэуэр!

– Щхьэусыгъуэ уиIэщ, дауи?



6 Заказ №126

– СиIэ-симыIэми, сатеплъэ хъуркъым – Алыхьыр си щыхьэтщ! Сэракъэ хуитыр: сатеплъэ хъунуми мыхъунуми?!

– ИтIани, журналистхэм уатеплъэ щIэмыхъур сщIамэ, си гуапэт. Сэ сыжурналистщ, абы сыщIэупщIэкIэ, емыкIу сиIэ си гугъэкъым. Аращ ди IэщIагъэр – уигу къызумыгъабгъэ. И щхьэусыгъуэр къызжепIэмэ, ущIезгъэгъуэжыфынри хэлъщ.

– Си фIэщ хъуркъым.

Бжьэр игъэщIеящ Маулий-бэч. ИтIанэ и пащIэр пиIуэнтIыкIащ, и нэр стримыгъэкIыурэ. «Сыт мыбы игу къысхурилъхьар?» – жиIэ хъунт игукIэ. ЕтIуанэбжьэр ирикIыхащ. ЕтIуанэбжьэр щрикIыхым, нэхъри плъыжь хъуащ. ЛIым и дамащхьэм теIэбащ си ныбжьэгъур:

– Тхьэм щхьэкIэ къыджепIэн: сыт журналистхэм уатеплъэ щIэмыхъур? Сыт къыуащIар?

Фадэр хуэм-хуэмурэ къыпкърыхьа хъунт Маулий-бэч: ифI нэхъ зыкъришэжауэ гу лъыстащ. И пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ, и нэщхъри зэхихыжащ.

– Хъыбарыжьщ, – жиIащ Маулий-бэч. – Куэд щIащ... Илъэс тIощIрэ тхурэ дэкIащ... Япэрей дунейпсо зауэр щыувыIагъащIэрщ...

Нэхъри тезгъэгушхуэн мурад сщIащ:

– МащIэ щIа зауэр зэрыувыIэрэ! Дунейм зихъуэжащ, цIыхури нэгъуэщI хъуащ. Дунейм и закъуэ: журналистхэри нэгъуэщI зэрыхъуам шэч къытумыхьэ. УкъагъэщIэхъунукъым нобэрей журналистхэм, уи щэху епхьэлIэ хъунущ. Дзыхь яхуэпщIмэ, ущIегъуэжынукъым.



Маулий-бэч къысхущIоплъ, фадэм къигъэгумэщIауэ:

– Тхьэм фригъэфIакIуэ... Сэ сызытеунэхъуа журналистыр нэгъуэщIт. Апхуэдэ хьэл хэлъакъым гъуамэм. Дзыхь хуэсщIри, сытекIуэдащ. ЩIапIэщIэлъадэ хъуащэрэт!

– Сыт къыуищIар? Щхьэ дызэгуэбгъэудрэ, Маулий-бэч? КъыджепIэркъэ журналист гъуамэм къыуищIар! – Атиф-бэчи зыхэтыр мор зэрытригъэгушхуэнщ.

Си дежкIэ зыкъигъазэри, Атиф-бэч нащхьэ къысхуищIащ:

– Маулий-бэч нэхъ жьакIуэ уигъэлъыхъуэнщ, си ныбжьэгъу. Уи тхьэкIумэ гъэкIауэ узрегъэдэIуэф!

Маулий-бэч дыхьэшхащ, бжьэ иригъахъуэри зригъэщIеикIащ:

– Хъунщ, вжесIэнщ. ЕмыкIу сыкъэвмыщI закъуэ... Школым сыщIэст абы щыгъуэ, Къаир сыдэст, фэтэр къысхуащтауэ. «Школыр къэбухмэ, Инджылызым еджакIуэ узгъэкIуэнщ, – къызжиIащ ди адэм. – ЗыщIумыгъэх, фIыуэ еджэ, уэ пхуэдэр зытумыгъакIуэ». СхузэфIэкI къэзгъанэртэкъым, тхылъым сыкъыкIэрыкIыртэкъым, зэранми еIуящIэми сащыщтэкъым. Инджылызым еджакIуэ сагъэкIуэнущ! Ар сыт и уасэт! Си нэгу къыщIэзгъэхьэт Оксфорд сыщIэтIысхьауэ, жылэр къызэхъуапсэу! Хэтыт абы зи нэ къыхуимыкIыр! Оксфорд университетым ущеджэн жыхуэпIэр мыбдей щыт! Абы щIэмыхъуэпс щыIакъым...

Сынасыпыншэ хъунти, журналист гуэр нэIуасэ къысхуэхъуащ. ЩIалэ гупцIанэти, сигу кIэрыпщIащ: «Мыбы укъигъэпцIэнукъым, уигъэщхьэрыуэнукъым!» – жысIащ. КIэщI-кIэщIурэ дызэхуозэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъуащи. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, хьэлэл гуэрт, уи жыпым уригъэIэбэнутэкъым. Си жыпми илъ щIагъуэ щыIэтэкъым: «УщыкIынущ», – жери, ди адэм лей къысхуригъэхьыртэкъым.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Тофикъ и уэрамым дыщызэхуэзащ си ныбжьэгъумрэ сэрэ. Сэлам зэтхри, къызэупщIащ:

– Дэнэ укIуэрэ?

– Си фэтэрым сокIуэж, – жысIащ.

– Пщыхьэщхьэр здынэса щыIэкъым: сыт ущIэпIащIэр?

– Си щхьэр мэуз, зызгъэпсэхун хуейщ.

– Си щхьэри мэуз. Щхьэр узмэ, ящIэр пщIэркъэ?

– Сыт? – жызоIэ.

– Бжьэ зырыз дефэнщ – аращ ящIэр. Узгъэгувэнкъым, – жи. – Редакцэм сопIащIэ. Зы хъыбар стхын хуейуэ си пщэ кърадъхьащи, иджыри къэс стхакъым. Сэри сыгувэ хъунукъым.

ЕфапIэр куэдт абы щыгъуэ, иджы хуэдэтэкъым. Япэ дызрихьэлIа барым дыщIыхьащ, зы плIанэпэ зыдэдгъэзагъэри фадэбжьэ къедгъэщтащ. Бжьэм дофэ, зыр зым кIэлъыдогъэпIащIэ. Хамэ къэрал къикIа хьэщIэ гуэрхэри щIэсщ барым – абыи дафIэлIыкIыркъым.

Ахъшэ еттын хуей щыхъум, си ныбжьэгъум зрилъэфыхьащ.

– ДыщIэбгъэкIыжынукъэ мыбы? – соупщI.

– ДыщIэкIыжынущ, – жи.

– НтIэ щхьэ зытIэжьэрэ?

– Ахъшэ ет.

– Ныщхьэбэ уэращ зи чэзур. Уэ ет.

– Хьэуэ, сэракъым. Уэращ.

– Ущоуэ. Сэракъым! Зыпщыхьэщхьэ сэракъэ уезыгъэфар?

– Пхъэидзэ дыгъэщI! – жиIащ си ныбжьэгъум.

– ДыгъэщI! – жызоIэ.

ДыщызэгурымыIуэм деж пхъэидзэ тщIы ди хабзэт.

Пхъэидзэ тщIыри, си ныбжьэгъум и пхъэр къикIащ: ахъшэр итын хуейуэ къытехуащ.

– Къыстехуащ, – жиIащ си ныбжьэгъум. – КхъыIэ, уэ ет. Зы хъурыщи скъуэлькъым ныщхьэбэ...

Си нэр къизгъэжри, сеплъащ:

– НтIэ, щхьэ сызепхуа?

ТхьэмыщкIафэ зытригъэуащ си ныбжьэгъум:

– Шыгъажэм сыкъокIыж: зы хъурыщэ къысхуэнакъым, сIыгъауэ хъуар езгъэхьэхуащ. Ныщхьэбэ си хьэтыр къэлъагъуи, узгъэфIэжынщ.

Си нэр згъэупIэрэпIащ:

– Сэри сIыгъкъым зы хъурыщэ!

– Iэгъу! Уэри шыгъажэм ущыIа?

Си напIэр къезгъэлIых зысщIащ:

– Шыгъажэкъым сыздэщыIар...

– КъызгурыIуащ! – дыхьэшхащ си ныбжьэгъур. – Уэ нэхъ утеуащ, сэр нэхърэ!

– ГушыIэ илъкъым мыбы! – жысIащ. – Утыкум дыкъызэринар плъагъуркъэ?

– Сыт утыку? – жи. – Щхьэ удзыхэрэ?

– ТIуми ди жып зы хъурыщэ илъкъым, плъэкIмэ, умыдзыхэ!

– Умыдзыхэ! Сыт къыдащIэфынур? Даубэрэжьынщи, даутIыпщыжынщ, е полицэм дратынщи, хьэпсым нэху щыдгъэщынщ ныжэбэ. ТIум щыгъуэми дыхилъафэркъым...

Дызэраубэрэжьри хьэпсри си нэгу къыщIэзгъэхьащ. Ди адэм и псалъэри сигу къэкIыжащ: «Уэ лIы ухъумэ, си пащIэр уэзгъэупсынщ! Гува-щIэхами, зыщIыпIэ ухэпкIэнущ уэ щхьэпсыншэр!..»

– Хьэуэ! Хьэуэ! – сыгужьеящ сэ, ди адэм и псалъэр сигу къыщыкIыжым: даубэрэжьми, псэууэ дыкъелынт, хьэпсым драдзэми, зы жэщ нэхъыбэ драгъэсынутэкъым, ди адэрат сызыфIэлIыкIыр.

Си ныбжьэгъур къыщылъэтащ:

– ХэкIыпIэр сощIэ!

– Сыт? КъызжепIэркъэ: щхьэ сыбгъэбампIэрэ?

Си нэм къыщIэплъэри стIолым IэштIымкIэ еуащ:

– Дефэнущ иджыри!

– Делэ ухъуащ! – жысIащ. – Даубэрэжьым дыкъыщанэнкъым, ди пщэр зэраудынщ. Сыт дызэребгъэфэнур?

Iэнэзехьэр кърилжащ си ныбжьэгъум:

– Зы бжьэ къытхуэхь иджыри!

Бжьэр къигъэсащ Iэнэзехьэм.

– Сэ сефэнукъым афIэкIа! – жысIащ.

– Уефэми, уемыфэми, уаубэрэжьынущ е хьэпсым нэху укъыщекIынущ. Сыт мы фадэ ахъырзэманым зыщIыхэбгъэкIыжыр?

Ди адэр си нэгу къыщIыхьащ абдеж гуэрым. Си щIыфэр тхытхащ. Си ныбжьэгъур тхьэщыхьэ гуэрти, скIэрыкIыркъым:

– УщIегъуэжынщ, тхьэмыщкIэ! Мыр инджылыз фадэщ – зыхыумыгъэкIыж!

Бжьэр згъэщIеящ. Зыми деплъыркъым, дыгузавэуи фэ ттеткъым, дофэри дыщысщ. Си ныбжьэгъум хъыбар и куэдщ, сэри си мащIэкъым. Дыхьэшхэн гуэр къыхыдодзэри дызэпоуэ. Фадэм и закъуэкъым дызэрызэпеуэр! Зэманри къытфIэIуэхукъым: барым нэху дыкъыщекIын мурад тщIащ жыпIэнщ, укъыдэплъмэ. Къыдэплъыни диIэщ: Iэнэзехьэм и нэр ттригъэкIыркъым, шэч къытхуищIащи. Хамэ къэрал къикIа хьэщIэхэр чэф хъуащ, я щхьэр къыфIэхуауэ зэхэсщ.

Си ныбжьэгъур си тхьэкIумэм къохъуцацэ:

– Мо жьантIэм дэс щхьэфэкъур плъагъурэ? И жыпыр къэбунэщIкIэ, гу къыплъитэнукъым, чэф хъуащи. Апхуэдэ зэфIэкI сиIами! Си напэми сеплъыжынтэкъым... Уи жыпым имылъ-

мэ, зи жып илъым Iуэхутхьэбзэ къыпхуищIэн хуейкъэ? НеIэмал: жып иIэбэкIэ сщIэркъым, си Iэр есакъым...

Iэнэм дыпэрысыху, сигу къэзгъэкIыжа хъыбархэм ящыщ зым игъэгупсысащ си ныбжьэгъур – апхуэдэфэ есплъащ, щым щыхъум. КъызэупщIурэ, хъыбарыр IупщI дыдэ зыщищIыху, скIэрыкIакъым. Къэтэджри, къысщхьэщыуващ:

– Мо стIолым сыбгъэдэгъэс дакъикъэ пщыкIутху хуэдизкIэ. Уэ уи закъуэ Iэнэм укъыбгъэдэзнэмэ, узэшынкъым, пэжкъэ?

– Сыт пщIэнур?

– Хъыбар стхынущ.

– Уи щхьэр къопщI! – жысIащ сэ. – Хъыбар тхыгъуэ иджыпсту? Дызыхэхуар плъагъуркъэ?

– Сигу къыпылъэдащ! Дэрэжэгъуэ жыхуаIэр пщIэрэ? Иджыпсту сымытхмэ, иужькIэ сыщIэупщIыIуэжынущ.

Ауан сщIащ си ныбжьэгъур. Езыми и дэрэжэгъуэми сащыдыхьэшхащ.

– Умыдыхьэшх, – къызжиIащ. – Хъыбарыр стхырэ редакцэм нэзгъэсмэ, ахъшэфI къызатынущ. Бэлыхь дыхэхуэнукъым итIанэ. Хьэмэрэ уаубэрэжьмэ е хьэпсым нэху укъыщекIмэ, нэхъ къапщтэрэ?

Сыт сщIэнт: си дамэр дэзгъэуейри арэзы сыхъуащ.

Си ныбжьэгъур зы стIол нэщI бгъэдэтIысхьащи, къалэмыр егъэпIэжьажьэ, сэри си нэр къытезгъэкIыркъым: сыкъигъэпцIэнумэ сщIэрэ, сигъэбэлэрыгърэ кIэбгъу зищIыжмэ, барым сыкъыщIэнакъэ! ИтIанэщ къыщыстракъутэнур: тIум ди пIэкIи сыкIуэцIакъуухьынщ! Iэнэзехьэри къокIукI-нокIукI, зыблрегъэх-зыкъыблрегъэхыж, нэбгъузкIэ къыдоплъ: фэфI къыдиплъакъым, дауи.

Си ныбжьэгъум зэрыжиIауэ, дакъикъэ пщыкIутху нэхъ дэкIакъым: къызбгъэдыхьэжри, си дамащхьэм къытеуIуащ:

– Хъыбар бзаджэ си гугъэкъым къысIэщIэтхыхьар. АхъшэфI къыпэкIуэнущ. Уэри укъыхыхьэн хуейщ мы Iуэхум...

– Сэри?

– Уэ! Хъыбарым и кIэм пыптхэн хуейщ уи IэкIэ: «Мыр щысIуатэм зыми сыхигъэзыхьакъым, традзэнуи хуит сощI».

– Аркъудей?

– Аркъудейщ!

Абы фIэкIа хэмылъмэ... Си ныбжьэгъум иуцIырхъа хъыбарым мо псалъэр пыстхэри Iэ щIэздзыжащ. Зыми хуэсхьакъым.

– Иджы, – къызжиIащ си ныбжьэгъум, – сэ мы хъыбарыр редакцэм нэзгъэсынщ. Уэ мыбдей къыщыспэплъэ. Сыкъэгувэнукъым.

– СыкъэбгъэпцIэнкъэ?

– Сыт жыпIэр? Апхуэдэфэ щхьэ къызэпплъырэ? Е ахъшэ къэсхьынщи сыкъэкIуэжынщ, е жэщыр хьэпсым щыбдисхынщ... дыкIуэцIакъухьа нэужь. Тхьэ пхузоIуэ.

– Хъунщ. УмыIуэ тхьэи. Си фIэщ мэхъу...

Си ныбжьэгъур барым щIэцIэфтащ. СтIолым си закъуэ сыкъыбгъэдэнащ. Iэнэзехьэр къызэплъри, бысымым ехъуцэцащ. ТIуми я нэр страгъэкIыркъым иджы: Iэнэзехьэми бысымми. Барым цIыху къыщIэнэжакъым: зэрегъафэщ, ирафам и пщIэр ятри щIэкIыжащ зырыз-тIурытIурэ. Си пIэм ситкIухьынущ, абы фIэкIмэ. Зызгъэхъеин сошынэ. Узижэгъуэныр си махуэщ! Чэфри стеужащ, фадэ ткIуэпс сIухуауэ пщIэжынкъым. Iэнэзехьэхэм я нэр страгъэкIыркъым. Сыкъаувыхьи си гугъэщ, гъунэгъу зыкъысхуащIри. Бысымыр къызэрызбгъэдыхьэм гу лъыстащ и лъэ макъымкIэ. Си щхьэр къэсIэтащ: бысымым бжэгъу гъумыщIэфI иIыгът. ПщIэнтIэпс къызэкIуащ асыхьэтым, си псэр IукIащ. Бысымыр Iэнэзехьэхэм зэращIэкIияр зэхэсхащ:

– Бжэр хуэфщI! Хьэдэр вгъейрэ!? Зэманыр нэсащ!

Хьэпсыр си нэгу къыщIыхьащ... Унэ лъэгу щIыIэр...

Бжэгъур къыщыскъуалъхьэнум сыпоплъэри сыщысщ, си щхьэр щIэзгуауэ...

Бжэгъур къыскъуамылъхьэ щIыкIэ, си ныбжьэгъур Iэнэм къыбгъэдэхутэжащ! И Iупэр зэтехьэжыркъым. И Iэгур зэтригъауэри, Iэнэзехьэм еджащ...

Дофэри дыщысщ. Зы хъыбар жытIэху, зы бжьэ тыдокIэ. Бысымымрэ Iэнэзехьэхэмрэ я жьэр яущIауэ къыдоплъ. Зыкъом дэкIауэ, си ныбжьэгъум бохъшэ кърumгъэцIэфтри, Iэнэзехьэм еджащ:

– Дапщэ уэстынур?

Iэнэзехьэр къыдбгъэдэлъэдащ. Итфам и уасэр Iэрыхьэри, Iэнэзехьэр къытхуеплъэкIыурэ дбгъэдэкIыжащ:

– Уи щIыхуэ ттелъ? – кIэлъыджащ си ныбжьэгъур.

– Хьэуэ.

– НтIэ, тхьэразэ къыпхухъу. Дыбгъэтхъащ. Бейтхъэж фыхъу!

Бысымыр къыткIэлъыкIуэтащ, барым дыкъыщыщIэкIыжым: Тхьэм ищIэнщ дыкъызэрыщыхъуар...

Уэрамым дыдыхьэжа нэужь, си ныбжьэгъур уэздыгъэ нэхум хэуващ, и бохъшэр къыдигъэцIэфтащ:

– ХъурыщипщI къысхуэнащ, итфамрэ тшхамрэ къыдэхуауэ. Тхур ууейщ, хьэлэл пхухъу!

Тхьэмахуэ дэкIащ. Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ сыхуэзакъым си ныбжьэгъум. Барым дызэрыщефари къыдэхъулIари сщыгъупщэжат, сигу къэкIыжыххэртэкъым.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, фэтэрым къэзгъэзэжауэ, ди адэм и телеграммэм сыкърихьэлIэжащ. ИкIэщIыпIэкIэ сыкIуэжын хуейуэ къитхырт ди адэм. Сыгузэвац: «Сыт къэхъуар? ЛIаIауэ пIэрэ?»

Нэху згъэщри, мафIэгум ситIысхьащ. Сынэщхъейщ, сыпсэлъэжыркъым, си щхьэр си жагъуэщ. Къэхъуар умыщIэмэ, уигу фIы щыщIэнт!

Асьют сынэсыжри унэм силъэдэжащ. Тхьэм и шыкуркIэ, къэхъуа лажьэ щыIэтэкъым: псори узыншэщ, сыщIэгузэвэн щыIакъым. Унэм сихьэжауэ къызжаIащ ди адэр езым и пэшым къызэрыщыспэплъэр. Абдежщ сыкъыщыгузэвар: и пэшым сриджамэ, игу фIы къысхуилъкъым ди адэм – Iэджэрэ згъэунэ-

хуащ. И пэшырат дыщиущийр – абы ущийкIэ уеджэ хъунумэ. ДыщыкIуэцIикъухьыр жысIэмэ, нэхъ гурыIуэгъуэ къыфщыхъунщ. Зыгуэр тIэщIэщIамэ, унафэ ищIырт: «Мыдэ къафшэт ар!» Пэшым дыщIишэрти, ди тхьэкIумэр тхутричырт. Диущийрт, езым зэрыжиIэти...

Щхьэ къытехьауэ пIэрэ иджы? Игу сыткIэ зэзгъэбгъа? ТелеграммэкIэ сыкъриджэжащ, и пэшым къыщыспоплъэ. СIэщIэщIар сыт?

СIэщIэщIаIауэ къысхуэщIэжакъым, си щхьэр тескъутами. Тезыр къыщIыстрилъхьэн злэжьауэ сщIэркъым.

КIэбгъу зысщIыжын мурад сиIа щхьэкIэ, щIэх дыдэ сыщIегъуэжащ: ди адэм уIэщIэкIынукъым! «Хум хэса джэдум и фэ зытезгъэуэнкъым! – жысIащ. – Лажьэ сиIэкъым, зыгуэрым игъэжэкъуауэ аращ. Сыт къызищIэфынур? Зыри къызищIэнукъым, лажьэ щызимыIэкIэ!» – си гур абыкIэ згъэфIри, си щхьэр згъэкIауэ, ди адэм и пэшым сыщIыхьащ. Ди адэм сыщыIуплъэм, си лъэр щIэкIэзызыкIащ, зызгъэлIын си гугъати, си дамэр гуэхуащ напIэзыпIэм.

Зыкъомрэ сызэпиплъыхьри, игъащIэм и псэлъафэр къызидзащ:

– Уэ лIы ухъумэ, си пащIэр уэзгъэупсынщ!

ЖьакIэупсым кIуэрейт ди адэр. ЖьакIэупсыр зэрыIэшмэкъугур зэхэсхати, мащIэрэ сыпэплъа: «Щыуэрэ, мыбы и пащIэр тригъэлъэтатэмэ, дигъэунат», – жысIэурэ...

Зы журнал си пащхьэ къридзащ ди адэм. Журналыр зэздзэкIыурэ, къэрэндащ плъыжькIэ щIэтхъа сатырым си нэр хуэзащ.

– ГушыIэкIэ зэбгъэщIа сфIощI! – къысхуилъащ ди адэр.

Журналым сеплъ щхьэкIэ, хьэрфхэр сфIызэхэзэрыхьыжащи, зыри хэслъагъукIыркъым. Сытми къызжьэдэхуащ:

– ГушыIэр Iей?

Ди адэм и нэм лъы къытелъэдауэ къысфIэщIащ:

– Iейкъым жоIэ!

– Уэракъэ зи псэлъафэр: гушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ... Пасэрейм къызэранэкIащ жыпIащ а псалъэр...

Ди адэр стIолым IэштIымкIэ щеуэм, щIыр хъея си гугъащ.

– Фэтэрым лъэбакъуэ щIэпчыкIауэ пхуэздэнукъым пщэдей щыщIэдзауэ! Зы лъэбакъуэ щIэпчыкIынкъым! IункIыбзэ ирезгъэтынщи, ущIезгъэубыдэнщ! Инджылызым еджакIуэ кIуэм уахуэдэ уэ! Си псэр пытыху, зы инджылыз утеплъэнкъым! Ар пхуэфащэкъым уэ, хьитIым я кум къыдэкIа!

Си унафэр ящIакIэщ, утхьэусыхэкIэ къикIыжын щыIэкъым. Си щхьэр къыщIэсхыжащ ди адэм и пэшым – сыIэщIэмыкIуадэ щIыкIэ. КъэнэкIафIэ сыхъуащ! Журнал мыгъуэ хъунри къыздыщIэсхащ. Си пэшым сыщIыхьэжри, пIэм зизгъэукIуриящ.

Журналыр зэгуэсхащ, сигу нэхъ къихьэжа нэужь. Ди адэм Париж къыщехъулIа гуэрым и хъыбар итт журналым. Париж ще-

джащ ди адэр, къэфакIуэ гуэрым хэтауи жаIэж... ЩыщIалэм хэт зыгуэр хэмытар? А псор щхьэ хуэсIуэтэжа журналист щхьэгъавэм? Фадэращ зи лажьэр... Едгъэлеят а пщыхьэщхьэм. Сэ сыкъэзыгъэчэпар хъыбарыр зэриубла псалъэращ: «И адэм къыщыщIауэ, мы хъыбар гъэщIэгъуэныр къытхуиIуэтэжащ Абдул Маулий-бэч. Тхьэм хущIигъэхьэ Абдул Маулий-бэч, и гур здэплъэм и лъэр нрес!»

Журналыр хыфIэсхуэри, си щхьэр фIэзубыдыкIыжащ. Си напэр тезыха журналистыр асыхьэтым къысIэрыхьатэми! Зэпкърыстхъынт! Псэжь и джэду сфыщIынт!

* * *

Абдул Маулий-бэч дыхьэшхыпцIащ:

– Си хъыбарым и сэбэп къызэрыдэкIар пцIыкъым а жэщым: барым дыщIаубэрэжьыхьакъым, хьэпсми нэху дыкъыщекIакъым. ИтIани...

– Инджылызыр къохъулIакъым? – жысIащ сэ, япэ зизгъэщри.

– Ди адэм псалъэ итамэ, пхутекIынутэкъым. Лей къызихащ...

Сыхьэтым сеплъащ: редакцэм щызгъэзэжын хуей пIалъэр къэсат. Си нэгу къыщIэзгъэхьащ и дзэр илъауэ редакторыр къызэрыспэплъэр. СызыIуригъэлъэдэнущ...

Асыхьэтым сигу къэкIащ: «СызыIуригъэлъэдэнкъым!» Абдул Маулий-бэч сэлам есхыжри фIыщIэ хуэсщIащ:

– Тхьэразэ къыпхухъу! Сыкъэпщэхужащ!

Зэхэзещхъуэн ищIауэ, Маулий-бэч къызэплъащ:

– Сыт фIыщIэ къыщIысхуэпщIыр?

КъэIэбэри, си кIэстум къуапэр иубыдащ:

– Уэри зыгуэр къыскIэщIэпщIыхьын мурад умыщIауэ пIэрэ, ы?

Атиф-бэч дыхьэшхащ:

– Упэрымыуэ! Сыт ягъэ кIын? Ахъшэ хьарзынэ къыпэкIуэнущ...

Маулий-бэч и фэр зэкIуэкIащ.

– Сыт ахъшэ къызыпэкIуэнур? Зыгуэр къыскIэщIэпщIыхьынщи, пхуэзгъэгъумэ, си пащIэр уэзгъэупсынщ!

Маулий-бэч зыкъыIэщIэзудри, барым сыкъыщIэжыжащ. Чэфти, къыскIэлъыжэкIэ къысщIыхьэнутэкъым. КъыскIэлъыхъуэнащ, дауи. КъыскIэлърехъуанэ: игу тIысынщ. И адэм и псэлъафэр игу щIриубыдар сыт фи гугъэ: къыздэгушыIэныфэ теткъым, сэр гуэрым сIуэтэжмэ...

Абыи сегупсысыжакъым: хъыбар хьарзынэ къысIэрыхьащ. Хъыбарым фIэсщыну цIэри си бзэгупэм телъщ, жэрыгъэкIэ сыздэкIуэм: «Инджылызым еджакIуэ сыщIэмыкIуар».

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*ЩIэныгъэлI, критик Тхъэгъэзит Юрэ илъэс 70 ирокъу*





# ЗЭМАНЫР И ПIЭМ ИТКЪЫМ

*Лъэпкъ литературэр джыным, абы нобэ гъащIэм щиIыгъ увыпIэр утыку ихьауэ цIыхухэр щыгъуазэ щIыным хуэунэтIауэ куэд зылэжьахэм ящыщщ щIэныгъэлI, критик цIэрыIуэ Тхьэгъэзит Юрэ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ ди литературэм и бэкъуэкIэм, бэуэкIэм теухуа тхыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Зэманым и нэщэнэхэр», «Адыгэ роман», «ЩоджэнцIыкIу Алий и художественнэ дунейр», «Адыгэхэм я художественнэ зэхэщIыкIым зэрызиужьар» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. А лэжьыгъэхэм ятеухуауэ куэд пхужыIэнущ. Ауэ абы нэхърэ дэ нэхъ къэтщтащ, зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа щIэныгъэлIыр и гупсысэхэмкIэ къыддэгуашэмэ.*

**– Юрэ, адыгэхэм я художественнэ зэхэщIыкIым къежьапIэ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунур сыт?**

– Шэч хэмылъу, абы и щIэдзапIэ нэхъыщхьэр нарт эпосырщ. Ар дунейм эпосу тету хъуам я нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абы, дыщэ пхъуантэм дэлъым хуэдэу, ихъумащ лъэпкъым и гупсысэ-

хэр, и хъуэпсапIэр, зригъэгъуэта акъылыр, къыдекIуэкIа хабзэхэр, хэлъа хьэл-щэныр, культурэр, кIэщIу жыпIэмэ, псори, псори. Абы апхуэдэу ихъумащ IуэрыIуатэм и жанр псори, псом хуэмыдэу усыгъэр.

Ауэ адыгэ литературэдж щIэныгъэр куэд щIауэ хуэныкъуэт лъэпкъ художественнэ гупсысэкIэм и щытыкIэхэмрэ абы зиужьын папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ къэхутэным. Ди лъэпкъ литературэр къэунэхуу ар гъуэгу тэмэм теувэн папщIэ екIуэкIа Iуэхугъуэ псори темыщхьэрыукIауэ, хэлъадэ-хэжыж, фэрыщIыгъэ хэмылъу кууэ джын хуейт. Шэч хэмылъу, художественнэ зэхэщIыкIым зэрызиужьар зэпхар япэ дыдэу нарт эпосым щызэфIэува усыгъэм и закъуэкъым, атIэ ар шыпсэми, таурыхъми, IуэрыIуатэми, диным пыщIа зэхэщIыкIхэми, нэгъуэщI жанрхэм зэрызауэжьами пыщIащ.

**– Осетие Ипщэм щыщ щIэныгъэлI, литературэдж-къэхутакIуэ цIэрыIуэ Джусойты Нафи къегъэув ди художественнэ гупсысэкIэр лъэпкъ гупсысэкIэ закъуэм и бжаблэм къишауэ псоми зэдай, я зэхуэдэ Iуэху еплъыкIэм, дунейпсо гупсысэкIэм хэшэн хуейуэ. Ар къыдэхъулIэну Iуэху хьэмэрэ хъуэпсапIэ къудейуэ къэнэжыну?**

– Си гугъэмкIэ, а псалъэмакъыр нэхъ зэхьэлIар цIыхубэ зэхэщIыкIыр нэкъыфIэщIу, купщIэншэу къыщамылъытэ Кавказ Ищхъэрэ культурэращ. Шэч хэмылъуи, критикыр мыбдежым щызахуэщ. ЦIыхубэ гупсысэкIэмкIэ дэ нэгъуэщI лъэпкъхэми гъэщIэгъуэн дащыхъунущ, псом хуэмыдэу – дэ къэткIуа гъуэгуанэр, ди нэгум щIэкIар фIыуэ зыщIэ КъухьэпIэм щыпсэухэм. Ауэ куэд щIауэ критикэм гу зэрылъитащи, гъусэншэу зэи зыри и закъуэ къэхъуркъым, псори зэпыщIащ, зым зыр къегъэщIыж. Къапщтэмэ, роман жанрыр дэ къэдгупсысакъым, абы лъэпкъ Iэджэм я литературэхэм куэд щIауэ увыпIэшхуэ щеубыд, ауэ романыр дунейпсо литературэм хохьэ лъэпкъ къэс езым иIэж художественнэ гупсысэкIэм и фащэ щыгъыу. Мыбы сигу къигъэкIыжащ филолог цIэрыIуэ Аверинцев Сергей и псалъэхэр: «ЩыIэщ лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм къыпхуэмылъытэну хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, щыIэщ абы зыри хэзымылъхьаи. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр абы халъхьа мащIэр нэгъуэщIкIэ зэрыпхузэмыхъуэкIынуращ». Мис, къапщтэмэ, «Нартхэр» нэгъуэщIкIэ пхузэхъуэкIынукъым.

**– Зи гугъу пщIа зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа IуэрыIуатэм и къалэн псори зэфIигъэкIа? Абы дыкъыбгъэдэкIыпэу тхыдэм хэдгъэхьэжыну хьэмэрэ иджыри зыгуэркIэ къытхуэсэбэпыфыну?**

– IуэрыIуатэр, IуэрыIуатэ-шыпсэ, таурыхъ гупсысэкIэр, шэч хэмылъу, цIыхум и зэхэщIыкIым зиIэтыным, и художественнэ гупсысэкIэм зиужьыным и джэлэсщ. Ауэ ар хыфIэбдзэжи, абы укIэрыныкъэу убгъэдэси хъунукъым.

Адыгэхэм къакIуа гъащIэ гъуэгуанэм, сыт хуэдэ лъэхъэнэми, ар езыр-езыру абы и пащхьэм къиуващ, лъэпкъым и Iуэху еплъыкIэхэр фIыкIэ игъэнщIри, ар Iэджэми къригъэлащ. Зэманыр и пIэм иткъым. Абы и гъусэу цIыхухэм я псэукIэми, я Iуэху еплъыкIэми, гупсысэкIэми зехъуэж. Къэхъунущ ахэр иджыри щызэпэувын зэмани. IуэрыIуатэр IэщIыб дымыщIу, ди псэм щыдгъафIэу хэлъмэ, дяпэкIи ар сэбэп къызэрытхуэхъунум шэч хэлъкъым.

**– ЛIэщIыгъуэ блэкIам ирагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэм зэгуэр лъэщу щыта къэралыгъуэшхуэр хьэбэсабэу зэтрикъутащ. Абы и къутахуэхэм щIиубыда литературэр къыхэтхыжу тхуэгъэкъэбзэжыну? ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа щIэныгъэ, культурэ, художественнэ зэхэщIыкI лъагэм цIыхухэр ешэлIэжа хъуну къэплъытэрэ, нобэ ди литературэр, культурэр зэрыт щытыкIэм имыкIмэ?**

– Къэралыгъуэшхуэр зэракъутэжам гъэщIэгъуэн хэлъкъым. ГъэщIэгъуэныр абы лъандэрэ блэкIа зэманым фIы и лъэныкъуэкIэ гур къыщIэзыубыдэн гуэр зэрамыщIарщ. ЦIыхухэр арэзы щIыгъуейуэ щыташ, нэхъ Iеиж хъуащ жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым. Мыбдежым уигу къокIыж Пизан чэщанэ цIэрыIуэм еплъу щыт гуэрым жиIар: «Ущытмэ, щыт, уджалэмэ, джалэ». Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм ихуащ урысей литературэри. НэгъуэщI щIыпIэкIэ укъыщеплъмэ, езы литературэми зихъуэжащ. Зихъуэжащ иIа пщIэми, и къалэнми. КъыпэкIуэ ахъшэм и гугъу пщIымэ, нобэрей зэманым абы зыри къыщIэкIыжыркъым. Сэ сщIэжыркъым Совет лъэхъэнэм властым хуэарэзыуэ щыта тхакIуэ, абы щытхъупсыр кърагъэжэха пэтми. Абыхэм ящыщ куэдым жаIэу зэхэпхынут: «Дэ сытым хуэдэу куэд тщIэнут, къытпэрымыуэу дызыхуейр дагъэтхыу щытамэ!» Ауэ я тхыгъэхэм къыпэкIуэ ахъшэм щхьэкIэ тхьэусыхэ урихьэлIэнутэкъым. Иджы литераторхэм апхуэдизу я нэ къызыхуикIыу щыта хуитыныгъэр ягъуэташ. Ауэ цIыхум телъыджэлажьэ къащыхъун гуэр къагъэщIакъым, мэхущхьэ, мэщатэ, совет лъэхъэнэм хуоплъэкIыжхэри щысщ. Абы щхьэкIэ зыри пхуэгъэкъуэншэнукъым. ТхакIуэхэм я Iуэхур езы тхакIуэхэм я Iуэхужщ. Зыми зыри хуищIэну и къалэнкъым. Апхуэдэу щытми, щыIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпын хуейщ, зэхуэсауэ, зэпсэлъауэ. Арыншамэ, гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.

**– Ди лъэпкъ литературэм зиужьын, ар дунейпсо литературэм хэмыхьэми, абы пэгъунэгъу хъун папщIэ лэжьыпхъэхэр къэхутэным уэ къаруушхуэ епхьэлIащ. А уи Iуэху еплъыкIэмрэ бгъэдыхьэкIэмрэ нобэрей зэман зэIумыбзым и гъуэзым хэкIуэдэжу хэмышыпсыхьыжыну пIэрэ?**

– Сэ ди адыгэ литературэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм лъэныкъуищкIэ сыбгъэдыхьащ: литературэр зэтеувэн папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм, абы ехьэлIауэ дэтхэнэ тхакIуэми усакIуэми хэхауэ и щхьэкIэ ищIэн хуейм, жанрым теорие и

лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыпхъэм. Пэжу, сэ а псоми сызэреплъыр дунейпсо литературэм ехьэлIауэщ. Абы егъэпщауэ жыпIэмэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, куэд тхузэфIэкIауэ тедгъэчыныхьынукъым, уеблэмэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэмрэ бгъэдыхьэкIэмрэ къэдгъэсэбэпынуи яужь дихьакъым. Хуэму, мыпIащIэу зэтеувэ литературэм дежкIэ ар къалэн инщ икIи хьэлъэщ, ауэ, япэкIи щыIахэм дэплъейуэрэ щIэгъэхуэбжьауэ зызыужь литературэр зыщIэхъуэпсри зыхущIэкъури аращ. Литературэм ехьэлIауэ куэдрэ къапсэлъ пост-модернизм псалъэм сэ Iейуэ сакъыу сыбгъэдохьэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ ди закъуэ – зыри дымылъагъуу, зыми дыпымыщIауэ – дыпсэуркъым, зэи щымыIа къэдгъэщIынуи дыпылъкъым. Дыхуейдыхуэмейми, адрей лъэпкъхэм я литературэмрэ культурэмрэ яжь къытщIеху. Дэтхэнэра абыхэм ящыщу дэ нэхъ тпэгъунэгъур, къэтщтапхъэр? Ар нэгъуэщI псалъэмакъщ...

**– Адыгэ роман. Сыт абы къежьапIэ, гущапIэ хуэхъуар? Нобэ сыт и шыфэлIыфэ? Пщэдей и натIэ хъунур сыту пIэрэ?**

– Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ адыгэ культурэм и натIэ хъунур зыми ищIэртэкъым. Ауэ абы щыгъуэ зыIууа Iуэхугъуэшхуэхэм адыгэхэр нэхъ жыжьэ плъэуэ, нэхъыбэ къагурыIуэу ищIауэ жыпIэ хъунущ. ДяпэкIэ лэжьыпхъэхэр нэхъ нэрылъагъу хъуауэ щытащ. Ауэ 1917 гъэм екIуэкIа революцэр ди литературэм зиужьынымкIэ, дэ нэгъуэщI Iэмалхэр дгъуэтынымкIэ хэкIыпIэ тхуэхъуат. Абы къыдэкIуа псэукIэращ зэи димыIа гупсысэкIэмрэ Iуэху еплъыкIэмрэ дыхуэзышар. Абыхэм къагъэщIыжащ художественнэ литературэм хэлъ гупсысэри. Зэи ямылъэгъуа, ялъагъун дэнэ къэна, я гущхьэм къэмыкIа псэукIэм къихьа зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъ кууэ къэзыгъэлъэгъуэжыфынур романырати, зызыужьу щIэзыдза ди литературэми а жанрым зрипщытащ. ЗэманышхуэкъызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ инхэр къэзытIэщI романыр, дауи, занщIэу, тыншу зэтеувакъым. А жанрым хиубыдэ тхыгъэхэр зэпышат, курбыщт, жыпхъэхэри тэмэму щамыубзыхуф щыIэт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ ди литературэм цIэрыIуэ щыхъуа роман куэдми а узыфэхэр къофыкI. Европей роман жанрым и жыпхъэм ирагъэувэфар мащIэ дыдэщ. Ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ гур къыщIэзыубыдэ, арэзы укъищIу убзыхуа романхэри дызэриIэр. Ахэр урысыбзэкIэ тхэ Куэшбей Жамболэтрэ Емкъуж Мухьэмэдрэ иужьу я Iэдакъэ къыщIэкIа романхэрщ. Ауэ щыIэщ ахэр ди лъэпкъ литературэм хэмыхьэу къэзылъытэ критикхэри. Си щхьэкIэ, сэ ахэр адыгэ культурэм зезыгъэужь, абы ину зезыгъэшэщI къудамэу къызолъытэ.

**– Урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александррэ адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я художественнэ дунейр я усэ зыбжанэм щызэпэджэжащ. Ахэр занщIэу дэ гу зылъыдмытэ зыгуэрхэмкIэ зэпыщIа, зэпха?**

– Си гугъэмкIэ, апхуэдэу къэплъытэн и пэ къихуэу, абы кууэ егупсысын хуейщ. Лъэхъэнэ гуэрхэм абыхэм щхьэж и лъэпкъ лите-

ратурэр езыхэр щыпсэуа зэманым щыIам и щыгум я нэхъ лъагапIэ дыдэхэм дашащ. Псом хуэмыдэу абы щыхьэт тохъуэ усэбзэкIэ тха «Евгений Онегин», «Къамботрэ Лацэрэ» романхэр. Абыхэм романым щIэлъ гупсысэхэмрэ бзэмрэ зэпэгъунэгъу ещI. Ауэ, сытегушхуэнщи жысIэнщ, Пушкиным и лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм КIыщокъуэ Алим нэхъ зэрыпэгъунэгъур. ЩоджэнцIыкIу Алий ейр – Лермонтов Михаил.

**– Лъэужьым лIэужь къегъэщI. ГъащIэр абы тету йокIуэкI. Ауэ литературэм дежкIэ ар мащIэщ. Лъэужьым урикIуэу, лIэужьым ущхьэдэхыжу зэи зыри зэрымыкIуа лъагъуэщIэ пхышын хуейщ, ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ хуэдэу. Ар дауэ къызэрохъулIэнур, Алийрэ Алимрэ хуэдэ цIыхушхуэхэр илъэсищэм е щитIым зэ фIэкIа дунейм къытемыхьэу жыхуаIэр пэжмэ?**

– УпщIэ гъэщIэгъуэнщ икIи гугъущ мыр. Ауэ зыри пщIэн хуейкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зыри пхуэщIэнукъым. Апхуэдэ цIыхушхуэхэр ауэ сытми хьэзыру езыр-езыру дунейм къытехьэркъым. Лъэпкъ литературэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ абы дяпэкIи нэхъри зиужьын папщIэ плъапIэ ищI лъагапIэшхуэхэмрэ къагъэщIу аращ ар. Пушкиным и зэманым псэуа усакIуэхэр мыхъуатэмэ, Пушкиныр щыIэнутэкъым. 20 – 30 гъэхэм диIа адыгэ литературэр щымыIатэмэ, ЩоджэнцIыкIу Алии диIэнутэкъым. Пэжщ, псори езыр-езыру къэкIуэным упэплъэу ущыс хъунукъым. Абы зэпымыууэ телэжьэн хуейщ.

**– Япэхэм ТхакIуэхэм я союзыр тхэн щIэзыдзэхэм ядэIэпыкъурт, литературэм къыхыхьэу зи цIэ зыгъэIуахэм и нэIэ ятригъэтт. Нобэ апхуэдэ Iуэхухэри екIуэкIыжыркъым, Хьэх Сэфарбий и литературэ Хасэм и гугъу умыщIмэ. Ди литературэм игъуэтын хуей зыужьыныгъэм дежкIэ ар мащIэми, сэбэпынагъ гуэр къишэрт. Иджы ари щыIэжкъым. Iуэхур абы къытенэну?**

– Апхуэдэ Iуэхугъуэм зэхуэсауэ тепсэлъыхьын хуейщ.

**– Юрэ, литературэдж щIэныгъэлIхэри я къару щеплъыж щыIэщ, утыку къэрамылъхьэми, усэ, прозэ ятхыу. Уэ абы дауэ ухущыт?**

– «ТхакIуэ мыхъуар критик мэхъуж» жиIэу псэлъафэ щыIэщ. Абы Iэнкун уимыщIмэ, утхэнри хъарзынэщ. Ауэ пэжыр жыпIэмэ, ар критикым дежкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ Iуэхущ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, ар икIи гъэщIэгъуэнщ. Псалъэм папщIэ, сэ, зэрысщIэжрэ ХьэIупэ ДжэбрэIил композитор гъуэзэджэщ. Телъыджэщ жыпIэми, ущыуэнукъым. Сэ зэхэсхырт абы усэ гуэрхэри етх, жаIэу. Куэд щIакъым, езым имыщIэххэу, зыIэрызгъэхьа и усэхэм, напэкIуэцI 200 хъууэ, сыкъызэреджэрэ. Усэ тхылъ зыбжанэ зытхам и щхьэ мыгъуагъэ щIыхуищIыжын хэслъэгъуащ сэ сызэджа Iэрытхым, итIанэ, мыр псалъэшхуэу къызы-

щыхъуни щыIэнщ, ауэ ди усыгъэм сэ абы нэгъуэщIынэкIэ сригъэплъыжащ...

**– Культурэм, литературэм, искусствэм хуащI гулъытэр, хухах мылъкур кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Ахэр хагъэкIуэдэжыпэну мурад ящIауэ арауэ пIэрэ хьэмэрэ «щIакхъуэ уиIэмэ, уэрэди уиIэщ» жыхуаIэм тету цIыхухэр щIакхъуэкIэ къызэрагъэпэщу, итIанэ абыхэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыжыну ара?**

– А уи упщIэм и жэуапыр Урысейр рынок зэхущытыкIэ зыхуекIуам и бгыр экономикэм кIуэ пэтми быдэу зэрыщIикъуззэрщ. А Iуэхугъуэр ди республикэм и унафэщIхэм я деж къыщежьэркъым. КъыфIэбгъэкIмэ, а Iуэхур ди деж нэхъ къыщызэтенащ, ди гъунэгъухэм я деж нэхърэ. Ауэ ар апхуэдэу куэдрэ екIуэкIыну си фIэщ хъуркъым. Республикэ закъуэм «коммунизм» щыбгъэувыфынукъым. Ар Урысейпсо Iуэхугъуэщ. Къэралым культурэмрэ литературэмрэ, япэхэм хуэдэу, ахъшэ зэрыхухихын хуейр, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, етIуанэ Iуэхугъуэщ, е, зэрыжаIэу, етIуанэ упщIэщ. Псом нэхърэ нэхъапэр абыхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр, зрикIуэну лъагъуэр, здэкIуэну щIыпIэр убзыхуауэ цIыхухэр, зэрыщыту обществэр зэрыт, зыри къызыфIэмыIуэху щытыкIэм къиИшауэ нобэрей гъащIэм зэрыхэтыпхъэр, дэтхэнэ зыми абы щиIэ мыхьэнэр къагурыгъэIуэжын хуейщ, зыкъащIэжу псэщIэ, фIэщхъуныгъэ ин къахыхьэжу гъащIэ зэIумыбз, зыпэмыплъам хэпсэукIын папщIэ. Сыт хуэдэ щытыкIэ гугъу культурэр нобэ имытами, абы зигъэкъэбзэжу зэрызиузэщIыжын къару къызыкъуихын хуейщ. Сэ зэрысщIэжымкIэ, ар ди лъэпкъ культурэу ирехъу, Урысей культурэуи щрет, си нэгу щIэкIащ, слъэгъуащ, культурэм зрагъэужьын папщIэ программэ куэд зэрызэхалъхьар, абы трагъэкIуэдэну ахъшэри къызэралъыхъуар, къызэрагъуэтар, къызыхахар. Уеблэмэ сэри сахэтащ зэман гуэрым а Iуэхур зезыхуахэм. Ауэ ищхьэкIэ зи гугъу щысщIам гулъытэ зэрыхуамыщIам, къазэрыфIэмыIуэхуам, я тхьэкIумэм зэрырамыгъэхьам къыхэкIыу, пшахъуэм псы зэрызыщIифым ещхьу, культурэмрэ литературэмрэ хухаха ахъшэхэр псыхэкIуадэ хъуащ.



**– Иджы, а зэрыжыпIэм хуэдэу Iуэхур зэтедублэн, едгъэжьэн папщIэ, псом япэу сыт щIэн хуейр?**

– Нобэ Iэмал имыIэу къэув Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ гъащIэм зэрызиужьыну Iуэхугъуэ псори, щIэныгъэр и лъабжьэу къэтхутэу, обществэм я зэхэщIыкIыр къэтIэтыну. Обществэм зимыужьауэ, гъащIэми, сыт хуэдизрэ ар и пIэ имыту зихъуэжми, цIыхухэр абы насыпыфIэу хэпсэукIын хуэдэу зиузэщIыфынукъым. Къэтхьынщ щапхъэу нобэрей зэманыр. Абы зихъуэжакъэ? Зихъуэжащ! АтIэ цIыхухэр насыпыфIэу псэурэ? Псэукъым! Урысейр лъэпкъ куэду зэхэтщ. Дэтхэнэми езым и хабзэ, и тхыдэ иIэжщ. Дэтхэнэри Урысей культурэм и Iыхьэщ. Обществэри

лъэпкъыу зэхэтщ. Ахэр дахэу зэхэухуэнауэ къэпIэтрэ псори зэгъусэу ебгъэфIакIуэмэ, обществэри зы хъунурэ зэкъуэувэнущ. Узэкъуэтмэ, зэрыжаIэу, улъэщщ. ИтIанэ къэралым къыдигъэкI хабзэхэмрэ ахэр зэрылажьэмрэ цIыхухэм кууэ къагурыбгъэIуэжмэ, дзыгъуибгъур зэдекъумэ кIадащхьэ трач, жыхуаIэм ещхьу, гъащIэщIэм нэхъ тыншу зебгъэузэщIыфынущ, зебгъэужьыфынущ, зы унэтIыныгъэм ухуэкIуэу.

**– А зи гугъу пщIы Iуэхугъуэм литературэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыфыну?**

– Мызыгуэру – куэд дыдэ! Литературэмрэ искусствэмрэ нэхъ-рэ нэхъыфIу цIыхум и псэм зыри лъэIэсыфынукъым. Къэтщтэнщ уэрэдыр. Хэку зауэшхуэм и пэкIи и ужькIи ятхахэр. Ноби ахэр жьы мыхъуауэ, ямыужэгъуауэ жаIэ. ГъащIэщIэр революцэ нэужьым щыдухуэми, зауэ лъэхъэнэми цIыхур ем пэщIэзыгъэтари, гугъуехьыр апхуэдэу хьэлъэ дыдэ къащымыхъуу къащызыгъэпсынщIари уэрэдращ, тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэм къыщIэкIа усыгъэ купщIафIэхэмрэ прозэу тха тхыгъэ телъыджэхэмрэщ. Зэманым и бэкъуэкIэр, бэуэкIэр къэзыIуэтэжа публицистическэ тхыгъэ маисащхъуэм хуэдэу жанхэрщ. Ноби, дызэрыт зэман гугъум, апхуэдэ тхыгъэ купщIафIэхэр дунейм къытехьатэмэ, дызэрыкIуэну лъагъуэр, дызэрырикIуэну щIыкIэр нэхъ зэIубз хъунут. Ауэ ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди зэманым теухуауэ къагъэщI художественнэ тхыгъэхэр мащIэ дыдэщ. Абыхэм я нэхъыбэри гуащIэмащIэщ. Япэхэм, дызыхуей дыдэм и пщалъэм нэмысми, критическэ тхыгъэхэр ятхырт, зи цIэ, угушхуэу, къипIуэн критикхэри диIэт. Иджы зы Iэм и Iэпхъуамбэхэм хуэдиз, уегугъупэмэ, къыпхуэбжын-къыпхуэмыбжынщ. Тхылъу къыдэкIри мащIэщ. Абыхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэжщ – экземпляр 300-500. Дауэ цIыхухэм я псэм, я гущIэм узэрынэсынур, зэрыбузэщIынур, зэрыппсыхьынур, афIэкIа къыдумыгъэкIыу? Пшахъуэм хэткIуэ зы ткIуэпс закъуэм ещхьщ ар. Тхылъеджэм яцIыхур школ учебникхэм ихуа ди тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьхэрщ. Нобэ сыт хуэдэ тхакIуэфI е усакIуэфI къэунэхуами ящIэркъым. Уеблэмэ, дэ тхылъеджэу диIэр нэхъ мащIэщ, тхакIуэу, усакIуэу диIэм нэхърэ. Урысей литературэшхуэм и Iуэхури нэхъыфIу пхужыIэнукъым. Нобелым и саугъэтыр зрата тхакIуэ, усакIуэ зыбгъупщIым я IэдакъэщIэкIхэрщ урыс тхылъеджэхэри зыщыгъуазэр, зи цIэ къыпхураIуэфынур. Уэ укъызэупщIынщ: «Сыт щIэн хуейр?» Куэд, куэд, ауэ къызэрымыкIуэу куэдыкIей. Критикхэр нобэ екIуэкI литературнэ процессым нэхъ жану хэтыну къыхуедмыджэу хъунукъым. Япэрей тегъалэ, щытхъу, цIыхугъэ-ныбжьэгъугъэм къыпыкIауэ, щIэныгъэр и лъабжьэу кууэ зэпкърахын хуейщ тхылъу дунейм къытехьэу хъуар. Тхылъхэм я мызакъуэу ди журналхэм, газетхэм къытехуэхэри гулъытэншэу къэдгъанэ хъунукъым. Апхуэдэ тхы-

гъэхэм увыпIэ хэха щагъуэтын хуейщ ди журналхэм, радиори, телевиденэри, газетхэри абыкIэ къыддэIэпыкъуну дащогугъ.

Литературэм и пшыхьхэр, тхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэм я зэIущIэр къэдгъэщIэрэщIэжыну яужь дитщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, япэхэм ещхьу, иджыпсту ахэр дэ дызэрыхуейм хуэдэу зэкIэ къытхузэгъэпэщыркъым. ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ зыри къызыфIэмыIуэху щытыкIэм къытхуишыркъым, течыгъуейщ. Абыхэм кIуэ нэхърэ я щхьэ Iуэху я закъуэу зэрахуэмэ нэхъ къащтэ.

**– Уэ, ди республикэм культурэмкIэ министру ущылажьэм, угушыIэурэ жыпIэу щытащ: «литературэджу щыта». Дэтхэнэ гушыIэми и лъабжьэм пэж гуэр щIэлъщ, жаIэ. Ар лъабжьэншэ хьэмэрэ, пэж дыдэу, къулыкъушхуэм зэман гуэркIэ литературэм укъыбгъэдишат?**

– ТIэкIуи гушыIэ щIэлъу жысIэнщи, тхакIуэу, усакIуэу, критикыу щыта щыIэкъым. И пIэм иуджыхьу итхэр сфIэфIкъым, литературэри ар къэхутэнри абы хэтыжу. Сэ сигу ирохь урысей академическэ щIэныгъэм, и гъуэншэдж лъапэр дригъэджэрэзейуэ, комсомолым е япэ къэсым и ужь иту къызэримыжыхьар. Нобэр къыздэсым си дежкIэ литературэр джынымрэ ар зэпкърыхынымкIэ щапхъэу къоув Дунейпсо литературэр щадж институтыр. Сэ литературэр джыным, къэхутэным зэман гуэркIэ сыбгъэдэкIуэтауэ зэрыщытам зыкIи Iэнкун сищIакъым икIи абы пэIэщIэ сыхъуакъым, куэд щIауэ сызыхуэзэша, си нэ къызыхуикI унэжьым хуэдэу къэзгъэзэжащ... Абы и пэ къихуэу си Iэдакъэ къыщIэкIахэм сыхэплъэжащ, ахэр зэзгъэзэхуэжри, тхылъу къыдэзгъэкIыжащ.

**– Сэ сыхунэмысауэ нэгъуэщI сыт хуэдэ Iуэхум и гугъу пщIынт?**

– КуэдыIуэ жызмыIауэ пIэрэ? Зэманыр гугъущ, фэзэхъуэкIщ. Къуаншэр къэдвмыгъэлъыхъуэ, псори зэгъусэу дыкъуаншэщ. Фигу къэвгъэкIыжыт мы Iущыгъэр: «Тхьэшхуэ, къару къызэт фIыкIэ схузэхъуэкIынур зэсхъуэкIыну, схузэмыхъуэкIынумкIэ арэзы, акъылэгъу сыхъуну; акъыл къызэт Iеймрэ фIымрэ схузэхэгъэкIыну». Апхуэдэ Iущыгъэхэр зыхэтлъхьэмэщ дунейм лъэпкъыу тету хъуам дакъызэрыщхьэщыкI, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI адыгэ хабзэр, хьэл-щэн дахэр, цIыхугъэр, Iэдэбагъыр, лIыгъэр, пэжыгъэр щытхуэхъумэнур. Мы зэман зэхэзэрыхьам зыдыдогъэкIу жытIэу, ахэр хьэрэкъуакIэ дэдвмыгъэдзэж!..

*Епсэлъар* **ХЬЭIУПЩЫ МуIэедщ**

# ДУНЕЙПСО ПЩАЛЪЭР И ГЪУАЗЭУ

Адыгэхэм зыумысыжыныр димыхьэлми, жысIэнщи, ди дежкIэ иджыри хабзэ быдэу увакъым дэ тщыщ дэтхэнэ IуэхущIакIуэми и фIыщIэр здынэсыр накIэнэщхьагъэ хэмылъу утыку къитлъхьэжыныр. Нэхъ дызэсар зи гугъу тщIынум е щытхъупсыр къедгъэжэхыу, къежэхар жэбзэжа нэужь гум зыри къимынэжу апхуэдэщ. Хьэмэрэ, зи гугъу тщIым зыгуэркIэ ди ней щыхуамэ, къыдрихьей псори хужыдоIэри, фIыуэ бгъэдэлъри щIыдогъэхъумэж. А тIум ящыщу юбилейм теухуа псалъэм нэхъ къезэгъыр япэрейращ, сэри сыубэн мурад сиIэкъым, ауэ мы тхыгъэм къеджэну дэтхэнэми быдэу и фIэщ ирырещI, мыр, фэрыщIагъ хэзмылъхьэу, Тхьэгъэзит Юрэ кIэрымылъ кIэрыслъхьэн хуэзмыгъэфащэу, къызэрысщыхъу дыдэм хуэдэурэ, зэрыстхар. Армыратэмэ, къалэмыр къэзмыщтэну сыхуитащ. Щхьэусыгъуэ гуэр сщIыуэ зыри сымытхами, зыми и хьэкъ стелътэкъым. Стелъыр сыт, жыпIэмэ, фIы зыщIэм и щIыхь хуэщIыжынращи, ар псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, Тхьэгъэзитым хэлъхьэныгъэу ищIар къэтпщытэну дыхуеймэ, абы и лэжьыгъэр хэгъэщхьэхукIа мыхъуу, лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и тхыдэм хэту уеплъыну къелэжь, сыту жыпIэмэ ар къыгуэхып1э имыIэу лъэпкъым ейщи, икIи апхуэдэр зыхуэфащэу ди литераторхэм куэд яхэткъым.

Адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ жыжьэ дыдэ къыщемыжьэ щхьэкIэ, зэман гуэркIэ укъуэдия дэтхэнэ зы къэхъугъэми хуэдэу, и тхыдэ иIэжщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и лъабжьэщ литературэ къэунэхум къыхихыну гъуэгур зыубзыхуа япэ критикэ тхыгъэхэу Нало Жансэхъу, Талпэ Михаил, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ, нэгъуэщI зырызхэми я IэдакъэщIэкIыу ди деж къэсахэр. Ауэ мы IэнатIэм нобэ зиужьауэ тлъагъумэ, ар зи фIыгъэр япэу къызэзыгъэпэщахэм я закъуэкъым, атIэ я фIыщIэ Iыхьэ яхуэфэщэжщ япэ итахэм ябгъурыувэу абыхэм лъагъуэ цIыкIуу къращэжьар хэзымыгъэкIуэдэжахэми, ар гъуэгушхуэ хъуным хуэлажьэхэми, дунейпсо литературэм езышэлIэжахэми. ЗэрытщIэщи, адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ я ублапIэр блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэрамэ, къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэ хъуащ адыгэ авторхэу Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий сымэ я IэдакъэщIэкIхэр, абыхэм нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIами, ди лъэпкъэгъу тхакIуэ-усакIуэ щхьэхуэхэм ятеухуауэ псалъэ щыпкъэ жызыIэфа Либединский Юрий, Гоффеншефер Вадим, Тресков Илья, Бычков Дмитрий сымэ хуэдэхэм я тхыгъэхэр. Мыхьэнэшхуэ иIащ абыхэм я лъэхъэнэм къыпызыщэфыну щIэныгъэрылажьэ гупышхуэ къызэрыунэхуам. Япэ адыгэ литературэхутэхэмрэ критикхэмрэ къащIэтэджащ Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, Пщыбий Инал, Хъупсырокъуэ Хъызыр, Бэчыжь Лейла, нэхъ иужьыIуэкIэ – Хьэщхъуэжь Раисэ, КIурашын БетIал, Къэшэж Людмилэ, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид сымэ. Абыхэм икъукIэ фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ япэ дыдэу адыгэ литературэр лъэпкъ искусствэм и зы пкъыгъуэу къыхагъэщхьэхукIыу къызэрапщытамкIэ. Ардыдэхэм я гуащIэм кърикIуащ япэ адыгэ автор нэхъ пажэхэм (ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ хуэдэхэм) я творчествэр, XIX лIэщIыгъуэм къэхъуа узэщIакIуэхэу Нэгу-



7 Заказ №126

мэ Шорэ, Хъан-Джэрий, КIашэ Адыл-Джэрий, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Ахъмэтыкъуэ Къазий-Бэч сымэ, нэгъуэщI куэдми я гъащIэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ къапщытэу литературэр зэпэщыным хэлъхьэныгъэу хуащIар къызэрагъэнэхуэжар.

Иджыри IуэхугъуитI щыIэщ, хуэфэщэн пщIэ хуэдмыщIыфа щхьэкIэ, дызытепсэлъыхь IэнатIэм зиужьынымкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэу къыщIэкIауэ. Япэр узэщIыныгъэм и Iуэхум КъуэкIыпIэм къыщежьа Iэдэбым (Адаб восточного культурного движения) мыхьэнэшхуэ зэрыщиIаращ. ЕтIуанэр лъэпкъ литературэр къэунэхунымкIэ адыгэ джэгуакIуэжьхэм ягъэзэщIа къалэным и инагъыр къэтIэщIауэ дахэу къэгъэлъэгъуэжынырщ. А тIуми автор зыбжанэ тетхыхьащ, ауэ абыхэмкIэ нэхъ фIыщIэшхуэ дыдэ зыбгъэдэлъыр Нало Заурщ. Бжьэпэтехуэ хъужащ зи нэхъыжьыгъуэхэмрэ абыхэм я лIэужьхэмрэ зэгъусэу ягъэхьэзыру адыгэ литературэм и тхыдэр гъэщыпкъауэ къыщыгъэлъэгъуэжа лэжьыгъэхэри зэрызэдатхар.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ япэ лэжьыгъэри факт щхьэхуэхэр къэлъыхъуэным, ахэр зэпыгъэувэжауэ тхыдэм и пкъым игъэзэгъэжыным, езы лъэпкъымрэ къэралымрэ зыхэхутэ къэхъукъащIэхэм егъэпщэжыным тегъэпсыхьауэ щымыту хъуркъым. ИкIэм-икIэжым аращ лъэпкъ литературэм и теориеми и тхыдэми лъабжьэ яхуэхъур, икIи апхуэдэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр лъытэгъуейщ. Ауэ сыт хуэдэ лъабжьэми зы щхьэ гуэр тещIыхьын зэрыхуейм хуэдэу, литературэ щIэныгъэм и ублапIэми зумыгъэузэщIыфмэ, ныкъуэщIу къэнэжынущ. ГъащIэм и хабзэщ адэкIэ зызымыужь IэнатIэр ужьыхыжу, абы къыхэкIыуи зыужьыныгъэм и нэщэнэр япэ итахэр здынэсам къыпызыщэн щыIэнращ. АбыкIэ, пэжыр жысIэнщи, мы зи гугъу сщIы IэнатIэм и гъунапкъэщIэхэр щIэныгъэрылажьэ зыбжанэм пасэу къалъэгъуауэ щытащ. ИкIи абыхэм ящыщхэр биографие къэпщытэнымрэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъугъэхэр зэрызэкIэлъыкIуар гъэнэхуэнымрэ щхьэпрыбэкъукIыу гъащIэм, культурэм къыщыхъу проблемэхэр искусствэм и IэмалхэмкIэ ди лъэпкъ литературэм зэрызэфIих щIыкIэхэр, ахэр дунейпсо литературэм щекIуэкI къэхъугъэхэм зэрыпэджэжыр, зэрыхэухуэнар къэгъэлъэгъуэжыным ирамыгъэпщауи жытIэркъым. Литературэр бзэм и дахапIэу зэрыщытым къыщежьэ эстетикэ концепциер адыгэ тхыгъэм ехьэлIауэ зэгъэпэщыныр зи чэзу лъэбакъуэти, абы лъабжьэ игъуэтащ зи цIэ къисIуахэм хуэдэ зы гупым я фIыщIэкIэ.

А псоми укъуэдияуэ дытепсэлъыхьмэ, ди темэр тIэпыщIэхужынкIэ шынагъуэщ, ауэ ныбжьу нэхъ мыхъуми ди нэгу къыщIэдмыгъэхьэмэ, дызыхуейри тхужыIэнукъым. Псом хуэмыдэжу, XX лIэщIыгъуэм и 70 – 80 гъэхэм дунейм къытехьэ хъуащ адыгэ литературэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэмрэ искусствэм и проблемэу абы къкрикIуэхэмрэ ятеухуа лэжьыгъэ щыпкъэхэр. Апхуэдэу, автор зыбжанэм я Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэпылъыпIэхэр гъэнэхуэным, адыгэ литературэмрэ XIX лIэщIыгъуэм къэунэхуа узэщIакIуэ зэщIэхъееныгъэмрэ мыхьэнэуэ яIар къэпщытэным теухуа лэжьыгъэ щхьэпэ зыбжанэ. Абыхэм къадыкъуэкIащ литературэ псоми я зэхуэдэу зэпэща хъуа жанрхэр адыгэ тхакIуэхэм къызэрагъэIэсэфа щIыкIэхэр, творческэ метод зыхужаIэр къызэращтар, автор нэхъ па-

жэхэм литературэм зиужьыным хэлъхьэныгъэу хуащIар къыщыпщытауэ тхыгъэ зыбжанэ. Зыгуэрым и лэжьыгъи згъэикIэну сыхуейкъым, ауэ сыщымыуэну къысфIощI, лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и гъуэгур а лъэхъэнэм зыунэтIахэм ящыщу авторищым я лэжьыгъэхэр къыхэзгъэщхьэхукIмэ. Япэр икIи ныбжькIэ зи нэхъыжьыгъуэр Нало Заурщ. Лъэпкъ литературэм и нобэмрэ и тхыдэмрэ политикэм и гуэдзэным къыбгъэдэшынымкIэ абы лъэбакъуэфI ичащ, Хэкум къихъуа адыгэ узэщIакIуэхэм, джэгуакIуэжьхэм, КъуэкIыпIэм къыщежьа Iэдэбым я къуэпсхэр зэпищIэу абыхэм лъэпкъ искусствэм и зыужьыныгъэм щаIэ мыхьэнэр къитIэщIкIэрэ. КъыкIэлъыкIуэу зи цIэ жыIапхъэу сфIэщIыр ШащIэ Къазбэчщ, абы адыгэ литературэм зиужьынымкIэ эстетикэр зи лъабжьэ конфликтым мыхьэнэуэ иIэр къызэрипщытарщ. Ещанэр БакIуу Хъанджэрийщ, абы и фIыщIэщ литературэм зиIэтын щхьэкIэ талантым иIэ мыхьэнэр къызэригъэнэхуэжар. Дауи, а Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ псори убзыхуа хъуркъым, ахэри кърахьэжьэн щхьэкIэ нэгъуэщI къэхутакIуэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэпагъэзари пэжщи, зыми и фIыщIэ иремыкIэд, ауэ мыхэр ди япэкIэ пщалъэ зэрыхъум къигъэлъэгъуащ лъэпкъ литературэ щIэныгъэр гъунапкъэщIэм гушхуауэ зэребгъэрыкIуэр. Апхуэдэхэм лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и зэфIэкIыр яузэщI, къэхутэныгъэхэр фактологие къудейм щхьэщашри, къэхъугъэхэри уэим ямыщIрэ япэ итахэм къайхъулIауэ щытахэр я тегъэщIапIэу иджырей литературэхэм я проблематикэм ирашалIэ, сыт хуэдизу дымымащIэми, дэ тхуэдэ лъэпкъ цIыкIухэм я Iэужьхэри, къуэщIий-фэщIийуэ щымыту, дунейпсо искусствэм и зы Iыхьэу уагъэлъагъуж. Мис апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр быдэу увын щыхуей лъэхъэнэм хуэзащ Тхьэгъэзит Юрэ щIэныгъэ IэнатIэм щыпэрыувар. Пэжщ, абы кандидат диссертацэм и темэу къыхихар адыгэ романым и зыужьыкIэрати, ар япэ итахэм нэхъ дызрагъэса еплъыкIэм тещIыхьауэ къыпщыхъунут. АрщхьэкIэ нэхъыщхьэр темэракъым, абы и къэхутэкIэрщ: Тхьэгъэзитым роман зыужьыкIэр къигъэнэхуэн щхьэкIэ, иджырей дунейпсо литературэ щIэныгъэм и методологиемрэ гъунапкъэщIэхэмрэ Iэмал нэхъыщхьэу къигъэсэбэпащ. Къигъэсэбэп къудей мыхъуу, къэхутакIуэм хьэкъыу къыхихащ факт щхьэхуэхэр зэпыгъэувэным къыщымынэу, атIэ ахэр зыпыува нэужь къуагъэлъагъу эстетикэ концепциер япэ игъэщын зэрыхуейр. Арыншамэ, дунейпсо литературэмрэ щIэныгъэмрэ я гъуэгу шэщIар зы лъэныкъуэу, дэ ди тхыгъэ IэрыщIхэр абы гъунэгъу зэи хуэмыхъуу пабжьэм хыумылъагъукI лъагъуэ нашэкъашэу ди дунейр тхьынут, зыщIыпIэ деж литературэшхуэм щыкIэрыбгъэпщIэну ухуежьэми, къыкIэрыхужу, къызыкIэрыхужари абы щхьэкIэ зыкIи ныкъуэ мыхъуу. ИкIэм-икIэжым, Тхьэгъэзитым япэ итахэм я гъуэгум къызэрыпищар зы псалъэкIэ жыпIэмэ, ди лъэпкъ цIыкIум и литературэри дунейпсо литературэм и зы Iыхьэ мыгуэшу, къыгуэпх мыхъуну, ар зым нэхъри нэхъ мыхьэнэншэу жыпIэ мыхъуу, пкъымрэ лымрэ щыщу къызэригъэлъэгъуэфаращ.

Пэжщ, абы, зыгуэрхэм зэращIым хуэдэу, япэщIыкIэ къэхъугъэ зыкъомыфI къиугъуейрэ псоми зэдагъэкъабыл социалист-реализмэм и методикэмкIэ иузэдыжатэмэ, и лэжьыгъэр мыхъуауэ жызыIэн куэд къыкъуэкIынутэкъым, хъуауэ жаIэнт, IэIэткIэ быдагъэ зэдащIынти –

ди щIэныгъэрылажьэхэм иджыри зы кандидат фаджэлыджэ къыхэхъуэнт. АрщхьэкIэ къэхутэныгъэхэмрэ авторхэмрэ я бжыгъэр иджыри зыкIэ нэхъыбэ хъуа щхьэкIэ, абы щIэуэ кърикIуэнур мащIэт. ЩIэныгъэрылажьэм и япэ дыдэ къалэнхэм ящыщщ дэ, абы и тхыгъэм къеджэнухэми, ди Iуэху еплъыкIэм зригъэузэщIын, ди щIэныгъэм лъагъуэщIэ гуэр хухишын зэрыхуейр. АбыкIэ Тхьэгъэзит Юрэ и пщэ дилъхьэжащ адыгэ романым и теплъэхэмрэ зэрызиужьа щIыкIэхэмрэ къихутэну. Абы и гъусэу ди лъэпкъ мащIэу зи литературэр гущэм къебэкъуагъащIэр дунейпсо культурэм и кIэдэдзэ-гуэдзэну щымыту, атIэ ари мыхьэнэ зиIэ гуэркIэ абы зэрыхэувэр, лъэпкъ цIыкIум и литературэми езым и макъ зэриIэжыр, адрейхэм абыкIэ зэрапэджэжыр, зэрабгъурыувэр къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ.

Тхьэгъэзитым езым и талантымрэ зригъэгъуэта щIэныгъэмрэ ерыщагъкIэ игъэбатэри, ди литературэ щIэныгъэр гъунапкъэу а лъэхъэнэм зылъэIэсам щхьэпрыIэбыкIри, адкIэжкIэ къыщриупщIэфащ.

Мыпхуэдэми гу лъытапхъэщ. Ди литературэм хуэдэ къэунэхуагъащIэхэм папщIэ, къэхъуа къудейщ, жаIэрти, япэ ищахэр къытхуэщхьэпэлъагэрэ дэри зыдгъэтхьэмыщкIафэу, зи ныбжь иримыкъуа щIалэ цIыкIум хуэдэу, «балигъ хъуахэм» захуэдгъэлъахъшэу, Диккенс, Бальзак, Достоевский сымэ хуэдэхэр зиIэну зыхуэфащэхэм дыхамыбжэу, дэри захэдмыбжэжу, дэ тхуэдэ жьгъейхэм я литературэхэр езыри жьгъейуэ, проблемэу къаIэтри жьгъейуэ, дунейпсо эстетикэмрэ культурэмрэ я гурыгъухэм зедмыпщыту, япэ ищахэр сыт щыгъуи къытхуеплъыхыу, дэри абыхэм дахудэплъеямэ, ди пыIэр тщхьэрыхуу дыпсэуныр ди натIэу – мис аращ язынықъуэхэм къазэрыфIэщIу, дэри къызэрытфIэщIыжу щытар. Пэжщ, дэтхэнэ лъэпкъми «номенклатурэкIэ къыхузэрагъэпэща» литературэ иIэжыныр къэрал политикэм куэду игъэкъабылт, ауэ апхуэдэр литературэ IэрыщIрэ икIи Iэрыгъэтэджу, исскуствэ и лъэныкъуэкIэ къыпыпхынышхуэ щымыIэу, мыбыхэми литературэ яIэжщ, хужыпIэным нэмыщI зыри хэмылъу — арат зэралъытэр. АбыкIэ зыгуэр згъэкъуэншэну аракъым, дэтхэнэ зы зэманми зи чэзу Iуэхугъуэ къыдохъу, а еплъыкIэри зэманым и Iэужьщи, къэралыр зэрыхущIэрыуам фIагъыу къихьами нэр хуэдуфIыщIынкъым. Ар нэгъуэщIу щытын щхьэкIэ лъэпкъ искусствэм хуэфэщэн теплъэ езыгъэгъуэтын гъуазэ хуеижт. Дауи, а теплъэр къыщIэщыным хуэлэжьащ ди тхакIуэ-усакIуэ нэхъыфIхэри, критик пажэхэри, япэ щIэныгъэрылажьэхэри. Абыхэм ящыщ зыкъомым хамэм гу къытлъезыгъэтэн уардэунэм и лъабжьэр ягъэтIылъыныр къалъысащ, къыкIэлъыкIуэхэм пкъыр къыдращIейуэ ирагъэжьащ, адрейхэм щхьэр трапIэжащ. АрщхьэкIэ хамэм гу къыщыплъитэнур уи унэр уардэрэ дахэу къызэпэщауэ нэм къыщыщIэлыдэращ, ари япэ блэкI дэтхэнэми пхуимыгъэщIэгъуэнкIи мэхъу – уэзыгъэлъагъун хуеижщ. Тхьэгъэзит Юрэ ящыщщ мис апхуэдэу, адыгэ литературэр утыкушхуэм ихьэфын хуэдэу, и пIалъэр къыщысым игъуэ дыдэу къыкъуэкIа щIэныгъэлI, критик гупым. Ящыщ къудейм къыщымынэу, ар япэ иту жысIэмэ, егъэлеиныгъэу къысфIэщIыркъым. ИкIи нобэ ди лъэпкъ литературэм хуэфэщэн пщIэ утыкушхуэм щигъуэтмэ, абы зи фIыщIэ хэлъхэм ящыщ зыщ Юрэ.

Япэ лэжьыгъэшхуэм деж щыужьыхыжакъым къэхутакIуэм и гуащIэр, романым теухуа лэжьыгъэм къыкIэлъыкIуэу ар иужь йохьэ ЩоджэнцIыкIу Алий и Iэужь лъапIэхэр къипщытэну. Пэжщ, Тхьэгъэзитым ипэкIэ ди усакIуэшхуэм и гъащIэмрэ творчествэмрэ автор зыбжанэ тетхыхьащ, икъукIэ фIыщIэшхуэ щIахуэпщIын лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ, монографие псои ятхауэ щыIэщ. Ауэ япэ итым и къалэн мэхъу зи гугъу ищIым и биографиер, ар зыщыпсэуа лъэхъэнэр, гъащIэ еплъыкIэу иIар, и тхыгъэхэм я жанрыр, тематикэр, идеехэр къитIэщIыжыну. Ахэр хэмытмэ, езы авторым и творчествэри нэгъэсауэ къыбгурыIуэнукъым. АрщхьэкIэ абы и ужькIэ къэунэху къэхутакIуэм а псоми къытригъэзэжмэ, щIэуэ зыри хилъхьэркъым, езы литературэ щIэнытъэри и пIэ иуджыхьу къонэ. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ щIэныгъэлIым япэ итахэм къахутахэр тегъэщIапIэ быдэ ищIри, езым и гуащIэр хуиунэтIащ усакIуэ уардэм и Iэзагъымрэ а Iэзагъым и къуэпсхэмрэ къэгъэнэхуэным. Абы и тхылъ «ЩоджэнцIыкIу Алий и художественнэ дуней» зыфIищар пкъыкIэ брошюрэм зэрефIэкIышхуэ щыIэкъым, ауэ ар теплъэращ, мыхьэнэуэ иIэмкIэ а цIыкIур тхылъ Iув зыкъом я уасэщ. Тхьэгъэзитым тхылъеджэр щыгъуазэ ещI ЩоджэнцIыкIум и творчествэр лъэпкъым и тхыдэми, лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуа бзэми и хабзэхэми, дунейпсо эстетикэ хабзэхэми зэхуэдэу зэрапыщIам, абыхэм ящыщ дэтхэнэми гулъытэ щхьэхуэ хуэпщIыну къызэрилэжьым. Ар авторым къехъулIамэ, зи фIыгъэр иджырей литературэхутэ методологиеми, культурэм и тхыдэми, дунейпсо этнологием и къэхъугъэхэми, адыгэ мифологиеми щIэныгъэлIыр зэхуэдэу хуэIэзэу къызэрыщIэкIарщ. Апхуэдэу щIэныгъэм и пкъыгъуэ зыбжанэм хэгъуэзауэ литературэхутэ щIэныгъэлIу нобэкIэ адыгэм диIэр закъуэтIакъуэ дыдэщ.

ЯпэкIэ къехъулIахэр и тегъэщIапIэу Тхьэгъэзитым къыкIэлъыкIуэу зы лэжьыгъэшхуэ кърехьэжьэ – адыгэхэм я художественнэ зэхэщIыкIым зэрызиузэщIа щIыкIэр къихутэну иужь йохьэри, абы щхьэкIэ япэм нэхърэ нэхъ кууж лъэпкъ хабзэм къыдэунэхуу къыдэгъуэгурыкIуа эстетикэм и къуэпсхэр, зэрызаужьа гъуэгухэр, гъащIэмрэ искусствэм и Iэмалхэмрэ зэдезыгъэкIу къэхъугъэхэр къетIэщIри, ар бзэ эстетикэ зыужьыныгъэм и концепцие шэщIауэ ди пащхьэ кърелъхьэ. Абы зыр адрейм декIужу авторым хелъагъуэ пасэрей адыгэхэм я дуней лъагъукIэм и джэлэсу мифологиер, абы пыщIэжа дауэдапщэхэр, ижьрей IуэрыIуатэр, Къэзанокъуэ Жэбагъы и деж къыщежьэу иужькIэ, XIX лIэщIыгъуэм лъэщу зызыужьу иджырей лъэпкъ культурэм и лIэужьыгъуэ зыбжанэм пкъы щIэзыгъэува УзэщIыныгъэм (Нэгумэ Ш., Хъан-Джэрий С., ХьэтIохъущокъуэ Къ., Цагъуэ Н., Дым I. сыми, нэгъуэщI куэдри хиубыдэу) къэсу. Ар, Тхьэгъэзитым къызэригъэнаIуэмкIэ, ауэ сытми тхыдэм щыщ пычыгъуэхэкъым, атIэ адыгэ дунейм и зыужьыныгъэ лъэбакъуэхэщ – дызытет мы дунеишхуэм и къэхъукъащIэхэми ящыщрэ япэджэжу, зыгъэдахэрэ зыгъэбжьыфIэу, къагуэпх мыхъуну.

ЛъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, жыпIэнкIи мэхъу, щIэныгъэм и IэнатIэ зыбжанэм фIы дыдэу щыгъуазэ хъуа еджагъэшхуэм и эрудициемрэ фантазиемрэ къигъэсэбэпу дызыхэт гъащIэм зыкIи щымыщ концепцие дахэ гуэр, и дахагъым дихьэхыжурэ, къигупсысауэ — ди гъащIэм

щымыщу, щIыми темыту, уафэми нэмысу. Ауэ укIэлъыплъыжмэ, къыумылъагъункIэ Iэмал иIэкъым абы и япэ тхылъым деж щегъэжьауэ наIуэу къыхэщу пхырыша гупсысэр зыуэ зэрыунэтIар, ар гъащIэм и купщIэр къэлъыхъуэным хуэгъэзауэ икIи лъэпкъ культурэм и дэтхэнэ лъэбакъуэри щызэпэлъытауэ зэрыщытыр. Мис абы наIуэу къыдегъэлъагъуж адыгэ культурэмрэ литературэмрэ къэпщытауэ дунейпсо щIэныгъэшхуэм и утыку къилъхьэжынымкIэ Тхьэгъэзит Юрэ лъэбакъуэфI зэричар. Абы и къэхутэныгъэ тхылъхэмрэ статья, доклад щхьэхуэхэмрэ зэхуэпхьэсыжмэ, нобэрей адыгэ тхыдэм и зы Iыхьэшхуэщ – япэ итахэр и тегъэщIапIэ щыпкъэу, иужькIэ къакIуэхэмрэ иджыри къэкIуэнухэмрэ гъуэгу тэмэм яригъэлъагъуу, нэгъуэщI мыхъуми, нэхъапэкIэ зы цIыху гуэрми и лъэ зытемыува щIыпIэм лъагъуэ цIыкIу щыпхишу.

Тхьэ лъапIэм талантыр щигуэшым щыгъуэ Тхьэгъэзит зэкъуэшхэр, Юрэрэ абы и шынэхъыжь, псоми фIыуэ тлъагъу Зуберрэ, дауи, къуэгъэнапIэ гуэр къуэсакъым, тIуми уэру Iэзагъри щIэныгъэри къаритащ. Абыхэм языр япэ утыку къихьат, и талантри цIыхубэр нэхъ зыщIэупщIэхэм ящыщти, и цIэри нэхъапэ жыжьэ нэIусащ. Ауэ мыдрейри и шынэхъыжь усакIуэшхуэм и жьауэм куэдрэ щIэсакъым, езым и гъуэгу къыхихыжри, сэ къызэрысщыхъумкIэ, къызыхэкIа лъэпкым хуэщхьэпэну, нэхъ хэкъузауэ жысIэнщи, а лъэпкъыр куэду зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэшхуэ хуищIащ, ари игъуэ дыдэу.



Нобэ ди лъэпкъ литературэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну пщэрылъ зыхуэхъу тхакIуэ-усакIуэхэм уахэплъэмэ, XX лIэщIыгъуэм ди бзэр зыгъэшэрыуа лIы уардэхэм яхуэдэ хэдмылъэгъуэжынкIи мэхъу. Ди нэхъыжь лъапIэхэм я къалэн ягъэзащIэри, пIалъэр къыщысым «щIакIуэншэ жылэ» Iэпхъуэжахэщ. Ауэ итIанэми, зэманым къыдэбакъуэу щIэныгъэшхуэ зиIэ, дунейпсо искусствэм и курыхым хебгъэубыдэн хуэдэ акъыл зыбгъэдэлъ лIы уардэхэр диIэ хъуащ. Абыхэм ящыщ зыщ Тхьэгъэзитыр.

Юрэ Тхьэр зэтахэм ящыщщ. Куэд зритам къезытари, зыщыщ лъэпкъри куэдкIэ къыщогугъыж. Сыщыуэну къысфIэщIыркъым, Тхьэгъэзит Юрэ а тыгъэр къыхуэзыщIам хуэпэжу къыщIэкIауэ, нобэми зыщIримыгъэхыу, къэзыгъэщIамрэ къызыхэкIамрэ яхуэфэщэжыным зэрылъэкIкIэ хуэпабгъэу псэууэ жысIэмэ.

Зэгуэрым ар университетым и литературэ кафедрэхэм ящыщ зым ассистенту щылажьэу, и къэкIуэнур зыхуэдэр зэкIэ езы дыдэми имыщIащэу дыхуэзэщ, а зыхэтым къыхэтшри, Дунейпсо литературэм и институтым и аспирантурэм зэрыкIуэн гъуэгур къыхузэIутхауэ щытащ. Абы щыгъуэ сэри си псалъэ закъуэ нэхъ мыхъуми а Iуэхум зэрыхэлъам ноби срогушхуэ. Езыри къыхихам хущIегъуэжакъым, дзыхь къыхуэзыщIахэри игъэпэжащ, и лэжьыгъэм хьэщыкъ хуэхъуауэ мэлажьэри, Тхьэм иджыри хущIигъэхьэ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# Тхьэгъэзит Юрэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Сэ сызэреплъымкIэ, тхакIуэми хуэдэу, еджагъэшхуэм и дежкIи зэманыр мылъку нэхъыщхьэщ. Ар, зэрытщIэщи, псынщIэу мэкIуэщI. Дыгъуасэу фIэкIа къысщыхъужыркъым Тхьэгъэзит Юрэ литературэм къыщыхыхьар, иджы догъэлъапIэ и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур. И япэ лэжьыгъэхэм ар занщIэу цIэрыIуэ ящIащ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, щIэ хилъхьэу Iуэхум бгъэдыхьэф, зи гупсысэхэм я щIэщыгъуагъэрэ кууагъымкIэ куэдым къащхьэщыкI къэхутакIуэ диIэ зэрыхъуар дагъэлъэгъуащ. Еджагъэшхуэм и нэIэ зытригъэтыр, дауи, адыгэ литературэрщ, абы зыпэрыт IэнатIэм къыщызэIуихахэм Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Адыгэ литературэр къулейщ, лъэщщ. Абы зрагъэужьащ тхакIуэ, усакIуэ телъыджэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIэрашэ Тембот, Хьэткъуэ Ахьмэд, КIыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулэхь сымэ, нэгъуэщI куэдми. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ литературэм езым къыпэхъун литературоведениерэ критикэрэ иIэжын зэрыхуейр. Зыдумысыжынщи, хуабжьу ди жагъуэ мэхъу зи цIэ къитIуа тхакIуэхэм, усакIуэхэм, нэгъуэщIхэми я творчествэр кууэ щызэпкърыха лэжьыгъэхэр зэрыдимащIэр. АрщхьэкIэ гугъапIэфI къыдет Тхьэгъэзит Юрэ хуэдэ къэхутакIуэ акъылыфIэхэр зэрыдиIэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы и лъэужьым ирикIуэнухэри къыкъуэкIынущ. 

**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ,**
*Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ*

Тхьэгъэзит Юрэ адыгэ литературэхэм дяпэкIи зэрызаужьынум и унэтIыныгъэ щхьэхуэ къызэIузыха еджагъэшхуэщ. Абы и цIэм быдэу епхащ щIэныгъэм и нэхъ IэнатIэщIэ дыдэу щыт академие литературоведением щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэр.

Юрэ къиухащ РАН-м Дунейпсо литературэмкIэ и институтым Урысейм и лъэпкъхэм я литературэхэмкIэ и къудамэр, зэман зэмылIэужьыгъуэхэм Г. И. Ломидзерэ Н. С. Надьярныхрэ зи унафэщIу щытар. Адыгэ литературэм и тхыдэджхэм я лэжьыгъэхэр и тегъэщIапIэу щIэныгъэлI ныбжьыщIэм мурад ищIащ ахэр къэхутэныгъэщIэхэмкIэ щIигъэбыдэну, литературоведенэр щIэныгъэ куум и жьауэм щIигъэувэну. Абы дригъэгупсысащ къэбэрдей, шэрджэс, адыгей литературэхэр зыуэ зэрыщытым, абыхэм зы къуэпс зэраIэм икIи зэкIэщIэпч зэрымыхъунум.

Тхьэгъэзит Юрэ адыгэ литературоведениер философие къэхутэныгъэхэм я гъуэгум тригъэхьащ.

Сыт хуэдэ Iуэху къимыIэтами, къэхутакIуэм абы нэгъуэщIынэкIэ дрегъэплъ, иджыри къэс гу зылъыдмытахэр щыдегъэлъагъу. Абы и хъэтIыр зыми ещхькъым. Кууэ икIи щхьэтечу гупсысэф еджагъэшхуэм адыгэ литературоведе-

нием къыщызэIуихащ иджыри къэс имыIа унэтIыныгъэ, ар щIэщыгъуэу икIи гурыIуэгъуафIэу ди пащхьэ кърилъхьащ.

Илъэс 70-р зэфIагъэкIахэмрэ къехъулIахэмрэ къыщапщытэж, мурадыщIэхэр щаубзыху ныбжьщ. Си фIэщ мэхъу Тхьэгъэзитым иджыри щIэныгъэм куэд къызэрыщызэIуихынур.

**БЭЧЫЖЬ Лейла,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор*

Сэ Тхьэгъэзит Юрэ си ныбжьэгъуу, хэбгъэзыхьмэ, си къуэшу къызолъытэ. Абы и закъуэкъым: куэдрэ сызэрепсэлъам, и лэжьыгъэхэр зэрыщIэзджыкIам Iэмал къызет ди гупсысэкIэхэри зэтехуэу жысIэну.

Тхьэгъэзитым и тхыгъэхэм белджылыуэ холъагъуэ Iэ-щIагъэлIыр зэрызэфIэувар, абы и Iэзагъым зэрыхэхъуар, ди кавказ ищхъэрэ литературоведением зэрызиужьар, дяпэкIи зэрызиузэщIынур. Ар утыку къихьащ къыдалъхуа адыгэ литературэм иджырей литературоведением и бзэкIэ гъэхуауэ икIи зэхэщIыкIыгъуэу тепсэлъыхьыф IэщIагъэлIу. Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: абы художественнэ лъэкIыныгъэр зэи ирипхакъым зы зэман пыухыкIам щыIа идеологие Iуэху бгъэдыхьэкIэм, ар лъэкIыныгъэ зыбгъэдэлъхэм къазэрыщыхъунум.

Ди гуманитар щIэныгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы ехьэлIа цIэхэмрэ тхылъхэмрэ къыщыхахкIэ си гугъэщ Тхьэгъэзит Юрэ и «Къэбэрдей литературэм и псэкупсэ-щэнхабзэ лъабжьэхэр» монографиер къащымыгъупщэну. Абы белджылыуэ щыубзыхуащ къэхутакIуэр зытет щIэныгъэ стратегием и тегъэщIапIэхэр. Тхылъым IупщIу дегъэлъагъу культурологие Iуэху бгъэдыхьэкIэм и мыхьэнэр, ар усыгъэр джыным къыгуэхыпIэ имыIэу зэрыпыщIар. ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIымахуэ жэщ» балладэм и художественнэ купщIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэшэчауэ къызэрызэIуихыфари Тхьэгъэзитым и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ.

Си ныбжьэгъум, си къуэшым, зи гупсысэкIэр къыстехуэм езыми и лэжьыгъэхэми теухуауэ куэд схужыIэнущ, ауэ аракъым Iуэхур. Нэхъыщхьэр апхуэдэу гуащIафIэу, нэмысыфIэу, цIыху гуапэу, мис а дэ зэрытцIыхум хуэдэу дяпэкIэ илъэс куэд къигъэщIэну дызэрыхуейрщ.

**СУЛТАНОВ Казбек,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*профессор*

... Юрэ сэ тхылъ зыбжанэ къызитащ ЩоджэнцIыкIу Алий и мызакъуэу, КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ. Иужьрейр згъэщIэгъуащ: сэ си гугъэт КIыщокъуэ Алим и IэдакъэщIэкIхэм мыIейуэ сыщыгъуазэу. Юрэ и лэжьыгъэхэм я купщIэр куущ, уеблэмэ, узыпэмыплъащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр абы и къэIуэтэкIэр зыми зэремыщхьырщ.

**ТЕРАКОПЯН Леонид,**
*«Дружба народов» журналым и редактор*
*нэхъыщхьэм къуэдзэ,*
*2004*

Тхьэгъэзит Юрэ куэд щIауэ соцIыху икIи пщIэ хузощI еджагъэшхуэ гъуэзэджэу зэрыщытым къыхэкIыу. Ар европей щIэныгъэ зыбгъэдэлъ икIи адыгэ ткIиягъым тету зи нэмыс зыIыгъыж ди лъэхъэнэгъущ.

XX лIэщIыгъуэм и 70 – 80 гъэхэм «гъащIэм и купщIэхэр къатIэщIу» лъэпкъ литературэхэм зрачамэ, ар куэдкIэ и фIыщIэщ литературоведением. Юрэ ящыщщ абы и лъэныкъуэкIэ куэд зыхузэфIэкIахэм.

Тхьэгъэзитым и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм урысыбзэрыпсалъэ цIыхухэм яхузэIуихащ адыгэпсэр, абы и къарумрэ къулеигъэмрэ.

**ТЕППЕЕВ Алим,**
*тхакIуэ*

Щыстудентам къыщыщIэдзауэ Тхьэгъэзитыр соцIыху. Ар сыт щыгъуи къекIуэкIащ зэщIэкъуауэ, еджэнми лэжьыгъэми егугъуу. А хьэлыр иджыри къыдогъуэгурыкIуэ. Вузыр къиуха иужь, зэман кIэщIым къриубыдэу абы пхигъэкIащ и кандидат, доктор диссертацэхэр. Юрэ и акъылымрэ гуащIэмрэ нэхъ ирихьэлIащ кавказ ищхъэрэ литературэхэм, адыгэ романым, ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэм егъэщIылIа Iуэхухэр джыным. Гу лъимытэу къанэркъым Тхьэгъэзитым и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр щIэщыгъуэу, гупсысэм и лъащIэм сыт щыгъуи лъэIэсыфу зэрыщытым.

**ТОЛГУРОВ Зейтун,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

... Тхьэгъэзит Юрэ хуэдэу культурэм и зыужьыныгъэм, ар зытетын хуей гъуэгум кIэлъыплъыф, и плъапIэхэр къэзыIуэтэф еджагъэшхуэхэр мащIэщ. Ар щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ литературэдж Iэзэщ.

**ЦРЫМ Руслан,**
*сурэтыщI*

# РОМАНЫМРЭ ЛЪЭПКЪЫМ И ХУДОЖЕСТВЕННЭ ДУНЕЙ ЕПЛЪЫКIЭМРЭ

Адыгэ романым и къекIуэкIыкIэмрэ щытыкIэмрэ къэгъэлъэгъуэным литературовед зыбжанэ елэжьащ, хъарзынэ куэди хужаIакIэщ, ауэ жаIам и нэхъыбэр зытеухуар ди литературэм къикIуа гъуэгуанэм и тхыдэрщ. Абы ехьэлIауэ жыпIэми, иджыпсту ди литературэр хуабжьу хуэныкъуэщ адыгэ романым. И щытыкIэ псор къызэщIиубыдэрэ нобэрей Iуэху еплъыкIэр и гъуазэу тха лэжьыгъэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, зы литературэм и щытыкIэр бджыурэ, нэгъуэщI литературэхэм я зэхэлъыкIэм теухуауэ куэд къыпхуэщIэнущ, ещхьыркъэбзэу, зэгъунэгъу лъэпкъхэм я литературэхэм я щэху куэди гурыIуэгъуэ щыхъу щыIэщ.

Абы ехьэлIауэ жыпIэмэ, къэбэрдей, адыгей, шэрджэс литературэхэр зэбгъапщэурэ джыным сэбэпынагъ ин къешэ, ахэр зэщхь зыщI нэщэнэхэр къэхутэнымкIи, щхьэж езым иIэж хьэл-щэнхэр наIуэ къэщIынымкIи, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а литературэхэр къэзыгъэщIа лъэпкъхэр зэрызэлъапсэгъур я литературэхэми наIуэу къатощ, я теплъэкIэ зэщхь къудей мыхъуу, лъынтхуэ куэдкIи зэпыщIащ.

Апхуэдэкъым, псалъэм папщIэ, къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ, шэрджэсхэмрэ къэрэшейхэмрэ я литературэхэр зэрызэхущытыр. КъуэпскIи бзэкIи зэрызэхамэм къыхэкIыу, абыхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъ цIыкIущ, ауэ IуэрыIуатэкIэ, адрейуэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъ псоми къыздагъэщIа нарт хъыбархэмкIэ зэпыщIауэ зэрыщытар а литературэхэми ядыдолъагъу.

ЖытIам къыпытщэнщи, адыгэ романым и щытыкIэр, и щэхухэр къэхутэнымкIэ хуабжьу сэбэпышхуэ хъуну къытщохъу ар Кавказ Ищхъэрэм ис адрей лъэпкъхэми я литературэхэм егъэпщэныр. Нэхъ щхьэпэж хъуну къыщIэкIынщ, а дэ нэхъ къыдэгъэщIылIа гъунапкъэм иIэбыкIауэ, лъэпкъ жыжьэхэм (псалъэм папщIэ, Кавказ Ищхъэрэм, КъуэкIыпIэ Жыжьэм) щыпсэухэм IуэрыIуатэр и лъабжьэу къызэрагъэпэщагъащIэ литературэхэм я зыужьыкIэм егъэпщэныр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къыуитынущ тхыгъэ щхьэхуэхэми литературэ щхьэхуэми нэхъ зэпкърыхауэ утепсэлъыхьыну, сыту жыпIэмэ абыхэм нобэ яIэ щытыкIэмрэ къызэранэкIамрэ щызэбгъапщэм деж, «наIуэ къохъу лъэпкъым игъуэта художественнэ гупсысэр зыхуэкIуэмрэ зыхуэкIуапхъэмрэ» (Султанов К.).

Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэ романым и зыужьыкIэр къэпхутэну ухуеймэ, дызэресагъэжьым хуэмыдэу, абы и Iуэхугъуэ зыкъомым нэгъуэщIынэкIэ къеплъын хуейщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхыхьэкIэхэр. Зы литературэ закъуэм и бжэIупэ уIууджыхь зэпыткIэ, апхуэдэ Iуэхугъуэ иныр нэгъэсауэ къэхута хъункIэ Iэмал иIэкъым, литературэ щхьэхуэхэм ар зэрыщекIуэкIыр къыумыдзэххэурэ екIуэкIмэ, Истамбыл губгъуафэ изоплъ жыхуаIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм узэрыхуишэнум ещхьыркъэбзэу. Абы къикIыращи, щхьэхуэу къэщта зы литературэм адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыу иIэр къэпхутэн папщIэ, ар къэзыухъуреихь литературэхэми, адкIэжкIэ щыIэхэми, жыпIэнуракъэ, хэкум ис лъэпкъ псоми я литературэхэм къекIуэкIыкIэ-зыужьыкIэ яIар пщIапхъэщ.

Сыт ар къохъулIэн папщIэ узыхуейр? Дэ къызэрытщыхъумкIэ, Iуэху еплъыкIэ куэд зэхьэлIауэ къэгъэсэбэпын хуейщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, лъэпкъ щхьэхуэм и литературэм къыбгъэдэкIыу культурэм хыхьэмрэ езы культурэми литературэ щхьэхуэм иритыжыр зыхуэдизымрэ къэхутэныр. ЗэрытщIэщи, тхыдэ зиIэ литературэхэми къэунэхуагъащIэхэми я къежьапIэр Iуэхугъуэ куэдым къыхокI. Дэтхэнэ литературэщIэми и къуэпсыр зэкIуэлIэжыр ар зей лъэпкъым и культурэрщ, и IуэрыIуатэрщ. Ар зы лъэныкъуэщ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщеплъыжкIэ, дэтхэнэ литературэми дыболъагъу абы и къежьэнри зыужьынри дунейпсо литературэм къуэпс куэдкIэ зэрыпыщIар, а зэхущытыкIэри ди лIэщIыгъуэм зэринэщэнэр. Абы и щыхьэт наIуэщ ди къэралым щыщ лъэпкъ литературэхэм зыIэзыбжьэу романым зэрызыщиужьар. Езыхэми я зыужьыкIэ нэщэнэхэр яIэж щхьэкIэ, Латинскэ Америкэм ис лъэпкъхэм я деж романым зэуэ зэрызыщиужьам гъэщIэгъуэн куэд хыболъагъуэ.

Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыпсэу лъэпкъхэм литературэ и лъэныкъуэкIэ дамэ яхуэхъуар дунейпсо, урыс, советскэ литературэхэрщ. Ар наIуэу хыболъагъуэ, псалъэм папщIэ, Рытхэу Ю., Шесталов Ю., Санги В. хуэдэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэу къэралпсо литературэ дэнэ къэна, дунейпсо литературэм и утыкум гъунэгъу хуэхъуахэм. А псор щIыжытIэжыращи, зэрызэщхь и лъэныкъуэкIи зэрызэщхьэщыкI и IуэхукIи адыгэ литературэхэр къыщIэгъэлъарэ зыубгъуауэ джыныр игъуэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым.

ЛитературэщIэхэм зэуэ зэрызаужьыфам и щхьэусыгъуэ нэхъ пажэу къыщIэкIынущ тхыдэшхуэ зиIэ хъуа литературэхэм зыщаужьым гупсэхугъуэ яIэурэ къагъэщIа «къупхъэхэр» къагъэсэбэпурэ илъэсипщI бжыгъэ гуэрхэм къриубыдэ зэман кIэщIым а гъуэгуанэр зэрызэпачар. Арутюнов Л. зэрыжиIащи, «ЛитературэщIэр литературэшхуэм щеуэкъулэкIэ, абы куэд къызэрыбгъэдихым нэмыщI, езым къуэлъри, и мурадри, лъэкIынури нэхъ IупщI мэхъу». Абы къыдэкIуэу жытIэнщи, дэтхэнэ литературэщIэми, адыгэ литературэхэри яхэтыжу, дунейр зэрызэхэлъымрэ а дунейм цIыхур щIытет мурадымрэ къэгъэлъэгъуэнымкIэ щхьэж лъэкI елъытакIэ XX лIэщIыгъуэм и литературэм хэлъхьэныгъэ хуащI. Ауэ а Iуэхур джыным иджырей литературоведенэр хуежьэ къудейуэ аращ.

Аращи, сыт и лъэныкъуэкIи зэтеува литературэшхуэм дэплъейурэ, литературэщIэхэм я лъэпкъ художественнэ гупсысэм зеужь, лъэпкъ нэпкъыжьэхэр, хьэл-щэнхэр къыхагъэщыфу йосэ. Адыгэ романым и гугъу пщIымэ, абы нэхъыщхьэу дэплъагъухэм ящыщу къытщохъу лъэпкъым ди тхыдэ гъэщIэгъуэныр нэгъэсарэ зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуэжыныр, лъэпкъым и гъуэгуанэм ириплъэжурэ цIыху щхьэхуэр абы зэрыхущытыр къэгъэнэIуэныр и гъуазэу зэрыщытыр. А лъэныкъуэхэмкIэ укъыщеплъмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу адыгэ романым жанр и IуэхукIи и зэхэлъыкIэкIи езым и теплъэ зэриIэжыр, и къежьэкIэ-зыужьыкIэкIэ къапщтэмэ, езым и лъэпкъ нэпкъыжьэхэм нэмыщI, зэуэ зызыужьа литературэщIэхэм я хьэл-щэн нэхъыщхьэ псори зэрыхэлъыр, иджырей литературэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы и кIуэкIэм зэрыхущытыр, нэхъ гъэщIэгъуэныжыращи, хуабжьу пэIэщIэ Латинскэ Америкэм и литературэм, я зыужьыкIэхэр зэрызэтехуэм къыхэкIыу, художественнэ гупсысэу ящIэлъымкIи зэрызэпэгъунэгъур.

Ар советскэуи щIы, дунейпсо литературэм хыхьэуи щрет, – иджырей романыр сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ куущ, нэхъ куэдуи

зэщхьэщокI. Аращ ар зэрадж щIыкIэхэр зэтемыхуэу щIыщытри, ар джыным апхуэдиз мыхьэнэ щIратри. Мыхьэнэшхуэ иIэщ, псалъэм папщIэ, лъэпкъ литературэ зыбжанэ къэщтауэ, а литературэхэр, ахэр зей лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм, мифологием зэрахущытым елъытакIэ романыр джыным. Ауэ мыбдежым къэлъытэн хуейщ мифымрэ IуэрыIуатэмрэ литературэм зэрыхущытым теухуауэ зы Iуэху еплъыкIэ хэха зэрыщымыIэр, сыту жыпIэмэ ар нобэр къыздэсым щIызэдауэ Iуэхуу къонэж. Мифологическэ гъэпсыкIэм дэ нэхъ щIытедгъащIэр, роман жанрым и пкъыр зэрыубыдынымкIэ мифымрэ IуэрыIуатэмрэ сэбэпышхуэ мэхъури аращ. Абы ехьэлIауэ къапщтэмэ, гъэщIэгъуэнщ К. Маркс грекхэм я мифологием теухуауэ жиIар: «Хэти зэрищIэщи, грекхэм я мифологиер абыхэм я искусствэм дежкIэ пхъуантэдэлъ къудейуэ щытакъым, атIэ ар зыгъашхэ щIыгулът».

СССР-м щыIэ лъэпкъ литературэщIэхэм я дежкIэ мифологиер апхуэдэ дыдэщ. Мыбыхэм я къежьэкIэ-зыужьыкIэр зэщхь зыщIым и щхьэусыгъуэ пажэу жыпIэ хъунущ капитализмэм щхьэпрыбэкъукIыу социализм зэраухуар, абы къыдэкIуэуи мифологиер, IуэрыIуатэр, лъэпкъ дуней еплъыкIэр я лъабжьэу литературэхэр яIэ зэрыхъуар. Дунейм и щытыкIэ псор къызэщIэзыкъуэну хэт иджырей романым ахэр тегъэщIапIэ щIищIри аращ. Пэжщ, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я Iуэху зэхэмылъу зи гугъэхэри щыIэщ, ауэ гъэщIэгъуэныщэу къызэщIэгъэгъа советскэ лъэпкъыбэ литературэм и зыужьыкIэм иджырей литературоведхэр нэгъуэщIынэкIэ а Iуэхум ирегъэплъ, езыхэр зэрызэхущыт къудейр мыхъуу, ахэр дунейпсо литературэм зэрыхыхьэ щIыкIэр къахутэ. А щIыкIэм тетуи наIуэ мэхъу лъэпкъ псоми я мифхэмрэ IуэрыIуатэхэмрэ къуэпс куэдкIэ зэрызэпыщIар, иджырей художественнэ дуней еплъыкIэм и къуэпсхэри абыхэм зэрахыхьэжыр. Апхуэдэ зэфIэкIрэ лъэкIыныгъэрэ зиIэ мифымрэ IуэрыIуатэмрэ, псом хуэмыдэжу, литературэщIэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Мифым и поэтикэм гъащIэр зэманкIэрэ зэщхьэщиххкъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псори зы зэман гуэрым ирегъэзагъэ. Лъэпкъым и блэкIари, къэкIуэнури къызэщIэкъуэжыным щIэхъуэпс романым дежкIи ар IэмалыфIщ.

Адыгэхэм мифымрэ IуэрыIуатэмрэ зэрызэщхьэщамыхым и нэщэнэхэр адыгэ романым и зэхэлъыкIэм хыболъагъуэ. Ди IуэрыIуатэм и лъагапIэ дыдэу щыт эпосыр ижь-ижьыж жыхуаIэм зэрыщхьэпрыкIыр гурыIуэгъуэщ, абы къыхэкIыу лъагъуэ куэдкIэ лъэпкъ мифым пыщIащ. Адыгэ романым и зэхэлъыкIэ-зыужьыкIэм хэлъ щэхухэр къэпхутэн папщIэ, мис а мифымрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхыхьэпIэр нэгъэсауэ джын хуейщ, я зэщхьхэри я зэмыщхьхэри къэпхутэурэ.

Иджырей литературнэ Iуэху еплъыкIэм зы гъэщIэгъуэн хэлъщ: цIыхум и къекIуэкIыкIари зэрызиужьа щIыкIэри зэдэкIуэу къегъэлъагъуэ. Арауэ къыщIэкIынущ цIыху псоми я зэхуэдэу мифхэм узыщрихьэлIэ гупсысэхэр литературэм куэдрэ къыщIыщагъэсэбэпри. Мифым абыкIэ къытенаIакъым: дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхухэр литературэм къыщыIэтынымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу. Абы и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, Думбадзе Н., Чиладзе О., Матевосян Г., Распутин В., Белов В., Астафьев В., Айтматов Ч. сымэ я тхыгъэхэр. Мифым апхуэдэ лъэкIыныгъэ зэриIэр наIуэ щыхъуар иджыкъым. Мелетинский Е. зэрыжиIащи, мифыр «пасэрей цIыхур зыгъэпIейтей гупсысэхэр къигъэIурыщIэным къежьапIэ хуэхъуу

щытащ». Абы къыдэкIуэу жытIэнщи, щIэныгъэлI куэдым мифыр къазэрыгурыIуэр зэтехуэркъым, зэм-зэми зэрыщыту зэщхьэщокI. А Iуэхур нэхъри зэхэмыбз ящI ар зищIысыр философхэм, психологхэм, этнографхэм зэтемыхуэу къызэраIуатэми. Стеблин-Каменский И. и лэжьыгъэр триухуащ пасэ дыдэу ятхыжа мифхэу IуэрыIуатэм и пэжкIэ щыIахэм (сагэхэмрэ эпосымрэ), цIыхубэм я дуней еплъыкIэм къигъэщIахэу иужьыIуэкIэ цIыху щхьэхуэхэр зыхэлэжьыхьыжахэм (скальдхэм я поэзиер).

Мелетинский Е. и къэхутэныгъэхэм зэрыщыжиIэмкIэ, мифымрэ IуэрыIуатэмрэ я къежьапIэр зыщ, художественнэ дуней еплъыкIэм апхуэдэу зэщхьэщиха пэтми. Адыгэ мифологиер къигъэсэбэпурэ, Шынкауэ М. къехутэ мифологическэу къэхутэн хуейхэмрэ мифологическэ зыфIэпщ хъунухэмрэ.

Къызэрытщыхъумкlэ, лъэпкъым и художественнэ дуней еплъыкIэр а лъэпкъым и къекIуэкIыкIари и зэхэтыкIари наIуэ къэзыщI дамыгъэщ. Тхыдэм и кIуэкIэм елъытакIэрэ, а дамыгъэр къагъэсэбэпащ икIи къагъэсэбэп мифым, IуэрыIуатэм, литературэм. А Iуэхугъуэхэм куэдкIэ елъытащ иджырей романыр и купщIэкIи зэфIэува хъуныр. Абыхэм я лъэкIыныгъэр романым къэгъэлъэгъуа зэрыщыхъуну щIыкIэр куэдкIэ елъытащ зэманыр зыхуэдэми тхакIуэм и зэфIэкIми.

Тхыдэшхуэ зиIэ литературэхэр мифым зэрыхуэныкъуэж щымыIэу къызыфIэбгъэщI хъуну щхьэкIэ, литературэщIэхэм я деж абы ущытегушхуащэ хъунукъым. Советскэ лъэпкъыбэ литературэм къегъэщI художественнэ дуней еплъыкIэкIи мурадкIи зэтехуэ, ауэ гъэпсыкIэрэ IуэрыIуатэм зэрыпыщIа щIыкIэхэмкIэ зэщхьэщыкI романхэр (Амиреджиби Ч. «Дата Туташхиа», Айтматов Ч. «Буранный полустанок», Гончар О. «Твоя заря»). Литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ куэд дыдэрэ зэрызэпэIэбэр, зэрызэхъуажэр къэзымылъытэм литературэм и къекIуэкIыкIэ-зыужьыкIэр нэгъэсауэ къыгурыIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адрейуэ, къэлъытэн хуейщ езы фольклорри зэщхьэщыпх хъу IупщIэ-IупщIэурэ зэрызэхэлъыр. Сыт IуэрыIуатэм щыщу нэхъ зыIэпызышэр, щхьэ хуей хъурэ ар абы? Зыкъомым зэрагугъэмкIэ, нэхъыбэу ар къызыхэкIыр тхакIуэр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм езым узэрыхуишэрщ. Литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхущытыкIэхэм гъэщIэгъуэну тепсэлъыхь зи хабзэ Айтматов Ч. къызэрыщыхъури апхуэдэущ: «Академик Курчатовым теухуауэ роман стхыну къысхудэкIамэ, дауи, лъэпкъ эпосым и гугъу пщIыну лейт».

Дэ къызэрытщыхъумкIэ, нобэрей наукэм и ехъулIэныгъэхэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ, къэкIуэнум лъагъуэ хухэзыш щIэныгъэлIым и образыр нэгум къыщIэгъэувэнымкIэ, лей дэнэ къэна, сэбэпышхуэ мэхъу, цIыхубэм я блэкIар, тхыдэр, IуэрыIуатэр къэгъэсэбэпыныр. Аращи, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхущытыкIэхэр джыныр Iуэху инщ, ар тхакIуэ щхьэхуэрэ Iуэхугъуэ щхьэхуэкIэ джа хъунукъым. А Iуэхур нэгъэсауэ къэхута хъун щхьэкIэ, лъэныкъуэ псомкIи къызэщIиубыдэрэ зэманкIэ псэукIэми ехьэлIауэ джын хуейщ.

Литературэшхуэхэм я гугъу пщIымэ, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэпыщIэныгъэр абыхэм я деж жыжьэ къыщожьэ. ЛитературэщIэр аракъым. Мыбыхэм я деж а Iуэхум къыщыщIидзэр XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ, зэман кIэщI дыдэм къриубыдэуи екIуэкIащ. Ауэ щыхъукIэ, а Iуэхур зэфIэкIауи иухауи къэплъытэ хъунукъым. ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэми епщыкIубгъуанэм и пэщIэдзэми урыс литературэр а зи гугъу тщIы щытыкIэ дыдэм

итащ. Абы дежкӀэ гъуазэу щытар европейскэ литературэрт. Пушкиным и творчествэмкӀэ еух а литературэм и кӀуэцӀкӀэ Европэм и хуэмэбжьымэхэри урыс лъэпкъ художественнэ гупсысэкӀэхэри зэхэшыпсыхьыныр. Апхуэдэ зэхэшыпсыхьыкӀэм и нэщэнэ псори халъагъуэ Пушкиным и творчествэм – «Русланрэ Людмилэрэ» деж къыщыщӀэдзауэ таурыхъхэмрэ иужь илъэсхэм къригъэжьа драматическэ тхыгъэхэмрэ («Псыхъуэ гуащэ», «Рыцархэм я зэманым щыщ теплъэгъуэхэр») нэс. А Ӏуэхур иужькӀи урыс литературэми урыс, советскэ литературэми щекӀуэкӀащ.

ЛитературэщӀэхэм ехьэлӀауэ жыпӀэмэ, литературэмрэ ӀуэрыӀуатэмрэ я зэпыщӀэныгъэхэр къыщыпхутэкӀэ, мыхьэнэшхуэ иӀэщ латино-американскэ романыр тегъэщӀапӀэ щӀыным. Абыхэм историко-генетическэ и лъэныкъуэкӀэ зэбгъапщэ-зэбгъэщхь щӀэхъун куэд ядыболъагъу. Апхуэдэ нэщэнэхэрщ дэтхэнэ литературэми лъабжьэ хуэхъур. И зыужьыкӀэ елъытакӀэ къапщтэмэ, иджыпсту латино-американскэ обществэр феодализмэм, къэрал щхьэхуэхэм – первобытно-общиннэм къикӀыу иджырей зэманым и обществэхэм (капитализмэм е социализмэм – Кубэ) щыхуэкӀуэ лъэхъэнэрщ. Ар ауэ сытми стройр яхъуэжу зэфӀэкӀкъым, хъуэжын хуей мэхъу лъэпкъым и псэукӀэм екӀужу щыта зэхэтыкӀэри гупсысэкӀэри. А зэхъуэкӀыныгъэм къыдокӀуэ Латино-американскэ континентым нациехэмрэ народностхэмрэ куэду къызэрыщыунэхур. Ауэ, абы и щӀыӀужкӀэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми, зы регион зэрыщыпсэум къыхэкӀкӀэ, зыхащӀэ зэпыщӀауэ щыт лъэпкъыбэ обществэм зэрыщыщыр. Адрей щхьэусыгъуэхэм нэмыщӀкӀэ, латиноамериканскэ романым зиужьыныр абы нэхъ и фӀыгъэу къэплъытэ хъуну къыщӀэкӀынущ. АрщхьэкӀэ, сыт хуэдэ зэщхьэщыкӀыныгъэхэр ямыӀами, латино-американскэ романымрэ советскэ романымрэ (псом хуэмыдэжу Кавказ Ищхъэрэм, Среднэ Азием, Север Гъунэм, КъухьэпӀэ Жыжьэм узыщрихьэлӀэ лъэпкъ литературэхэм я романхэм) зэщхьу зыкъом яхэлъщ.

Щхьэхуитыныгъэм щӀэкъуу, 30 гъэхэм ирагъэкӀуэкӀа бэнэныгъэм и лӀыгъэкӀэ, латино-американскэ литературэм европейскэ литературэм сыт и лъэныкъуэкӀи зыдищӀыну, зригъэщхьыну зэрыхэтыр ӀэщӀыб ищӀри, езым и лъэпкъ литературэ зэрищӀыным пыхьащ. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ къэхъуа романым Ворган Льюса зэреджэр «тхыгъэ мыкӀуэмытэщ», ауэ латино-американскэ романым щхьэкӀэ «къэзыгъэщӀ» псалъэр къегъэсэбэп. А роман щӀыкӀитӀыр лъапсэрэ къуэпскӀэ зэпыщӀауэ абы къилъытэркъым, сыту жыпӀэмэ «къэзыгъэщӀыр» къыщыунэхур «тхыгъэ мыкӀуэмытэхэр» кӀуэдыжыным и пӀэкӀэ, нэхъ къыщызэрыкӀ дыдэрщ. Ауэ, дауэ щымытми, роман «мыкӀуэмытэм» мыхьэнэ лъэпкъ имыӀауэ жыпӀэ хъунукъым. Тхыгъэ телъыджэхэр къыщӀэмыхъуами, абы латино-американскэ романыр иунэтӀам шэч хэлъкъым. 30-50 гъэхэм (Ж. Амаду и творчествэм нэсыху), латино-американскэ романыр позитивизм гъащӀэ къэгъэлъэгъуэкӀэм тету, западноевропейскэ литературэм зыдищӀын дэнэ къэна, Ӏэмал зэриӀэкӀэ зыкъызэрыщхьэщигъэкӀыным хэтурэ екӀуэкӀащ. А романым лъабжьи къежьапӀи нэхъ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунур куэду зэщхьэщыкӀ лъэпкъыбэ ӀуэрыӀуатэрщ.

Латино-американскэ романым, шэч хэмылъу, апхуэдэу зиужьыну къыщӀэкӀынтэкъым, лъэпкъ ӀуэрыӀуатэр и лъабжьэрэ западноевропейскэ литературэр и щапхъэу къежьа роман «мыкӀуэмытэр» мыхъуамэ. Абы и фӀыгъэкӀэ зи зэфӀэкӀым ину хэхъуа латино-

американскэ тхакIуэхэм къайхъулIащ лъэпкъ IуэрыIуатэм и нэхъ кууупIэ дыдэхэм нэсыну. Ар и щIыкIэу литературэм игъуэтащ зей лъэпкъым и гъащIэм быдэу хэкIыхьа лъабжьэр, цIыхубэм къагъэщIа мифыр.

ЛIэщIыгъуэ куэдыкIей къызэринэкIащ латино-американцхэм я тхыдэм, ар къыщIэхузыкIауэ зы романым къыщыбгъэлъэгъуэн щхьэкIи абы хуэщIа художественнэ Iэмал ухуейщ. Апхуэдэ Iэмалщ мифологиер, апхуэдэ Iэмалым къигъэщIащ «Илъэсищэ зи кIыхьагъ закъуэныгъэ» жыхуиIэ романыр. Латинскэ Америкэм ис лъэпкъхэр зэкъуэтыныгъэм къызэрыхуэуша, я зэхэщIыкIым зэрызиужьа щIыкIэхэр зыкъомкIэ ебгъапщэ хъунущ ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри быдэ хъуурэ зэрыкIуэм. Ар дыдэм теухуауэ «Латинская Америка» журналым псалъэмакъ щокIуэкI 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ. Дауи, мы къэралхэм романым зэрызыщиужьым зэтемыхуэ куэди хэлъщ, арыншауи хъунукъым, сыту жыпIэмэ ди къэралымрэ Латинскэ Америкэм и къэралымрэ я псэукIэ-зэхэтыкIэ елъытакIи хуабжьу зэщхьэщокI. Ауэ, ищхьэкIэ зэрыжытIащи, абыхэм я зыужьыкIэм зэщхь гуэрхэр хыболъагъуэ, куэдыкIейкIэ зэщхьэщыкIми, дунейпсо литературэм и аузым деж щызэкIуэлIэжу. Абы ехьэлIауэ гъэщIэгъуэн хъуну къыщIэкIынут, дуней еплъыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ зэманым и нэпкъыжьэ телъу абыхэм къатепщIыкIыжахэмрэ къэхутамэ.

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм екIуэкIа икIи екIуэкI историко-литературнэ зэхъуэкIыныгъэхэм яхэту къапщтэмэ, ахэр хуабжьу гурыIуэгъуейуэ зэхэлъщ. Ахэр убзыхуамэ, наIуэ къэхъунут мифологическэ, мифоэпическэ Iэмалхэмрэ иджырей литературнэ зэхэщIыкIымрэ я зэхуэхьыкIэхэм зы регионым и кIуэцIкIи регионхэм я зэхуакукIи щыIа зэхуэмыдэныгъэхэр (псалъэм папщIэ, советскэ романымрэ латино-американскэмрэ). Апхуэдэу зэбгъэпщауэ нэужь, наIуэ къохъу я тхыкIэкIи мифыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэкIи зэщхьу къалъытэ тхакIуэ гуэрхэр хуабжьу зэрызэщхьэщыкIыр, псом хуэмыдэжу я художественнэ гупсысэкIэхэмкIэ. А гупсысэкIэр цIыхубэм я мифологическэ, мифоэпическэ зэхэщIыкIымрэ иджырей литературэм и дуней еплъыкIэмрэ къагъэсэбэпурэ, литературэщIэхэм къагъэщI. А IуэхумкIэ сэбэп мэхъу эпическэ, философскэ жанрхэр зэхуэхьынри (эпопеем къыщыщIэдзауэ интеллектуальнэ роман жыхуаIэм нэс). Мис а зэщхьэщыкIыкIэм наIуэ къещI литературэм и пэжкIэ щыIа IуэрыIуатэр тегъэщIапIэ зыщI литературэ къэунэхуагъащIэхэмрэ тхакIуэ щхьэхуэмрэ я зыужьыкIэр, я гъуазэр, я мурадхэр зыхуэдэр. А лъэныкъуэмкIэ укъыщыбгъэдыхьэмэ, нэхъ IупщIу уолъагъу я зыужьыкIэкIи тегъэщIапIэ нэхъ ящIхэмкIи тхыдэ зиIэ литературэшхуэхэмрэ къэунэхуагъащIэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр. А щIыкIэм тетущ IуэрыIуатэр зи гъуазэ е литературэ къыхэзых художественнэ системэхэр зэрызэщхьэщыкI щIыкIэхэр нэхъыфIу къызэрыпхутэнури.

Литературэ зызыужьам пасэрей дуней еплъыкIэр къызэригъэсэбэп Iэмал зэхуэмыдэхэр щыIэщ: псалъэм папщIэ, мифоэпическэ (Твардовский А. и эпопее «Василий Тёркин») е мифологическэ (иджырей «къуажэ прозэр») дуней еплъыкIэр къигъэсэбэпурэ Кавказ Ищхъэрэм узыщрихьэлIэ литературэхэм я гъуазэр мифоэпическэ дуней еплъыкIэрамэ, Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм я литературэхэм – мифологическэрщ. Абы къыдэкIуэу жытIэнщи, зэгуэр зы лъэпкъыу щыта, ауэ иужькIэ зэгуэкIыу «лъагъуэ» зырызым тетурэ зызыужьа адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я литературэхэм мифоэпичес-

кэ къежьапIэ яIэ щхьэкIэ, а Iэмалыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэм зэхуэмыдэныгъэ зыкъом хыболъагъуэ.

Абхъаз прозэм ину зэрызиужьар, япэрауэ, грузин прозэр щапхъэ зэрыхуэхъум (апхуэдэ къежьапIэ иIэу жыпIэ хъунущ, псалъэм папщIэ, Искандер Ф. и прозэу щIагъыбзэмрэ цIыхубэ гушыIэкIэмрэ щызэхэухуэнар), етIуанэрауэ, езы абхъазхэм я деж муслъымэн диным гъуэгу зэрыщимыгъуэтам и фIыгъэщ. Адыгэхэм я деж муслъымэн диным лъабжьэ щищIащ, ар дыдэри зыкъомкIэ зэран хуэхъуащ зэрызаужь щIыкIэм. Абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ феодализмэм къикIыу гъащIэщIэм хуэкIуамэ, Север Гъунэм щыпсэу лъэпкъхэр первобытно-общиннэ стройм итащ, псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ тхьэ пэлъытэу къэзыбж динри яIыгъащ. ЦIыхубэм я псэм ноби щымыужьыха, пасэрей метафорэм и щIыгум тещIыхьа мифыр къагъэсэбэпурэ, нобэрей гъащIэр къэзыгъэлъагъуэ тхакIуэхэм телъыджэ куэд къагъэщI. Апхуэдэу, гъащIэщIэм и фIыгъэкIэ, зэпэжыжьэ лъэхъэнитIыр зэпыщIа зэрыхъуам къишащ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу мифым икIыу романым хуэкIуэныр. Адыгэ литературэхэр аркъым. Мыбыхэм дин (мажусий, чыристан, муслъымэн) хуэIухуэщIэхэмрэ зызыужьа эпосымрэ нэсу яхэшыпсыхьакъым.

Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ я литературэхэм ятеухуауэ Бикмухаметов Р. жиIэр мызахуэу къыдолъытэ. «Мажусий диным и хуэмэбжьымэхэр, – етх абы, – абыхэм я деж щынэрылъагъущ, ауэ мифологием ижь лъэпкъ къыщIихуакъым». Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм зэпэщIегъэувэ «мифологическэ Iуэху еплъыкIэмрэ «тхыдэм я пэжымрэ». Сыту пIэрэ-атIэ Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ щыIэ литературэхэм лIакъуэм и дуней еплъыкIэ, этикэ, эстетикэ я лъэныкъуэкIэ бгъэдэлъ культурэр тегъэщIапIэ нэхъ щIищIыр? Абы и щхьэусыгъуэр мырауэ къыщIэкIынущ: «Мифыр лIакъуэм и Iэужьщ, мифоэпическэ дуней еплъыкIэр лIакъуэ кIуэдыжыгъуэм къыдожьэ. Мифоэпическэ дуней еплъыкIэм къегъэщI лъэпкъыу щытыным пыщIа зэхэщIыкIри» (Шынкауэ М.).



А лъэныкъуэмкIэ укъыщыбгъэдыхьэмэ, литературэщIэхэм я зыужьыкIэр къэхута хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм тегъэщIапIэ ящI мифологическэ, мифоэпическэ дуней еплъыкIэхэмрэ иджырей художественнэ дуней еплъыкIэмрэ зэгъэпщауэ джыным.

Мифологическэ дуней еплъыкIэм жанр псори къызэрызэщIикъуэфын зэфIэкI иIэщ, абы и фIыгъэкIи ахэр зэпещIэ. Абы къищынэмыщIауэ, «мифологическэ дуней еплъыкIэ» жыхуиIэм деж нэхъ IупщI щохъу мифым, IуэрыIуатэм, литературэм я зэхущытыкIэр.

Адыгэ романыр къызэрежьэ лъандэрэ абы и хьэл нэхъыщхьэу щытщ поэтикэ, эстетикэ, зэхэлъыкIэ, тхакIуэм и мурад нэхъыщхьэ сыт жыхуиIэхэмкIэ мифоэпическэ дуней еплъыкIэр гъуазэу зэриIэр. Япэ адыгэ романистхэм а Iэмалыр къыщIэмыгъэлъарэ хэмыгъэхьэщауэ къагъэсэбэпу щытамэ, «Бгыщхьэхэр жейркъым» жыхуиIэ трилогиемкIэ КIыщокъуэ Алим дигъэлъэгъуа зэфIэкIыр IуэрыIуатэ поэтикэм щхьэпрокIри литературэр къыщемыжьам щыIа гъащIэ къэгъэлъэгъуэкIэхэр къехутэ.

IуэрыIуатэр – ар лIыхъужь эпосым хэтхэмрэ къыщыхъукъыщыщIэхэмрэ я дамыгъэ, е таурыхъ гъэщIэгъуэн, гъащIэр къызэрагъэлъагъуэ Iэмал къудейкъым, атIэ цIыхубэм я гурыщIэри, я акъылри, къакIуа гъуэгуанэм и сурэтри художественнэ жыIэкIэкIэ къэгъэлъэгъуауэ зыхъумэ пхъуантэщ. А щIыкIэм тетущ иджырей

романым IуэрыIуатэмрэ мифымрэ къигъэсэбэпын зэрыхуейр, ауэ абы къикIыркъым IуэрыIуатэм и щытыкIэ гуэрхэр зэхъуэкI имыIэу художественнэ тхыгъэм хыхьэ мыхъуну. Абы ехьэлIауэ жыпIэмэ, гъэщIэгъуэнщ Айтматов Ч. и «Тенджыз Iуфэм ежэкI хьэ къуэлэныр» повестым къыщигъэсэбэпа творческэ гъэунэхуныгъэр. ТхакIуэм мыбы тегъэщIапIэ щещI нивххэм я мифологическэ дуней еплъыкIэр, ардыдэмкIэ космогоническэ мифыр гъэщIэгъуэн мэхъу. Повестым къегъэжьапIэ хуэхъуар, зэрыжытIащи, нивххэм я дуней еплъыкIэра щхьэкIэ, мифоэпическэ дуней еплъыкIэ зиIэ къыргъыз тхакIуэм деж абы нэгъуэщI теплъэ щегъуэт, лIакъуэм и гъащIэм щхьэпрешри, лъэпкъым и гъащIэм хуешэ. Арауэ къыщIэкIынут Айтматовым нэгъуэщI лъэпкъ мифыр къызэригъэсэбэпар Санги В. щIыфIэмытэмэмари.

Лъэпкъ щхьэхуэхэмрэ дуней псом цIыхуу тетымрэ зэрызэхущытыр къэгъэлъэгъуэн къалэныр къызыпэщылъ романым дежкIи IуэрыIуатэмрэ мифымрэ Iэмал гъуэзэджэхэщ, сыту жыпIэмэ абыхэм яхъумэ езым ижь гуэрхэр щIихуауэ иджырей культурэми хэт, фIымрэ Iеймрэ я зэхэгъэкIыпIэфIу нобэр къыздэсым щыт ныбжь зиIэ темэхэр. ЛитературэщIэхэм (псалъэм папщIэ, адыгэ литературэм) я дежкIэ IуэрыIуатэм нэгъуэщI мыхьэнэи иIэщ: жанр и IуэхукIэ щапхъэ хуохъу. Литературэшхуэхэр мифымрэ IуэрыIуатэмрэ къэгъэсэбэпыным сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ хуэщIа хъуащ, ахэр зым къыщахыу адрейм щатIагъэ къудей мыхъуу, художественнэ Iэмал гъуэзэджэу къагъэсэбэп. ЛитературэщIэхэм ар къащемыхъулIэр нэхъыбэжщ. Мыбыхэм мифымрэ IуэрыIуатэмрэ я хуэмэбжьымэхэр хэщI-хэхъуэ щIагъуэ щымыIэу зыхашэ, ардыдэмкIи наIуэ мэхъу ахэр художественнэ Iэмал щIыным зэкIэ зэрыхуэпэжыр. А IуэхумкIэ нэхъ IэкIуэльакIуэу къэплъытэ хъунущ ди тхакIуэхэу Елберд М. («Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ хуэкIуэ гъуэгур»), Бещтокъуэ Хь. («Мывэ лъэхъэнэ»).

Аращи, дэркIэ щхьэ закъуэ Iуэхумрэ абы щхьэпрыкIымрэ художественнэ тхыгъэм щызэхуаIэ зэхущытыкIэм ещхьыркъабзэу, эпическэ, мифоэпическэ, иджырей художественнэ Iуэху еплъыкIэхэри зэщIыгъуу къыщыхутэным мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэ романым и купщIэри и сэфэтри, жанр и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэри къэпщIэн щхьэкIэ. Жанрыр езыр зэхэжыхьа IупщIэурэ зэхэлъщ, ауэ щыхъукIэ, дэ ди къалэнщ а IупщIэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэурэ дджыну. Псалъэм папщIэ, мифымрэ IуэрыIуатэмрэ я поэтикэр, адрейуэ, литературэм и хуэмэбжьымэхэр. IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэхэр джыным къыдэкIуэу, иджырей литературоведенэм къегъэув жанр и лъэныкъуэкIэ зызыужьа е къежьагъащIэ лъэпкъ литературэхэм я зэхэлъыкIэр джын хуейуэ. А Iуэхур литературэ зэхуэмыдэхэм зэрыщекIуэкIым ехьэлIауэ зэтемыхуэ куэди жаIэ. Псалъэм папщIэ, Бикмухаметов Ч. жанр ухуэкIэ и IуэхукIэ литературэщIэхэм щатепсэлъыхьым деж, къелъытэ ар «къат-къатурэ» дэкIуейуэ, а щытыкIэри къэунэхуагъащIэ литературэхэм я хьэлу. Бикмухаметовым мыпхуэдэ щIыкIэу зэтрегъэувэ жанрхэр: очерк, этнографием пыщIа литературэ, рассказ, повесть, роман. Пэжу, абы къыщIегъу литературэщIэхэм, псом хуэмыдэу абыхэм я прозэм, гугъусыгъуурэ зэрызаужьыр, а IуэхумкIэ дэтхэнэ литературэми езым къигъэщIыжа нэщэнэхэр зэриIэр. Жанрхэм я зэхэлъыкIэр къэхутэныр зыкъомкIэ гугъу къещI советскэ литературэми дунейпсо литературэми абыхэм ящыщ дэтхэнэми зыужьыкIэ зэхуэмыдэ зэрыщаIэм. Адрейуэ, жанрым и мыхьэнэр зэхуэмыдэу



8 Заказ №126

къащыгурыIуэкIэ, зэм социалистическэ реализмэм тет литературэм типологие и лъэныкъуэкIэ хэлъ Iуэхугъуэхэм щыхагъэгъуащэ, зэми художественнэ тхыгъэр зытеухуами, къыщыIэта Iуэхугъуэхэми щыхагъэзэрыхь щыIэщ. Адыгэ романым ехьэлIауэ жыпIэмэ, типологие и лъэныкъуэкIэ жанрхэр зэщхьэщыгъэкIыным теухуауэ нобэр къыздэсым зыри лэжьа хъуакъым. Иджы адыгэ романхэм я зыужьыкIэр къэплъытэурэ, ахэр зэщхьэщыбгъэкIыну ухуежьэмэ, дэ къытфIощI ахэр мыпхуэдэурэ бгуэш хъуну: философскэ роман (Еутых А., Елберд М.), лирико-психологическэ роман (МэшбащIэ И., Адыгэ Т.). Апхуэдэу щызэщхьэщыбгъэкIкIэ, Iэмал имыIэу, къэлъытэн хуейщ тхакIуэм и художественнэ гупсысэкIэри стиль и лъэныкъуэкIэ тхыгъэм и теплъэри. Жанр и IуэхукIэ жыпIэмэ, иджырей адыгэ романым къудамитIу зэгуэкIыурэ зеужь:

1) революцэм къыдита гъащIэщIэр эпическэ IэмалхэмкIэ къэгъэлъэгъуэныр (а лъэныкъуэмкIэ, советскэ литературэ псом хуэмыдэу, дэркIи щапхъэщ Шолоховым и тхэкIэр);

2) философием и зэфIэкIхэр прозэм къыщыгъэсэбэпыныр. Абы Iэмал ин къыует цIыхубэм я блэкIари къэкIуэнури нэхъ кууэ къэгъэлъэгъуэнымкIэ.

КIыщокъуэ Алим и эпопее «Бгыщхьэхэр жейркъым» жыхуиIэр, типологие и лъэныкъуэкIэ эпопеем ехьэехуэу, 50-60 гъэхэм ятха историко-революционнэ романхэм я гъунэгъущ (Нурпеисов А. «Лъымрэ пщIэнтIэпсымрэ», Курилов С. «Ханидэрэ Халенхорэ», Ходжер А. «Мур бгъуфIэ»). Апхуэдэ эпопеер хущIокъу цIыхубэмрэ цIыху щхьэхуэмрэ я дуней еплъыкIэхэр зэхишэну, ауэ мифологическэ дуней еплъыкIэр хузэщхьэщыхыу еса щIыкIэкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зыщаузэщIам щыгъуэ, литературэщIэхэми щапхъэрэ гъуазэу яIар романым и пэкIэ эпопеер зыгъэунэхуа дунейпсо литературэрауэ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Псалъэм папщIэ, КIыщокъуэм и роман «Хъуэпсэгъуэ нурыр» къапщтэмэ, мыр и жанр хуэмэбжьымэхэмкIэ цIыхубэ IуэрыIуатэм хуабжьу пэгъунэгъущ. Романыр хъыбар-хъыбарурэ зэхэлъщ, ауэ ар IуэрыIуатэм зегъэщхьын къудейм къишэркъым, атIэ роман жанрыр ди деж щызэфIэувэм (ДыщэкI, Абыкъуэ) щыIа щытыкIэм и хуэмэбжьымэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, япэрей адыгэ романхэр а жанрым и къупхъэм игъэува новеллэ щхьэхуэ-щхьэхуэурэ зэхэту къежьащ. КIыщокъуэм и дилогием и япэ Iыхьэр зэрызэхэлъым хыболъагъуэ литературэ зызыужьым и нэщэнэхэр. Абы ехьэлIауэ уигу къэбгъэкIыж хъунущ европейскэ романым и къежьапIэм щыIа зэхэлъыкIэр: псалъэм папщIэ, Боккаччо и «Декамерон»-р зэрызэхэгъэува «щыгъэр Iуданэм зэрыфIэбла» щIыкIэр. КIыщокъуэм а гъэунэхуа Iэмалхэр ауэ сытми и Iуэхур тынш ищIын къудей щхьэкIэ къигъэсэбэпыркъым, атIэ зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэм ятеухуа гупсысэхэмкIэ егъэнщI, ар къехъулIэн щхьэкIи эпопеем къыщегъэсэбэп иджырей литературэми цIыхубэми культурэ и лъэныкъуэкIэ яIэ пхъуантэдэлъхэр.

Мифоэпическэ дуней еплъыкIэмрэ цIыху щхьэхуэм и зэхэщIыкIымрэ зэрызэхущытым теухуауэ литературэшхуэхэмрэ къэунэхуагъащIэхэмрэ зыкъомкIэ зэщхьэщокI. Литературэ зызыужьхэм я деж цIыхубэм я дуней еплъыкIэр тегъэщIапIэ зыщI тхакIуэм Iэмал имыIэу ар езым и гупсысэхэмкIэ егъэнщI, къызыкъуахыж пхъуантэдэлъ гуэрым ещхьу къагъэсэбэп. ЛитературэщIэхэм къызыкъуахыж, къагъэщIэрэщIэж мыхъуу, езы мифоэпическэ дуней еплъыкIэм занщIэу къыхохъукI, къыхокIыкI. Абы-

хэм я дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхубэм я Iэужьырщ, тхакIуэм и дуней еплъыкIэр абыхэм я кIэрыдзэну аркъудейщ. ТхакIуэм и дуней еплъыкIэм гъуэгу нэхъ щигъуэту къыпщохъу нэхъ иужькIэ ятха романхэм, ауэ мы зи гугъу тщIы зэхъуэкIыныгъэхэри зыхэплъагъуэр тхыгъэ щхьэхуэхэрщ, псори къызэщIиубыдэркъым. Апхуэдэхэм я фIыгъэкIи зыкъомкIэ зэгъунэгъу мэхъу, я щIы кIапэхэр зэхохьэ литературэ зызыужьахэмрэ къэунэхуагъащIэхэмрэ, н. ж., художественнэ мурад дахэкIэ зи къежьапIэм зыгъэзэж литературэшхуэхэри апхуэдэ къежьапIэм къыщыщIэзыдзэхэри зэхуозэ. СССР-м ис лъэпкъ зыкъомым я литературэхэм хуэдэу, адыгэ литературэми, зэрыщыту къапщтэмэ, езым и нэпкъыжьэ зыкъом телъщ: зы мурад нэхъыщхьэ зэриIэр, псори къызэщIэкъуауэ къигъэлъэгъуэну зэрыхэтыр, блэкIари, нобэри, къэкIуэнури зэрызэпищIэр. Ахэр абы и щыщIагъэуи и хъуа-щIауи жыпIэ хъунущ. Ар щIыжытIэращи, жанр и лъэныкъуэкIэ и зэхэлъыкIэ псор къапщтэмэ, адыгэ романым холъагъуэ лъэныкъуэ псомкIи – художественнэ гупсысэкIэм къыщыщIэдзауэ документыр тхыгъэм къызэрыщагъэсэбэп щIыкIэхэм нэс – псори къупхъэ гуэрым зэритыр. Абы къыдэкIуэу жытIэнщи, жанр и IуэхукIэ романым и щытыкIэ хъунур елъытащ а къигъэлъагъуэм такIуэр зэрыхущыт щIыкIэм. Лохвицкий М., дэ зэрытщIэмкIэ, и мурадащ «Уафэгъуагъуэ макъыр» роману итхыну, ауэ повестым фIэкIакъым, сыту жыпIэмэ абы лъэпкъым и гъащIэр, Елбердрэ Шинкубэрэ ещхьу, къеплъ нэхърэ къиплъ жыхуаIэм хуэдэу, къыщыгъэлъэгъуакъым. СыткIэ зэмыщхьами, «Уафэгъуагъуэ макъыр» къащхьэщокI «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ хуэкIуэ гъуэгур», «ЖылакIэ» романхэм. Япэрейм хэт лIыхъужь Яков Кайсаровыр хамэ лъэпкъым, шапсыгъхэм, къызэреплъыр хамэм и нэкIэщ, абы къыхэкIыуи абыхэм я гъащIэм хэлъ псор нэсу къыхуэлъагъуркъым. Елберд и романым хэт КIэлъыплъакIуэм зэщхьэщыхауэ дегъэлъагъу апхуэдэ гъащIэм зэмыкIу-зэмыщхьу хэлъ куэд.

Роман жанрыр къызэрыдгурыIуэу дызэресам тету адыгэ романым дыхэплъэмэ, наIуэ мэхъу КIыщокъуэ Алим и роман-эпопее «Бгыщхьэхэр жейркъым» жыхуиIэр роман куэдым щапхъэ зэрахуэхъуар. «Шэджэмокъуэ лъэпкъым» цIыху щхьэхуэхэм я псэукIэ-къекIуэкIыкIахэм ятеухуауэ Iуэхугъуэхэр къыщыIэтащ, МэшбащIэ Исхьэкъ и роман «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпIэм» лиризм хэзылъхьэ социально-психологическэ Iуэхугъуэхэр щытепщэщ. Елберд М. и роман «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ хуэкIуэ гъуэгур» жыхуиIэр адыгэ романым дежкIэ щхьэдэхыпIэщIэщ, сыту жыпIэмэ абы деж къыщыщIедзэ зытеухуа, къызэрыгъэлъэгъуа и лъэныкъуэкIэ адыгэ романым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр. Еутых А. и тхыгъэ «Псынэ Iубыгъуэ», МэшбащIэ И. и «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпIэ», Елберд М. и «Шынагъуэт Iуащхьэмахуэ хуэкIуэ гъуэгур» жыхуиIэхэм ебгъапщэмэ, нэрылъагъу мэхъу 30 гъэхэм ятха историко-революционнэ романхэм, персонажхэм я гупсысэм нэмыщI, а гупсысэхэр, Iуэхугъуэхэр тхакIуэм къызэрыщыхъум теухуа къызэрыхэмыхьэр. Абыхэм я деж тхакIуэми персонажми я дуней еплъыкIэхэр щызэтохуэ, ауэ мо ищхьэкIэ зи цIэ къитIуахэм роман гупсысэкIэр нэхъ ящIэлъщ. Иужьрей адыгэ роману Адыгэ Т. итха «Тибард и мэIуху» жыхуиIэм тхакIуэм и дуней еплъыкIэр нэхъ IупщIрэ лирическэ къежьапIи иIэу къыхощ. Абыи къегъэлъагъуэ IуэрыIуатэ-мифологическэ дуней еплъыкIэм къигъэувхэр

нэхъ щабэ зэрыхъур, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхэлъыкIэ-зэхъуэжэкIэхэм а жанрыр зэрырагъэфIакIуэр. Зи гугъу тщIа роман-хэри зытещIыхьар а хабзэ хъужауэ литературэм къыдекIуэкI Iеймрэ фIымрэ я зэпыщIэныгъэхэрщ, ауэ, IэхъуэгъуэтегъэкI къудейуэ мыхъуу, мыбыхэм а зэпэщIэтыныгъэр хэт лIыхъужьхэм зэрызыхащIэ-зэрызэрагъэзахуэмкIэ куууэ художественнэ IэмалхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ.

Литературэм философием ижь къыщIебгъэхун щхьэкIэ мифыр къыумыгъэсэбэпыныр Iэмал зимыIэжу щыткъым. АрщхьэкIэ ар къежьауэ нобэм къэсыху мифологием и Iэмалхэр къигъэсэбэпу йокIуэкI. Мы лъэныкъуэмкIэ литературэр зэщхьэщокI, сыту жыпIэмэ философскэ прозэм цIыхубэ мифым и поэтикэр къигъэсэбэпынкIи мэхъу (Айтматов, Матевосян). ХХ лIэщIыгъуэм къигъэщIа художественнэ дуней еплъыкIэм елъытакIэрэ мифыр къагъэсэбэпынкIи хъунущ (Пулатов Т., Анар, Ветемаа Э., адыгэ литературэр къапщтэмэ, Бещтокъуэ Хь.). Аращи, эпическэ къэгъэлъэгъуэкIэр къэзыгъэсэбэпыр ар зи лъабжьэ тхыгъэхэм я закъуэкъым, атIэ цIыху щхьэхуэм и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщыIуэта тхыгъэхэми хэтынкIэ хъунущ. Философскэ романым ехъэлIауэ жыпIэмэ, мыбыхэм я деж эпическэ щIэдзапIэм нэхъ мыхьэнэ яIэщ. Мифологие хуэмэбжьымэхэм философскэ романым и къэухьыр зыкIи якъутэркъым, атIэ езым ипкъкIэ нэхъ къулей, купщIафIэ ящI. Жанрхэм я зыхъуэжыкIэр къыщыпхутэкIэ мыбы гу лъытапхъэщ: «дуней еплъыкIэщIэм Iэмал имыIэу гъэлъэгъуэкIэщIи къегъэунэху, а еплъыкIэщIэм мыхьэнэуэ иIэм и инагъымрэ и пэжагъымрэ куэдкIэ елъытащ жанрхэм я зэхэлъыкIэм игъуэтынкIэ хъуну зэхъуэкIыныгъэхэр» (Арутюнов Г.).



Жанр и лъэныкъуэкIэ адыгэ романым и зэхэлъыкIэр джыныр, мифоэпическэ хуэIухуэщIэу абы хэтхэр къэхутэныр сэбэп мэхъу лъэпкъ нэщэнэу хэлъхэр наIуэ къэщIынымкIи адрей литературэщIэхэм зэрахущытыр къэщIэнымкIи. Ауэ мыбдеж жыIэн хуейщ, типологие и IуэхукIэ щыбджым деж, советскэ лъэпкъыбэ литературэми иIэбыкIын зэрыхуейр. А лъэныкъуэмкIэ сэбэпышхуэ хъуну къытщохъу, куэдкIэ зэщхьэщыкIми, зэщхь литературэхэу нэгъуэщI регионхэм щыIэхэм егъэпщэныр. Псалъэм папщIэ, хуабжьу псынщIэу зызыужь, дунейпсо литературэм и утыкум хуэпIащIэ африканскэ литературэм (псалъэм папщIэ, А. К. Арма и роман «КъегъэлакIуэхэр»). Абы ехьэлIауэ Никифоровэ И. жиIам арэзы утехъуэн плъэкIкъым: «Африканскэ романым и зыужьыкIэ-зэхэлъыкIэхэр къыщыпхутэм деж нэрылъагъу мэхъу а жанрым теухуауэ щыIэ дызэсагъэжьхэм ныкъусаныгъэ куэд зэраIэр». Абы зыкъомкIэ ебгъэщхь хъунущ адыгэ романри. Литературэ зызыужьхэм ятеухуауэ щIэныгъэлIхэм роман жанрыр къызэрахутэ «къупхъэм» ар изэгъащэркъым, ардыдэми наIуэ къещI и къежьэкIэкIи и зыужьыкIэкIи езым хуэфэщэж Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ къэхутэн зэрыхуейр. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым: дунейпсо литературэм къикIуа гъуэгуанэ дыдэм ирикIуэурэ, дэтхэнэ лъэпкъ литературэми езым и нэщэнэхэр къегъэщI, ардыдэмкIи культурэ и лъэныкъуэкIи дунейм лъэпкъыу тетым я зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэхэм хагъахъуэ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Юрэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*1985*

*ЩIэныгъэлI БищIо Борис илъэс 65-рэ ирокъу*





# БЗЭР КЪЭЗЫГЪЭЩІЫР ЦІЫХУБЭРЩ

*БищIо Борис 1952 гъэм Лэскэн районым щыщ Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь дзэм даш. Ар щытхъу пылъу кърехьэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIотIысхьэ. ЩIэныгъэ хъарзынэ зэзыгъэгъуэта щIалэм щалъхуа жылэм егъэзэжри, егъэджакIуэу мэлажьэ илъэс зыбжанэкIэ.*

*БищIор 1980 гъэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къашэ. Абы и щIэныгъэми и зэфIэкIми щыхегъахъуэ. 1984 гъэм Москва, БзэщIэныгъэхэмкIэ институтым и аспирантурэр къеухри, и кандидат лэжьыгъэр щыпхегъэкI. 2006 гъэм а институт дыдэм филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыщыфIащ.*

*БищIо Борис адыгэбзэм и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр щызэпкърыха щIэныгъэ лэжьыгъэу 160-м щIигъу, монографиеу тIу къыдигъэкIащ. КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ.*

*Иджыблагъэ дэ ар редакцэм къедгъэблагъэри дехъуэхъуащ узыншагъэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ иIэу иджыри ди лъэпкъым куэдрэ хуэлэжьэну. ИкIи ди лэжьакIуэ ХьэIупщы МуIэед абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуигъэзащ.*

**– Дэ, дыщыцӀыкӀум, хъыбар, таурыхъ, шыпсэ, уэрэдыжь жаӀэжхэм дыдихьэхауэ дедаӀуэрт, защыдмыгъэнщӀу. Абы щыгъуэ тщӀэртэкъым ахэр къызэраӀуэтэж бзэ дахэм хабзэ гуэр иӀэу, абы тету тхын, къэӀуэтэн, жыӀэн хуейуэ. Ар къыщыдгурыӀуар школым дыщӀэтӀысхьэу 5-нэ классым адыгэбзэр щыдагъэджу щӀадза нэужьщ. ГъэщӀэгъуэнт, телъыджэт. Абы къыдэкӀуэуи гугъут. Тхылъыр зэхэзылъхьахэр Тхьэ пэлъытэу къытщыхъурт. Зэдгъэлъагъуну, зэдгъэцӀыхуну ди нэ къыхуикӀырт. Университетым дыщӀэтӀысхьэу апхуэдэ Ӏэмал дгъуэта нэужьи ди гупсысэм зихъуэжакъым икӀи зыкӀи нэхъ фагъуэ хъуакъым. Ноби адыгэбзэм елэжьхэм пщӀэшхуэ хузощӀ, егъэлеяуэ. Дезыгъэджахэми абы зестыну чэнджэщ къызатами – сытегушхуакъым. Иджыри, си ныбжьыр здынэсам, апхуэдэ Ӏуэху лъэпкъ сигу къысхуэгъэкӀынукъым. Уэ, Борис, куэдым зрамыку а Ӏуэхум уи гъащӀэ псор тебухуэну дауэ таучэл пщӀа? Сыт хуэдэ Ӏуэхугъуэхэр блэжьа, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ къызэбнэкӀа нобэ утеувауэ узытет лъагапӀэм унэсын папщӀэ?**

– ЗэманыфӀ хъуауэ сызыпэрыт бзэщӀэныгъэр адэкӀи-мыдэкӀи семыплъэкӀыу зэуэ ӀэщӀагъэу къыхэсхащ жысӀэмэ, пцӀыупс сыхъунущ. ЯпэщӀыкӀэ Ӏыхьлы-благъэхэм «нэхъ урипсэуфынущ» жаӀэу сызытрагъэгушхуа, Москва дэт институт гуэрым, сату Ӏуэхухэм епхам, си документхэр естауэ щытащ. Насып сиӀэти, сыщӀэхуакъым, конкурсышхуэм сыпхымыкӀыфу си унэ сыкъекӀуэлӀэжащ. «Си насыпти» щӀыжысӀэр абы сыщӀэтӀысхьэу къэзухами, сэ сату лэжьакӀуэ къысхэкӀынутэкъым, сыдэзымыхьэх Ӏуэхум сыпэрытын хуей хъунут, игъащӀэкӀэ сыхуэмейуэ. ЕтӀанэгъэ пщӀондэ сыщымысу, техникумхэм иджыри еджакӀуэ къащтэрти, абыхэм ящыщ гуэрым сыщӀэтӀысхьэнщ, жызоӀэри, аргуэру сщӀэм еплъ: политехническэ техникум жаӀэу Налшык дэтам электроӀэмэпсымэхэр щӀыным щыхурагъаджэ и къудамэм сыщӀотӀысхьэ. Ари си ни-си пи къимыхьу сыщӀэсурэ си ныбжьыр илъэс 18 мэхъури, дзэм сыдашыну къызоджэ. Германием щыӀэ ди дзэ гупым сыхохуэри, илъэситӀкӀэ абы къулыкъу щызохьэкӀ. Къыщызгъэзэжам техникум сызыщӀэсам згъэзэж хъунут, ауэ абыи сызэрыхуэмейр хьэкъыу къызгурыӀуэжат. Нэхъ пасэуи си щхьэм къихьэн хуеят сэ «сыкъызыхуигъэщӀар» филологиер зэрыарар. Предмет псомкӀи тху фӀэкӀа схуамыгъэуву школыр къэзухами, пэщӀэдзэ классхэм щыщӀэдзауэ бзэмрэ литературэмрэ я урокхэм япэсщӀ щыӀакъым. А илъэсхэм къуажэ библиотекэм адыгэбзэкӀи урысыбзэкӀи тхылъу щӀэлъу хъуам сэ сызэмыджа яхэлъыжтэкъым. Армэм ущӀыдашыр, зэрыгурыӀуэгъуэщи, тхылъ уеджэу ущагъэсыну аракъым. Апхуэдэ Ӏэмал сымыгъуэтыжу есхьэкӀа илъэситӀым кууэ зыхэсщӀащ тхылъыншэу сызэрымыпсэуфынур. Арати, мис иджы адэкӀи-мыдэкӀи семыплъэкӀыу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэдж къудамэм си документхэр естащ. Майм дзэм сыкъыхэкӀыжамэ, августым экзаменхэр стын хуейт, ар си дежкӀэ тынш цӀыкӀутэкъым. Япэрауэ, сэ школым сыщыщӀэсам адыгэбзэр 8-нэ классым щыпичти, класс нэхъыщхьэхэм щрагъэджыжтэкъым. Иджы, къызэрыщӀэкӀымкӀэ, программэм зихъуэжри,

ебгъуанэ-епщӀанэ классхэм нэхъ кууэ щаджу ирагъэжьати, сэрсэру къасщтэу а псор зэзмыгъэщӀэжу хъунутэкъым. МыдэкӀэ урыс литературэмрэ тхыдэмкӀэ стын хуей экзаменхэмкӀи си Ӏуэхур нэхъ щӀагъуэтэкъым – сщӀэм щыщу нэхъыбэр сӀэщӀэгъупщыкӀыжат. Дауэ мыхъуми, зэрыжаӀэу, си бгыр щӀэскъузэри, зызгъэхьэзырри, конкурсми сыпхыкӀри (абы щыгъуэ иджы хуэдэтэкъым – къащтэнум хуэдиххуэдибл къекӀуалӀэрт) студент сыхъуащ. Ныджэм къытридзауэ псым хадзэжа бдзэжьейм хуэдэт си щытыкӀэр – си гур зыхуейм, си псэм фӀэфӀым сыпэрытт икӀэм-икӀэжым. Диплом плъыжькӀэ къэзухащ – абы адэкӀэ си щӀэныгъэм аспирантурэм щыпысщэну хуитыныгъэ къызитырт. АрщхьэкӀэ а гъэм апхуэдэ Ӏэмал щымыӀэу къыщӀэкӀри, къысхуэнэжырати, егъэджакӀуэу ди къуажэ школым сыкӀуэжри илъэсищкӀэ абы сыщылэжьащ. ЕгъэджакӀуэри сэ си ӀэщӀагъэтэкъым, си хъуэпсапӀэр щӀэныгъэр (наукэр) арати, 1980 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр щӀэныгъэкъэхутакӀуэ институтым сыщрагъэблагъэм, занщӀэу арэзы сыхъуащ. Абы щыщӀэдзауэ нобэм къэс, илъэс 37-рэ (сэ езым согъэщӀэгъуэж а бжыгъэм и инагъыр!) хъуащи, си лэжьапӀэр схъуэжакъым, кӀуэ, аспирантурэ сагъакӀуэу Москва щызгъэкӀуа илъэсищым я гугъу умыщӀмэ. А пӀалъэ кӀыхьым къриубыдэу зы махуи, зы сыхьэти сыхущӀегъуэжакъым къыхэсха гъуэгум. Зыгуэр схузэфӀэкӀамэ, зыгуэр къызэхъулӀамэ, абы и япэ щхьэусыгъуэр фӀыуэ слъагъу Ӏуэху зэрызесхуэр аращ. Абы адэкӀэ ар я фӀыщӀэщ егъэджакӀуэ, ущиякӀуэ схуэхъуа си нэхъыжьыфӀхэм – университетымкӀэ Урыс Хьэталий, АбытӀэ Мухьэб, Нало Ахьмэдхъан, ауэ псом хуэмыдэжу, сыщыаспирантым зи нэӀэ сыщӀэта Къумахуэ Мухьэдин. А щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэр иужькӀи, псэухункӀэ, чэнджэщэгъуу сиӀащ. «Интеллигент нэгъэса» жыхуаӀэм хуэдэт ар, щӀэныгъэ Ӏуэхум и мызакъуэу, гъащӀэм и нэгъуэщӀ лъэныкъуэхэмкӀи ар щапхъэ схуэхъуащ. Аращ, уи упщӀэм жэуапу схуетынур.

**– А уздынэсар гъунапкъэу къэплъытэрэ? Къыумылъытэмэ, сыт хуэдэ мурадыщӀэхэр уиӀэ? Абыхэм я гугъу пщӀы хъуну хьэмэрэ щэхуу зэкӀэ къанэмэ нэхъ къапщтэрэ?**

– ФэрыщӀагъ лъэпкъ хэмылъу жысӀэнщи, къэслъытэркъым. «Ирикъунщ а сщӀар, сэ къыслъысу» жыпӀэу, адэкӀи зыгуэр зэрыпхузэфӀэкӀын щӀэныгъэрэ узыншагъэрэ уиӀэмэ, уи Ӏэ зэтедзауэ утӀысыжыныр къезэгъыркъым, ар уеблэмэ емыкӀущ уигу къэкӀыххэну. Тхьэм къысхузэпищэмэ, сэ мураду сиӀэр зыкъым икӀи тӀукъым. Псалъэм папщӀэ, сэ хуабжьу си нэ къыхуокӀ адыгэбзэм и къулеягъэшхуэ фразеологизмэхэр псори къыщызэщӀэкъуэжа псалъалъэ згъэхьэзырыну. Абы и лъэныкъуэкӀэ зыгуэрхэри зэфӀэзгъэкӀащ, еджапӀэхэм яхузэхэслъхьа псалъэгъэнахуэм а жыхуэсӀэ псэлъафэхэм хуэдэу минитӀрэ щитхум нэблагъэм я мыхьэнэхэр щызэпкърыхащ, ауэ а бжыгъэр хуэдитӀ-хуэдищкӀэ пхуэгъэбэгъуэнущ. Мыхэр бзэр зыгъэдахэ, щӀэщыгъуэ зыщӀ нэхъ ӀэмалыфӀ дыдэхэм ящыщ пэтрэ, щӀалэгъуалэм я псалъэм мащӀэ дыдэрэщ къызэрыхэхуэр. Фразеологизмэхэм ящыщ куэдым я мыхьэнэр къагурымыӀуэжыным нэсащ. Иджы тхылъым идгъэхуамэ, абы и фӀыгъэкӀэ мыкӀуэдыжыпэу дунейм къытенэнт.

ИтIанэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуи. Адыгэбзэр щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ хъарзынэу джа хъуащ, ар нэрылъагъу къещI ди секторым щыдгъэхьэзыру тхылъитI хъууэ 2006 гъэм къыдэдгъэкIа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» жыхуиIэ лэжьыгъэшхуэм. Иджы адэкIэ сыт дызыхуэныкъуэр жыпIэмэ, мис апхуэдэ къызэщIэзыкъуэж лэжьыгъэ ди бзэкIэ дгъэхьэзырынырщ. Абдеж лъэпощхьэпо нэхъ ину диIэнущ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэхэр (терминхэр) дызэримыIэр. Школым адыгэбзэ зэрыщадж тхылъхэм уеплъмэ, «глагол», «причастие», «частицэ», «послелог», «подлежащэ», «сказуемэ», «дополненэ», «определенэ»... апхуэдэ защIэщ! МыбыкIэ дэ тхуэдэу къыкIэрыхуа къэгъуэтыгъуейщ. «Бзэшхуэхэм» я гугъу тщIыхэнкъым, ди гъунэгъу лъэпкъхэм девгъэплъ – псоми езыхэм я терминхэр яIэжщ. Балъкъэр, къэрэшейхэм абыкIэ я Iуэхур тыншщ – тыркубзэ къомым зэрагъэпэщагъэххэр къащтэри зэфIокI, ауэ, осетинхэми, шэшэнхэми, дагъыстэнхэми къагупсысыжащ езыхэм я терминхэр. Дэри – къэбэрдейхэмрэ адыгейхэмрэ – мыбы хэкIыпIэ къыхуэдгъуэтыпхъэщ икIэщIыпIэкIэ. НэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдми я гугъу пщIы хъунущ. Аращи, щысыпIэ диIэкъым, дигу зыхуэзэгъэжыну пасэщ иджыри.

**– Псори зэхэту тхылъ дапщэ къыдэбгъэкIа? Абыхэм ящыщу дэтхэнэра уи гъащIэм и тхылъ нэхъыщхьэу къэплъытэр?**

– Си цIэ закъуэм фIэкIа и жинтым темыту къыдэкIахэм я бжыгъэр куэд дыдэ хъуркъым – адыгэбзэ грамматикэм теухуауэ тIу, псалъалъэу зы, школхэр зэреджэн тхылъуи тIу. Ауэ сэ нэхъыбэм сызэрылажьэр гъусэ сиIэурэщ, е гуп псо дыхъуурэщ. Ар сызыпэрыт IэнатIэм и нэщэнэщ. Апхуэдэу сызыхэта лэжьыгъэу дунейм къытехьар зыкъомыфI мэхъу. А псор къезмыбжэкIыу я цIэ къисIуэнщ зи мыхьэнэр ин, куэдым къагъэсэбэп тхылъитIым: ар 1999 гъэм Москва къыщыдэкIа «Адыгэбзэ псалъалъэмрэ» «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» томитI хъумрэщ. Адыгэбзэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ я къэкIуэнум дежкIэ мыхэр зыри зыхуэбгъадэ мыхъун лэжьыгъэшхуэхэщ. Мыхэр гъэхьэзырынми тхылъу дунейм къытегъэхьэнми си гуащIэ мымащIэу зэрыхэлъыр си напщIэ телъщ. Псом хуэмыдэу гугъу сызыдехьар, абы къыхэкIыуи сигу къинэжар Адыгэбзэ псалъалъэрщ. Абы елэжьхэм сэ сыщыхагъэхьам ар зэхэлъхьэн зэрыщIадзэрэ илъэс 40-м щIигъуат! Ар кIыхьлIыхь щIэхъуари нэхъыщхьэу къызыхэкIар абыкIэ жэуап зыхьын хуейм (и цIэр къисIуэну сыхуейкъым) и щхьэхынагъэмрэ къыфIэмыIуэхуныгъэмрэт. Абы и щыхьэткъэ Iэрытх хьэзыру жыхуаIам а зи гугъу сщIым итхын хуеяхэр хэмылъу къызэрыщIэкIар! Мыдрей хэлъхэри щIэрыщIэу дымытхыжу хъуакъым. Iэрытхым япэщIыкIэ институтым, итIанэ Москва «Русский язык» тхылъ тедзапIэм дыщыщелэжьа илъэсхэм абы и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэс дапщэрэ срикIуэн хуей хъуами къысхуэбжыжынукъым, ауэ нэ жан дыдэу къыщIэздзати, псалъалъэм и къыдэкIыгъуэм ирихьэлIэу нэгъуджэ зыIузмылъхьэу хъуакъым. Сызыщытхъужу къызыщыхъуни щыIэнщ, ауэ Адыгэ энциклопедием сэ стеухуауэ ит тхыгъэм абы и редактор нэхъыщхьэ Къумахуэ Мухьэдин и IэкIэ хитхэжауэ щытащ «Адыгэбзэ псалъалъэр къызэрыдэкIам мыбы и фIыщIэшхуэ хэлъщ» жиIэу.

**– Борис, адыгэбзэмкIэ секторым нобэ сыт хуэдэ къалэнхэр къыпэщыт икIи ар абы дауэ пэлъэщрэ?**

– АдыгэбзэмкӀэ секторыр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ институтым и къудамэ нэхъ ин дыдэхэм икӀи ныбжьышхуэ зиӀэхэм ящыщщ. Институтыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 мэхъури, япэ махуэм къыщыщӀэдзауэ нобэр къыздэсым къалэн нэхъыщхьэу и пащхьэ итыр адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэр джынымрэ абыхэм я грамматикэхэмрэ псалъалъэхэмрэ зэхэлъхьэнымрэщ. Абы и лъэныкъуэкӀэ дяпэ итахэм яхузэфӀэкӀар мащӀэкъым. Къапщтэмэ, институтым и япэ унафэщӀу щытахэм ящыщщ КӀыщокъуэ Алим. Абы япэ ӀэщӀагъэу къыхихауэ щытар бзэщӀэныгъэрщ. Абы теухуауэ аспирантурэ щӀэсащ, бзэр куууэ иджащ, фӀы дыдэуи ищӀэрт, литературэм зритыжа щхьэкӀэ. Алим и ужькӀэ бзэр джыным, абы и Ӏуэхухэр егъэфӀэкӀуэным къаруушхуэ ирахьэлӀащ щӀэныгъэлӀ цӀэрыӀуэхэу Елбэд Хьэсэн, Борыкъуей ТӀутӀэ, Яковлев Николай, нэгъуэщӀ куэдми. Апхуэдэу институтым зэпымыууэ къыдэлэжьахэщ Къумахуэ Мухьэдин, Шагъыр Ӏэмин, АбытӀэ Мухьэб, Урыс Хьэталий, Джаурджий Хьэтыкъэ сыми. А псом я фӀыгъэкӀэ адыгэбзэр хъарзынэу джа, зэпкърыха, зэхэлъхьа хъуащ, грамматикэм, бзэм и лъэныкъуэ куэдым теухуа тхылъхэр, псалъалъэ зэмылӀэужьыгъуэхэр къыдэкӀащ. Иужьрей илъэсхэм секторым илэжьа псоми ящхьэжу ӀуэхуфӀитӀ зэфӀигъэкӀащ – ар 1999 гъэм Москва къыщыдэкӀа «Адыгэбзэ псалъалъэмрэ» ди бзэм теухуауэ щӀэныгъэр зыхунэса псори къыщызэщӀэкъуэжа, томитӀ хъу «Кабардино-черкесский язык» тхылъхэмрэщ. Абыхэм, Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщӀ къэрал куэдми пщӀэшхуэ къыщыхуащӀащ.



Урыс тхакӀуэшхуэ Горький Максим зэгуэр жиӀэгъащ мыпхуэдэу: «Бзэр къэзыгъэщӀыр цӀыхубэрщ. Бзэр литературэбзэрэ цӀыхубэм я бзэу щызэхагъэкӀым деж, абы къикӀыр бзэ «цӀынэрэ» мастерхэр зыхэлэжьыхьарэ зэрыдиӀэрщ». «Мастер» хъужыр, дауикӀ, тхакӀуэусакӀуэхэрщ – ахэращ псом япэу цӀыхубэм яӀурылъ бзэр къэзыщтэу езыгъэфӀакӀуэр. Шэч хэмылъу, литературэр зи ӀэщӀагъэ псоми я зэфӀэкӀыр абы и лъэныкъуэкӀэ зэхуэдэкъым. Псалъэм папщӀэ, урысхэм Пушкиныр адрей псоми къыхаӀэтыкӀ, абы иджырей урыс литературэбзэм и лъабжьэр игъэтӀылъауэ къалъытэри. Адыгэхэм (къэбэрдей-шэрджэсхэм) апхуэдэу диӀэщ ЩоджэнцӀыкӀу Алий. ГурыӀуэгъуэщ мы зи цӀэ къитӀуахэм я бзэр джынми гулъытэ лей щӀигъуэтыр, аращ Пушкиным и бзэр лъэныкъуэ куэдкӀэ къахутэу абы томиплӀ хъууэ псалъалъэшхуэ щӀыхузэхалъхьар (Словарь языка А. С. Пушкина. В 4-х томах. М.: Государственное издательство иностранных и национальных словарей, 1956 – 1961), ар щапхъэ хуэхъуу Зэхъуэхъу Лиуани ЩоджэнцӀыкӀум и бзэм и псалъалъэм щӀелэжьар (Зэхъуэхъу Л. ЩоджэнцӀыкӀу Алий и бзэм и псалъалъэ. Налшык: Эльбрус, 1975). Иужьрейм и псалъэпэм зэрыщыжиӀэщи, «Алий и дэтхэнэ псалъэри купщӀафӀэщ, шэрыуэщ, гъэхуащ. Адыгэ усакӀуэшхуэм адыгэ литературэбзэр иригъэфӀакӀуэ зэпыту зэрыщытар абы и тхыгъэхэр щыщӀупщытыкӀым деж икъукӀэ наӀуэ мэхъу».

Литературэм и классикхэм я къалэмыпэм егъэбатэ, зэщӀекъуэ бзэм и фӀыпӀэр. ЩоджэнцӀыкӀум и тхыгъэхэм къыщыгъэсэбэпар псори псалъэ мини 7-рэ 200-м щӀигъу фӀэкӀа мыхъуми, Зэхъуэхъум тэмэму гу зэрылъитащи, абы и бзэм и псалъэхэр адыгэ литературэб-

зэм нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпхэр арауэ къэплъытэ хъунущ. Абы нэмыщIкIэ, усакIуэм а зы псалъэ дыдэм и мыхьэнэщIэхэр къигъэхъуурэ литературэбзэр абыкIэ нэхъ къулей ищIащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и лъэпкъым хуилэжьам и инагъыр жыIэгъуейщ, ауэ, дауи, ди литературэми, ди бзэми я зыужьыныгъэр абы и деж щиухакъым. Алий къызэрытхэмытыжрэ илъэс 75-м зэрыщIигъуар къэплъытэмэ, и чэзу хъуакъэ Алий и лъэужь ирикIуахэм я зэфIэкIыр наIуэ къэтщIыну? Апхуэдэ гупсысэм къыхэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ щIыным яужь ихьэныр. Къыхэдгъэщынщи, мыпхуэдэ псалъалъэ зэхэлъхьэным хуабжьу дытригъэгушхуат КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ Налшык 2004 гъэм щекIуэкIа Урысейпсо щIэныгъэ конференцым и лэжьыгъэм хэтахэр ди мурадым щыгъуазэ щытщIам щыгъуэ, абыхэм ди гуращэр къыддаIыгъауэ зэрыщытам. А зэIущIэшхуэм кърикIуахэр къызэщIэзыкъуэж резолюцэм пункт нэхъыщхьэу хэтахэм ящыщщ зи ужь дихьа псалъалъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэнур, икIи абы елэжьыныр, тхылъу къыдэгъэкIыныр Iэмал зэриIэкIэ щIэгъэпсынщIэн зэрыхуейр.

Нэгъуэщ1 гуэр мыхъуу, КIыщокъуэ Алим къыщIыхэтхар, дауи, зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым. Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ.

Псом япэу, зыми шэч къытрихьэу къыщIэкIынкъым КIыщокъуэм и творчествэр къэбэрдей литературэм и нэхъ лъагапIэшхуэ дыдэу зэрыщытым. КъыщIэна тхыгъэхэм я фIагъкIи, я куэдагъкIи, я зэмылIэужьыгъуагъэкIи (ар зыхэмылэжьыхьа жанр литературэм хэткъым) абы къыпэхъун дэ мызыгъуэгукIэ диIэкъым. Ауэ щыхъукIэ, ди нобэрей адыгэбзэм и зэфIэкIыр псом япэу къызэрыбгъэлъэгъуэфынур КIыщокъуэм и тхыгъэхэмкIэщ. 1999 гъэм къыдэкIа Адыгэбзэ псалъалъэр щызэхалъхьэм, абы елэжьахэм тегъэщIапIэу яIар Алим и тхыгъэ нэхъ пIащэхэм ящыщу «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ никъуэ щхъуантIэ» романхэрщ, и усэхэм ящыщуи нэхъ пасэу (1950 – 60 гъэхэм) итхахэрщ. Ауэ щыхъукIэ, КIыщокъуэм и бзэм и къулеягъыр къэтIэщIа мыхъуауэ къэнат.

ЕтIуанэрауэ, Адыгэ псалъалъэм и гугъу щытщIакIэ, къэгъэлъэгъуапхъэщ абы и тIасхъапIэ нэхъыщхьэр. Ар псалъэр щыбгъэнахуэкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ хъун хуей лъэпкъ художественнэ литературэм и щапхъэхэмкIэ а псалъалъэр зэрыкъулейсызырщ. Мыр зэхэзылъхьахэм я зэранкъым – псалъалъэ ящIыну я мураду иллюстрацэхэр ягъэхьэзырын щыщIадза 1950 – 60 гъэхэм нобэ елъытауэ икъукIэ мащIэщ адыгэ тхылъу щыIар. Ахэр зэрахуримыкъум къыхэкIкIэ, хэкIыпIэу къагъуэтар урыс, нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэм ящыщу а зэманым зэрадзэкIыурэ куэду къыдагъэкIыу щыта тхыгъэхэри къэгъэсэбэпынырщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм и Iэрытхым щапхъэу ихуауэ щытащ Горький М. и «Анэ» романыр, Родари Дж. и «Чипполино къыщыщIахэр», Чаплинэ Г. и «Си гъэсэнхэр», нэгъуэщI Iэджи. Нэхъ иужькIэ, 1980 – 90 гъэхэм, псалъалъэм щелэжьыжым щыгъуэ, апхуэдэу пщIэныр зэрыщыуагъэр нэрылъагъути, ахэр хагъэкъэбзыкIыжащ. Ауэ щIэрыщIэу абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщI щапхъэхэр къэлъыхъуэным зэманышхуэ ихьынут,

арыншами илъэс куэд лъандэрэ къыдэкIын хуейуэ гувэ псалъалъэр аргуэру адэкIи кIыхьлIыхь пщIыныр къемызэгъти, ар къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзырахэм пIэщIэгъуэкIэ езыхэм къагупсыса щапхъэ гуэрхэр дыщIагъури, псалъалъэр, икIэм-икIэжым, дунейм къытрагъэхьащ.

Мы къыжытIахэм къикIыркъым Адыгэбзэ псалъалъэм и пщIэм ныбжь гуэр тредгъэдзэну дыхэту. Хьэуэ, мыр абы елэжьахэри, ди лъэпкъыр зэрыщытуи зэрыгушхуэ хъун ехъулIэныгъэшхуэщ, къызэщIиубыдэ псалъэхэм я бжыгъэкIи, ахэр зэрыгъэнэхуам, урысыбзэкIэ зэдзэкIа зэрыхъуам я фIагъкIи къапэхъун псалъалъэ зиIэ лъэпкъ ноби Кавказ Ищхъэрэм искъым, Урысейр зэрыщыту къапщтэми, апхуэдэ зиIэр зырызыххэщ. Ауэ итIани дэ щIэдмыуфэу къыжытIэн хуейщ абы и щыщIагъэу дяпэкIэ къызэднэкIын хуейхэри. Ар, псом япэу, иджыри зэ къытызогъэзэжри, ди иджырей литературэр псалъалъэм и лъабжьэу щытын зэрыхуейрщ. Апхуэдэу хъун папщIэ, ди тхакIуэ, усакIуэ, драматург пажэхэм я тхыгъэхэр зэхэтхыкIауэ картотекэ щIыпхъэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм щIэдзапIэ хуэхъун хуейр, дауи, КIыщокъуэ Алимти, абы и деж къыщедгъэжьауэ аращ. Зэманым къигъэлъэгъуащ абыкIэ дызэрыщымыуар: Алим и тхыгъэхэм мымащIэу къыщыдогъуэт иджыри къэс ди зы псалъалъи мыкIуа псалъэхэр – ар зы лъэныкъуэкIэ; нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, псалъалъэхэм ярыт псалъэхэм я мыхьэнэр къызэрыгъэнэхуар гъэтэмэмыжын щыхуей, псалъэм мыхьэнэуэ иIэхэм ящыщ мыгъэнэхуауэ къыщына куэдрэ къыщIощ Алим и щапхъэ нэIурытхэм я фIыгъэкIэ. Мис ар дыдэращ КIыщокъуэм и псалъалъэм къалэн нэхъыщхьэу хуэдгъэувари – адыгэбзэ псалъэхэр нэхъ щызу, ирикъуу зэхуэхьэсауэ дяпэкIэ къыдэкIыну псалъалъэхэм гъэкIуэн, а псалъэхэм я мыхьэнэхэр тэмэму зэхэхуауэ, ахэр уи фIэщ зыщI щапхъэ тэрэзхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ къэхьын. А къалэнымкIэ КIыщокъуэм и псалъалъэм иIэ зэфIэкIыр къигъэлъагъуэу щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ.

Адыгэбзэ псалъалъэр къызэрызэIуих япэ дыдэ статьяхэр къэтщтэнти. Мыбы хьэрф «А»-м ехьэлIауэ статьяуэ щы итщ. Япэр зытеухуар алфавитым и япэ хьэрфыр аращи, ар Iуэхум хэдбжэнкъым. Мыдрей тIум щыщу зыр щхьэ гуэр е предмет къигъэлъагъуэу къагъэсэбэп зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэрщ, етIуанэр къигъэлъагъуэ мыхьэнэ елъытауэ Iыхьищу зэпауда междометиещ: 1) гъэщIэгъуэныгъэ, къэуIэбжьыныгъэ; 2) зыгуэр къызэрагубзыгъыжар, къызэрацIыхужар къегъэлъагъуэ; 3) зыгуэрым пщIэ зэрыхуамыщIыр, мыхьэнэ иIэу къызэрамылъытэр къегъэлъагъуэ [Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап.19]. Иджы деплъынти ар дыдэр КIыщокъуэм и бзэм тещIыхьа псалъалъэм къызэрыщыхьам. Мыбдеж «а» статьяуэ тху къыщокIуэри, зэхэдгъэкIынщ апхуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэр къыздикIыр. Алфавитым и хьэрфымрэ зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэмрэ я статьяхэр псалъалъитIми щызэтохуэри, абыхэм я гугъу тщIынкъым. АдэкIэ зы статья урысыбзэ союз «а» жыхуиIэм теухуащ, ар КIыщокъуэм и адыгэбзэ текстым къызэрыхэхуэм къыхэкIкIэ: *– А ваша? (Уэ-щэ?) – жиIэу Ерул урысыбзэкIэ щIэупщIэри, зэрыщIэупщIам щышынэжауэ, цIыхухэм захигъэпщкIуэжащ.* (Хъуэпсэгъуэ нур).

Мыпхуэдэ статья Адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм хэтыни хуеякъым –

мыр абы и къалэнхэм хыхьэркъым. АдэкӀэ междометием теухуа статьяр КӀыщокъуэм и псалъалъэм мыхьэнитхуу щызэщхьэщыдзауэ къыщокӀуэ:

1) гъэщӀэгъуэныгъэ: *А телъыджэ!* (Хъуэпсэгъуэ нур); *А лӀэун, блын кӀэзяти щыӀэ?* (Мазэ никъуэ щхъуантӀэ);

2) гухэщӀ, гущӀэгъу: – *А зи анэ мыгъуэ тхьэр еуа, – жиӀэри уӀэгъэ къомыр щилъагъум, Хьэбибэ и щхьэфэцым зиӀэтащ* (Нал къута);

3) хъурджауэ: *А лӀэун, дэ къомыр къулыкъущӀэ дыхъумэ, вакӀуэ хэт дэкӀын?* (Зи лъэрыгъыпс тӀыгъа);

4) гухэхъуэ, дэрэжэгъуэ: *А дуней, ислъэмей хэт къэфа!* (Бажэ пшынэ);

5) хъуэпсэныгъэ, фыгъуэныгъэ: *Адакъэм ехъуапсэ Ӏэджи щыӀэщ: – А зи насып, тхьэм и пщӀантӀэм щыулъэпхъэщэнущ Джэлил* (Бабыщыкъуэ адакъэпщ).

Зэрытлъагъущи, мы статьямрэ Адыгэбзэ псалъалъэм итымрэ зы мыхьэнэкӀэ (гъэщӀэгъуэныгъэ) фӀэкӀа зэтехуэркъым, КӀыщокъуэм и псалъалъэм къыщыгъэлъэгъуа мыдрей плӀыр модрейм итыххэкъым. ЗэщхьэщыкӀыныгъэр абдежи щиухыркъым – Адыгэбзэ псалъалъэм и мыхьэнитӀ къэнар КӀыщокъуэм ейм статья щхьэхуэу къыщокӀуэ, нэгъуэщӀ зы мыхьэнэи щӀыгъужауэ:

**А-А** (49). **междом. 1.** Зыгуэр зэхэщӀыкӀыныгъэ, къыгурыӀуэныгъэ къегъэлъагъуэ. *А-а, къызгуроӀуэ, сымаджэ нэпцӀ зищӀащ, мыбы къэмыкӀуэн щхьэкӀэ* (Мазэ никъуэ щхъуантӀэ). **2.** Зыгуэр къызэращӀэжар, къызэрацӀыхужар къегъэлъагъуэ. *А-а, къысщыгъупщэрти, мы тӀэкӀур къыпхуэсхьат* (Хъуэпсэгъуэ нур). *Псоми гу лъатащ, Инал Къэзмай дадэ стӀолым бгъэдэсу щилъэгъуам, ар зыхуихьынур имыщӀэу зэригъэщӀэгъуам, арщхьэкӀэ и гум илъ уигъэщӀэнт: «А-а, Къэзмай, къеблагъэ, хъарзынэу пщӀащ укъызэрыкӀуар»* (Мазэ никъуэ щхъуантӀэ). *А-а, сщыгъупщэжати Ӏэмэпсымэ хъарзынэ зэрызиӀэр* (Тепщэч къэзылъэтыхь). **3.** Зи гутъу ящӀым пщӀэшхуэ зэрыхуамыщӀыр, мыхьэнэшхуэ иӀэу къызэрамылъытэр, Ӏумпэм зэращӀыр къегъэлъагъуэ. *[Шлоссер:] А-а, Кавказ къуажэцӀэхэр емынэми хуззгъэщӀэнкъым, Ростов къыщыщӀэдзауэ мыбы къэс нэкӀэ узэплъын зы къуажи щыӀэкъым* (Гъуэгуанэ). *А-а, игъащӀэми делэӀуделафэщ жаӀэ абы щхьэкӀэ...* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А-а, фэ къывгурыӀуэ щыӀэкъым, – жиӀэри адакъэр бабыщым щыбгъэдыхьэм, бабыщхэри къэгуззэващ: – А-ды-дыд!* (Бабыщыкъуэ адакъэпщ). **4.** Гукъанэ зэрыхуащӀыр, зэрыщӀэнакӀэр кърагъэлъагъуэ. – *А-а, щхьэлмэл, жыфӀэурэ вгъэщхьэрыуащ [хьэщӀэхэр]* (Хъуэпсэгъуэ нур). – *А-а! Укъэсаи уэри, уи шыкӀэ мафӀэ егъэуауэ* (Щынэхужьыкъуэ). *[Гесиод:] Сыкъэгубжьщ абдежи, адакъэм и щхьэр пызгъэлъэтщ къамэмкӀи, адакъэм и лъымкӀэ си джанэри лъызащӀэ сщӀыри ди гъунэгъум я унэм къамэр сӀыгъыу сыщӀэлъэдащ: – «А-а, фыкъэзгъуэтакъэ иджы!»* (Тепщэч къэзылъэтыхь).

Мы иужьрей къэхьыкӀэр нэхъ зэрытэмэмым шэч хэлъкъым: Адыгэбзэ псалъалъэм зэрищӀым хуэдэу, зи тхыкӀэкӀи, зи къэпсэлъыкӀэкӀи зэтемыхуэ псалъитӀыр – «а», «а-а» жыхуиӀэхэр – зы статьям щызэхэбгъэзэрыхьыныр щыуагъэщ.

АдэкӀэ КӀыщокъуэм и бзэм и сэбэпкӀэ иджыри зы псалъэ зэфӀэгъэувэжа хъуащ, Адыгэбзэ псалъалъэм ӀэщӀэхуауэ:

**А II** (62). Зыгуэрым зыщыхуагъазэкӀэ къагъэсэбэп псалъэ, «ей», «мыдэ къакӀуэт» мыхьэнэ иӀэу. *А тӀу, а си псэ тӀэкӀур зышхын, тхьэ къыджепӀэн – си щӀалэ цӀыкӀу мыгъуэм ухуэмызауэ пӀэрэ?* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А Тембот, а си щӀалэ цӀыкӀу, а си Ӏэбыдэлъэбыдэ цӀыкӀу, угъукӀэну къебгъэжьати, абы гу щыпхуакъым, уи кӀыщ тӀэкӀуми и щхьэр иуэжащ* (Мазэ някъуэ щхъуантӀэ). *А Саружан, а си хъыджэбз цӀыкӀу, уи щхъэгъусэм тхьэм къигъэзэжыну жиӀэ, къигъэзэжмэ, си псэ закъуэ, зыщумыгъэгъупщэ* (Къалэн).

Иджыри къэс зи гугъу тщӀар псалъэ щхьэхуэхэрщ, ауэ абыхэм нэхърэ я мыхьэнэр, мынэхъ инмэ, нэхъ цӀыкӀукъым фразеологизмэхэм. Мыхэр, шэч хэмылъу, бзэр нэхъ къулей, нэхъ дахэ, нэхъ щӀэщыгъуэ зыщӀ Ӏэмал нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. АтӀэ апхуэдэ къулеигъэу ди бзэм хэтхэр зэхэбгъэкӀынумэ, зэхуэпхьэсынумэ, КӀыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм хуэдэ уагъэлъыхъуэнщ. Къардэн Бубэ адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ щызэхилъхьэм, тегъэщӀапӀэ нэхъыщхьэ хуэхъуар КӀыщокъуэ Алимщ. Абы щыгъуэ фразеологизмэхэмкӀэ зи бзэ нэхъ къулей дыдэу диӀэр КӀыщокъуэр зэрыарам гу лъитати, Къардэным КӀыщокъуэм и бзэм къыхэхуэ фразеологизмэхэм къэхутэныгъэ щхьэхуэ триухуауэ щытащ (Карданов Б. М. Семантико-стилистические функции устойчивых выражений в прозе А. Кешокова. Нальчик: Эльбрус, 1982). Бубэ гупсэхуу щӀипщытыкӀат а Ӏуэхум и ужь щихьам ирихьэлӀэу КӀыщокъуэм и тхылъу дунейм къытехьауэ щытахэр. Ауэ, зэрыгурыӀуэгъуэщи, абыхэм яхэтакъым нэхъ иужькӀэ къыдэкӀа романхэри («Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Лъапсэ»), новеллэхэри, усэхэри. Аращи, КӀыщокъуэм и псалъалъэм фӀыуэ хигъэхъуэнущ Къардэным зэхуихьэса фразеологизмэхэм – КӀыщокъуэм и псэлъафэхэм – я бжыгъэм.

Иджы и гугъу тщӀынщ Псалъалъэм и зэхэлъыкӀэм. Абы и проектыр щызэхэслъхьам сэ, дауи, щыгъуазэ захуэсщӀащ апхуэдэ лэжьыгъэу нэхъапэӀуэкӀэ дунейм къытехьахэм. Си псалъэм и пэхэм деж къызэрыщызгъэлъэгъуащи, тхакӀуэ щхьэхуэм и бзэм и псалъалъэ хузэхэлъхьэныр къыщежьэр ди дежкъым. Апхуэдэ псалъалъэхэр ди къэралми, нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэми къыщыдэкӀащ. Къэтщтэнщ Пушкиным и бзэм и псалъалъэр. Абы Пушкиным и тхыгъэхэм къахэхуэ псалъэ къэс анализ зэрыщамыщӀа лӀэужьыгъуэ къагъэнакъым. Псалъэм папщӀэ, щыӀэщӀэ псалъэ къэсыхукӀэ ар и бзэм дапщэрэ къыхэхуэми зэрабжам къыщымынэу, а псалъэр сыт хуэдэ падежым иту дапщэрэ къэкӀуами, ар закъуэ е куэд бжыгъэу дапщэрэ ухуэзэми – ахэр нэгъунэ къапщытащ. АдэкӀэ, глаголым дыӀэбэнщи, ар сыт хуэдэ зэман формэм иту дапщэрэ къэкӀуами зэхагъэкӀащ. ГурыӀуэгъуэщ а псом къаруушхуэ зэрытекӀуэдар. Ауэ иужькӀэ нэрылъагъу хъуащ апхуэдэу къатӀэщӀа информацэм и нэхъыбэм мыхьэнэ зэрамыӀэр, ар зым и дежкӀи сэбэп зэрымыхъур.

**– Адыгэ лексикографиемкӀэ укъэӀэбэмэ-щэ, Борис?**

– Адыгэ лексикографиемкӀэ дыкъэӀэбэмэ, зэрыжытӀащи, Пушкиным и псалъалъэм и щапхъэм ирикӀуэри, ЩоджэнцӀыкӀу Алий и бзэм и псалъалъэ зэхилъхьэгъащ Зэхъуэхъу Лиуан. Алий и тхыгъэ псори зэхитхыкӀри, карточкэ мин 60-м щӀигъу хъуащ, ахэри зэхидзыжри, псалъэ миниблрэ щитӀрэ къыхэкӀащ. Адыгэбзэм и адрей псалъалъэ-

хэми къадэкӀуэу, мыри, шэчыншэу, щӀэгъэкъуэн яхуэхъуащ адыгэбзэм и иужьрей псалъалъэхэр зэхэзылъхьахэм. Ауэ мыри къэгъэлъэгъуэн хуейщ – Пушкиным и псалъалъэм информацэ лейр къебэкӀмэ, ЩоджэнцӀыкӀум и псалъалъэр хущощӀэ информацэ нэхъыщхьэм – мыбы псалъэхэм я мыхьэнэр щыгъэнэхуакъым. ЩӀэджыкӀакӀуэм ар езым и къару къызэрихькӀэ иубзыхужын хуейуэ къыхудокӀ, контекст зыхэтым щигъэзащӀэ къалэным елъытауэ. Аращи, Зэхъуэхъум и ӀэдакъэщӀэкӀыр псалъэгъэнахуэу убжыныр щыуагъэщ. Зи гугъу тщӀы щыуагъэхэр КӀыщокъуэм и псалъалъэм хэтыжынукъым.

КъыжытӀа псор зыхуэкӀуэжыращи, нэхъапэӀуэкӀэ дунейм къытехьа псалъалъэхэр зыгуэркӀэ гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуами, КӀыщокъуэм и бзэм и псалъалъэм яужь дыщихьэм, абы къигъэув къалэн куэдыр дэ езыхэм япэ дыдэу дубзыхужын, зэфӀэдгъэкӀыжын хуей хъуащ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: КӀыщокъуэм и псалъалъэр «лъэпкъ псалъалъэ» жыхуаӀэм хуэдэщ. Абы сыт къикӀыр? Апхуэдэ псалъалъэ лӀэужьыгъуэм бзэм и псалъэхэмрэ и фразеологиемрэ я мыхьэнэхэр езы бзэм и ӀэмалхэмкӀэ игъэнахуэу аращ, абы къыхэкӀкӀи абыхэм «псалъэгъэнахуэкӀэ» (урысыбзэкӀэ – толковый) йоджэ. Дызэрыщыгъуазэщи, 1999 гъэм къыдэкӀа ди япэ псалъэгъэнахуэм псалъэхэм я мыхьэнэр езы адыгэбзэмкӀэ зэрызэхихум и мызакъуэу, урысыбзэкӀи зэредзэкӀ. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, мыбы псалъалъэ лӀэужьыгъуитӀ щызэхэухуэнащ – лъэпкъ псалъалъэмрэ зэзыдзэкӀ псалъалъэмрэ. Мыпхуэдэ ухуэкӀэм и сэбэпынагъ нэхъыщхьэу ар къэзыгупсысахэм къалъытэ псалъалъэр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ зэрищӀыр – ар пэжынущ. Ауэ дэ гурыщхъуэ дощӀ мыбы зэраныгъэу къишэр сэбэпынагъэм нэхърэ нэхъыбэу. Япэрауэ, бзэ къэс езым и «гупсысэкӀэ», и ухуэкӀэ зэриӀэжым къыхэкӀкӀэ, икъукӀэ гугъущ псалъэм теухуа статьям ар а бзэм ирипсалъэхэм къазэрыгурыӀуэмрэ абы и мыхьэнэр нэгъуэщӀыбзэ зыӀурылъхэм къагурыӀуэн хуэдэу зэбдзэкӀынымрэ щызэхэбгъэзэгъэну. АдыгэбзэкӀэ зы мыхьэнэуэ къэӀуэтэн хуейр урысыбзэм деж мыхьэнитӀ е нэхъыбэ щӀын щыхуей Ӏэджэрэ къохъу, е урысым зы мыхьэнэуэ хузэдзэкӀын хуейр адыгэм мыхьэнэ зыбжанэу къыщыгурыӀуэри гъунэжщ. Аращи, зы псалъалъэ лӀэужьыгъуэр адрейм зэран хуэхъу зэпытщ.

ЕтӀуанэрауэ, лъэпкъ псалъалъэм, е нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, псалъэгъэнахуэм и къалэнщ а цӀыхур езым и бзэмкӀэ тэмэму гупсысэ, абы хуэӀэрыхуэ ищӀыну. Ауэ абы и пӀэкӀэ къэхъур сыт? Псалъалъэр къэзыщтэхэр, иджы абыхэм псоми урысыбзэр ящӀэри, зэплъыр зэрызэдзэкӀаращ, зыгъэнахуэ Ӏыхьэр нэхъыбэм гулъытэншэу къагъанэ. А псом къыхэкӀкӀи дэ къыдолъытэ псалъалъэ зэхэзылъхьэхэр дяпэкӀэ апхуэдэ гъуэгу теувэн хуэмейуэ, аращ КӀыщокъуэм и псалъалъэми нэгъуэщӀыбзэкӀэ зэдзэкӀын Ӏуэху къыщӀыхэдмыгъэхьар.

КӀыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэр зэхэлъхьэным илъэсих енкӀэ делэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ институтым адыгэбзэмкӀэ и къудамэм и щӀэныгъэлӀ гуп: сэ, филологие щӀэныгъэхэмкӀэ доктор Дзыгъуанэ Ритэ, филологие щӀэныгъэхэмкӀэ кандидатхэу Шэру Нинэ, Токъумакъ Мадинэ, Жылэтеж Хьэжысмел, Къардэн Мусэдин, Хэжь Залинэ, АфӀэунэ Анджелэ, Абазэ Маритэ, Хэжь Марьянэ, апхуэдэу

литературэмкIэ къудамэм щыщ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ.

Псалъалъэр КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум тыгъэ хуэтщIыну арат зытедухуар, ипэжыпIэкIи а илъэсым (2014 гъэм) зэхэлъхьэн духат. Ауэ тхылъу тедзэжыным текIуэдэн мылъку институтым къыхуэмыгъуэтурэ нобэм къэсащ.

АдэкIэ Iэрытх хьэзыр хъуар тхылъ щIыным гугъу зыдезыгъэхьахэми я цIэ къиIуапхъэщ. Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт мы тхыгъэшхуэр мызэ-мытIэу и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху щIэзыпщытыкIыу абы и пэжырытхэмрэ нагъыщэхэр зэрыгъэувамрэ тэмэм зыщIыжа, уздигъаплъэ-укъыздигъэплъэж къомри зэзыгъэкIужа Хэжь Марьянэ. Гуанэ Аидэ къригъэжьа икIи хуабжьу зыхэлIыфIыхьа оригинал-макетри абы и кIэм нигъэсыжащ.

Аращи, электрон лIэужьыгъуэу цIыхухэм я пащхьэ итлъхьа тхылъ пIащэр зи IэдакъэщIэкIхэр дрогушхуэ, япэрауэ, ди къэралми дуней псор къапщтэми литературэм и лэжьакIуэу зи бзэ псалъалъэ хузэхалъхьа закъуэтIакъуэххэм я сатырым адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ тхакIуэ, усакIуэ щэджащэ КIыщокъуэ Алим зэрыхэдгъэувам; етIуанэрауэ, гугъу зызыдедгъэхьа мы лэжьыгъэр ди дежкIэ икъукIэ лъапIэщ, абы адыгэбзэм нобэ иIэ щытыкIэмрэ зэфIэкIымрэ наIуэ къызэрищIым, ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэза, зэрыщытыпхъэ мардэм тет япэ адыгэ псалъэгъэнахуэу зэрыщытым къыхэкIыу.

**– Секторым и Iэпэ къыпемыкIуэкIыу сыт хуэдэ Iуэхугъуэ нэхъ гугъу дыдэ къэуврэ?**

– Секторым игурэ и псэрэ етауэ яужь ихьэмэ, хузэфIэмыкIын щыIэу си фIэщ хъуркъым, зы Iуэхугъуэ закъуэм дыкъимылъэхъатэмэ. Ар секторым IэщIагъэлIу щылажьэр зэрымащIэрщ. Зи гугъу сщIа псори зэуэ зэдэтхьыну Iэмал дгъуэтыркъым. Институтым бзэмкIэ и къудамэм зрагъэубгъурэ ар сектор зыбжанэ, псалъэм папщIэ, грамматикэмкIэ, лексикологиемрэ лексикографиемкIэ, литературэбзэр джынымрэ егъэфIэкIуэнымкIэ ящIатэмэ, адыгэбзэр джыным хэпщIыкIыу зиужьынут.

**– Адыгэбзэр ди университетым зэрыщрагъэджми дытепсэлъыхьынт, абы дыщынэсакIэ. Уэ абы арэзы укъищIрэ?**

– Сэ къэзухар ди университетым и адыгэбзэ-урысыбзэ къудамэрщ. Иджы, япэм ещхьу, абы IэщIагъэитI къуитыжыркъым. А Iуэхугъуэм хуабжьу иризодауэ: языныкъуэм япэм зэрыщытам тегъэувэжын хуейуэ къагъэув, адрейхэм ар ядэркъым. ТегъэщIапIэ ящIыр нобэ ди къэралым щагъэувауэ щызекIуэ, пщIэншэу IэщIагъэ нэхъыщхьэу тIу зэбгъэгъуэтыну хуит узымыщI хабзэрщ. Мы Iуэхум сэ сызэреплъым и гугъу пщIымэ, IэщIагъэитIым зэуэ хуебгъэджэну щIэбдзэмэ, а тIур зыр адрейм зэран хуэхъунущ. Зы IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтхэм хухах илъэс бжыгъэ дыдэм тIу дауэ къызэребгъэубыдынур? Мы гупсысэр нэхъапэкIи газетхэм, радиом, телевиденэм къыщысIуэтауэ щытащ. Ауэ зэкIэ зыми зихъуэжакъым – программэми, предмет яджхэми, абыхэм хухах сыхьэт бжыгъэми. Ар тэмэму схужыIэнукъым. Адрей предмет лей псори пыгъэлъэлъауэ абыхэм ятекIуадэу щыта зэманым и пIэкIэ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ хухах сыхьэт бжыгъэ-

хэм хэгъэхъуэн хуейуэ арат. ИтIанэ хэпщIыкIыу ефIэкIуэнт адыгэбзэ къудамэр къэзыуххэм я щIэныгъэмрэ я зэфIэкIымрэ.

**– ЦIыхубэ информацэм и IэнатIэхэм щылажьэхэм адыгэбзэр къызэрагъэсэбэпым, дауи, ущыгъуазэу къыщIэкIынщ. Абы теухуауэ зыгуэр къыджепIэн?**

– Сэ зэпымыууэ сыкIэлъоплъ ди телевиденэмрэ радиомрэ, адыгэ газетымрэ журналхэмрэ я бзэм икIи схужыIэнукъым абыхэм я Iуэху зытетым дапщэщи арэзы сыкъыщIу. Уеблэмэ кIуэ пэтми зеубгъу адыгэ журналистикэм къыхыхьэ щIалэгъуалэм я анэдэлъхубзэм къефыкI узым: ахэр урысыбзэкIэ мэгупсысэри, адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыж, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, калькэ мэхъу. Абы ди бзэм и IэфIри и къарури щIех. Иджырей щIалэгъуалэр, дэ тхуэдэу, ди IуэрыIуатэм щIапIыкIыжыркъым, къыдэкIуэтея нэужьи нэхъыбэу зэхахыр урысыбзэрщ – сабий сад, школ, уэрам ирехъу, уеблэмэ я унагъуэ дыдэхэми… Абыхэм яхэлъхьэж телефоныр, планшетыр, компьютерыр, телевизорыр, дивидир, Интернетыр. А псом иужькIэ «Адыгэбзэ къабзэ пIурылъкъым» жыпIэу къыгуэплъэфу ауэ сытми зыгуэр бгъэкъуэншэну гугъущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, Iуэхур зэтес зэрытщIыжын хэкIыпIэ къэлъыхъуэн хуейуэ аращ. АбыкIэ Iэмалу щыIэу сэ къэслъытэр адыгэ журналист, литературэ лэжьакIуэ IэщIагъэхэм хуэгъэхьэзырынырщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, куэд щIауэ Адыгэ къэрал университетым иIэщ апхуэдэ IэщIагъэхэм щыхуагъэхьэзыр къудамэ. Ди къуэш адыгэхэм я деж дыщыIэбакIэ, мыри щIызгъужынут: а республикэм 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ бзэм и лэжьэкIэм, абы и къэгъэсэбэпыкIэм кIэлъыплъ комиссэ щхьэхуэ щолажьэ. Адрей республикэхэми яIэщ апхуэдэ, зимыIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ. Ар къэтлъытэри, къэралыбзищым я нэIэ тезыгъэтыну гупыр зэрылэжьэнур убзыхуауэ зэрыт проект илъэс зыбжанэ япэкIэ зэхэтлъхьащ. Абы лъэIу тхыгъэ щIыгъуу правительствэм едгъэхьати, унафэ пыухыкIа трамыщIыхьауэ нобэми щIэлъщ. Апхуэдэу фIэкIа ди бзэхэм я къэкIуэнум демылIалIэмэ, дызыхуэкIуэнур псоми къыдгуроIуэ…

**– Япэхэм адыгэбзэр школхэм зэрыщрагъэджым теухуауэ псалъэмакъ зэхуэмыдэ куэд ирагъэкIуэкIыу щытащ. Ар иджы нэхъ кIэщуэщ хъужащ. Абы къикIрэ а Iуэхугъуэм хэлъа никъусаныгъэхэри ягъэзэкIуэжу Iуэхур зэтес хъужауэ?**

– Адыгэбзэр школхэм зэрыщрагъэджым теухуауэ екIуэкIа, иджыри екIуэкI псалъэмакъ псори IуэхугъуитIым хуокIуэж. Япэр адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэраджым хэлъ никъусаныгъэхэращ. ЕтIуанэр адыгэбзэм еджапIэм щиубыдын хуей увыпIэрщ. IуэхугъуитIми мыхьэнэшхуэ яIэщ, ауэ, дауэ щымытми, ди бзэм дежкIэ нэхъыщхьэр етIуанэращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэбзэ урокхэр дапхуэдизу фIыуэ иумыгъэкIуэкIми, абы и закъуэкIэ ди щIэблэр адыгэбзэм пхудегъэхьэхынукъым. Абы урысыбзэр къытогуплIэ. Адыгэбзэм, урысыбзэм елъытауэ, тхьэмахуэм хухах сыхьэт бжыгъэр мащIэ дыдэщи, абы пэщIэтыфынукъым. Сыт-тIэ хэкIыпIэу щыIэр? Зыщ. Адыгэбзэр а школым щадж предметхэм языхэз зыуэ щымыту, ар школым щIэныгъэ зэрыщрат, зэрыщрагъэаджэ бзэуэ гъэувынырщ, ди бзэр бзэуэ дяпэкIи къызэтенэну дыхуеймэ. ИтIанэ, ди бзэмкIэ сыхьэт бжыгъэ куэдкIэ лажьэ икIи дэнэкIи щыIэ адыгэ псоми ялъэIэс телеканал диIэн

хуейщ. Абы теухуа тхыгъэ щхьэхуэ фи журналым къытрезгъэдзауэ щытащ илъэс зыбжанэ ипэкӀэ, ар нэхъ иужькӀи фи юбилей номерым хэвгъэхьэжауэ щытащ, нэхъ гулъытэ зыгъуэтын хуей Ӏуэхугъуэхэм хэвбжэри. КӀэщӀу жыпӀэмэ, адыгэ сабийр и бзэмкӀэ пэщӀэдзэ класс-хэм щеджэу (ар къуажэми къалэми), класс нэхъыжьхэм абыкӀэ пред-метхэм ящыщ зыбжанэ, псалъэм папщӀэ, тхыдэр, дунейрыгъэгъуазэр (географиер) яджу щытмэ, си гугъэмкӀэ, ди бзэр нэхъ къызэтенэнущ. Арыншамэ, гугъэ нэпцӀыр щхьэгъэпцӀэжщ.

**– Урысейм лъэпкъ цӀыкӀухэм я бзэхэр зэрыщаджымрэ ди деж ди бзэхэр зэрыщаджымрэ зэщхьэщыкӀыныгъэ, зэхуэмыдэ гуэрхэр хэлъ?**

– Урысейр, зэрытщӀэщи, лъэпкъыбэу зэхэт къэралщ. Лъэпкъ-хэм яхэтщ мелуан бжыгъэ хъухэри, щэ зыбжанэм щӀимыгъухэри, су-бъект щхьэхуэ къэзыгъэхъухэри, адэкӀэ-мыдэкӀэ хэпхъауэ псэухэри. А псоми я бзэхэр зы мардэм тету школым щыпхуегъэджынукъым, къэралым и конституцэм дэтхэнэ зы цӀыхуми абыкӀэ хуитыныгъэ ири-ту щытми. Дэр хуэдэу республикэ щхьэхуэу щыт лъэпкъхэр къапщтэ-ми, абыхэми я Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэр зэщхьэщокӀ. Псалъэм папщӀэ, зи бжыгъэкӀэ нэхъыбэ, зи экономикэр нэхъ лъэщ тэтэрхэмрэ башкир-хэмрэ я бзэмкӀэ я Ӏуэху нэхъ дагъэкӀ – езыхэм я бзэмкӀэ школхэм, лицейхэм, уеблэмэ еджапӀэ нэхъыщхьэ гуэрхэми щоджэ. ЩыӀэщ я бзэкӀэ пэщӀэдзэ классхэм щрагъаджэрэ адэкӀэ урысыбзэм техьэж республикэхэри, я бзэр предмет щхьэхуэу джыным фӀэмыкӀыфхэри. ГъэщӀэгъуэныракъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхабжэр пэщӀэдзэ классхэм зи бзэкӀэ щеджэхэрщ. Ауэ, зэрытщӀэщи, Ӏуэхур зытетыр нэгъуэщӀщ… ЕгъэджакӀуэхэм я деж къыщыщӀэдзауэ министерствэм щӀэсхэм, республикэм и унафэщӀхэм я деж щиухыжу, гугъу зрагъэ-хьыну хуейкъым, армыхъумэ егъэджакӀуэхэри а Ӏуэхугъуэм тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ есэжынурэ, хуэӀэрыхуэ хъунут, зэреджэну пособиехэмрэ тхылъхэмрэ я Ӏуэхури хъарзынэу зэтеувэжынут.

**– Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм адыгэбзэр яджын папщӀэ сыт хуэдэ Ӏэмалхэмрэ хэкӀыпӀэхэмрэ щыӀэ? Ахэр дауэ къагъэсэ-бэпрэ?**

– ХамэщӀ щыпсэу адыгэхэм я бзэр яджыжынымкӀэ Ӏэмалу яӀэр дэ диӀэм нэхърэ куэдкӀэ нэхъ мащӀэщ. Ди лъэпкъым и нэхъыбапӀэр щып-сэу Тыркур къапщтэмэ, уэрамым адыгэбзэкӀэ щызэпсэлъэну хуимыту къекӀуэкӀащ зэман кӀыхькӀэ, ар бджыныр къыдогъанэри. Иджы, иужь-рей илъэс зыбгъупщӀым, а къэралым и хабзэхэр нэхъ къэтӀэсхъащ, мытырку лъэпкъхэми хуитыныгъэ яӀэ хъуащ я бзэ, я хабзэ и Ӏуэху зэ-рахуэжыну. Ауэ, абы ис адыгэхэм я иджырей щӀэблэм куэд яхэткъым и анэдэлъхубзэм ирипсалъэу. ЗэрыхэкӀуэдэжыпэнур къагурыӀуэжауэ, адыгэ хэхэсхэм нэхъ гулъытэ хуащӀ хъуащ анэдэлъхубзэр егъэ-джыным. Гупхэр къызэрагъэпэщ, бзэм хуезыгъэджэну ӀэщӀагъэлӀхэр ягъэхьэзыр. Мы Ӏуэхур ежьа къудейщ, зыхунэсаишхуи щыӀэкъым, адэкӀэ ар зэрыкӀуэтэнур елъытащ абы зэрыбгъэдыхьэм. Ауэ сэ иджыпстуи къэзгъэлъэгъуэфынущ ахэм лъэпощхьэпо къахуэхъункӀэ хъунур: ар мыр кӀахэщи, кӀахэбзэ еджэнущ, модрейр къэбэрдейщи – къэбэрдеибзэм, жаӀэурэ зэхадзу зэрыщӀадзэнуращ. Урысейм ис-хэр субъект зырызу дызэпэщхьэхукӀамэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэр


9 Заказ №126

зэхэпхъауэ зэхэсщ. Бзэм хурагъэджэну сабийхэм кIахэбзи къэбэрдеибзи ящIэркъым. Абыхэм ящыщу дэтхэнэр яджми я зэхуэдэщ. Ауэ щыхъукIэ, зы бзэ къыхахрэ псори абы хурагъаджэмэ, арат нэхъ тэмэмыр. Лъэпкъыр абы нэхъ зэришэлIэжынут. Дэтхэнэра къыхэтхынур, жаIэу щIызэдэуэни щыIэкъым. Нэхъ тыншыр къэщтапхъэщ. Къэбэрдейм и бзэр зэрызэхэт макъкIэ къызэрыгуэкIщи, абы тыншу псори техьэфынущ. КIахэхэм къамыпсэлъу дыдейм хэт макъитIыр (**кхъ, кхъу**) адыгэхэм псоми я зэхуэдэ **къ, къу** макъхэмкIэ зэпхъуэкIми, бзэм зыкIи зэран хуэхъунукъым.

**– Сэ зэрысщIэмкIэ, абыхэм алфавит гуэрхэри зэхалъхьащ. Ар сыт хуэдэ жыпхъэм ирагъэува?**

– Зыкъым икIи тIукъым зэхалъхьар – проект зыбжанэ щыIэщ. Абыхэм ятеухуа конференц щхьэхуи зэхашэри, хэкужьым икIахэри дыхэту, Анкара щрагъэкIуэкIащ илъэс зыбжанэ ипэкIэ. Алфавитхэр псори латиницэр и лъабжьэу гъэпсащ. Абы и щхьэусыгъуэу къагъэув: тыркухэр а графикэм тетщ, тыркубзэр щыдджкIэ ар зыдогъащIэри, адэкIи адыгэбзэр абыкIэ зэдгъащIэмэ, нэхъ тынш хъунущ. Абы пэж гуэр хэлъщ. Ауэ ар Iуэхум и зы лъэныкъуэщ. Девгъэплъыт абы кърикIуэнкIэ хъунухэм: хэкум исхэр урысхэм ещхьу кириллицэмкIэ дотхэ, Тыркум исхэм латиницэм техьэну жаIэ, хьэрыпхэм яхэсхэми абыхэм я графикэр къащтэмэ, дэнэкIи щыIэ адыгэхэр зыуэ дызэкъуэувэжыну жыхуэтIэр псалъэ гъущэу къэмынэжыну пIэрэ? Абы и закъуэкъым: алфавит зэхэплъхьамкIэ егъэджэныгъэри зэтегъэувэн хуей хъунущ. Ар яхузэфIэкIыну Тыркум ис ди къуэшхэм? Сэ абы хуабжьу шэч къытызохьэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхьэмахуэм къриубыдэу адыгэбзэкIэ сыхьэт ныкъуэ телевиденэм къыщратащи, абы пэмылъэщу гугъу дохьхэр. НэхъыфIт ди деж щызэтеува егъэджэкIэр лъабжьэу къащтатэмэ. Аращ Иорданием, Сирием, Израилым щыпсэу адыгэхэм ящIар.

**– Борис, уэ бзэми литературэми фIы дыдэу хыбощIыкI. Литературэми, бзэм хуэдэу, хэлъхьэныгъэ гуэр хуэсщIащэрэт жыпIэу уи гум къыщыпылъадэ щыIэ? ГъэпщкIуауэ умытхэу пIэрэ, зыгуэрхэм хуэдэу зэгуэр къызыкъуэпхыжыну?**

– Си ныбжьым ит куэдым ещхьу, сэри школым сыщыщIэса илъэсхэм усэ зэхэслъхьэу щытащ. Идеологие дызыщIапIыкIым тету сэ абыхэм щызгъэлъапIэрт Лениныр, партыр, совет гъащIэр, колхоз псэукIэр… Школыр къыщызухым ирихьэлIэу а псоми мыхьэнэ зэрамыIэр къызгурыIуэжри, тхэн щызгъэтыжащ. ИужькIи апхуэдэ Iуэху зесхуэжакъым. Ауэ литературэ нэсыр зищIысыр сэр-сэру къызгуроIуэри, апхуэдэ къэслъыхъуэурэ нобэр къыздэсым соджэ. Сэ абы езым хэлъхьэныгъэу хуэсщIыну си гугъам ущIоупщIэри, егъэджакIуэ, тхакIуэ Iэзэ КIэрэф Мухьэмэд сригъусэу адыгэ литературэр 8-нэ классым зэрыщаджын тхылъ зэхэтлъхьауэ щытащ 1990 гъэм. Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, Мухьэмэд дунейм ехыжри, тхылъым сэ си закъуэ селэжьыжурэ, плIэнейрэ къыдэзгъэкIыжащ. Иджы литературэр программэщIэм трагъэхьэти, абы тету а класс дыдэм хузэхэслъхьа учебник-хрестоматиер 2011 гъэм, етIуанэ къыдэкIыгъуэр 2013 гъэм дунейм къытехьащ. Апхуэдэ дыдэу тIэунейрэ къыдэзгъэкIащ 9-нэ классым папщIэ «Адыгэ литературэ» хрестоматие.

**– Гугъэрэ щэхурэ зимыӀэ щыӀэкъым, жаӀэ. Ахэр сэтей пщӀы хъуну? Хьэмэрэ щэхур щэхуу къэнэжмэ, нэхъыфӀ?**

– Илъэс зыбжанэ ипэ илъэсыщӀэр сэ Израилым къыщизгъэхьащ. А хэкуракъэ атӀэ дин нэхъыщхьэу хъуар къыщежьар! Абыхэм я фэеплъу къэна щӀыпӀэ Ӏэджэм дыкъыщрашэкӀати, зыкъым икӀи тӀукъым мис мы тхьэнапэм щхьэщэ хуэпщӀмэ, узыхуейр къыпхуещӀэ, мо члисэм щӀэгъэкъуа пкъом уеӀусэмэ, уи мурадыр къохъулӀэнущ, жаӀэурэ дызрашэлӀар. Сэ апхуэдэ нэщэнэхэр си фӀэщ хъущэркъым. Ауэ, зызумысыжынщи, Иерусалим дэт блын цӀэрыӀуэм, «Стена Плача» жыхуаӀэм, дыщыбгъэдашам, сэри, адрей си гъусэхэм ещхьу, ар зэрызэтелъхьа чырбышхэм я зэхуаку гуэрым дэслъхьащ си хъуэпсапӀэр зэрыт тхылъымпӀэ кӀапэ. Псори дыкъэзыгъэщӀауэ дызыгъэлӀэжынум сэ зыщӀыхуэзгъэзар си щхьэ закъуэ Ӏуэхукъым. Сэ Абы селъэӀуащ адыгэр дяпэкӀи лъэпкъыу дыкъызэрызэтенэн акъылрэ зэфӀэкӀрэ къыдитыну…

**– Борис, Алыхьыр, диныр уи фӀэщ хъурэ?**

– Диныр си фӀэщ мэхъу, жысӀэмэ, абы «сымуслъымэнщ» жиӀэу къокӀ. Сыхуиту пӀэрэ апхуэдэу жысӀэну? Муслъымэным Ӏэмал имыӀэу игъэзэщӀэн хуейуэ, и фарзу, зыбжанэ щыӀэщ, псалъэм папщӀэ, нэмэзыр, нэщӀыр, нэгъуэщӀхэри. Сэ нэмэзи сщӀыркъым, нэщӀи зэи сисакъым. Ауэ диным псом хуэмыдэу зытрикъуэ Ӏуэхур псапэ щӀэныр, гуэныхь зыпылъ мылэжьыныр аращи, сэри си гъащӀэ псом сызыщӀэкъур ардыдэрщ – зыми зэран сыхуэмыхъун, зыми и жагъуэ сымыщӀын, зыгуэрым сыдэӀэпыкъуфынумэ сыдэӀэпыкъун. Сэ си ныбжьым итхэр дыщысабийм щегъэжьауэ дызыхуаущияр, дызыщӀапӀыкӀар «диныр цӀыхум дежкӀэ щхъухьщ» жыхуиӀэ гупсысэрщ, дин зыӀыгъхэр зэхэзехуэн ящӀурэ къекӀуэкӀащ СССР-р лъэлъэжыху. Дапхуэдизу ди зэхэщӀыкӀыр «яӀуэнтӀэну» хэмытами, сэ зэи сфӀэкъабылакъым дэкъузэныгъэ политикэр. Дин зыӀыгъыну хуейм егъэӀыгъ, сӀыгъынукъым жызыӀэри хыумыгъэзых. Мы иужьрей псалъэхэр щӀыпызгъэувэжми щхьэусыгъуэ иӀэщ – иджы зыгуэрхэр къежэжьакъэ шынагъэкӀэ псори езым я мэсхьэбым ирагъэувэну хущӀэкъуу.

**– Уи Ӏуэхуу сыт хэлъ жыпӀэнщ, ауэ, хъунумэ, зы упщӀэ уэстынут, иджыри къэс дызытепсэлъыхь Ӏуэхугъуэхэм емыхьэлӀауэ. Уэ, езым уи жэрдэмкӀэ, хьэл пхуэхъуауэ, щӀэх-щӀэхыурэ, илъэс къэс жыпӀэми ущыуэнукъым, хамэ къэралхэм уокӀуэ, куэд къызэхыбокӀухь. Сыт абыхэм щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ яхуэхъур?**

– ЗэхэзекӀуэныр, зекӀуэ ежьэныр адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекӀуэкӀ хьэлщ. Сэри, сыщыадыгэкӀэ, ар си лъым хэту сыкъалъхуагъэнщ. Школым сыщыщӀэса илъэсхэм щегъэжьауэ зыщӀыпӀэ сежьэну, сымылъэгъуа зэзгъэлъагъуну сфӀэфӀщ. КӀуэ, жыжьэ дыди сыкӀуэфу щытакъым абыхэм щыгъуэ, школ нэужьым армэм сыщыщыӀам гурыфӀыгъуэ закъуэу абы хэлъар Германием сашэу ар зэрыслъэгъуарщ, адэкӀи студенту сыщыщыта илъэсхэми зы гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ блэзгъэкӀакъым ахъшэ тӀэкӀу къэзлэжьрэ абыкӀэ ди къэралым и щӀыпӀэ, и къалэ гуэр сыкӀуэрэ зэзмыгъэлъагъуу. Хамэ къэралхэм сыкӀуэну Ӏэмал щызгъуэтар нэхъ иужькӀэщ, СССР-р лъэлъэжа нэужьщ. Абы щегъэжьауэ си отпуск къэс зы къэрал, язы-

никъуэхэм дежи къэрал зыбжанэ къыщызокIухь. Псори зэхэплъхьэжмэ, къэрал 50-м щIигъум си лъэр щытеувакIэщ.

**– УздэкIуэну къэралхэр дауэ къызэрыхэпхыр? А уздэщыIахэм сыт хуэдэ къэралыр нэхъ уигу ирихьа? Дэтхэнэм сыщыпсэуарэт жыпIэу уехъуэпса?**

– Нэхъ слъагъуну си нэ къызыхуикIыр тхыдэ къулей зиIэ къэралхэрщ – Италие, Франции, Англие, Германие хуэдэхэрщ. Мы зи цIэ къисIуахэм зэ кIуэгъуэкIэ защызмыгъэнщIу тIэу-щэ тезгъэзэжащ. Си фIэщ хъуркъым, псалъэм папщIэ, Италием дапщэрэ сымыкIуами, абы гу щысхуэну – мыбы зэрыхэкуу музейщ хужыпIэ хъуну апхуэдэщ – лъэбакъуэ пчыху лIэщIыгъуэ блэкIахэм я Iэужьхэм уаIуощIэ, щIыуэпс и лъэныкъуэкIи икъукIэ удехьэх – и бгыи, и тафи, и тенджызхэми нэр пIэпах. Хамэ къэрал зыщаплъыхьыну зигу къихьэхэм ИталиемкIэ къыщIадзэну чэнджэщ язот. Абы иужькIэ ежьэным удихьэхынурэ укъэувыIэжыфынукъым – аращ сэ къысщыщIар.

Европэ цивилизацэр аращ сэ нэхъ псэкIэ къасщтэр, ауэ икъукIэ телъыджэщ «къуэкIыпIэ экзотикэ» жыхуаIэр. Куущ икIи къулейщ, псалъэм папщIэ, Китайм и тхыдэр. Китай къэралыгъуэр къызэрыунэху лъандэрэ абы и къалащхьэр тхуэ ихъуэжащ. Мис а къалащхьитхум щыплъагъумрэ къыщыпщIэмрэ пхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ, езы къэралышхуэ псом и гугъу умыщIми. Куэд яхужыпIэжыну щыIэщ адрей азие къэрал сыздынэсахэми – Индием, Таиландым, Камбоджэм, Сирием, Иорданием...



ДяпэкIэ сыздэкIуэну си нэ къызыхуикIыр Америкэрщ, псом япэу США-м, ауэ абы и мызакъуэу адрей къэралхэу Ищхъэрэ, Ипщэ Америкэм щыIэхэми. Дапхуэдизу сигу иримыхьами, зы щIыпIи «мыбы сыщыпсэуарэт» жысIакъым, кIуэ «мыбыхэм ещхьу дэри дыпсэуамэ аратэкъэ» жысIэу сехъуэпса мыхъумэ. Сэ Къэбэрдейр къэзгъанэу нэгъуэщI псэупIэ схуэщIынукъым. Хамэ къэралхэм я гугъу сщIынукъым, нэхъ си щIалэгъуэу аспирантурэм сыщыщIэсам щыгъуэ, сыщеджа институтым лэжьакIуэу сыкъащтэну Москва сакъыхуэнауэ щытакъым. СыкъыздэкIуэжам фIыгъуэшхуэ къыщыспэплъэу аратэкъым, си лэжьапщIэри интэкъым, псэупIи Налшык щызиIэтэкъыми, адэкIэ-мыдэкIэ фэтэр хьэху къыщысщтэурэ пIалъэ кIыхькIэ сыкъекIуэкIащ, ауэ си хэку сызэрисыжыр, си Iыхьлыхэм, си лъэпкъым сазэрыхэсыжыр си дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэт. Ноби аращ сызытетыр.

**– Ди адыгэ хабзэхэм ящыщу сыт хуэдэхэра нэхъ уигу ирихьыр?**

– Ди адыгэ хабзэр мы дунейм нэхъ хабзэ дахэу къыщежьахэм ящыщщ. Ар дэ дызыщымытхъужми, ди псэукIэм, ди зэхэтыкIэм кIэлъыплъа, щыгъуазэ хъуа дэтхэнэми аращ жиIэр, лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ. Сэ мы хабзэр псом хуэмыдэу сигу щIрихьыр абы екIумрэ емыкIумрэ, къезэгъымрэ къемызэгъымрэ наIуэу, пыухыкIауэ зэрыщызэхэкIаращ. Ар ирецIыхухъу, ар ирецIыхубз, иребалигъ е иресабий – дэтхэнэми гъащIэм щиIыгъын хуей увыпIэр, сыт хуэдэ Iуэхури тэмэму зэрыпщIэнур – псоми я жэуапыр мы хабзэм щыбгъуэтырт. Ар мыхабзэфIмэ, Кавказ Ищхъэрэ псоми, адэкIэ абхъазхэми грузинхэми щапхъэу къащтэнт! Апхуэдэу екIуэкIащ 18-нэ лIэщIыгъуэри, 19-

нэм и пэщӀэдзэри, Урысейр хэкум къихьэу псори зэтрикъутэху. Нобэ хабзэ жыхуэтӀэр япэрейм техуэжыркъым. Адыгэ хабзэм и нэхъыбэм я пӀэ къэрал закон жыхуэтӀэхэр къиувауэ ахэращ дызэрыгъуазэр. Хабзэ жытӀамэ, иджы нэхъыщхьэу абы къидгъэкӀыр дауэдапщэ зэмылӀэужьыгъуэхэр зэредгъэкӀуэкӀырщ – хьэгъуэлӀыгъуэ, хьэдагъэ, н. къ. Мыбыхэми, гъащӀэм зэрызихъуэжам ещхьыркъабзэу, захъуэжащ, къыпхуэмыцӀыхужыным хуэдизу. Зэрызихъуэжам емыкӀу хэлъкъым, бгъэщӀагъуи хъунукъым. Зэманым декӀур лӀыфӀщ, жиӀакъэ Къэзанокъуэм? Пэжщ, зыгуэрым зихъуэжмэ, нэхъыфӀ хъун хуейуэ арат, ауэ сэ схужыӀэнукъым дапщэщи нэхъыфӀым дыхуэкӀуэу.

**– Мыр хэмытамэ нэхъыфӀт жыхуэпӀэ щыӀэ?**

– ХабзэкӀэ дызэджэм, сэ схузэфӀэкӀамэ, хэзмыгъэхьэнур фэрыщӀагъырт. Хабзэ пщӀэн щӀыхуейр ар уи лъым зэрыхэлъырщ, армыхъумэ зыгуэрхэм япэ сищынщ, зыгуэрхэр зэзгъэхъуэпсэнщ, жыпӀэукъым. Абы щыгъуэ ар хабзэжкъым, зэпеуэщ, зэхьэзэхуэщ. Абы къишэр сыт? ХьэдэӀусхэр хьэгъуэлӀыгъуэм ещхь зэрызехьэм хуагъэкӀуащ, хьэгъуэлӀыгъуэр зыхуагъэкӀуар псалъэкӀэ къэӀуэтэгъуейщ, «зэхэвэ-зэхэжьэр» нэхъ хуэкӀуэ къысфӀощӀ абы.

**– Утыкум сыкъихьэу Ӏэгуауэшхуэ къызащӀэкӀыу сыкъэфарэт щыжыпӀэ щыӀэ?**

– КъэфэкӀэ сщӀэркъым, зэзгъэщӀарэт, жысӀэуи зэи сыщӀэхъуэпсакъым. Утыкум ситынуи, цӀыху куэдым я пащхьэ сыкъихьэнуи си жагъуэщ. СфӀэфӀщ дахэу къафэм сеплъыну – зи гугъу сщӀыр къэфэныр зи ӀэщӀагъэу абы хуэӀэзэхэрщ. МыдэкӀэ хьэгъуэлӀыгъуэ сыт хуэдэхэм «зыщызэкӀэщӀэзышхэм» я дэлъей-къелъыхым удэзыхьэхын лъэпкъ хэслъагъуэркъым. Адыгэм ди къэфэкӀэр нобэ зэрыщытын хуейм и щапхъэу солъытэ ди «Кабардинка»-м 90 гъэхэм дигъэлъэгъуауэ щыта «Уэркъ къафэр» – мис абы нэгъэсауэ къыхэщырт дэ псоми къыддалъагъуу щыта зэпӀэзэрытыгъэмрэ уардагъэмрэ. Ди ансамбль дызэрыгушхуэм утыку кърихьэ псоми, си жагъуэ зэрыхъущи, ар яхужысӀэфынукъым. Псалъэм папщӀэ, си дежкӀэ гущыкӀыгъуэщ и дзэхэм къамэхэр дэӀуауэ, е и щхьэщыгум бэрэбанэ щеуэу зыгуэр сценэм къыщихьэм деж. Апхуэдэхэр щыгъэлъэгъуэн хуейр циркыращ.

**– Уэ езым уигу иримыхьыжу сыт хуэдэ хьэл пхэлъ?**

– Мы упщӀэм и жэуапыр уэ езым зэптыжыну тыншкъым, мыр укъэзыцӀыхухэм нэхъ къыбжаӀэфынущ. Сэ сфӀэмыфӀу зыдызолъагъуж мыр: къалэн гуэр си пащхьэ къиувэмэ, и нэм нэмысауэ иужь сихьэфыркъым. Дапщэрэ сыхущӀэкъуа, пӀэщӀэгъуэ хэмылъу занщӀэу къыщӀэздзэнщи хуэм-хуэмурэ зэфӀэзгъэкӀынщ, жысӀэу, арщхьэкӀэ а хьэлыжь схуэхъуам сытекӀыфыркъым: адэкӀэ ебгъэтӀылъэкӀ щымыхъунум дежщ щхьэкъэмыӀэту щызгъэзащӀэр.

**– Сыт хуэдэ шхын е шхыныгъуэ нэхъ уигу ирихьыр?**

– Нэхъ сигу ирихьыр си сабиигъуэм сызэса адыгэ шхыныгъуэхэрщ – ди джэдлыбжьэр, лы гъур гъэжьар, Ӏэмал имыӀэу хугу пӀастэ щӀыгъуу. ФӀы дыдэу солъагъу нартыху хьэнтхъупсыр, джэшыпсри джэшлыбжьэри, мыбыхэм нартыху мэжаджэ ядэсшхыу! Сэ сащыгъуазэщ лъэпкъ куэдым я шхыныгъуэхэм – дэнэ къэрал умыкӀуами,

Ӏэмал имыӀэу езыхэм я лъэпкъ ресторан уашэри ущагъэхьэщӀэ, псоми яӀэщ езыхэр зэрыгушхуэ шхыныгъуэ ӀэфӀхэр, ауэ сэ дыдейхэм япэ изгъэщын абыхэм яхэслъэгъуакъым. Сигу хуабжьу къоуэ ди деж хьэщӀэу къакӀуэхэр здэпшэн адыгэ ресторан Налшыки, ди республикэр зэрыщыту къапщтэми, зэрыщымыӀэр. Турист ди деж къакӀуэхэм ялъагъум тещӀыхьауэ къащыхъуныр хэлъщ «осетин пирогрэ» «балъкъэр хичинрэ» фӀэкӀа нэгъуэщӀ зыри мыбы щамыпщэфӀу.

**– ГъащӀэр щӀэрыщӀэу къыщӀэбдзэжатэмэ сыт хуэдэ ӀэщӀагъэ къыхэпхынт, дэнэ щӀыпӀэ ущыпсэуамэ нэхъ къэпщтэнт?**

– Нэхъ ипэӀуэкӀэ и гугъу сщӀащ си ӀэщӀагъэм сызэрыхуэкӀуа щӀыкӀэм. ЩӀэрыщӀэу къыщӀэздзэжами, тобэ ирехъу, ардыдэр арат къыхэсхынур. Пэжщ, нобэ къэралыр нэгъуэщӀ хъуащ, псэукӀэми къыпхуэмыцӀыхужыну зихъуэжащ. ЦӀыхур нэхъ щхьэхуит хъуащ, езыр зэрыхуейм хуэдэу и гъащӀэр зэтригъэувэнымкӀэ, псалъэм папщӀэ, бизнесым ухыхьэ хъунущ, нэгъуэщӀ хэкухэм, уеблэмэ нэгъуэщӀ къэралхэм уи Ӏуэху щыдэбгъэкӀыфынущ. Ауэ а псоми темыщӀыхьауэ, сэ сыкъызытенэнур нобэ сызытетырат, а си ӀэщӀагъэр си ӀэщӀагъэнут, мы сыщыпсэуми сыщыпсэунут. Абы шэч лъэпкъ къытесхьэркъым.

**– УнасыпыфӀэ? Уэ насыпкӀэ узэджэр сыт?**

– «Насып» псалъэр псоми зэхуэдэу къагурыӀуэркъым. КӀыщокъуэ Алим и усэ цӀэрыӀуэм дауэ зэрыхэтыр: «Насып щӀэкъуныр арщ насыпыр». Сэ сызэреплъымкӀэ, къалъхуу дунейм ехыжыху зэпымыууэ насыпыфӀэу зызылъытэж щыӀэкъым, ар пӀалъэ-пӀалъэкӀэрэ къыпхуэкӀуэ зыхэщӀэныгъэщ, хэт нэхъыбэрэ, хэти нэхъ мащӀэрэ. ДынасыпыфӀэщ, ди хъуэпсапӀэ гуэр зэдгъэхъулӀэу нахуапӀэ хъуамэ. Сэ сынасыпыфӀэщ, Ӏуэху гуэр къесхьэжьэрэ ар тэмэму и кӀэм нэзгъэсыфамэ. Е слъагъуну сызыщӀэхъуэпс щӀыпӀэ гуэр тхьэмахуэ-тхьэмахуитӀкӀэ къыщыскӀухьамэ, абы иужькӀэ щӀым сытемытыжу сызелъатэм ещхьу мазэ бжыгъэкӀэ гуфӀэгъуэм сызэрехьэ, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ сынасыпыфӀэщ. ГуфӀэгъуэ, гухэхъуэгъуэ, насыпыфӀагъэ – а псалъэхэр я мыхьэнэкӀэ зэпэгъунэгъущ, уеблэмэ зыщ жыпӀэ хъунущ.

ИтӀанэ мыри щӀызгъужынут. Насыпыр, сэ си дежкӀэ, къыгуэхыпӀэ имыӀэу епхащ щхьэхуитыныгъэм. Уи гъащӀэм и унафэр уэ узэрыхуейуэ пщӀыжыфмэ, унасыпыфӀэщ. Щхьэхуиту сыщытыныр псом япэ зэризгъэщым насыпу цӀыхухэм я нэхъыбэм ябж нэгъуэщӀ гуэрхэм сахигъэнащ, ауэ сэ апхуэдэу сыкъигъэщӀащи, абы сытекӀыфынукъым.

**– Борис, фӀыщӀэ пхузощӀ псалъэмакъ дахэ, щхьэпэ икӀи гъэщӀэгъуэн къызэрыддебгъэкӀуэкӀам папщӀэ.**

– Упсэу!

# ЛЪАГАПIЭЩIЭХЭР И ПЛЪАПIЭУ

«Адыгэбзэм и тет», «адыгэбзэм и IункIыбзэIухыр зыIыгъ», «адыгэбзэм и хеящIэ нэхъыщхьэ». БищIо Борис и цIэм синоним гуэгъу хуэхъуа мы псалъэхэр куэдрэ зэхэпхынущ ар къэзыцIыхухэм, и ныбжьэгъухэм къыхужаIэу. Сэ а псалъэхэм егъэлеиныгъэ гуэри хэслъагъуэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фIыуэ сощIэ Iыхьэ куэду зэтепщIыкIыж лъэпкъ бзэщIэныгъэм ехьэлIа сыт хуэдэ упщIэкIэ зыхуумыгъазэми, абы и деж жэуап зэрыщыбгъуэтынур.

ЩIалэгъуалэм я иджырей псэлъэкIэкIэ жыпIэмэ, щIэныгъэлIым и «къэухь иным» зиузэщIу щыщIидза илъэсхэм – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щыщIэсахэм – щегъэжьауэ соцIыху сэ Борис. Абы лъандэрэ зимыхъуэжауэ абы хьэлыфIу хэлъщ сыт щыгъуи щIэ гуэр къиищIэну, имылъэгъуа гуэр зригъэлъагъуну зэрыхущIэкъур. Ди ныбжьэгъур нобэ здынэса лъагапIэхэм нэзышэсахэм я нэхъыщхьэу сэ ар къызолъытэ. А хьэлыфIыр, дауи, псыхьа щыхъуар Борис къыщалъхуа, и сабиигъуэр щигъэкIуа Старэ Урыху (иджы Хьэтуей) къуажэрщ, щеджа школырщ, ар къиуха нэужь дзэ къулыкъур щрихьэкIа Германиерщ.

Совет Союзым а и япэ «гъащIэ еджапIэ-гъэсапIэ» нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ къезыхьэкIа щIалэр 1972 гъэм КъБКъУ-м гугъу демыхьу щIэтIысхьащ икIи, и зэхэщIыкIкIи, и еджэныгъэкIи зыхэтхэм ефIэкIыу, ар диплом плъыжькIэ къиухащ. Борис зыщеджа къуажэ школым абы иужькIэ игъэзэжри, илъэс зыбжанэкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ. Ауэ, къызэрыхэдгъэщащи, нэхъыбэ къиищIэну сыт щыгъуи хущIэкъу щIалэм къезэвэкI хъуащ зыхэпсэукI гъащIэр...

АдэкIэ БищIом къыпэплъэрт Налшык, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр (1980), Москва, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием бзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэр. 1984 гъэм а институт дыдэм и кандидат лэжьыгъэр, 2006 гъэм и доктор диссертацэр – «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм грамматикэ, лексико-фразеологие я лъэныкъуэкIэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэр» зыфIищар – ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ.

ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыщыува япэ махуэхэм щегъэжьауэ БищIом къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIыу щIидзащ бзэщIэныгъэм и лъэныкъуэ зыбжанэм: грамматикэм (морфологиемрэ псалъэ къэхъукIэхэмрэ), лексикологием (фразеологиемрэ жыIэкIэ щхьэхуэмрэ), лексикографием (псалъалъэ зэхуэмыдэхэр гъэхьэзырыным). Абыхэм къадэкIуэу БищIом игъэхьэзыращ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэрырагъаджэ программэхэр, методикэмкIэ чэнджэщхэр, псалъалъэ зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Адыгэбзэм и причастиер» (1991), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм грамматикэ, лексико-фразеологие я лъэныкъуэкIэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэр» (2005), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и фразеологие псалъалъэ. ЕджакIуэхэм папщIэ» (Бэрбэч Б. Ч., IутIыж Б. Къу. сымэ щIыгъуу, 2001), «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (2015), «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ. 8-нэ классым папщIэ учебник» (2011), «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ. 9-нэ классым папщIэ хрестоматие» (2013), «Русско-

кабардино-черкесский разговорник» (ТIымыжь Хь. Т. и гъусэу, 2013), тхылъхэр.

КуэдкIэ нэхъ гугъущ, уи щхьэ закъуэ мыхъуу, гупым урипашэу лэжьыгъэ гуэрхэр бгъэзэщIэныр. 1989 гъэм къыщегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм Борис и унафэщIщи, зэи къэхъуакъым абы и гупым пщэрылъ къыщащIа къалэнхэр щимыгъэзэщIа. Мыбдежым унафэщIым и къалэным къыхохьэ, езым зэфIигъэкIхэм къадэкIуэу, гупым хэт дэтхэнэми и лэжьыгъэм еджэжын, зэригъэзэхуэжын хуейуэ. Абыи БищIор хъарзынэу зэрехъулIэм и щыхьэтщ гуп зэкъуэтым иужь илъэсхэм къыдагъэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр: «Адыгэбзэ псалъалъэ» (1999), «Кабардино-черкесский язык» (томитI хъууэ, 2006), «Учебный русско-кабардино-черкесский словарь» (Къумыкъу Д. М., ТIымыжь Хь. Т. сымэ я гъусэу, 2013), «КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ» (2016), «Адыгская (черкесская) лексикография: теория и практика» (2016), нэгъуэщIхэри.

Институтым щекIуэкI лэжьыгъэхэмкIэ зэфIэкIыркъым БищIор зыхэтын хуей хъухэр. Ар къыщыпсалъэу щыплъагъунущ кавказыбзэхэр джыным теухуа дунейпсо, урысейпсо щIэныгъэ зэIущIэшхуэхэм. Адыгэ бзэщIэныгъэм къэмыхутауэ е и кIэм нэсу джа мыхъуауэ хэлъ Iуэхугъуэ гугъухэм теухуауэ БищIом и Iуэху еплъыкIэхэр филологеджагъэшхуэхэм къалъытащ. Нобэ ахэр лъабжьэ хуащI лъэпкъыбзэхэм я тхыдэм, зэхущытыкIэм, зыужьыкIэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм.



БищIом и лэжьыгъэхэм ящыщ зым иджыри сыкъытеувыIэнут. Ар къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм зэрадэлажьэрщ. Пэжщ, мыр щIэныгъэлIым и къалэным хыхьэу е пщIэ гуэр къыпэкIуэу щыткъым, атIэ Iуэхутхьэбзэ къудейщ. Ауэ къэхъуакъым IуэхукIэ абы зыкъыхуэзыгъазэхэр гулъытэншэ щищIа. Куэд мэхъу апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр: псалъэм папщIэ, IуэхущIапIэм и цIэр адыгэбзэкIи тратхэнущи, ар яхузэзыдзэкIын хуейщ, хэт и унэцIэм «ов», «ев» урыс кIэуххэр пригъэхыжыну мурад ищIащи, псалъэм и IукIэр тэмэму зэрыщытымкIэ щыхьэт тхылъ щIолъэIу, нэхъыбэжщ я унэцIэм къикI мыхьэнэр зэхагъэкIыну зыкъыхуэзыгъазэхэр, зыщыщ лъэпкъыр зэхагъэкIынымкIэ ар сэбэп къахуэхъун я гугъэу... Куэд дыдэ мэхъу, «адыгэбзэм алфавит хузэхэтлъхьащ» жаIэу, къыбгъэдыхьэхэр. Зырызыххэу абыхэм яжриIэн хуей мэхъу дунейм зы лъэпкъи зэрытемытыр, и алфавитым щыщIэныгъэ имыIэу, иджыпсту дызэрылажьэ ди алыфбейм адыгэбзэм и макъ псори тэмэму къызэриубыдыр, бзэм и макъхэм дамыгъэ епткIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр, атIэ абы грамматики, пэжырытхи, учебникхэри хуэтхын зэрыхуейр.

А Iуэхухэм егъэпIейтей щIэныгъэлIыр. Аращ ар жыджэру щIыхэтыр алфавитыр, пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэмрэ я хабзэхэр егъэфIэкIуэным, адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэр зэшэлIэным, я тхыбзэхэр зэщхь щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм. Псалъэм папщIэ, БищIор яхэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ (1994) ар гъэзэщIэным ехьэлIауэ республикэм и Правительствэм и программэрэ (1996)

зыгъэхьэзырахэм, апхуэдэу адыгей, къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэр зэщхь щIыным елэжьа щIэныгъэлI гупым.

Къызэрыхэдгъэщащи, БищIор гуащIафIэу ядолажьэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж егъэджакIуэхэм, а IэнатIэм къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэр щезыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэм. 1990 гъэм къыщегъэжьауэ ар хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм егъэджэныгъэмрэ методикэмкIэ и советым, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей къэрал университетхэм диссертацэхэр щыпхагъэкIыу яIэ советхэм. Ар лекцэ кърагъэджэну, щIэблэм ирагъэущиену щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж еджапIэ нэхъыщхьэхэм, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым, школхэм.

БищIо Борис лэжьакIуэфI къудейкъым, ар икIи унафэщI, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэщ. Ар зи пашэ гупыр гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым щынэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Къру пашэм дэплъейуэ, абы щапхъэ трахыу мэлажьэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр. КъыжыIэпхъэщ, еджагъэшхуэм щIэныгъэм къыхиша, абы и унафэм щIэту зи диссертацэхэр зытха щIалэ, пщащэ зыбжанэ нобэ езым лэжьэгъу къызэрыхуэхъужари. Ари и щыхьэтщ лъэпкъ бзэщIэныгъэр япэкIэ зэрыкIуатэм, ар зи фIыщIэхэм ящыщ зы Борис щIэблэ узыншэ къазэрыщIэувэм.

Мыпхуэдэхэм я деж щIэджыкIакIуэхэр щIэупщIэ хабзэщ: «Апхуэдиз лэжьыгъэ лъэпкъым, Хэкум хузыщIа цIыхум сыт хуэдэ гулъытэ къэралым къыхуищIыжар?» - жаIэу. Езы БищIом абы мыхьэнэшхуэ иритыркъым, ищIэр щIищIэр и лъэпкъыр, и бзэр аращи, ар зыхуэгъэзахэм къагурыIуэмэ, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIауэ къелъытэ. Ар зэрынэхъыщхьэм шэч къытехьэгъуейщ, ауэ Борис и зэфIэкIыр къэралым гулъытэншэуи къигъэнакъым. Абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, кърататщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием я щIыхь тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри.

МызыгъуэгукIэ къэдгъэлъэгъуэну тхузэфIэкIар БищIо-щIэныгъэлIым, лэжьэгъум теухуа къудейрщ. Дэ и гугъу дымыщIу къэнащ БищIо-ныбжьэгъум, егъэджакIуэ-гъэсакIуэм, чэнджэщэгъу Iущым, къуэ гумащIэм, анэкъилъху Iумахуэм теухуахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ хухэхыпхъэу къыдолъытэ. Сэри укъызогъэгугъэ, нобэ зи махуэр зыгъэлъапIэ си лэжьэгъу, ныбжьэгъу пэжыр, илъэситху къэс а къезбжэкIахэм теухуауэ тхыгъэ щхьэхуэ птестхыхьыну. Илъэс 25-рэщ абы ихьынури, абы дынэсрэ дэ тхуэдэхэм ятхыр абы щыгъуэ щыIэну щIэблэм я псэлъэкIэм (сленгым) емызэгъыж хъумэ, а уэ нобэ бгъасэхэм ящыщ гуэрым делъэIунщ. Аращи, илъэс 90 ухъуауэ къохъуэхъуну журналистым илъэситху къэс тхыгъэ пхуитхыну укъыщIигъэгугъэн щхьэусыгъуэ ди Щхьэщыгу итым къуитыну дыпхуохъуахъуэ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*щIэныгъэлI*

# АНЭДЭЛЪХУБЗЭР ЗИ ДУНЕЙ

Ди университетым и ужькIэ абы аспирантурэр къыщиухащ Москва дэт ЩIэныгъэ академием БзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым. А институт дыдэм доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ. Адыгэбзэм и фIыщIэкIэ Борис и лъэр нихусащ хамэ къэралхэми. 2003 гъэм ар хэтащ Анкара (Тыркум) щекIуэкIа Дунейпсо щIэныгъэ конференцым, 2008 гъэм Амман (Иорданием) доклад хъарзынэ щищIащ абы къыщызэрагъэпэща щIэныгъэ зэхуэсми. Сэ сыкъытеувыIэнщ 2003 гъэм Тыркум щекIуэкIа конференцым, сыту жыпIэмэ, ар зытеухуауэ щытар адыгэ псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут. ЕтIуанэрауэ, БищIо Борис япэ дыдэу сыщыхуэзар, адыгэбзэм и къэкIуэнум теухуа и Iуэху еплъыкIэм щыгъуазэ сыщыхуэхъуар арат.

А конференцым щызэхуэсат Щамым, Иорданием, Голландием, Америкэм, Германием, Тыркум, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым никIат БищIо Борис, Адыгейм – Благъуэжь Зулъкъарней, Къэрэшей-Шэрджэсым – сэрэ абазэ щIалэ, профессор ПIаз Сергейрэ.

Тыркур Европэм и системэхэм хыхьэн папщIэ, и лъэпкъ политикэ ткIийр (мы къэралыр империеу щыщыта зэман лъандэрэ тетащ «Тыркум щыпсэу псори тыркущ» жыхуиIэ политикэм) къигъэлалэу мытырку лъэпкъ нэхъ мащIэхэм хуитыныгъэ гуэрхэри ялъигъэсын зэрыхуейр псом я дежкIи нэрылъагъут. Адыгэхэм тхыбзэ зэрагъэпэщын, я анэдэлъхубзэм ирипсэлъэн, ублэмэ, ар телевиденэм щагъэIун щхьэкIэ пэрыуэгъуншхуэ яIэжтэкъым. Хэхэс адыгэхэм къалэн ин я пащхьэ къиуват. Сыт хуэдэ алыфбейкIэ зэрытхэнур, я сабийхэр зэрырагъэджэнур?

Политикэм и баштекъузи хэту, Тыркум ис адыгэхэм мурад ящIат латин зэрыбыр къагъэсэбэпыну, а алыфбейрщ тыркубзэр зытетыр. Абы щыпсэу адыгэхэм я дежкIи тыншт, я сабийхэм «тыркубзэ» зэраджри, «адыгэбзэ» зэрызрагъэщIэну хэтри зы алыфбейм тещIыхьамэ. Сэ «жьыр къыщепщэр» сщIэрти, латин алыфбейр къапщтэ зэрымыхъунум тескъузэу сиувыкIащ. Абдеж БищIо Бориси къыскъуэуващ, хэкужьым къыщыдгъэсэбэп урыс графикэм и телъхьэу, къыддэщIащ Щамымрэ Иорданиемрэ къикIахэри. Дэ къызэхуэсахэм ягурыдгъэIуащ: Урысей Федерацэм ис адыгэхэм я сабийхэм я дежкIэ тыншщ урысыбзэри адыгэбзэри кириллицэм тетмэ, апхуэдэу хьэрып къэралхэм ис адыгэхэм я сабийхэм папщIэ узыфIэмыкIыжынщ хьэрып алыфбейр, тыркум ис адыгэхэмкIи нэхъ Iэрыхуэщ латин графикэр.

Ар апхуэдэу щытми, адыгэу дунейм тепхъа псор дауэ хъуну, алыфбей зыбжанэ къагъэсэбэпмэ. Ди бысымхэм «щIагъэлъэлъырт» урыс тхэкIэ кириллицэр адыгэхэм къызэрагъэсэбэпыр, хьэрф зэгуэтхэм зэран къызэрахьым тракъузэрт. АлыфбеитI (Тыркум еймрэ абы ис адыгэхэм яй хъунумрэ) зэгъэщIэныр яфIэгугъут. А псори пэжщ, ауэ хьэрф зэгуэтхэр къэзызыгупсысари къэзыгъэсэбэпри адыгэхэм я закъуэкъым, хьэрф зэгуэт хэтщ инджылызыбзэми, нэмыцэбзэми, франджыбзэми (абы я щапхъэ къахуэтхьащ). Дунейм зы алыфбей теткъым ныкъусаныгъэ имыIэу (феплъыт китаибзэм и гугъуагъым), нэгъэсауэ арэзы укъищIыркъым инджылызхэм яйми, адрейхэми. Дэ, хэкум къина адыгэхэр, нэгъуэщI алыфбей дытехьэмэ, лIэщIыгъуэм

щIигъукIэ зэдгъэпэща щэнхабзэри, литературэри, щIэныгъэри, методикэ зэмылIэужьыгъуэхэри, театрым щагъэува пьесэхэри, н. къ., хъугъуэфIыгъуэ куэди тфIэкIуэдынущ. Хамэ къэрал щыпсэухэм къыттемыхуэ тхэкIэ къащтэмэ, абыхэм яфIэкIуэдынущ ди къэралым щыпсэу адыгэхэм зэрагъэпэща, уасэ зимыIэж ехъулIэныгъэхэр.

А псом ищIыIужкIэ, къэлъытэн хуейщ адыгэбзэм, убыхыбзэм, абазэбзэм, абхъазыбзэм нэхърэ макъ нэхъыбэ зиIэ дунеишхуэм зэрытемытыр. А макъхэр, псом хуэмыдэу макъ дэкIуашэхэр, тэмэму къахуэгъэлъэгъуакъым хьэрып дамыгъэхэми, латин дамыгъэхэми (а зэрыбитIми тетыгъащ ди тхыбзэр). Дамыгъэ лей, нэгъуэщI алыфбейм къыхэха хьэрф хэмыту ар зыхузэфIэкIар кириллицэ закъуэрщ. Пэжщ, хьэрф зэгуэт хыхьащ, «апостроф»-кIэ дызэджэ зы баши дыщIагъуащ, ауэ макъ псори зы системэм иуващ.

Анкара махуищкIэ дыщызэдэуащ. Щымыхъужым, алыфбей лIэужьыгъуэу тIу тщIащ: зыр урыс графикэм (кириллицэм) тету, адрейм – тыркухэр зэрытхэ латиницэр и лъабжьэу. Ди къуэшхэм быдэу делъэIуащ зы дызэрыхъужын хуейр я гум ирамыгъэхуну, ди тхэкIэр зырыз хъумэ, къэкIуэн зэрыдимыIэнур зыгурагъэIуэну. Политикэ мыхъумыщIэм лъэпкъыр зэкIэщIич и хабзэщи, абы пэщIэтын хуейщ. А махуэхэм БищIо Борис зэрыщIэныгъэлI нэгъэсар къызгурыIуащ, сигу ирихьащ сабыру, и макъыр дримышейуэ и гупсысэхэр утыку къызэрырихьар.

Зэман дэкIри, хэкум икIа филологхэр дызытегузэвыхьар къагурыIуащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм – ахэр ди тхэкIэм къытенащ. Сэ сыгуфIа къудейкъым, атIэ Iуэху гуэр игъащIэм къызэхъулIамэ, ар япэу къызолъытэ.

А конференцым дызэрыщыIам теухуа зы гушыIи сигу къэкIыжащ. Абы дыщыкIуэм БищIом нэхъ шумэдан ин зыIыгъ къытхэттэкъым. Езы Бориси фIыуэ сцIыхуртэкъым. Псоми ящIэж а зэманым ди къэралым хьэпшыпыфI щымащIэу зэрыщытар. Сэ къысщыхъуащ: «Мы щIалэм зызэщихуэпыкIауэ, и Iыхьлыхэми я лъэIухэр игъэзэщIауэ къигъэзэжыну къыщIэкIынщ». Iуэхур къызэрыщIэкIар нэгъуэщIущ. Щыгъын зэхъуэкIхэм нэмыщI, тыгъэ цIыкIухэмрэ тхылъхэмрэ къыздищтауэ арат Борис. КъыщыкIуэжми къихьар ахэращ. Уеблэмэ, зы щыгъынышIи хьэпшыпи къищэхуакъым, зы джанэ тыгъэу кърата мыхъумэ.

ИужькIи Иорданием зэгъусэу щIэныгъэ конференц дызэдыщыIащ, илъэсий хъуауи дызэдолажьэри, Борис и хьэл-щэнхэр ефIэкIуа мыхъумэ, зыри кIэрыхуакъым.

Адыгэр гъуэгум тет зэпыту къэгъуэгурыкIуащ, зекIуэ ежьэрейуэ. БищIоми куэдрэ «и зекIуэн къыщохьэри», хамэ къэралхэм макIуэ. Къэрал пщыкIутхум нэс щыIащ, абы щыIэ унэ дахэхэр, музейхэр, дунейпсо хъугъуэфIыгъуэхэр зригъэлъэгъуащ. Дэнэ кIуэми, Испанием, Австрием, Франджым, Таиландым, Израилым, н. къ., сыт щыгъуи сагъэт щIэщыгъуэ цIыкIухэр къытхуехь, къыдэлажьэхэм, и ныбжьэгъухэм я гуапэ зэрищIыным хэтщ. Ари зы насыпщ – уи нэ щызу дунейр зэбгъэлъагъуныр. Къэрэшей къуажэ Учкулан ирашри, зы лIыжь гуэр лIэщIыгъуэ блэкIам и пэм Невинномысск къалэм гукIэ яшати, мыр жиIэгъащ: «Сыту ин мы дунейр!».

Дунейр зэрыиныр, зэрыхъуэпсэгъуэр, зэрыбейр къэпщIэн щхьэкIэ, зекIуэ укIуэн хуейщ. Адыгэм лейуэ жиIакъым: «Куэд зыгъэщIа нэхъ-рэ – куэд зылъэгъуа».

БищIо Борис «туристу» лажьэу газетеджэхэм къащымыхъун папщIэ, къыжыIапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэны-гъэхэмкIэ и институтым и адыгэбзэ къудамэм и унафэщIу зэрыщы-лажьэр, и къалэнхэр фIы дыдэу зэрызэфIихыр. Абы къаруушхуэ ирихьэлIащ Къумахуэ Мухьэдин и проекткIэ томитI хъууэ урысыбзэкIэ къыдэкIа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» лэжьыгъэшхуэм. Езым и Iэда-къэщIэкIхэр иту тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ, щIэныгъэ тхыгъэ куэд дыдэ къытрыригъэдзащ, ди республикэми, Урысейми, хамэ къэрал зыб-жанэми щекIуэкIа щIэныгъэ конференцхэм куэдрэ къыщыпсэлъащ.

Борис КъБКъУ-ми АКъУ-ми доктор диссертацэ щыпхагъэкI я со-ветхэм жыджэру хэтщ, абыхэм оппоненту къыщопсалъэ. БищIом и уна-фэ щIэту аспирант зыбжанэм ягъэхьэзыращ икIи пхагъэкIащ адыгэбзэр егъэджыным пыщIа гугъуехьхэм ятеухуа кандидат диссертацэхэр.

БищIо Борис и IэщIагъэр бзэщIэныгъэращ, ауэ ар литературэми хуэIэижьщ. АдыгэбзэмкIи адыгэ литературэмкIи учебник зытххэм, хрестоматиехэр зэхэзыгъэувэхэм яхэтщ. Къэбэрдейми, Шэрджэсми, Адыгейми къыщыдэкI литературэм щыгъуазэщ, тхакIуэхэм ятеухуа куэди ещIэ. Ари и щыхьэтщ БищIо Борис интеллигент нэсу зэрыщы-тым.



Сэри адрей къыдэлажьэхэри дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и зэфIэкIми и ехъулIэныгъэхэми хэхъуэ зэпыту екIуэкIыну. Уи гъащIэ гъуэгур кIыхь ухъу, Борис!

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# АПХУЭДЭР ЗЫРЫЗЩ

Ди узэщIакIуэхэм ящыщ зым зэрыжиIащи, тхыдэ зимыIэ лъэп-къыр адрейхэм ядэгъуэгурыкIуэфынукъым. Апхуэдэ дыдэщ бзэм и Iуэхури: зи бзэ зимыIэж лъэпкъыр щымыIэж палъэщ. Аращ дэ, адыгэу зызыбжыж дэтхэнэ зыми, дызэрыпсалъэ бзэр, нэр напIэм зэрихъу-мэм хуэдэу, тхъумэн щIыхуейр. Абы и лъэныкъуэкIэ къалэн тIуащIэ я пщэ къыдохуэ анэдэлъхубзэр зи IуэхущIафэхэм – тхакIуэхэм, жур-налистхэм, егъэджакIуэхэм, искусствэм и лэжьакIуэхэм. Ауэ а псоми къахэгъэщхьэхукIын хуейщ адыгэбзэм и тхыдэр, и нобэр зыхуэдэр, и пщэдейр зэрыхъунур къэзыхутэ, зыдж щIэныгъэрылажьэхэр: абы-хэм къаулъэпхъэщыжращ ди бзэр щIэблэм яIэпымыхуу къэзыхъу-мэнури, зиужьын-зимыужьыныр зэлъытари. Мис а зи гугъу тщIы щIэныгъэрылажьэхэм я пашэу куэд щIауэ къогъуэгурыкIуэ филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIо Борис.

Сэ куэду сыщогуфIыкI къикIуэтрэ ешрэ имыщIэу ар и лэжьыгъэ IэнатIэм зэрыпэрытым. Абы куууэ зыхещIэ и пщэ дэлъ жэуаплы-ныгъэм и инагъыр икIи лъэкI къигъанэркъым адыгэбзэм и купщIэр, и

зэхэлъыкIэр къэхутэным, абы и мыхьэнэр дунейпсо щIэныгъэ утыкум щыгъэлъэгъуэным хуэунэтIауэ.

Борис щIэныгъэлI щэджащэм и мызакъуэу, икIи цIыху зэпIэзэрытщ, и щIэныгъэ куумрэ и хьэл-щэн дахэмрэ зэшхуэзэесщ.

Иджырей адыгэлIым и щапхъэ ухуеймэ, абы ублэкIыу нэгъуэщI къыщIэплъыхьуэн щыIэкъым: къылъэщIыхьэн уигъэлъыхъуэну и Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэщ, ныбжьэгъуагъым хуэпэжщ, нэхъыжьым и щIыхьыр ехъумэ, езыр зи пашэ гупыр егъэгушхуэри лэжьыгъэфIхэр кърегъэхъулIэ, и нэхъыщIэхэр тэмэму еущий.

БищIо Борис хуэдэхэр зырызщ. Апхуэдэхэр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэ, уи лъэпкъ бгъэлъэпIэжу аращи, сохъуэхъу, илъэс куэдкIэ тхуэузыншэну, езыр зыщIэхъуэпсхэм дэ дызэрыхуэхъуапсэ тIэкIухэри щIыгъужу къехъулIэну!

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# СИ НЫБЖЬЭГЪУ БИЩIО БОРИС

И хьэлкIи, и щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи дагъуэ зимыIэ цIыху щыIэу пIэрэ жиIэу зыгуэр къызэупщIмэ, си жэуапыр хьэзырщ – БищIо Борис. Апхуэдэ цIыху дунейм теткъым къызжаIэми, си жыIэм сахутекIынукъым. БищIо Борис сэ нобэкъым къыщысцIыхуар. Илъэс 45-кIэ тпэжыжьэ хъуа 1972 гъэм абырэ сэрэ КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм дыщIэтIысхьащ. Хъыджэбз цIыкIу гупым дэ щIалитIырт яхэтри, дызэрыцIыхури, зэуэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Нобэр къыздэсми дызэныбжьэгъущ, зэкъуэшым хуэдэу дызэбгъэдэтщ.

Уэркъ гъэсэныгъэ, уэркъ хабзэ жыхуаIэхэр ноби БищIом деж щыболъагъу: Борис зэрысцIыху лъандэрэ сэ зэхэсхакъым, яIуэтэжуи срихьэлIакъым абы цIыху игъэпуду зыгуэр жиIауэ, хузэфIэкIын Iуэхур имылэжьын щхьэкIэ, гъэпцIагъэ зыхэлъ щхьэусыгъуэ къигупсысауэ, зыгуэрхэм, къулыкъу лъагэ е мылъкушхуэ зэраIэм къыхэкIыу, и щхьэр яхуигъэщхъауэ.

Борис нэсри къэсыжауэ адыгэлIщ: жиIэр, зыжриIэр, щыжриIэр, щIыжриIэр зэпимышэчауэ абы зы псалъэ къыжьэдэкIынукъым. ЖиIакъэ, и псалъэр мывэм хьэрф зырызу къыхэIущIыкIам хуэдэщ – тыбогъуэтэж.

БищIор гуп мыцIыху яхыхьами, гугъу зэрыдехь щымыIэу, бзэ къахуегъуэт; мо щIэныгъэ куу зиIэм «мыр сощIэ», «мор сощIэ» жиIэу зимыгъэпIийми, мылъкум я нэхъ иныр – щIэныгъэшхуэрэ акъылышхуэрэ – зэрыбгъэдэлъыр псэкIэ зыхэзыщIэ къэзыухъуреихь цIыхухэр абы къопщI, жиIэр яфIэмащIэу, и гупсысэкIэмрэ и Iуэху къэIуэтэкIэмрэ яфIэщIэщыгъуэу. Псом хуэмыдэу и гъащIэр тыхь зыхуищIа адыгэхэм (абы и лэжьыгъэу хъуар зытеухуар адыгэбзэрщ, ар джынырщ, зегъэужьынырщ) Борис яжриIэн и куэдщ. И куэдщ, Iэлыфбийр зэрызригъащIэрэ еджэн фIэкIа Iуэху иIакъыми. Абы и гъащIэм и

зэхуэдитIыр библиотекэм щихьащ, тхылъхэр, дэфтэрхэр щIиджыкIыу жыпIэмэ, егъэлеиныгъэ зэрымыхъунум сэ срищыхьэтщ.

Илъэситхукlэ университетым дызэдыщIэсати, махуэ еджэныгъэр зэрыдухыу, студент шхапIэм щедзакъэрти, ар бзэхырт. Общежитым къыщекIуэлIэжыр жэщым сыхьэтибгъурт. ИтIани Борис хэт илъэгъуа жиIэу къыддеджэхэм щыщ зыри щIэупщIэртэкъым. ЩIэупщIэртэкъым, сыту жыпIэмэ псоми ящIэрт ар еджапIэм щумыгъуэтамэ, республикэ библиотекэм (а зэманым Крупскэм и цIэр зезыхьэу щытам) еджэу зэрыщIэсыр.

БищIо Борис бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. Абы имыщIэ, и щхьэр зыхунэмыса къригъэщIэнщ, гу лъригъэтэнщ жыпIэу адыгэбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм ящыщ гуэр уэршэрэгъу хуэпщIыну къэплъыхъуэн щIэбдзэмэ, апхуэдэр икъукIэ къэгъуэтыгъуей хъуну къысщохъу.

Борис адыгэбзэм зэрыхищIыкIым пумыдзыхыну художественнэ литературэм и хабзэхэми хещIыкI. Зы илъэскъым сэ абы зэрыдезгъэкIуэкIар «ТхакIуэр – тхылъыр – тхылъеджэр» радионэтыныр. БищIом тхылъеджэхэм я художественнэ зэхэщIыкIыр нэхъ лъагэ ищIырт, нэгъуэщIынэкIэ тхыгъэхэм иригъэплъырт. Ар ящыщщ художественнэ литературэр кууэ зыхэзыщIэ цIыху закъуэтIакъуэм.

ЦIыху зэтес, цIыху щыпкъэ БищIо Борис хужысIэхэм ар цIыху къущу, и гъащIэр зэшыгъуэу ирихьэкIыу къызыщигъэхъуни щыIэнщ. Хьэуэ, къуэшымкIэ ар къуэшыфIщ, шыпхъумкIэ ар дэлъхуфIщ, ныбжьэгъумкIэ ныбжьэгъу пэжщ – гуауэр бдыдихынущ, гуфIэгъуэр бдиIэтынущ.



Дунейр фIэщIэщыгъуэщ, фIэдахэщ, ар къызэхикIухьынуи фIэфIщ; икъукIэ къэрал куэдым зыплъыхьакIуэ щыIащ, зрихьэлIа щIыпIэ, псэуалъэ, жыг, ухуэныгъэ дахэхэм сурэт ятрихащ. Абыхэм кърата гукъыдэжымкIэ, гупсысэмкIэ и ныбжьэгъухэм къыддогуэшэж.

ЖыпIэнурамэ, къуэш пэлъытэ си ныбжьэгъу БищIо Борис лэжьэкIэм и мызакъуэу псэукIи зыгъэпсэхукIи ещIэ. Афэрым!

**ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ ягъэхъэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхъэ*

# НОБИ УДИЩАПХЪЭЩ

Нобэ хуэдэщ а махуэр. 1973 гъэм и бжьыхьэпэ мазэт. Къуажэ курыт еджапIэр къэзухри, КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым и адыгэ-урыс къудамэм сыныщIэтIысхьат сэ.

Абы щыгъуэ Тэтрокъуэ Астемыррэ уэрэ (БищIо Борисщ зи гугъу сщIыр) етIуанэ курсым фыщеджэрт. ДызэрыщIыхуащ. ИкIи зэуэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Старэ Урыху, Сэрмакъ, Аушыджэр адыгэ къуажэжьхэм дыкъыдэкIати, ди гъэсэныгъэкIи дуней еплъыкIэкIи дызэтехуэрт – арауэ къыщIэкIынщ нэхъри дызэзышэлIар. Фэтэри общежити дыщIэсащ, дыщымэжалIи щIыIэм дыщиси къэхъуащ. А зэманми щыIащ я унэ хуабэхэм къыщIэкIрэ зэщыхуэпыкIауэ еджапIэм къакIуэ

щIалэгъуалэ. Дэ абыхэм щэхуу дехъуапсэрт. АрщхьэкIэ, ди хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр зытеухуар нэгъуэщIт, абы дамэ къыттригъакIэрт. Дэ щыми, ди ныбжьэгъуфIхэу Абазэ Вови (ахърэт нэху Тхьэм кърит), ТIымыжь Хьэмыщи, Бэрбэч Бориси (а тIур етIуанэ курсым щIэкIри, Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къаухащ) мурадышхуэхэр диIэт – цIыху нэс дыхъуу, дыкъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым дыхуэщхьэпэныр фIыгъуэу щыIэм ятедгъакIуэрт.

Дэ, щIалагъэм къыхэкIыу, дыщыхьэулеи дыщыкъуейщIеи къэхъуащ. Ауэ уэ – абы щыгъуи иужькIи – лъэбакъуэ пхэнж пчауэ зыми ищIэжыркъым. ЩIэныгъэм ухуэнэхъуеиншэу, пэжыр уи гъуазэрэ гъуэгу захуэ утету, удичэнджэщэгъуу укъэгъуэгурыкIуащ. А псор псыхэкIуадэ хъуакъым – университетыр диплом плъыжькIэ къэбухри, аспирантурэм ущIэтIысхьащ. Иджы уэ филологие щIэныгъэхэм урадокторщ, бзэщIэныгъэм куу дыдэу хэзыщIыкI уеджагъэшхуэщ. Нобэ куэдым зэращIым хуэдэу, уэ уи диссертацэр къэпщэхуакъым, атIэ уи акъылым, уи щIэныгъэм, уи зэчийм къапэкIуащ а пщIэшхуэр.

ДэIэпыкъуэгъуншэу, ди щхьэ фIэкIа дызыщыгугъ щымыIэу гъащIэм дыкъыхыхьами, дэ зэныбжьэгъухэм абы увыпIэ зырыз щыдубыдащ, лъагапIэ гуэрхэми дынэсыфауэ пхужыIэнущ, дыкъэзылъхуахэр темыукIытыхьын хуэдэу. Дэ тщыщ дэтхэнэми ди акъылри, ди зэфIэкIри ноби зытеухуар зыщ – ди лъэпкъ мащIэр гъащIэ кIыхь хъуным ди гуащIэ демыблэжу дытелэжьэнырщ. Япэхэми хуэдэу, уэ сыт и лъэныкъуэкIи удищапхъэу дыкъокIуэкI: цIыху Iущу, псэ къабзэу, зэпIэзэрыту, сыткIи уи дзыхь зэбгъэз хъун цIыху щыпкъэу укъэнэжащ. Нэхъыщхьэращи (ар куэдым къехъулIэркъым), сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэралым щемыкIуэкIами, сыт хуэдэ гъэунэхупIэхэм димыхуами, ди зэныбжьэгъугъэр, зыри зэран къыхуэдмыгъэхъуу, зэнзэныпсым хуэдэу къабзэу илъэсхэм къапхытхыфащ.

«Щэ уэстын, хьэмэрэ щэ я уасэу зы уэстын?» – жиIащ. Уэ щэм урауасэщи, сэ согуфIэ икIи согушхуэ апхуэдэ тыгъэ лъапIэ гъащIэм къызэрысхуищIамкIэ.

*Ныбжьэгъу нэсу тIощI уимыIэфыну,*
*Зы къуитамэ а тIощIым пэхъуну,*
*Бжы уи кIэн мы гъащIэм къыщикIауэ,*
*Зылъытэж дамитI уэ къыптекIауэ.*

НэхъыщIэхэм дамэ уахуэхъурэ дамэ къыпхуэхъухэр пхуэпсэууэ, иджыри илъэс куэдкIэ узыншэу лъэпкъым ухуэлэжьэну си гуапэщ!

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ*




**БищIо Борис Иорданием и къалащхьэ Амман адыгэбзэм теухуауэ щекIуэкI Япэ дунейпсо зэхуэсым къыщопсалъэ.** 2008





**БищIо Борисрэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.** 2016



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ ФIыщIэ фондым и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр, БищIо Борис, усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ.** 2016





**БищIо Борис Индием зыщеплъыхь. Тадж-Махал мавзолей цIэрыIуэм деж.** 2012

# ДИ БЗЭР ТХЪУМЭЖЫНУ ДЫХУЕЙМЭ

Дэтхэнэ зы лъэпкъри уахътыншэ зыщI нэщэнэ нэхъыщхьэщ бзэр. Лъэпкъым зихъумэжыну игу илъмэ, псом япэу ар зыхуэсакъыпхъэр и анэдэлъхубзэр зэрыфIэмыкIуэдынырщ. Ар къазэрыгурыIуэн зэхэщIыкI зиIэ цIыхухэри аращ апхуэдизу щIригузавэр ди бзэм и къэкIуэнум. УсакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, «Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр» (Бещтокъуэ Хь.). Нобэ абыкIэ зэи хуэмыдэжу шынагъуэ къыткIэщIэзэрыхьащ лъэпкъ мащIэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иджырей гъащIэм, зэрыжаIэу, банэ бжыхькIэ зыкъэпхухьыжу зыри зыхуымыгъэхьэу икIи зыми уахэмыхьэу упсэужыфынукъым. Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым а псори иризэгурыIуэну зы бзэ щымыIэнкIэ Iэмал иIэкъыми, апхуэдэ къалэн зиIэ хъуа урысыбзэр адрейхэм зэпымыууэ къатогуплIэ зэманыфI хъуауэ. Ауэ иужь лъэхъэнэм, къэралым и гъунапкъэхэр зэIуха зэрыхъу лъандэрэ, Iуэхур нэхъ хьэлъэж ищIащ «дунейпсо модернист культурэ» жыхуаIэу, хы къэукъубеям ещхьу, бзэи хабзи къытхуимыгъэнэжу дыщIэзылъафэм. Дэ тхуэдэхэр щыгъэтауэ, я нэхъ лъэпкъышхуэхэри егъэгулэз абы.

Сытхэр ди Iэмал, сыт тхузэфIэкIыну къэдгъанэрэ автономие зиIэ республикэхэм ди бзэр тхъумэжын, ар едгъэфIэкIуэн папщIэ мы дызэрыт лъэхъэнэм? А упщIэм и жэуапыр псом япэу къыщыщIэдзапхъэр ди къэралым абы и лъэныкъуэкIэ къыдит хуитыныгъэхэрщ. Урысей Федерацэм и законхэм е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къэрал хабзэхэм щыубзыхуащ лъэпкъхэм я бзэхэм яIэн хуей увыпIэр. Хабзэ нэхъыщхьэм (Конституцэм) и 26-нэ статьям щыжеIэ дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпыну, зэрыпсэлъэну, зэригъэсэну, зэреджэну, зэрылэжьэну бзэр езым къыхихыжыну хуитыныгъэ иIэу. А хабзэм и 29-нэ статьям идэркъым бзэхэр зэхуумыгъадэу зэхэгъэж пщIыну. УФ-м и Конституцэм и 68-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ республикэхэм езыхэм я къэралыбзэхэр къащтэжыну зэрыхуитыр, апхуэдэу къащта бзэхэр урысыбзэм щIыгъуу республикэм и къэрал, щIыпIэ органхэм къыщагъэсэбэп зэрыхъунур, лъэпкъ псоми я бзэр яхъумэжынымкIэ, ар яджынымкIэ икIи абы зрагъэужьынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и шэсыпIэу къэралыр къызэрыувыр. ЩыIэщ нэхъ пыухыкIауэ «УФ-м и лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа» законри. Абы бзэ псори зэхуигъадэ къудейм къыщымынэу, УФ-м и Правительствэм къалэн щещI лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ программэхэр зэхалъхьэу абыхэм ятекIуэдэну мылъкур федеральнэ бюджетым хухихыну. Лъэпкъхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ хъумэным хуэунэтIащ «Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием теухуа», «Урысей Федерацэм ис лъэпкъ мащIэхэм я хуитыныгъэхэм я шэсыпIэхэм теухуа», нэгъуэщI законхэри. КIэщIу жыпIэмэ, иужьрей илъэс зыбгъупщIым ди къэралым иIэ хъуащ лъэпкъхэм я бзэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ закон лъабжьэ быдэ. Ар къагъэсэбэпурэ лъэпкъ республикэхэм ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зыIэрагъэхьащ я лъэпкъыбзэхэм нэхъ къару иратын, абыхэм я мыхьэнэм хагъэхъуэн и лъэныкъуэкIэ. Псом хуэмыдэу а IуэхумкIэ япэ ищащ Тэтэрстанымрэ Башкоторстанымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми 1995 гъэ лъандэрэ щызокIуэ ди республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа законыр. Абы ипкъ иткIэ, дэ диIэщ къэралыбзэу щы: адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ахэр я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэу щызекIуэн хуейщ республикэм и къэрал, общественнэ IэнатIэ псоми. А хабзэр гъащIэм хэпща хъуным хуэунэтIауэ къэрал программэ щхьэхуи къащтауэ щытащ, икъукIэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, закон зэхэплъхьэныр нэхъ тыншщ, ар бгъэзэщIэным нэхърэ. Зи гугъу

тщIы программэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэр пэлъэщакъым. Пэжщ, ар езыри щызэхалъхьэм щыгъуэ тхузэфIэкIынум и инагъыр къамылъытэу къыщIагъэлъэIуауэ къыщIэкIынут. Ауэ мымащIэу Iуэхур къилъэхъащ емыгугъуныгъэми. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ, мы Программэм щхьэкIэ пыухыкIауэ жэуап зыхь орган гъэбелджылауэ щыIэн хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыIакъым, нобэр къыздэсми апхуэдэ щыIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, бзэхэм я IуэхугъуэмкIэ комиссэ, е комитет, е президентым, е правительствэм егъэщIылIауэ зэпымыууэ щолажьэ Урысейм и республикэхэм я нэхъыбэм икIи абыхэм я фIыгъэкIэ бзэм и Iуэхур а щIыпIэхэм нэхъыфIу щыдокI. Ди деж, къызэрыхэдгъэщаши, «бзэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» жыдоIэри зыми и мыIуэхуу къыщIедзыж. Парламентыр хущIэкъуат Программэм и гъэзэщIэныр щIигъэхуэбжьэну икIи тIэунейрэ а IуэхугъуэмкIэ парламент едэIуэныгъэхэр иригъэкIуэкIат, ауэ ари мащIэу къыщIэкIащ, зыгуэркIэ сэбэп хъуами. Иджы куэд щIакъым щIэрыщIэу бзэхэмкIэ аргуэру зы Программэ Правительствэм зэрызэхилъхьэрэ. Ауэ мыбыи япэрейм и щыуагъэхэм къытрегъэзэж икIи абы и махуэр къыхуэкIуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. (Основные меры по реализации Закона Кабардино-Балкарской Республики «О языках народов Кабардино-Балкарской Республики» на 2003-2006 гг. (Постановление от 8 февраля 2003 г.) Псалъэм папщIэ, адрей псори къыдогъанэри, илъэсиплIым тещIыхьа Программэм адыгэбзэкIэ гъэхьэзырауэ къыдэгъэкIын хуейуэ къигъэув псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я закъуэ илъэсипщIкIи, уеблэмэ тIощIкIи пхузэгъэпэщынукъым республикэм иджыпсту бзэм елэжьу ис IэщIагъэлIхэм я бжыгъэ мащIэмкIэ. ДяпэкIэ абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъунымкIи гугъапIэ гуэрхэр щыIэкъым, ситу жыпIэмэ щIэныгъэм (наукэм) щIалэгъуалэр къыпхуешалIэркъым, абы и пщIэр къэралым зэрыщехуэхам, улахуэр зэрымащIэм къыхэкIыу. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ цIыху къыщыплъыхъуэу ебгъэлэжьыну яужь уихьэми, абы къыпэкIуэну гонорар мыхьэнэншэмкIэ зыри пхудегъэхьэхынукъым. Зэрытлъагъущи, проблемэ куэду зэхэлъщ ди бзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным и Iуэхур. Дэ дызэреплъымкIи, апхуэдэ Программэ щызэхэплъхьэкIэ, «уи тепIэн еплъи, уи лъэр укъуэдий» жыхуиIэ псалъэжьыр уигу илъу бгъэдыхьапхъэщ. Абы игъэувапхъэр ди къарум къихьынурщ, уеблэмэ пункт къэсыхукIэ щагъэзэщIэн хуей пIалъэм къыдэкIуэу зыгъэзэщIэнум (е зыгъэзэщIэнухэм) щхьэтечауэ я цIэр къиIуапхъэщ. Апхуэдэу убзыхуауэ щытын хуейщ ар гъэзэщIэнымкIэ зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къызэзыгъэпэщынур, икIэм-икIэжым, ар гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъынур, абыкIэ жэуап зыхьынур. Арыншамэ, Программэ дапщэ дяпэкIи дунейм къытемыхьами, ди Iуэхур япэкIэ кIуэтэнукъым.

АдэкIэ нэхъ гупсэхуу сыкъытеувыIэнут адыгэбзэр еджапIэхэм щегъэджыныр ди республикэм зэрыщекIуэкIым. Си гугъэмкIэ, щIэблэ къэхъум бзэр егъэджыныр бзэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ди жагъуэ-ди щIасэми, зыдумысыжыпхъэщ щIалэгъуалэм бзэр зэраIэщIэхумкIэ. Дызыгъэгузавэр анэдэлъхубзэр зымыщIэххэ абыхэм зэрахэтым и закъуэкъым: псэлъэфхэми я нэхъыбапIэм я бзэр хуабжьу къулейсызщ. ЩытыкIэр адэкIи апхуэдэу емыкIэкIуэн папщIэ, сыт длэжьыпхъэр? ЩIэныгъэм (наукэм) щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ: **зи бжыгъэкIэ мащIэ лъэпкъым и бзэр хъума хъун, къызэтенэн папщIэ хэкIыпIэрэ Iэмал нэхъыщхьэу щыIэр а бзэмкIэ школым щегъэджэн хуейуэ аращ. Къыхыдогъэщ; предмету ар щаджыныркъым, атIэ зэрырагъаджэ бзэуэ щытынырщ зи гугъу ящIыр.** Тхыдэм дрип-

лъэжмэ, 1940 – 1950 гъэхэм етхуанэ-ебланэ классхэм ящыщ зыкъомым адыгэбзэ защIэкIэ предмету хъуар щрагъэджу кърагъэжьауэ щытащ. ИужькIэ пэщIэдзэ щIэныгъэ (еплIанэ классым нэс) адыгэбзэкIэ иратрэ итIанэ урысыбзэм хуэкIуэжу къаублащ. ИкIэм-икIэжым, 1960 гъэхэм я япэ Iыхьэм япэ классым щыщIэдзауэ урысыбзэкIэ егъэджэным дыхуэкIуащ къэрал унафэкIэ. Ар къызыхэкIар гурыIуэгъуэт – а лъэхъэнэм ягъэуvауэ щытащ бзэ псори зэхыхьэжу зы бзэ зэрыхъужыну (н. ж., урысыбзэм зэрытехьэну) теориер, ар теориеми къыщамыгъэнэжу гъащIэми нэрылъагъу зэрыщащIыным и иужь итахэщ. Арати, адыгэбзэр, – ди гъащIэр зыIыгъыж къудамэхэм я нэхъыщхьэр, – ар щIэныгъэ зэрызрагъэгъуэт бзэуэ щытыныр – мы лъэбакъуэмкIэ пыупщIа хъуауэ щытащ. Апхуэдэуи екIуэкIащ илъэс зытIощIырыпщIкIэ. 1990 гъэхэм я пэщIэдзэм къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъ интеллигенцэм Iэмал игъуэтащ а щыуагъэр гъэзэкIуэжынымкIэ жэрдэмщIакIуэу къэувыну икIи аргуэру пэщIэдзэ щIэныгъэр анэдэлъхубзэкIэ ирату зэтраублэжащ. Ар Iуэху тынштэкъым. Япэрауэ, мыбы зыкъыпэщIэзысар мащIэкъым, уеблэмэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыт къулыкъущIэхэм къахэкIащ «адыгэбзэм дыхуэкIуэжмэ, туфлъэм и пIэкIэ гуэншэрыкъ лъыттIэгъэжу аращ» жызыIа. ИтIанэ адыгэбзэкIэ егъэджэнымкIэ опыт зиIэ егъэджакIуэу къэнар зырызыххэт, зэрырагъэджэн тхылъхэри пособиехэри щIэрыщIэу зэхэлъхьэн, къыдэгъэкIын хуейт. ГурыIуэгъуэкъэ а псор илъэскIи илъэситIкIи зэрызэфIэмыкIынур? Нобэр къыздэсым и кIэм нэсу зэфIэха хъуакъым «пэщIэдзэ лъэпкъ школым» и лъабжьэр гъэтIылъыным пыщIа Iуэхугъуэхэр. Абы куэд егъэтхьэусыхэ, уеблэмэ «урысыбзэм дытевгъэхьэж» жаIэу къэзыгъэувхэри щыIэщ. **ЖаIэ къудейми къыщызэтемыувыIэу, дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, адыгэ къуажэхэм мащIэ-мащIэурэ урыс программэ къащтэж, «адэ-анэхэм ар нэхъ къащтэ» жаIэри, ар я щхьэусыгъуэу.** Сыт жыпIэ хъунур абы теухуауэ? ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сыт хуэдэ егъэлеиныгъэми фIым ухуишэнукъым. Дэ дрителъхьэкъым «курыт еджапIэр зэрыщыту адыгэбзэм хуэгъэкIуэн хуейщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэми адыгэбзэкIэ щедгъэджэнщ» жаIэу къэув язынукъуэ «акъыл пщтырхэм». Ар, япэрауэ, пхузэфIэмыкIын къалэнщ, етIуанэрауэ, пхузэфIэкIыпэуи дощIри, иджырей гъащIэм адыгэбзэ къудейкIэ узэрыхэмытыфынури шэчыншэщ. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, адыгэбзэм «ирипщэIаи, кърипщэхуIаи хъужыркъым» жыпIэу хыфэбдзэж хъунукъым, адыгэу ущытыну ухуеймэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, егъэджэныгъэр зы лъэныкъуэ гуэркIи емыбэу, адыгэбзэри, Урысей къэралыгъуэм и бзэ урысыбзэри, дуней псом уазэрыгурыIуэфыну инджылызыбзэри зэхуэдэу фIыуэ ящIэу курыт еджапIэр къегъэухын хуейщ. Мыбы и лъабжьэр щыгъэтIылъыпхъэр сабий гъэсапIэхэращ. ЩIэныгъэм (наукэм) къегъэлъагъуэ илъэсищ-илъэсих ныбжьым деж сабийм гугъу демыхьу бзэ зытIущ зэрызригъэщIэфыр. Махуэ чэзууэ, зы махуэм и кIыхьагъкIэ адыгэбзэкIэ бгъасэу, къыкIэлъыкIуэм – урысыбзэкIэ, ещанэм – инджылызыбзэкIэ. Пэжщ, сабий садхэр а лэжьыгъэм пэлъэщын кадркIэ къызэгъэпэщыным мылъку текIуэдэнущ, ауэ а лэжьыгъэр школ ныбжьым бгъэIэпхъуэмэ, текIуэдэнур куэдкIэ нэхъыбэщ. ИтIанэ мыри Iуэхум къыхэлъытапхъэщ: иджыпсту гугъуехь къешэ къуажэдэс адыгэ сабийхэмрэ къалэдэс адыгэ сабийхэмрэ я школ щIэтIысхьэгъуэ ныбжьым деж бзэ нэхъ ягъэшэрыуэфымкIэ зэрызэтемыхуэм: къалэм дэсхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, бзэ куэду зэхэт сабий садым кIуа нэужь, урысыбзэр токIуэри, школым щыщIэтIысхьэм деж зэрыпсалъэр нэхъыбэу урысыбзэрщ, адыгэбзэр дахэ-дахэу къахуэгъэсэбэпыркъым. Мо зэрыжытIам хуэдэу садхэр дэни къыщызэгъэпэщамэ, япэ классым щыкIуэкIэ къалэ-

дэсхэри къуажэдэсхэри зэхуэдэ хъужынт. Мыадыгэ сабийхэми апхуэдэ системэм и фIыгъэкIэ адыгэбзэр зрагъэщIэфынт, къуажэдэс адыгэ сабийхэм урысыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ зэрызрагъэщIэфынум ещхьыркъабзэу. АдэкIэ школым и япэ классым щыщIэдзауэ къуажэ сабийри, къалэ сабийри зы программэм тету ебгъаджэ хъунут. А программэр тещIыхьауэ щытын хуейщ сабийхэр бзищкIэ зэреджэным – езы бзищри яджу, адрей предметхэри а бзищым тегуэшауэ, н. ж., **дэ дрителъхьэкъым адыгэбзэкIэ егъэджэныр еплIанэ классым деж щыпычынми, хамэ къэралыбзэр егъэджыныр етхуанэ классым нэмысауэ къыщIэмыдзэнми.** Абы къишэр нобэ ди нэгу щIокI – адыгэбзэр шэрыуэу, къабзэу яхузэгъащIэркъым уеблэмэ къуажэдэс адыгэ сабийхэм. Къалэдэс сабийхэм я гугъу умыщIыххэ – адыгэбзэкIэ псалъэ зытIощIырыпщI къапсэлъыфмэ, абы дригуфIэу Iуэхур абы нэсащ. Хамэ къэралыбзэри кIасэу къызэрыщIадзэм, сыхьэт бжыгъэ хухахри зэрымащIэм къыхэкIыу нэхъыбэу алфавит къудейр и кIэм нэсу ямыщIэу школыр къаух – ар къалэми къуажэми. Нобэрей гъащIэм инджылызыбзэм Iэмал имыIэу ущыхуейщ, урысыбзэм хуэдэкъабзэу. ДяпэкIи нэхъыбэрэ ухуей, ухуэныкъуэ хъунущ абы, дунейпсо гъащIэм ди къэралыр нэхъ хыхьэ зэпытурэ зэрекIуэкIыр къэплъытэмэ. ЩIэблэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэфын, я Iуэху дэни щыдагъэкIыфын щхьэкIэ инджылызыбзэр хэкъузауэ егъэджыным егугъупхъэщ.

Лъэпкъ зыбжанэ зэхэпхъауэ щыпсэу къалэхэм адыгэбзэ зымыджын сабий къазэрыхэкIынур къэплъытэмэ, **сабий садым адыгэбзэ гупхэр, школым адыгэбзэ классхэр къыщызумыгъэпэщу хъунукъым.** «Адыгэ» жыдмыIэу «адыгэбзэ» щIыжытIэр мыбы адыгэ сабийм я мызакъуэу, адыгэбзэ зыджыну гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри кIуэ хъунущи аращ – бзэхэмкIэ законым ипкъ иткIэ, ди республикэм ис дэтхэнэми «урысыбзэм нэмыщI, е адыгэбзэ, е балъкъэрыбзэ иджын хуейщ».



Зи гугъу тщIа реформэм хуэдэ ебгъэкIуэкIыным, дауи, лэжьыгъэшхуэ пыщIащ, мылъкушхуи текIуэдэнущ. Ауэ щIэблэм бзищ ящIэну пэж дыдэу дыхуеймэ, арыншауэ хъунукъым. Япэрауэ, сабий зыгъэсэну, езыгъэджэну кадрхэри а бзищымкIи диIапхъэщ; зэрагъэсэну, зэрырагъэджэну тхылъхэри пособиехэри аращ; мыпхуэдэ лэжьэкIэм и опытри методикэри зэтеувэным зэман ихьынущ – пэжщ, бджы хъун щапхъэ щыIэхэщ къэрал зыбжанэм (п.п. Швейцарием, Финляндием, н.). **Финляндием шведу щыпсэур къэралым ис цIыхухэм я процентих фIэкIа мыхъу пэтрэ, шведыбзэр къэралым етIуанэ къэралыбзэ щащIащ, финн сабийхэм я анэдэлъхубзэмрэ инджылызыбзэмрэ къадэкIуэу, шведыбзэри зрагъащIэ. Нэхъ цIэрэ щхьэрэ яIэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIиплIым щыщу тIур шведыбзэм тегъэпсыхьащ, финныбзэкIэ щеджэ адрей тIуми узэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр шведыбзэкIи птыну хуит уащI. Ди гугъэщ лъэпкъ мащIэм и бзэм гулъытэ, пщIэ хуэщIынымкIэ ар щапхъэ нэсу.**

Бзэр хъума хъунымкIэ егъэджэныгъэ системэм иIыгъ увыпIэм, иIэ мыхьэнэм ехьэ-ехуэу иджырей лъэхъэнэм къалъытэ телевиденэр. КIэлъыплъыныгъэ ирагъэкIуэкIахэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, сабийм и зэманыр (щыжейр хэмыту) зыхьыр псом нэхърэ нэхъыбэу еджэныгъэрщ, абы къыкIэлъыкIуэу – телевизорырщ. Ику иту къапщтэмэ, телевизорым бгъэдэсу сабийм игъакIуэ зэманыр хэпщIыкIыу нэхъыбэщ адэ-анэм зэрыригъусэм, зэрепсалъэм нэхърэ. А адэ-анэр анэдэлъхубзэкIэ къепсалъэу пщIыми, итIани телевизорым и бзэр абыхэм ятокIуэ, н. ж., бзэ ассимиляцэр щIэгъэхуэбжьауэ телевиденэм и зэранкIэ йокIуэкI, абы нэгъуэщIыбзэкIэ сабийр щеплъкIэ. Сыт хуэдэ телевиденэ-тIэ адыгэ

щIэблэр зэплъыр? Спутник системэм и гугъу тщIыхэнкъым, ауэ къызэрыгуэкI антеннэкIэ иджыпсту уоплъыф канал зыбгъупщI, къанэ щIагъуэ щымыIэу псори урысыбзэу. КIуэ зы канал-каналитI хамэ къэралыбзэуи хэтщ. Адыгэбзэм махуэм къылъысыр хьэдэгъуэдахэу мащIэщ, а мащIэри зыхуэзэр цIыхур телевизор нэхъ щемыплъыф, и Iуэху нэхъ щыхуэмыкIуэ зэманырщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а къагъэлъагъуэ тIэкIуми удихьэхыу уеплъыну яхэтыр закъуэтIакъуэххэщ. Суткэм хуэзэу сыхьэт 24-р зи анэдэлъхубзэм хухэха нэгъуэщI лъэпкъ гуэрым эфир зэман лъапIейр апхуэдэ Iуэхугъуэ мыхьэнэншэхэм хухихынкIэ Iэмал иIэкъым, эфир зэману дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа зимыIэ адыгэхэм ар мыхьэнэншэу зэрагъэкIуэдым хуэдэу. Аращи, сабийр гущэм щыхэлъым щыщIэдзауэ нэхъыбэу зэхихыр адыгэбзэкъым. Апхуэдэурэ кIуэмэ, зэман гъунэгъум къалэр къэгъэнауэ, адыгэ къуажэхэми адыгэбзэкIэ сабийхэр щымыпсэлъэжу хъунущ. Мыр едгъэлейуэ къыфщымыхъун папщIэ, щапхъэ къэтхьыну дыхуейщ, абы щыхьэт техъуэу. 1994 гъэм Тыркум щыпсэу адыгэхэм я деж экспедицэ дыкIуауэ щытащ, я бзэ, я хабзэ сытхэм дыкIэлъыплъыну. Къайсэр лъэныкъуэкIэ адыгэ фIэкIа нэгъуэщI лъэпкъ яхэмысу къуажэ пщIы бжыгъэхэр щыIэщ. Абыхэм дэс балигъхэр уэрсэру адыгэбзэкIэ къыдэпсалъэрт, сабийхэм анэдэлъхубзэм и пIэкIэ яIурылъыр тыркубзэт, кIуэ, зыгуэр тIэкIу къагурыIуэу арат анэдэлъхубзэмкIэ. Абы и щхьэусыгъуэм дыщIэупщIати, къыджаIар мыращ: апхуэдэу зэрыхъурэ куэд щIакъым – иужь илъэс 15-20-рщ. Ар нэхъыщхьэу зи ягъэу ялъытэри канал куэдкIэ тыркубзэкIэ къахэпсэлъыхь телевиденэрщ: еджапIэм макIуэри тыркубзэкIэ йоджэ, унэм къокIуэжри тыркубзэ телевизорым йоплъ. Аращи, абы теша мэхъу. Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. **Англием и Уэльс щIыпIэм щыIэщ лъэпкъ мащIэ, валиибзэ жыхуаIэр яIурылъу. Инджылызыбзэм къыдигуэуэурэ хэкIуэдэж щыхъум, а лъэпкъым и интеллигенцэм зыкъаIэтащ, я бзэр хъума хъунымкIэ къэралыр къадэIэпыкъуну къагъэувы. Псом япэуи абыхэм правительствэм паубыдар я бзэкIэ лажьэ телеканал къызэгъэпэщыныр щ. Валиибзэ езыгъаджэ егъэджакIуэхэм жаIэрт апхуэдизу гугъу зыдрагъэхьу сабийм ирагъащIэ анэдэлъхубзэр жэщи махуи телеэкраным къиIукI инджылызыбзэм сабийхэм зэраIэпиудыжыр, апхуэдэ щIыкIэкIи я лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрыхъур. Британием и правительствэм и унафэкIэ, 1980 гъэм Уэльсым «ЕплIанэ канал» жыхуаIэр иратауэ щытащ, валиибзэ защIэкIэ лэжьэну, абы лъандэри валиибзэр ассимиляцэм пэщIэтыф хъуащ.**



Си дежкIэ нэрылъагъущ адыгэ телеканали щыIэн зэрыхуейр, икIи ДАХ-м и Программэм апхуэдэ телевиденэ къызэгъэпэщын Iуэхур хэту щыслъэгъуам сригуфIауэ щытащ. ЗэкIэ сэ сыщыгъуазэкъым а IуэхумкIэ зыгуэр лэжьа хъуауэ. Мыр адэкIэ ебгъэтIылъэкI хъунукъым. Дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ хуэгъэкъаруунукъым адыгэбзэкIэ лажьэ телевиденэ зэтегъэувэныр, Адыгейри аращ, ауэ **дэнэкIи щыIэ адыгэри зэхыхьэу адыгэ псори зэплъыфын спутник телевиденэ яхузэтеублэну къысфIощI, суткэм сыхьэт зыбгъупщI лажьэу, къигъэлъагъуэхэри цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну, н.ж., адрей канал къомым япеуэфу, абыкIи адыгэ псори я анэдэлъхубзэм тришэжу, езы адыгэхэри зэбгъэдишэжу.**

Сэ шэч къытесхьэркъым си тхыгъэр зытеухуа къалэнитIыр тхуэгъэкъару закъуэмэ, нэгъуэщI зыри дымылэжьми, абыкIэ ди бзэр зэман куэдкIэ дяпэкIи зэрытхуэхъумэнум.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

*Усэхэр*

## ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ

### АДЫГЭ ПШЫНЭ

Адыгэ пшынэ, уи Iэпэ дыщэм
Къыпыщ макъамэр гущхьэм тощащэ,
Узэрощэщыр зигъазэу гущIэм,
Щауэм лэгъунэм щIишамэ пщащэр.

ЩитIагъэм пщащэм фащэ дахащэр,
Къыбош макъамэр, си псэм къыхэпшу,
Уэ бдесхьэкIынущ схухиха гъащIэр,
СыбдэусэнкIэ зикI зызмыгъэнщIу.

Уэ зырщ щыгъуазэр гум дыхьэ лъагъуэм,
Уемызэшыжу укъызоубзэ.
Сэ къызжиIэфыр уэ уи зы гъуагъуэм
КъыхуэIуэтэну щымыIэ зы бзэ.

* * *

Адыгэ фащэ щыстIэгъауэ,
Нэхущым щэхуу сыхыхьауэ,
Уэшх шылэхъар къызэпхъухауэ,
Жьым тхьэмпэ гъуэжь къызипхъыхауэ,
Пшынауэ-уафэр къэлъэхъшауэ,
КъэфакIуэ-жыгхэр къыдашауэ,
Сыхуашэжауэ бжьыхьэ-щауэм
СопщIыхь, сымыщIэу сэ нэху щауэ.

### БЖЬЫХЬЭ

Гъуэгу псыфым тхьэмпэ гъуэжь тепхъащ,
Зэхэтщ жыг пцIанэхэр кIэкуакуэу.
Жьы уаер къэсри къызэпхъуащ,
Плъыжьыбзэу къысхуилащ си нэкIур.

Къуаргъыжьхэм уафэр яуфэбгъуащ,
Цыджан фызышэу зэрызехьэу.

Уэшх щIыIэр си пкъым къысфIепхъуащ,
Макъ щэхукIэ си псэр игъэпыхьэу.

ИтIани си гуи емыбгъа,
Гукъани хуэзмыщIа мы бжьыхьэм, —
Насып дыщэпс къытрипхъащ
Езым и плъыфэу схуила си щхьэм.

## ЩIЫМАХУЭ НЫСАШЭ

ЗыщызмыгъэнщIу къызоплъыхь си хъуреягъыр, —
Дахащэщ зи нысашэ мы дунейр,
Уэс хужьыр нэчыхьытх фащэу зыщетIагъэ,
Къэсащи и псэлъыхъуу щIыIэ уейр.

ЩIым къепсыхащи борэн-бжьамияпщэр,
Хьэджэгур ещIыр къэжэна гъуэжькуиймкIэ.
И макъ зрегъэлъэщI джэгуакIуэ-жьапщэм,
Бэрэбан папщIэу тоухь тафэ къуиймкIэ.

СхуэгъэщIэгъуэжкъым дунейм и дахагъэр...
Мы нэм къиплъысым сытыр къыпэхъун?!
Псэм зыхищIэхукIэ мыпхуэдэ къабзагъэ,
Сэ, сощIэ, насыпыншэ сымыхъун!

## НЫБГЪУЭХЬЭШ

I

Уи пэшыр ныбгъуэхьэшщ,
Дамэншэу ущызоуэ.
Уи пIэкум исыр зэшщ,
Нэщхъ фIыцIэкIэ къозауэу.

ПлIанэпэ къэскIэ къуэсщ
БлэкIар, щхьэфIэх-лIыукIыу...
Уи гущIэм щосыр уэс,
Псэ Iуфэр IуигъэщтыкIыу.

Щхьэгъубжэр уи нэджыджщ, —
Къытещыр жэщ щысхьыншэщ.

Хьэуа жьэдэпшэр дыджщ,
ПфIызэригъалъэу фIыншэр.

... БлэкIари къыпщIохьэж,
КъыпфIэщIми къимыгъазэу...
Уи пэшыр ныбгъуэхьэшщ,
ИмыIэу дамэдазэ.

II

Дауэ нэщхъейр щытепщэ пэшым
Пкъы псыгъуэ псэншэм зыщегъэшыр,
И мывэ-щхьэнтэм зрегъэщIри,
ФIощI пщIыхькIэ пэщIэтын гухэщIым.

Ауэ гупсысэ-псыпцIэ дыджым
Ирегъэплъэжыр и нэджыджым,
И гущхьэм пхокIри джатэ папцIэу,
ГукъэкIыж-дэпым хешэ лъапцIэу.

Псыбыбу лъэгур щIисыкIами,
И гъунэм банэ есэкIами,
ЩынасыпыфIэщ ар а лъахэм, —
ГукъэкIыж IэфIхэр щызэблахым,

ГухэлъкIэ бзухэр щыбзэрабзэм,
Псынэпсу псэ къыщыхуэкъабзэм,
Щхьэзакъуэныгъэм щыпэIэщIэм...
Иджы мэкIуэжыр абы хьэщIэу.

МэкIуэжри хьэщIэу... къегъэзэжыр
Дауэ нэщхъейр щытепщэ пэшым.

БЖЬЫНЫФЭ

И напэр хуэдэщи бжьыныфэм,
Фэ зэмыфэгъуу зэтопщIыкI.
БукъэбзыхункIи нэр ирифу,
Бзаджагъэ сырым пфIыщIесыкI.

ИтIани фэхэр къытызохыр,
КъысфIэщIу НАПЭМ сынэсын...
Псэ фIейм и щIыкъатиблым сохыр, —
ЩIы фIыцIэм уафэ къыщIэпхын?!

Бжьыныфэ-напэр щызукъэбзым,
Къэнакъым зыри — ар кунэфт.
Ямылъагъужу дуней къабзэр,
ИхъуреягъкIэ щытхэр нэфт.

КIЭКЪИНЭ

СызыукIыр кIэкъинэрщ, —
И щIэм щIэлъыр сфIэщIати фошыгъуу,
Мыгъуэ Iусу Iум къинэурэ шыгъут.

Узэрысыр хъыринэт, —
УщIиупскIэрти гъащIэм нэхъ ину,
Щхьэгъэуназэ насып ущыгугът.

Насып илъкъым хъыринэм, —
УащыхихьэкIи жыг щхьэ баринэм,
Уафэм нэскIэрэ лъагэ умыхъу...

Егъэхыпэ кIэкъинэр...
Псэ уIэгъэу гъыринэ,
МызыгъуэгукIэ умыгъ...

* * *

КхъыIэ, пцIыкIэ сумыукI...
Зэгуэр уигу къызэбгъэ хъумэ,
Си псэ пцIанэу схуэмыхъумэм
Къамэ папцIэкIэ къепыдж.

Ухуеймь, гущхьэр зэгуегъэч
ГубжькIэ къэбутIыпщ фочышэм.
Ауэ, гъуэгу щтырыгъу сытепшэу,
КхъыIэ, пцIыкIэ сумыукI.

* * *

Iэгуфэр щIисыкIауэ ныпхуэсхь дыгъэм
Ухуэгунэфу ухосыхь кIыфIыгъэм.
КIыфIыгъэм уесэжащи, уэ умыщIэ
ПщIыхь зэмыфэгъукIэ гъащIэр зэхэзыщIэр.

Уэ ущыпсэум жьы уаехэр щохъущIэ,
Пшагъуэбэр бгыщхьэ лъагэхэм щохыщIэ.
Хъурейуэ къитIысхьауэ уафэ джабэм
Нур къызыпихым уэ уимыгъэхуабэ.

Iэгуфэр щIисыкIауэ ныпхуэсхь дыгъэр
Сэ тыншу къэзгъуэтауэ уимыгугъэ, —
ЩIэстащ абы иужьрей си гугъэр...
СиIэжкъым гугъи... уэркIи лейщ си дыгъэр.

* * *

ЩIы фIыцIэм уафэ щIэгъэпщкIуакъым,
Псы щIагъым пцIащхъуэхэр щемыс...
СыныщIыппэплъэм — укъэкIуакъым,
Ухуэныкъуакъым си нэмыс.

Псым игъэзэжу дэжеякъым,
Уэ ныпхуихьыжу си насып...
Зигъэгувами, хэжеякъым
Къыспэплъэу щытыр си бжэ щIыб.

Уэракъым си пкъыр къэзыгъафэр,
Уи псалъи си псэм нэмыIус...
ЩIыр иумытIых, улъыхъуэу уафэ,
Псым пцIащхъуэ уещэу уIумыс.

* * *

Мы дунеишхуэм щызущэхур
МазэщIэ цIыкIум и нэгу щIокI —
Си Iэдиихум пхуигъэнэхуу
Шыхулъагъуэ гъуэгур зэпыбоч.

Къэмыхъуа фIыгъуэу згъафIэ щэхум
Щиху щабэрыкIуэр сфIыщIодэIу...
Къыпхуихъумэну уи псэ нэхур
Нэху щыхукIэ Тхьэшхуэм сыпхуолъэIу!

* * *

Дуней псор щIэспщытыкIащ,
Уэзгъэщхьын къэслъыхъуэу,
КъуакIэбгыкIи сыдэкIащ,
Жэщ гъуэхсэх къыстехъуэу.

Уэри щIыри къэзгъэзащ,
Нэху гугъусыгъу къыстещхьэу,
Зэм къуэкIыпIэмкIэ згъэзащ,
Зэм къухьэпIэ бгыщхьэм.

Сыдэжейри — зысплъыхьащ,
Сыкъехыжри — згъуэткъым...
Теплъэ закъуэ уэзгъэщхьащ,
Ауэ уи псэр хэткъым...

Гъуэгущхьиблыр зэпысчащ,
Хым сыкIуащ... щымыхъум,
«Умылъыхъуэ!» — къызжиIащ
Мазэм ит мэлыхъуэм.

* * *

Сэракъым уи нагъуэр,
Сэракъым уи мыгъуэр...
Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ.

Сэ стетщ нэщхъеифэ, —
ЕрагъкIэ согуфIэ,
Си гущIэм илъ IэфIыр
Псэ щIагъ щIызоуфэ.

Уэ пфIэфIщ къамылыфэ,
И нитIыр вындыфэу,

Къыпхуит1у дзэлыфэр,
Уи пшынэм къыдэфэу.

Сэ си нэхэр нащхъуэщ,
Си щхьэцри щхьэцыгъуэщ...
Уи пшынэм и гъуагъуэр
Щхьэ хъуа къыскIэлъыпхъуэ?!

* * *

Дыгъэри си бийрэ
Сысабий гъыринэу
Гъуэгу сытоувэж...

Выбжьэм ер къикIарэ*
ГубжькIэ «сыбукIауэ»,
Бгым сыкIэрохьэж.

Мы дэкIыгъуэ задэм
СыкIэрымыкIуадэм,
Джэгу къызащIэкIынт.

ГъащIэ псыхэкIуадэм
Уэ ухуэмыкIуатэм,
Дыкъыздэуджынт...

СыкъызэмыплъэкIыу
Бгыщхьэм сэ сыдокIыр...
Укъызэмыджэж!

Гущхьэр зэгуэпщIыкIыу,
СыбгъэщIа гущыкIыр
Уэ уи джэрпэджэжщ.

* * *

Уи зы щхьэцыпэри сэ си нэIуасэрэ
СыплъэмыIэсу укъигъэщIащ.

* Ер вы бжьакъуэм къокI — адыгэ псалъэжь.

Си гъащIэ Iыхьэм уридыгъуасэурэ
Пщэдей уэрыншэ натIэ схуищIащ.

Къэмысын гъатхэр псэкIэ къэзгъэсурэ
Къэса си бжьыхьэри сутIыпщыжащ.
УзимыIэным сэ зыхуезгъасэурэ
Езы псэукIэри сщыгъупщэжащ.

* * *

*... Апхуэдэу уэрэ сэрэ дызэщIыгъумэ,*
*Уи баш хьэншакъри сыт зэрыпщIыжынур?..*
**«Си анэм деж». МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ**

Баш нэхъ ямыIэу щIэгъэкъуэн,
Къагъанэм быным адэ-анэр,
Сыт ищIысыж мы щIыр итIанэ,
ЦIыху гъащIэр сытым и пэрмэн?



Къыплъамыгъэсми я губгъэн,
КъыпхуамыщIыфми гукъанэ,
Къохъу псэкIэ пыхьэу адэ-анэр,
Къыбдалъэгъуамэ ягу щIыхьэн...

НыбжьыщIэ, махуэу гъуэгу техьэн,
УмыщI я гъащIэр псыхэкIуадэ,
Къытебнэу щIылъэм анэ-адэр,
Баш нэхъ ямыIэу щIэгъэкъуэн!..

## ПСАЛЪЭ ЖАГЪУЭ
Балладэ

*УсакIуэр хуэукIынущ псалъэ жагъуэм,*
*Ар ящIэ пэтрэ хуащIыркъым гущIэгъу.*
**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ**

*Гъубжокъуэ Лиуан и фэеплъу*

Зэрихабзэщ дунейми,
Махуэр жэщым хуэкIуат,
Зы усакIуэм, хуэмейми,
Псэхэх гуэр къыхуэкIуат.

ФIыцIэ защIэу хуэпауэ
И бжэщхьэIу ебэкъуат.
Щыст усакIуэр жеяуэ,
Блыным щхьэр егъэкъуат.

Лъэ макъ гуэр щызэхихым,
Шэхуу и фэр пыкIат.
И нэгу щиплъэм псэхэхым,
Зэуэ мыр къыжьэдэкIат:

— Адакъэшым къепсыхи,
Моуэ зэкIэ къэтIыс...
Мы зы усэр, схуэдзыхи,
СынолъэIу, нэзгъэтхыс...

Ар имыдэу псэхэхым,
Хуэму щхьэр егъэсыс.
КъыщIэнынум ныкъуэтхыу
Усэр зейр щIогупсыс.

— Сыт-тIэ сэ пхуэсщIэжынур? —
Уэ уи пIалъэр къэсащ,
Уи псэр хьэршым схьыжыну
Сэ уи деж сыкъэсащ.

Ауэ... дауэ сыхъуну?
ИкъукIэ щIэщхъу къысщыщIащ. —
Шэмэдж уи псэр зыхьынур
Уафэ лъащIэм къизнащ...

Ар щыжиIэм псэхэхым,
Ди усакIуэр къэскIащ,
Мис абдеж жэщ гъуэхсэхым
Зы шейтIан къыхэкIащ.

— УсакIуэпсэр хэпхынум,
Сэ уэстынщ зы чэнджэщ.
КъыщIэдэIуи бжесIэнум,
Хъунщ уи Iуэхур зэпэщ:

УсакIуэпсэр хэпхынум,
Iэщэ-фащэ умыщI.
УсакIуэпсэр хэпхынум,
Псалъэ жагъуэ еутIыпщ! —

Нэмэзыбзэу ар къибжри,
ШейтIан фIыцIэр бзэхащ,
Псэхэхыжь къэгуфIэжри,
Псалъэ жагъуэр идзащ.

Лъатэщ ар шэ цIывауи,
УсакIуэгум пхыкIащ,
НитIым нэпс щIэувауи
УсакIуэпсэр хэкIащ.

* * *



Уэ къоджэм ищIэркъым, си усэ,
Сэ жэщмыжейр зэрызгъэхъар,
Уэздыгъэм щIыгъуу си псэр згъэсу,
И сахуэр уэ зэрыпхэспхъар.

Уэ къоджэм ищIэркъым, си усэ,
Сэ махуэ кIыхьыр зэрысхьар,
Зы псалъэм псалъэ кIэлъызгъэсу
Псэ налъэкIэ зэрыспсыхьар.

Уэ къоджэр хэтми, си усэ,
Лъыгъэс хуабагъэу ныпхэслъхьар…
Къыптеплъэ хъумэ си псэгъусэр,
СхужеIэ фIыуэ зэрыслъэгъуар!

## ТХЬЭМ УКЪИХЪУМЭ, СИ АДЫГЭ!

Шы цIахуцIэ нобэ уэ утесщ…
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
Уи шыбгым сфIощI тебзау альтес —
УкъехуэхынкIэ сегъэдзыхэ.

Тхыдэжь и мафIэм ноби уес...
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
Щыпхэмытыжкъэ зекIуэлI ес,
Нэмыс хэлъыжу зы нэрыбгэ

УщимыIэжкIэ, дэнэ нэс
Уэ укIуэфыну, уису шыбгым,
УкIуэцIрыкIыу лыгъей мэз,
УщхьэпрыкIыу Жьыгъэибгым,

Уи шылъэр мыхъуу лъыкIэ-лъыпс,
Уи ужькIэ къинэу щIэблэ-дыгъэ?
... Сыхъуху гусыс, сыпщIогупсыс.
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!

## СЭ ЦIЫХУУ СЫКЪЭНЭНУЩ!

Сэ цIыхуу сыкъэнэнущ
Си фащэкIи, си щэнкIи,
Гуращэ зэIущэнкIи...
Сэ цIыхуу сыкъэнэнущ.

ЦIыхугъэр щысхъумэнущ,
Шэ-псалъэ къызаутIыпщми,
Дунейр зыкъутэ губжьми
ЦIыхугъэр щысхъумэнущ.

СрещI теIущIыкIыпIэ, –
Арщ къыхуэнэжыр и пIэ
Имызэгъэж жагъуэгъум...
СрещI теIущIыкIыпIэ.

Сэ цIыхуу сыкъэнэнущ,
Пщэдджыжьк Iэ къыщIэкI дыгъэм
Пэджэжу псэ нэхугъэр...
Сэ цIыхуу сыкъэнэнущ!



11 Заказ №126

# ЛЪЭПКЪЫМ И МЭIУХУ НЭХЪЫЩХЬЭ

***Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ ирокъу***

Бзэр лъэпкъым и мэIуху нэхъыщхьэщ, ар цIыхум и гулъащIэм щигъафIэ, псэр хьэщыкъ зыщI, гъуазэ, хъуэпсапIэ телъыджэхэр къызэригъэщI Iэмэпсымэщ. Ар щIыуэпсым къыпкърыкI гурыщIэщ, макъамэ щхьэхуэурэ пасэрей цIыхухэм ягъэпсар къащIэхъуэ щIэблэхэм зэIэпахыурэ ди деж къахьэсауэ. Абы и пэжагъыр къегъэлъагъуэ щIыуэпсым и макъ псоми дежьууф адыгэбзэм. Дуней псом зырызыххэщ лъэпкъыу тетыр, адыгэхэм хуэдэу, я бзэм и макъхэр хэмыщIIауэ ихъумэфауэ.

А макъ зэщIэжьыуэ куэдым дамыгъэ етыным, зы пкъылъэм игъэзэгъэным и Iуэхур гугъуу икIи кIыхьу екIуэкIащ. Ди щIэныгъэлIхэм къызэрахутэжымкIэ, а Iуэхум япэу иужь ихьар лъэпкъ узэщIакIуэхэрщ. Нэгумэ Шорэ зэрыжиIащи, абыхэм зэи ягу икIакъым, «бгырысхэр джатэм къыпыкIыу, тхылъым зыщратын зэман» къызэрыхъунур. XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм псэуа узэщIакIуэ нэхъыжьхэу Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, Адыл-Джэрии, Бырсей Умари, нэгъуэщIхэми ар я хъуэпсапIэу щытащ. Абы хуэунэтIауэ лъэбакъуэ щхьэпэхэри ячат, псалъэм папщIэ, 1826 гъэм Нэгумэ Шорэ игъэхьэзырат къэбэрдей адыгэбзэм и макъхэм я зэхэтыкIэм теухуа лэжьыгъэр, а бзэм алфавити хузэхилъхьат. Апхуэдэу 1843 гъэм щIэныгъэлIым тхын иухат «Къэбэрдей грамматикэм и пэщIэдзэ хабзэхэр». Ауэ а лэжьыгъэхэр дунейм къытехьауэ езы узэщIакIуэ иным илъагъуну къыхуихуакъым, ар къыщыхъуар Нэгумэр дунейм ехыжу илъэс куэд дэкIыжа нэужьщ.

АдыгэбзэкIэ лъэпкъым и щIэблэ иригъэджэну, тхылъ къыдигъэкIыну япэу зи насып къикIар егъэджакIуэ-узэщIакIуэ, бзэщIэнигъэлI, тхакIуэ-баснятх Бырсей Умарщ. 1850 – 1860 гъэхэм адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу ар щылэжьащ Ставрополь дэта губернэ гимназием. 1853 гъэм и гъатхэпэ мазэм Тифлис къыщыдэкIащ Бырсейм «Шэрджэсыбзэм и букварь» зыфIища и тхылъыр. Ар дунейм къызэрытехьэрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лъэIукIэ, 2003 гъэм Адыгей Республикэм и президент Щэумэн Хьэзрэт Мэжид и къуэм Iэ тридзауэ щытащ гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэу гъэувыным теухуа унафэм. Абы 2007 гъэм еувэлIащ Къэрэшей-Шэрджэс республикэри – апхуэдэ унафэ дыдэ къыщащтар. Iуэху щхьэпэр, къэрал унафэкIэ мыхъуми, щыдаIыгъащ адыгэхэр щыпсэу щIыналъэ псоми, Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту.

АдыгэбзэкIэ тхылъ къыдэгъэкIыным ехьэлIауэ Бырсей Умар ича лъэбакъуэр лъэужьыфIэ хъуат. «Шэрджэсыбзэм и букварым» къыкIэлъыкIуащ иджыри лэжьыгъэ зыбжанэ, езы щIэныгъэлIым игъэхьэзырауэ: «Шэрджэсыбзэм и грамматикэ» (1858), «Урыс-шэрджэсыбзэ псалъалъэ кIэщI» (1859), «Урыс графикэм тету къэбэрдеибзэм и ал-

фавит» (1862, П. К. Услар щIыгъуу), нэгъуэщIхэри. Адыгэ псоми зэдай алыфбей, тхыбзэ лъэпкъым къыхузэгъэпэщынымкIэ Бырсейм и лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. Ауэ нэхъыщхьэр щIэныгъэлIым иришэжьа Iуэхур зэрымыужьыхыжарщ, атIэ ар адэкIи и еджакIуэхэм зэрагъэкIуэтарщ. Апхуэдэ лIыгъэ къызыкъуэкIари Бырсейм Ставрополь гимназием щригъэджахэу ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ КIашэ Адэлджэрийрэщ, «туземецхэр я бзэкIэ егъэджэн хуэмейуэ» къэзыгъэув языныкъуэ пащтыхь къэрал къулыкъущIэхэм лъэщу япэщIэувауэ щытахэрщ. 1865 гъэм Бырсей Умар и букварыр къыщцыдэкIа тхылъ тедзапIэ дыдэм дунейм къыщытехьащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и «Къэбэрдей алыфбейр».

Лъэпкъым и зыужьыныгъэр тхыбзэ зэримыIэм, щIэблэм светскэ щIэныгъэ зэрырамытым зэрызэтриIыгъэр фIыуэ къызыгурыIуэ узэщIакIуэхэу Тамбий Пагуи, Дым Iэдэми, НэгъущI Сухьэди, Цагъуэ Нурии, нэгъуэщIхэри яужь итащ Iуэху щхьэпэр гъэкIуэтэным. Ублэмэ ХьэтIохъущокъуэм адыгэбзэ езыгъэджэнухэр щагъэхьэзыр «мазищ курсхэр» Налшык къыщызэригъэпэщат, Цагъуэми езым и хьэрычэткIэ сабий еджапIэ Бахъсэн къыщызэIуихат, цIыхухэм иужькIэ «Нурий и университет» зыфIащыжар, ауэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зымыгъуэта а IуэхущIапIэхэр куэдрэ лэжьакъым. Апхуэдэу щытми, Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ я алыфбейр зекIуащ совет властым и япэ илъэсхэм къэсыху. Ауэ диным ебэныныр къэрал идеологием и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы зэрыхъуам къыхэкIыу, унафэщIхэм къалъытащ адыгэбзэр зытет хьэрып графикэм къытегъэкIын хуейуэ. Ар 1923 гъэм зэфIигъэкIащ Хъуран Батий зи пашэ щIэныгъэлI гупым, лъэпкъ тхыбзэм латин хьэрфхэр лъабжьэ хуэзыщIам. 1924 гъэм лъэпкъыбзэхэр егъэджыныр предмет щхьэхуэу школ программэм хагъэхьати, а алфавитымкIэ сабийхэр ирагъаджэу зэтраублат.

Ауэ «РСФСР-м и цIыхухэм я деж щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным и IуэхукIэ» 1919 гъэм ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым (СНК) къищтауэ щыта декретыр гъэзэщIэныр иджыри екIуэкIырт, адыгэбзэм и хьэрфхэр аргуэру зэхъуэкIын хуейуэ Iуэху къащылъыкъуэкIам щыгъуэ. 1936 гъэм урыс графикэр и лъабжьэу адыгэбзэм алфавитыщIэ хузэхалъхьащ. Абы елэжьа гупым и пашэт зи цIэр мы махуэхэм дгъэлъапIэ адыгэбзэ кафедрэм и япэ унафэщI, бзэщIэныгъэлI, егъэджакIуэ, усакIуэ Борыкъуей ТIутIэ Мухьэмэд и къуэр. Нобэ лъэпкъ тхыбзэм игъуэта зыужьыныгъэм и псынащхьэм щытахэм ящыщ зыщ Борыкъуейр.

«Щэнхабзэ революцэм» и илъэсхэм псынщIэу зызыужьу хуежьа цIыхубэ хозяйствэр хуэныкъуэт IэщIагъэлIхэм, псом хуэмыдэу егъэджакIуэхэм. 1930 гъэхэм я пэщIэдзэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIэ иджыри иттэкъым, Совет Союзым и къалэшхуэхэм щеджауэ къэзыгъэзэжхэр яхурикъуртэкъым. Псом хуэмыдэу гъуэтыгъуейт адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр. Апхуэдэу лъэпкъ IэщIагъэлIхэм хуэныкъуэт къэрал къулыкъущIапIэхэр, тхылъ тедзапIэхэр, газет-журнал редакцэхэр, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм,

щIэныгъэм я IэнатIэ зэхуэмыдэхэр. Абы къыхэкIыу 1931 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым лъэIукIэ зыхуигъэзащ РСФСР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым ди республикэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институт къыщызэIуахыну хуит къищIыну. ЛъэIур къыхуащIащ: 1932 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м РСФСР-м и СНК-м и унафэ къыдэкIащ, Владикавказ дэт Бгырыс (Горскэ) педагогикэ институтыр тIууэ зэрагуэшыр иту – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институт, Осетие Ищхъэрэ къэрал педагогикэ институт. ЕджапIэм езэгъын унэ Налшык зэрыдэмытым къыхэкIыу, ВКП(б)-м и Кавказ Ищхъэрэ крайкомым унафэ ищIащ институтым и лэжьыгъэр Псыхуабэ (Пятигорск) щызэтриублэн хуейуэ.

ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу егъэджакIуэхэр фэтэрхэмкIэ, еджакIуэхэр общежиткIэ къызэрагъэпэщащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1932 гъэм фокIадэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым и бжэр студенти 120-м яхузэIуихащ. Факультетищым – физикэмрэ математикэмкIэ, биологиемкIэ, филологиемкIэ – щрагъаджэрт егъэджакIуэ 13-м. ИужькIэ къызэрагъэпэщащ тхыдэмкIэ факультетри. ФилологиемкIэ факультетым и зы къудамэт бзэщIэныгъэхэмкIэ кафедрэри. Абы Борыкъуей ТIутIэ я унафэщIу щылажьэрт адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр. Зыпэрыт Iуэхум къыдэкIуэу кафедрэм и егъэджакIуэхэу Елбэрд Хьэсэн, ДыщэкI Мухьэмэд, Цагъуэ Мухьэмэд сымэ, я унафэщIыр я пашэу, щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуи я пщэм дэлът: лъэпкъ тхыбзэм и хабзэхэр гъэбелджылын, литературэбзэм и мардэхэр убзыхун, сабийхэр зэрырагъэджэну тхылъхэр гъэхьэзырын, адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжын, джыжын, нэгъуэщIхэри. Къыхэгъэщын хуейщ зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэм я пащхьэ къита къалэнхэр ехъулIэныгъэ хэлъу зэрызэфIагъэкIар, политикэ залымыгъэри, Хэку зауэшхуэм и мафIэри зэран къахуэхъуа пэтми. Абыхэм къыпхуэмылъытэным хуэдиз фIыщIэ адыгэ лъэпкъым и пащхьэ щаIэщ икIи дэтхэнэми тхыгъэ щхьэхуэ тебухуэну къалэжь.

1937 гъэм Налшык ухуэн щаухащ пединститутым и унэр икIи еджапIэ нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къагъэIэпхъуэжащ. А илъэс дыдэм бзэщIэныгъэхэмкIэ кафедрэр тIууэ ягуэшащ: урысыбзэмкIэ кафедрэ, лъэпкъыбзэхэмкIэ кафедрэ жиIэу. Апхуэдэу екIуэкIащ Хэку зауэшхуэм щIидзэху. А лъэхъэнэм кафедрэм и лэжьакIуэхэу ДыщэкI М., Елбэрд Хь., Кумыщ Хь., ТIажь Ш., Хьэбырэ И. сымэ куэд зэфIагъэкIащ адыгэбзэм и фонетикэр, псалъэ къэхъукIэр, синтаксисым хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэр къэхутэным теухуауэ. Ауэ дахэу ежьа а лэжьыгъэр, адыгэ лъэпкъыр хуабжьу зыхуэныкъуэр, къызэпиудащ зауэм. Абы и мафIэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ пэрыхьэри зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр якIуащ кафедрэм и лэжьакIуэхэу ДыщэкI Мухьэмэд, ТIажь Шэхьбан, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан сымэ. Фашистхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъунэгъу къыщыхуэхъум, пединститутыр ягъэIэпхъуауэ щытащ Грузиемрэ Армениемрэ я щIыналъэхэм.

Бийр ди лъахэм ирагъэкъэбзыкIыжа нэужь, 1943 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м, пединститутым и лэжьыгъэр Налшык щызэтриублэжащ. Егъэлеяуэ хьэлъэт щытыкIэр: студентхэр щеджэ унэр ягъэплъыртэкъым, электрокъару, псы щыIэтэкъым, тхылъ хъумапIэхэр, кабинетхэм щIэт Iэмэпсымэхэр зэхэкъутат. Апхуэдэу щытми, абы и лэжьакIуэхэм я гукъыдэжыр инт, псоми къагурыIуэрт куэд дэмыкIыу зауэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухынур. Апхуэдэуи хъуащ, зауэм зэхикъутахэр псынщIэу зэрагъэпэщыжри, республикэр зыужьыныгъэм и гъуэгум теувэжащ. Ауэ гугъуехьхэр иджыри мымащIэу щыIэт. Псалъэм папщIэ, 40 – 50 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым и пащхьэ ита къалэн нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ егъэджакIуэкIэ IэнатIэр къызэгъэпэщыныр. ЕгъэджакIуэ 59-м щыщу 11-рт еджагъэшхуэ степень зиIэр. Апхуэдэу зэтеубла хъуатэкъым щхьэхуэу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным и Iуэхури. Ар къалъытэри пединститутым къыщызэIуахащ зэуэ IэщIагъитIым – адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ – щыхурагъаджэ къудамэ, литературэмкIэ факультетым хэту. 1945 – 1968 гъэхэм абы и унафэщIу лэжьащ адыгэхэм ящыщу япэу филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуа АбытIэ Мухьэб Лэкъумэн и къуэр. ЩIэныгъэлIыр я пашэу кафедрэм и лэжьакIуэхэм а илъэсхэм къыдагъэкIащ адыгэбзэр курыт, ищхьэ еджапIэхэм зэрыщрагъэдж тхылъхэр, программэхэр. АбытIэм и гуащIэшхуэ хэлъщ Москва япэу къыщыдэкIа «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и грамматикэ» (1957), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ» (1999) лэжьыгъэшхуэхэм.



Адыгэбзэмрэ абы и лъэпкъэгъу бзэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр, я хабзэхэр, зыужьыкIэр джыным, лъэпкъ литературэм къикIуа гъуэгуанэр къэхутэжыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфIагъэкIащ Къардэн Бубэрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ. 1945 – 1952 гъэхэм Къардэныр егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, пединститутым и директору лэжьащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуа лэжьыгъэхэр: «Кабардино-русский словарь» (М., 1957), «Краткий грамматический очерк кабардинского языка» (М., 1959), «Кабардино-русский фразеологический словарь» (Налшык, 1963), «Фразеология кабардинского языка» (Налшык, 1973), «Семантико-стилистические функции фразеологических единиц в прозе А. Кешокова» (Налшык, 1982), тхылъеджэхэм гукъинэж ящыхъуа художественнэ тхыгъэ куэд.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм егъэджакIуэфI къудейтэкъым, аращ ди литературэм лирическэ прозэм и лъабжьэр щызыгъэтIылъар. Абы и «Софят и гъатхэ» (1955), «Уэлбанэ дыгъэ» (1966), «Уи цIэр фIэсщынщ» (1970), «Щхьэгъубжэ нэху» (1984) повестхэр лъэпкъ прозэм и нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. Апхуэдэу ЩоджэнцIыкIум адыгэбзэкIэ къигъэпсэлъащ урыс, дунейпсо литературэхэм я классикхэу У. Шекспир, А. Пушкин, С. Есенин, Н. Тихонов, А. Твардовский сымэ я художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэр.

50 – 60 гъэхэм кафедрэр мэхъу лъэпкъыбзэр, IуэрыIуатэр, литературэр джыным и центр нэхъыщхьэ. Кафедрэм IэщIагъэлI Iэзэхэр щылэжьэну къащтэ, ар зыхыхьэ институтым аспирантури къыщызэIуах. А илъэсхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ ирагъэджу кафедрэм щылэжьащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Урыс Хьэталий (1968 – 1989 гъэхэм кафедрэм и унафэщIу щытащ), Нало Ахьмэдхъан, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, нэхъ иужьыIуэкIэ абыхэм гъусэ къахуэхъужащ КIуащ Тамарэ, Тау Хьэзешэ, Тхьэбысым Самихь сымэ. Илъэс куэдкIэ адыгэбзэмкIэ кабинетым и унафэщIу лэжьащ Хьэгъэбанэ ХьэIишэт. 60 – 70 гъэхэрщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ джыным ехьэлIа щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыбэ дунейм къыщытехьар. Псом япэу ар зи фIыщIэхэм ящыщщ Урыс Хьэталий. Бзэм елэжь ди щIэныгъэлIхэм ящыщу бзэщIэныгъэм хигъэщхьэхукI унэтIыныгъэ псомкIи аращ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зиIэр. Нобэ дызэрытхэ пэжырытхэм и хабзэхэр зыубзыхуари, абы теухуауэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищта законым и проектыр зыгъэхьэзырауэ щытари Урысырщ. Абы и «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэхэмрэ я хабзэхэр» (Зэхъуэхъу Л. и гъусэу, 1963), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и тхыдэ» (1968), «Морфемика адыгских языков» (1980), «Адыгэбзэм и тхыдэ» (1998), «Адыгэ грамматикэ. Синтаксис. Пунктуацэ» (1994), «Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ. Морфонемикэ. Морфологие» (2001), «АдыгэбзэмкIэ практическэ стилистикэ» (2002) лэжьыгъэхэр студентхэр ирырагъаджэу ноби къагъэсэбэп. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыпсэу адыгэ сабийхэм я бзэр зэрырагъэджыр Урыс Хьэталий и учебникхэмкIэщ.

Адыгэбзэм, IуэрыIуатэм, литературэм ехьэлIауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд ягъэхьэзыращ еджагъэшхуэ цIэрыIуэхэу Нало Ахьмэдхъан, ХьэкIуащэ Андрей, Тау Хьэзешэ, Къэмбэчокъуэ Iэдэм сымэ. Нобэ лъэпкъ бзэщIэныгъэм, литературэ щIэныгъэм я IэнатIэхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм я дежкIэ гъуазэу щытщ абыхэм я монографиехэр, статьяхэр. Тау Хьэзешэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм 1990 – 2013 гъэхэм и унафэщIу лэжьащ, апхуэдэу щытащ филологиемкIэ институтым и директору, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и проректору. Къэмбэчокъуэ Iэдэми лъэпкъ филологиемкIэ институтым и директору лэжьащ. Къыхэгъэщын хуейщ а IэщIагъэлIхэм я егугъуныгъэкIэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджэхэм я бжыгъэм куэдкIэ хэхъуауэ зэрыщытар. А илъэсхэрщ щызэтраублар университетым и къудамэ псоми адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ щегъэджыныр. А жэрдэмыфIыр къэмытIэсхъауэ ноби еджапIэ нэхъыщхьэм щагъэзащIэ.

Къыхэгъэщын хуейщ, лъэпкъ литературэр щIэблэм егъэджыным, а IэнатIэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыным къаруушхуэ ирихьэлIауэ зэрыщытыр илъэс 64-кIэ кафедрэм щылэжьа ХьэкIуащэ Андрей. Лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэ инщ абы и монографиехэу «ЩоджэнцIыкIум и творчествэр» (1958), «Япэ адыгэ тхакIуэхэр» (1974), «Адыгэ узэщIакIуэхэр» (1978), «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр» (1984), «ЩоджэнцIыкIу Алий» (1992), «Адыгэ усэ

гъэпсыкIэ» (1998), «ГурыщIэм и джэрпэджэж» (2009), «Теунэ Хьэчим» (2016), нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу щIэныгъэлIым и учебникхэмкIэ, хрестоматиехэмкIэ ди школхэм щадж къэбэрдей-шэрджэс литературэр.

ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным я зэфIэкI ирахьэлIащ зэман зэхуэмыдэхэм кафедрэм щылэжьахэу Гъут Iэдэм, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис, Абдокъуэ Iэуес, Иуаныкъуэ Нурбий, Къэмбэчокъуэ Риммэ, Шэру Хьэсен, Бакъ Зерэ, ПIаз Азэмэт, Къармэ Iэсият, КхъуэIуфэ (ТыIэщ) Юлие, Кувэжыкъуэ Залинэ, Псэунэ ФатIимэ, Мэремыкъуэ Элеонорэ, Шорэн Зитэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

2008 гъэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ я кафедрэм иджыри зы зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуащ – лъэпкъ кафедрэхэм къыгуагъэкIри къудамэщIэ къызэрагъэпэщащ, «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ кафедрэ» фIэщыгъэцIэр иIэу. Абы и япэ унафэщIу щытащ филологие щIэныгъэхэм я доктор ЦIыпIынэ Аслъэн. КафедрэщIэм епхауэ мэлажьэ адыгэ, балъкъэр щэнхабзэхэм я центрхэр, Езауэ Мадинэрэ Тюбеевэ Светланэрэ я унафэм щIэту.

2013 гъэ лъандэрэ адыгэбзэ кафедрэм и унафэщIу мэлажьэ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, доцент Къардэн Мусэдин. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэр кафедрэ щхьэхуэ хъуами, тIуми зэдагъэзащIэр зы къалэнщ – щIэныгъэ куу яIэу, зэхэщIыкI лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу, дунейпсо цIыхубэм хигъэщхьэхукIа лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр я гъуазэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу щIэблэр къэгъэхъунырщ. Ахэр я гъуазэу я IэнатIэм пэрытщ кафедритIым я лэжьакIуэхэу Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Абазэ Албэч, УнэлIокъуэ Вячеслав, ХъутIэжь Заудин, Хэжь Ленэ, Бозий Наимэ, Езауэ Мадинэ, Хьэщхъуэжь Заретэ, Шыгъушэ Джульеттэ, Пэрыт Линэ, УнэлIокъуэ Лянэ, Къардэн Марьянэ сымэ.

Нобэ кафедрэхэм я лэжьыгъэхэр яунэтI къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыфIхэм хабжэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унэтIыныгъэ программэхэм тету. Апхуэдэу ахэр ядолажьэ зыхыхьэ институтым и къудамэ псоми. Университетми институтми я унафэщIхэм я гулъытэ зэи щыщIэркъым, а зэдэлэжьыныгъэм фIы куэди кърокIуэ. КъыжыIэн хуейщ университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къэзыухахэр республикэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэкIэ зэрыщылажьэр. Мыбы и гъэсэнхэрщ нобэ щэнхабзэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэхэм, литературэм, СМИ-м я лэжьыгъэхэр зыунэтIыр.

Кафедрэхэм я лэжьакIуэхэм фIыуэ къагуроIуэ адыгэм и пащхьэ хэхауэ жэуаплыныгъэ зэрыщахьыр. Дэтхэнэ лъэпкъми и псэр зыхэлъ и бзэр хъумэныр, зегъэужьыныр дунейм лъэпкъыу тетым я дежкIэ къалэн нэхъыщхьэщ. Дэ а IэнатIэр езым къыхэтхащ, лэжьыгъэр мытыншми, ар ди псэм щыщ хъуауэ дыпэрытщ. Лэжьыгъэм дыпэлъэщынымкIэ дэ диIэщ гъуазэ тхуэхъун нэхъыжьыфIхэр, ди ужьми къоувэ ныбжьыщIэ Iущхэр. Абы фIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ ипэкIэ дыплъэну, гъуэгу махуэ дызэрытетри хьэкъ къытщещI.

## АДЫГЭ ТХЫБЗЭМРЭ ЛЪЭПКЪ КАФЕДРЭМРЭ Я ТХЫДЭ

**1853 гъэ** – Бырсей Умар и «Шэрджэсыбзэм и букварь» тхылъыр Тифлис къыщыдэкIащ.

**1865 гъэ** – ХьэтIохъущокъуэ Къазий и «Къэбэрдей алыфбей» тхылъыр Тифлис къыщыдэкIащ.

**1906 гъэ** – Тамбий Пагуэ и «Къэбэрдеибзэм и азбукэ» тхылъыр Тифлис къыщыдэкIащ.

**1913 гъэ** – Дым Iэдэм и «Алыфбей» тхылъыр Темыр-хъан Шура къыщыдэкIащ.

**1917 гъэ** – Цагъуэ Нурий и «Тхыбзэ» тхылъыр Бахъсэн къыщыдэкIащ.

**1919 гъэ** – «РСФСР-м и цIыхухэм я деж щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным и IуэхукIэ» ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым декрет къыщтащ.

**1923 гъэ** – Хъуран Батий зи пашэ щIэныгъэлI гупым латин графикэр и лъабжьэу адыгэбзэм алфавит хузэхалъхьащ.

**1931 гъэ** – Владикавказ дэт Горскэ педагогическэ институтыр РСФСР-м и СНК-м и унафэкIэ тIууэ ягуэшащ, Къэбэрдей-Балъкъэр педагогическэ институт, Осетие Ищхъэрэ педагогическэ институт жиIэу.



**1932 гъэ** – Къэбэрдей-Балъкъэр педагогическэ институтым лэжьэн щыщIидзащ Псыхуабэ (Пятигорск). БзэщIэныгъэхэмкIэ кафедрэм и япэ унафэщIу ягъэуващ Борыкъуей ТIутIэ.

**1936 гъэ** – Борыкъуей ТIутIэ зи пашэ щIэныгъэлI гупым урыс графикэр и лъабжьэу адыгэбзэм алфавит хузэхалъхьащ.

**1937 гъэ** – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогическэ институтыр Налшык къагъэIэпхъуэжащ.

**1957 гъэ** – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэIуахащ. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм къыщIэтIысхьэхэм зэуэ IэщIагъитI – «Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ» – ирату зэтраублащ.

**1993 гъэ** – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым IэщIагъэ щрагъэгъуэт и къудамэ псоми адыгэбзэ щрагъаджэу зэтраублащ.

**2003 гъэ** – Адыгей Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэу игъэуващ. Ар щыдаIыгъащ адыгэхэр щыпсэу щIыналъэ псоми.

**2008 гъэ** – Лъэпкъ кафедрэхэм къыгуагъэкIри къудамэщIэ къызэрагъэпэщащ – Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ кафедрэ.

**2017 гъэ** – ЕджапIэ нэхъыщхьэм хэт япэ лъэпкъ кафедрэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ ирикъуащ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,*
*Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ*
*IуэрыIуатэмкIэ кафедрэм и унафэщI*

# БЗЭР ЛЪЭПКЪЫМ И ПСЭЩ

*КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и*
*кафедрэм и лэжьакIуэхэм я деж*

Бзэр  лъэпкъым и псэщ!
Бзэр зезыхьэр къэкIуэну дахэм и уэчылщ.
Бзэр щызыгъафIэм зи псэкупсэм
Къыщхьэщих нурым нэр щоджыл.

Бзэр псынэпс къабзэщ –
Бзэрэбзэжу адыгэ гупсэм щожэбзэж.
Бзэр ди лъэпкъ набдзэщ –
Гъуазэ лъагэу бын икъухьахэр зэщIекъуэж.

Зэм ар бдзапцIэшэщ –
Зытещащцэр хигъащIэу щIылъэм ныщохуэх,
Зэм джэгузэхэшэщ –
ЗэIущащцэр игъэгумащIэу мэумэзэх.

Бзэр лъэпкъым и псэщ!
Бзэр зезыхьэм уасэншэ фIыгъуэ и Iэрылъщ.
Бийм зыпэщIисэм
Лъэпкъ псэхъумэм джатэ къихауэ бзэр Iурылъщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ *Людмилэ***

# IЭНАТIЭ ПСОМИ ЩЫЖЫДЖЭРЩ



*Гъатхэмрэ бзылъхугъэмрэ зэхуэдэу зэрыщIэращIэм и нэщэнэ хъуащ гъатхэпэр къызэрихьэу ягъэлъапIэ махуэ дахэр — ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр. Нэхъапэм политикэр и лъабжьэу къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щаIэту щытами, иджы бзылъхугъэм и пщIэр, гумащIагъэр, гуакIуагъэр щалъытэ махуэ хъуауэ жыпIэ хъунущ ар.*

*Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм гъатхэпэм и 8-р япэ дыдэу щыщагъэлъэпIар 1913 гъэращ. ИужькIэ, Совет властыр ува нэужь, 1921 гъэм Бзылъхугъэхэм я коммунист конференц иным къыщащтащ гъатхэпэм и 8-р ди къэралым илъэс къэс щыгъэлъэпIэныр. Ауэрэ абы мыхьэнэшхуэ ират хъуащ икIи 1966 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу ягъэуващ. Абы теухуа Унафэ щхьэхуэ къищтащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым.*

*Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэми гулъытэшхуэ хуещI ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр гъэлъэпIэным. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, а махуэр щаIэт Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Куржым, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Молдавием, Узбекистаным, Таджикистаным, Туркменией, Украинэм, нэгъуэщIхэми. Таджикистаным и Президентым и жэрдэмкIэ, 2009 гъэ лъандэрэ а махуэшхуэм зэреджэр Анэм и махуэщ.*

*Бзылъхугъэм и къалэнхэм нэхъапэм хыхьэу щытар нэхъ мащIэщ, иджырей лъэхъэнэм абы и зэфIэкIым тепщIыхьмэ. Нобэ жьэгур зыгъэхуабэ, лъэпкъыр зыгъэбагъуэ унэгуащэхэм, щхьэгъусэхэм, анэхэм яхэтщ къэрал къулыкъу зезыхьэхэри, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым лэжьыгъэ щхьэпэ щызэфIэзыххэри. Абыхэм яхузэфIокI унагъуэми IуэхущIапIэми къащыпэщылъ къалэнхэр дахэу зэфIагъэкIыну, хуей хъумэ, лIыгъи къызыкъуахыну.*

*Ди хэгъуэгум ис бзылъхугъэхэм я Iуэху дигъэкIыу, хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъуу, анэхэр, сабийхэр и нэIэ щIэту мэлажьэ Къэбэрдей-*

*Балъкъэр Республикэм ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр. Абы и унафэщI Къаскъул Аулият зыхуэдгъэзащ я лэжьыгъэм и купщIэмрэ зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.*

*Къаскъулыр Налшык къалэ дэт 1-нэ поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэу мэлажьэ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиуха нэужь, ар Пироговым и цIэр зезыхьэ МОЛГМИ-м и ординатурэм щеджащ, 1980 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэ пщIондэ КъБКъУ-м щригъэджащ. 2000 гъэ лъандэрэ поликлиникэр и унафэщIщ.*

*Аулият жэуаплыныгъэ ин пылъу и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, къыхиха IэщIагъэм игурэ и псэрэ етауэ зэрырилажьэр сымаджэхэм я закъуэкъым къээзылъытар, атIэ республикэ псом къыщащIэнуи хунэсащ. Ар квалификацэ нэхъыщхьэ зиIэ дохутырщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм я ЩIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, ЩIыхьым и дамыгъэр къратащ, и цIэр «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» щIэнгъуазэм иратхащ.*



**— Аулият, КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?**

— Дауи, псом япэ идгъэщыр лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр, мамырыгъэр ди хэку щыхъумэнырщ. КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зэттхэм ящыщщ цIыхубзым и пщIэр къэIэтыныр, псэукIэ ехьэлIауэ и Iуэху егъэфIэкIуэныр, лэжьыгъэ IэнатIэкIэ зыхуей хуэгъэзэныр. Анагъэр, сабиигъуэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ а зи гугъу сщIы къалэнхэм.

Нобэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэр къапщтэмэ, цIыхубзыр сыт хуэдэ IэнатIи пэрытщ. Ди республикэм и Iэтащхьэми мызэ-мытIэу къыхигъэщащ нобэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, медицинэ IэнатIэхэр нэхъыбэу цIыхубзхэм зэрызэрахьэр. Ухэплъэми, къэгъуэтыгъуейщ ахэр здэщымыIэ лэжьапIэ. Апхуэдэу жыджэру дэни щыпашэ пэтми, анэ псоми я къалэныр сабийр гъэсэнырщ, ар цIыху нэсу гъащIэм хэгъэувэнырщ. Дэри а Iуэхум гулъытэ хэха худощI икIи къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным иужь дитщ.

Сыт хуэдэ цIыхуми и къежьапIэр унагъуэращ. Унагъуэращ абы гъащIэм хуиIэ еплъыкIэри, дуней тетыкIэри, цIыху хэтыкIэри щызригъащIэр, анэм и Iэпэр иIыгъыу япэ лъэбакъуэр зэричым хуэдэ дыдэу, сыт хуэдэ Iуэхуми хэзыгъэгъуазэр аращ. АдэкIэ сабий

гъэсапIэм макIуэри, унагъуэм щигъуэта псори щIагъэбыдэжу ягъасэ, курыт школым балигъ гъащIэм щыхуаущий, щIэныгъэ щыбгъэдалъхьэ.

**— ЕвгъэкIуэкI лэжьыгъэм и къежьапIэ хъужри araщ — жылагъуэ гъащIэм хэт дэтхэнэ цIыхубзми езым и щхьэм къыщыщIидзэжу и сабийхэр зыхуей хуигъэзэнырщ, пэжым, фIым, дахэм хуиущиинырщ.**

— Ар Iэмал зимыIэщ, уи щхьэ, уи унагъуэ къыщыщIумыдзэжмэ, жылагъуэм сыт яхэплъхьэфын, сыт хуэдэ щапхъэ бгъэлъагъуэу утыку укъихьэн? Лъэпкъ хабзэм тету уи бын бгъэсэным Кавказым сыт щыгъуи гулъытэ щыхуащIу щытащ. Ахэрат ди щIэблэр адрейхэм къахэзыгъэщыр. Нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр, адэ-анэм я Iулыджыр Iыгъыныр, лэжьыгъэм зыщымыдзеиныр ди лъэпкъ хьэлхэм ящыщу къызолъытэ. Бзылъхугъэм, анэм и закъуэ и гугъу тщIы щхьэкIэ, цIыхухъум, адэм къалэн нэхъ мащIэ и пщэ къыдэхуэркъым. НыбжьыщIэр цIыху зэпIэзэрыту къэхъун папщIэ адэми, анэми я къару халъхьэн хуейщ, псом хуэмыдэу сабийр щIалэ цIыкIумэ, адэм и щапхъэмрэ бгъэдилъхьэ Iущагъымрэ куэд елъытащ. ЩIалэ цIыкIум, адэм, адэшхуэм щапхъэ зэрытрихыр хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэу зэдегугъуу адэанэм зэдагъэса сабийр гъуэгу пхэнж техьэфынукъым, уеблэмэ, Iуэху мыхъумыщIэ гуэрым хашэну езым и ныбжьэгъу иужь къихьэми, ахэри къигъэдэIуэфынущ.

**— Аулият, дэтхэнэ зы зэгухьэнызгъэшхуэми хуэдэу, уэ узиунафэщIми къудамэ щхьэхуэхэр къызэщIиубыдэ хъунщ, лэжьыгъэ щхьэхуэхэр я пщэ дэлъыжу?**

— Пэжщ, КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм щIыпIэхэм щылажьэу къудамэ куэд иIэщ, ахэр ди хэгъуэгум и къалэ, район псоми щыIэщ. Апхуэдэхэм дызэреджэр Советщ. Къыхэгъэщыпхъэщ а Советхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIу дэкIынымкIэ район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, абыхэм социальнэ Iуэхухэмкlэ я къуэдзэхэм куэд зэрелъытар. УнафэщIхэм къыхуащI гулъытэрщ, я жэрдэмыр къызэрыдаIыгъырщ Советхэм къару яхуэхъур.

Районхэм щылажьэ къудамэхэр нэхъ набдзэгубдзаплъэу щытын щIыхуеймрэ зы щхьэусыгъуэщ къуажэдэс цIыхубзхэм я пщэ къалэн нэхъыбэ къызэрыдэхуэр, гугъуехь нэхъыбэ зэрыхэтыр. Ахэращ нэхъыбэу лэжьапIэншэр. Къуажэхэм, фэ зэрыфщIэщи, дэтыр сабий гъэсапIэ, курыт еджапIэ, амбулаторэ хуэдэхэрщ, аращи гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр мыхъумэ, мыдрейхэм

IэнатIэ яIэкъым. Къалэм лэжьапIэ кIуэфыр макIуэ, къэнар езым и хадэ, и хьэрычэт щыгугъыжын хуейуэ арaщ.

**— Ди республикэм ис бзылъхугъэхэм, анэхэм, сабийхэм нэхъыбэу сыт я щыщIэныгъэ, сыт я гукъеуэ? Фэ зыкъыщыфхуагъазэ щыIэ лъэIу гуэрхэмкIэ?**

— Псом япэу, сигу щIэгъуу къыхэзгъэщынт, адэ-анэ зимыIэжу къанэ сабийхэр. Абыхэм я Iуэху нэхъ гугъуж щыхъур зеиншэхэр щапI унэхэм къыщIэкIыурэ балигъ гъащIэм хэбэкъуа нэужькIэщ. Сигу щIэныкъуэу сызыгъэпIейтейр жьы хъуахэр щапIыж унэхэм адэ-анэхэр зэрыратырщ, зи бын псэууэ, лажьэу-шхэжу дунейм тет ди лъэпкъэгъухэм къэзылъхуахэр абы зэрашэрщ. Апхуэдэ хабзэ щыIакъым зэи Кавказым, жьы хъуахэм якIэлъыплъыжын сыт щыгъуи къагъуэтырт. Уеблэмэ, бын зимыIэхэр зыщыщ лъэпкъым япIыжу щытащ.

СыткIэ зыкъыфхуагъазэрэ жыпIэмэ, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэрауэ къыщIэкIынщ нэхъыбэу къытхуэкIуэр. Хущхъуэ хуэныкъуэхэр, технологие нэхъ лъагэхэмкIэ зрагъэIэзэн хуеймэ, ныкъуэдыкъуагъ ябгъэдэлъмэ, абыкIэ тхылъ къыдахыну хуеймэ... Ахэр зэфIэхыныр дэ ди къалэным хыхьэу щымытми, районхэм щылажьэ къудамэхэм апхуэдэ Iуэху Iэджэ щызэфIагъэкI администрацэхэр я щIэгъэкъуэну. 

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ гъащIэм жыджэру хэт, зи щхьэ Iуэху дэзыгъэкIыжыф, нэгъуэщIхэм ядэIэпыкъуф, езым ищIэфымкIэ адрейхэм ядэгуэшэну зыхузэфIэкI бзылъхугъэхэр дызэриIэр. Анэм и махуэр, Сабийхэм я дунейпсо махуэр, нэгъуэщI махуэшхуэхэр куэдрэ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщри драгъэблагъэ. Дэ дахуозэ зи бын къэрал къулыкъу игъэзащIэу хэкIуэдахэм, бын куэд зиIэ анэхэм икIи ахэр зыгуэркIэ зэрыдгъэгушхуэным иужь дитщ. Бын куэд зыпI анэхэм Iэмал имыIэу къэралыр ядэIэпыкъун хуейщ. ДызыхэпсэукI зэманым зы сабий упIыныр тыншкъым, зыбжанэ зиIэр, дауи, гугъу емыхьу къанэркъым.

**— Апхуэдэу махуэ къэс къыфлъыкъуэкI Iуэхухэм нэмыщIу, сыт хуэдэ къалэнхэр гъащIэм къыфхуигъэуврэ, е илъэсыр къыщихьэкIэ фэ езым зэрылажьэ мардэ гуэрхэр щызэхэфлъхьэ щыIэ?**

— Дэ сыт щыгъуи зэманым дызэрыдэбэкъуэным, абы къигъэув зэхъуэкIыныгъэм дызэрылъэщIыхьэным, къэралым и пащхьэ къит Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ сэбэп дызэрыхъуным иужь итщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, мис 2017 гъэр Экологием и илъэсу игъэуващ Урысей Федерацэм и Президентым. Дыкъэзыухъуреихь дунейр

къабзэу щытынымкIэ, ди лъахэм и дахагъыр тхъумэнымкIэ дэ жэуаплыныгъэ ин дохь, ар дэтхэнэм дежи нэтхьэсыфын хуейщ. Дигу къэдгъэкIыжынщи, нэхъапэм пщIантIэм и закъуэтэкъым ди анэшхуэхэм япхъэнкIыр, атIэ бжэIупэхэр, гъунэгъуу къеуалIэ щIыпIэхэр ягъэкъабзэрт. Иджы ди уэрамхэмрэ губгъуэхэмрэ щытлъагъу пхъэнкIийм хуэдэ щыIакъым зэи. ЗэщIэзыкъуэм нэхърэ къэзыуцIэпIыр нэхъыбэщи, апхуэдэу зэи къабзэлъабзэу дыщытыфынукъым. Аращи, дэ цIыхухэр къызэщIэдгъэуIуэну, къабзагъэм, дахагъэм хуэдущииину, хуэдунэтIыну ди къалэнщ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, нэм илъагъу мыхъумыщIагъэм и закъуэкъым абы къишэр, атIэ цIыхум и узыншагъэри абы елъытащ. КъищынэмыщIауэ, фэ зэрыфщIэщи, дэ ди щIыпIэр курортщ. Ди хьэуам и гуакIуагъыр, ди удзхэм я щхъуантIагъыр къэрал псом къыщацIыхуу, зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэу апхуэдэщ. Аращи, дывгъэхъумэ а диIэ мащIэр, къабзагъэм дыхуэвгъэсакъ.

**— Жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щигъэзащIэрэ мы гъащIэм, сыт хуэдэ Iуэхухэр къыдихыу зэфIихыфыну и къару, уэ зи гугъу пщIахэм нэмыщI?**



— Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрылажьэ хабзэм ипкъ иткIэ, дэ жэрдэм гуэрхэр диIэу республикэ унафэщIхэм захуэдгъэзэфынущ. Дэ районхэм, къалэхэм, къуажэхэм дыкIуэ зэпытщ, абы гугъуехь гуэр дыщрихьэлIамэ, цIыхубзхэр зыгъэпIейтей гуэрхэр къыдахьэлIамэ, ди Iэ къикIыр тщIэнущ, ауэ апхуэдэ Iуэхухэр нэхъ зыгъэкIуэтэфыр къэрал къулыкъуущIапIэхэращи, район администрацэхэм етхьэлIэнущ, адэкIэ республикэ унафэщIхэм я деж нэтхьэсыфынущ. Пенсэм, улахуэм, социальнэ льготэ гуэрхэм пыщIа упщIэхэр куэдрэ къоув, иныкъуэхэм деж хабзэхэр тхылъымпIэм зэпкърыхауэ тет пэтми, иужь уихьамэ, и гъэзэщIэным къиин куэд къыщыхэкI щыIэщ. Мис абыхэмкIи дэIэпыкъуэгъу дохъу. Хабзэубзыху органым къыдигъэкIа законхэр лэжьэн папщIэ, цIыху къызэрыгуэкIхэм къагъэсэбэпыфын, яфI зыхэлъхэр зыIэрагъэхьэфын папщIэ щIэгъэкъуэн дыщыхъу куэдрэ къохъу.

**— Аулият, узиунафэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ къэрал властымрэ дауэ зэдэлажьэрэ?**

— КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр ЩIыналъэпсо зэщIэхъееныгъэм и зы къудамэу аращи, нэхъыбэу зи нэIэ дыщIэтыр аращ. Ауэ, шэч хэмылъу, ди республикэм и унафэщIхэм я гулъыти дыщыщIэркъым, сыту жыпIэмэ, къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр къыддаIыгъ, зэрызахуэдгъазэ упщIэхэр тхузэфIах. КъБР-м и Правительствэм и социальнэ проектхэм дыхэтщи, абыхэмкIэ мылъку къытIэрыхьэурэ

Iуэху щызэфIэтх щыIэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ ди цIыхухэм я жумартагъри сэбэп къызэрытхуэхъур. Дэнэ щекIуэкI Iуэхури апхуэдэ цIыху хьэлэлхэм ягъэберычэт, я ахъшэ, мылъку халъхьэри.

**— Бзылъхугъэр нобэ сабий зыпI анэщ, жьэгу пащхьэр зыхъумэ унэгуащэщ, IуэхущIапIэ псо зезыхьэхэри яхэтщ... Куэд къыпхуебжэкIынущ. Уэ узэреплъымкIэ, сыт бзылъхугъэм и къалэн нэхъыщхьэр?**

— Ар апхуэдизкIэ лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэф цIыхущи, си фIэщ хъуркъым, а къеббжэкIахэм ящыщу зы къалэн закъуэ фIэкIа иужь имыту псэуфыну. Куэд хузэфIокI цIыхубзым. Ауэ, шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ, абы и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр унагъуэ ихьэу сабий игъуэтын, ипIын зэрыхуейр зэрыарар. Абы къыдэкIуэу езым и псэм фIэфI, игу дыхьэ IэщIагъэ къыхихрэ абыкIэ зиужьыфмэ, насыпыфIэу плъытэ хъунущ. Нэхъыбэм зрагъэхъулIэф ахэр, икIи зызрапщыта къалэн псоми пэлъэщу мэпсэуф.

**— Фи мурадхэмкIэ укъыддэгуэшэн?**

— Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ УФ-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и конференц ин. Абы хэтащ сенаторхэри, депутатхэри, федеральнэ министерствэхэм, ведомствэхэм я лIыкIуэхэри. А зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм и унафэщI Лаховэ Екатеринэ куэдым тепсэлъыхьащ, ауэ IупщIу къызытеувыIар лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр хъумэнырщ, хэкупсэ гъэсэныгъэр щIэблэм яхэлъхьэнырщ, унагъуэр, анагъэр, сабиигъуэр дэIыгъынырщ, бзылъхугъэм, сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ. Ди зэгухьэныгъэм, зэрыжысIауэ, мы гъэм и лэжьыгъэр нэхъ зытегъэщIауэ щытыну сызыхуейр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнырщ. Ар зы щIыпIэр зэ бгъэкъабзэкIэ зэфIэкIыу аракъым, атIэ цIыхур къабзагъэм къыхуеджэн, хуэгъэIущын хуейщи, си гугъэщ абы и лъэныкъуэкIэ зыгуэр тхузэфIэкIыну. КъыдэкIуэтей щIэблэм къыщалъхуа хэкур яхъумэу, мамырыгъэм хуэпабгъэу къэгъэхъуным мыхьэнэшхуэ иIэщ, зауэм и ветеранхэм, тылым и лэжьакIуэхэм яIугъэщIэныр, гъащIэ пIалъэкIэ ныбжьыщIэхэм ядэгуэшэныр щIэх-щIэхыурэ къызэдгъэпэщыпхъэщ. ЩIыналъэхэм щыIэ Советхэм жыджэру дадэлэжьэныр Iэмал зимыIэщ, дэтхэнэ районми езым и гугъуехьхэр иIэжщи, абыхэм ди нэIэ ятедгъэтын хуейщ. ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ куэд диIэщ, волонтерхэр жыджэрщ — ахэри щIэгъэкъуэн къэтщIу дызэдэлажьэмэ, ди гугъэ псори гъащIэм хэтпщэфыну къызолъытэ.

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 14.04.17. Формат 70х108$^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 15,4.
Уч-изд. л. 12,3. Тираж 3212 экз. Заказ №126
Подписная цена на 2 месяца 25 р. 37 к.
Подписная цена на 6 месяцев 76 р. 11 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5,
Дом Печати. Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360000, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5, Дом печати. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета